




PWOJÈ KORE FANMI

KREYÒL
AYISYEN-AYITI

Sante moun k ap fè pitit

MANYÈL FÒMATÈ

Yon modil nan pwogram fòmasyon
pou Ajan Kore Fanmi





COPYRIGHT POLICY

Published by Partners in Health. Subject to the rights of Partners in Health, this publication may be freely reviewed, abstracted, reproduced, or translated provided that all copyright, trademark, and other proprietary notices are included in such use. No portion of this publication may be sold or otherwise used or distributed in conjunction with any commercial purpose. ♦

Manyèl sa a gen youn nan modil fòmasyon prensipal ki pou sèvi nan pwojè pilòt *Initiative Agent Communautaire Polyvalent (IACP)* a ann Ayiti. IACP se yon travay tèt ansanm ant gouvènman Ayisyen an, Banque Mondiale, UNICEF, Programme Alimentaire Mondial, Partners In Health/ Zanmi Lasante, World Vision, ak Save the Children. Objektif pwogram sa a se fè sa vin pi fasil pou fanmi ayisyen, sitou sa ki pi frajil yo, jwenn premye swen ak sèvis ki pi ijan yo.

Fòmasyon an ap bay Ajan kore fanmi (AKF) yo posiblite pou yo byen prepare entèkansyon yo epi pou yo byen fè travay pou yo: 1) bay fanmi yo fòmasyon sou nitrisyon ak lasante; 2) bay fanmi yo materyèl ak sèvis ki pi nesèsè yo dirèk dirèk; epi 3) ranfòse sistèm referans lan yo pou ede fanmi yo jwenn sèvis lasante ak sèvis sosyal pi fasil.

Se patnè pwojè a ki devlope materyèl sa a nan tèt ansanm. Se Banque Mondiale, UNICEF ak Programme Alimentaire Mondial ki finanse pwojè IACP a.

Nan fòmasyon sa a gen enfòmasyon ki soti nan : *Facts for Life, 4th ed., UNICEF, WHO, UNESCO, UNFPA, UNDP, UNAIDS, WFP ak World Bank (New York, NY: United Nations Children's Fund) 2010. Where Women Have No Doctor: A Health Guide for Women, Burns, A., Lovich, R, Maxwell, J, and Shapiro, K., (Berkeley, CA: The Hesperian Foundation), 1997. Haiti Infant and Young Child Feeding Counseling Cards, IYCN (Washington, DC: Infant & Young Child Nutrition Project PATH), 2010. Les Bonnes Habitudes en Nutrition et Hygiène, FANTA 2/USAID (Washington, DC: Food and Nutrition Technical Assistance 2). Behavior Change Communication for Improved Infant Feeding: Training of Trainers for Negotiating Sustainable Behavior Change, LINKAGES Project (Washington, DC: Academy for Educational Development), 2004. New Where There Is No Doctor: Advance Chapters. Chapter 23: Newborn Babies and Breastfeeding, The Hesperian Foundation, (Berkeley, CA: The Hesperian Foundation), 2012. Community home-based Care for People and Communities Affected by HIV/AIDS: A Comprehensive Training Course for Community Health Workers, Colton, T., Dillow, A., Haisworth, G., Israel, E., and Kane, M., (Watertown, MA: Pathfinder International), 2006. Sharing Simple Facts: Useful Information about Menstrual Health and Hygiene, UNICEF, (New Delhi, India: UNICEF), 2008. Programmatic Update: Use of Antiretroviral Drugs for Treating Pregnant Women and Preventing HIV Infection in Infants: Executive Summary, WHO, (Geneva: WHO), 2012. The Post-Abortion Care Consortium: <http://www.pac-consortium.org/site/PageServer> ; *Unsafe abortion*, 6th ed., WHO, (Geneva: WHO), 2008. *Breast Cancer Overview Guide: Causes, Risk Factors, and Prevention Topics*, American Cancer Society, accessed via website: <http://www.cancer.org/Cancer/BreastCancer/OverviewGuide/index>; *Violence Against Women: Fact Sheet 239*, WHO (Geneva: WHO), 2011. Dokiman nou jwenn sou entènèt: <http://www.who.int/mediacentre/factsheets/fs239/en/>; *Reducing HIV Stigma and Gender-Based Violence: A Toolkit for Health Care Providers in India*, Kidd, R., Prasad, N., Jyothsna, Tajuddin, M., Ginni, R., and Duvvury, N., International Center for Research on Women (ICRW), 2005. *Comprehensive Reproductive Health and Family Planning Training Curriculum: 16: Reproductive Health Services for Adolescents*, Senderowitz, J., Solter, C., and Hainsworth, G., (Watertown, MA: Pathfinder International), 2004. *IMAI One-day Orientation on Adolescents Living with HIV*, WHO, (Geneva: WHO Press), 2010. *Greater Involvement of People Living with HIV in PMTCT and Care and Treatment Programs: Comprehensive Peer Educator Training Curriculum*, Colton, T., Costa, C., Twyman, P., Westra, L., and Abrams, E., (New York, NY: ICAP at Columbia University), 2009, yo revise an 2011.*

© Text: Partners In Health, 2013.

Foto: Zanmi Lasante

Desen: Jesse Hamm, Scott Leighton, Shutterstock ak The Hesperian Foundation

Tradui: TRADPART, 2012. Email: lemete2002@yahoo.com

Konsiltan: Bonnie Kittle

Mizanpaj: Mechanica, Annie Smidt ak Ayanna Ashley Doiron

Enprimri: ID Plus

Vèsvyon kreyol tèl pilòt la te pibliye an mars 2013

Nou dedye mànyèl sa a pou tout travayè lasante ki fè misyon nou an rive fèt akòz gwo travay yo. Se yo ki potòmitan pwogram pou sove lavi epi pou pote yon alemye nan kominote pòv yo. Chak jou, yo al vizite moun nan kominote sa yo pou yo ofri yo sèvis, fòmasyon ak sipò epi yo fè nou konprann: solidarite pratik se pi gwo remèd kont maladi ki ka gaye toupatou, lamizè ak dezespwa.



Sa ki nan liv la

Entwodiksyon.	vii
Enfòmasyon	1
Objektif yo	2
Tan nesesè	3
Rezime modil la	4
Pati enpòtan yo	10
Sesyon 1: Entwodiksyon ak objektif modil la	12
Sesyon 2: Prensip kle ak bwat kesyon sekre.	14
Sesyon 3: Pre-Tès 1	17
Sesyon 4: Sante moun k ap fè pitit ak Dwa moun	23
Sesyon 5: Pati kò ki patisipe nan fè bagay ak fè pitit ak tout wòl yo	30
Sesyon 6: Rezime sou gwosès, tranche ak akouchman	40
Sesyon 7: Rete an sante pandan gwosès	52
Sesyon 8: Fason pou yo manje pandan gwosès	73
Sesyon 9: Sèvis sante anvan akouchman	79
Sesyon 10: Pwoblèm pandan gwosès	90

Sesyon 11: Preparasyon pou tranche ak akouchman san ris	106
Sesyon 12: Lis bagay pou vizit kay fi ansent	118
Sesyon 13: Pòs-Tès 1	126
Sesyon 14: Pre-Tès 2	132
Sesyon 15: Swen pou manman ki fèk akouche	137
Sesyon 16: Swen pou bebe ki fèk fèt	155
Sesyon 17: Lis bagay pou vizit kay manman ak tibebe ki fèk fèt	170
Sesyon 18: Bay tete	180
Sesyon 19: Sante jèn moun k ap fè bagay ak fè pitit	198
Sesyon 20: Klèb jèn ak klèb manman	213
Sesyon 21: Pòs-tès 2	228
Sesyon 22: Evalyasyon ak Bwat Kesyon Sekrè	233
Revizyon sou Ansèyman Leson an	238
Kesyon pou revizyon	241
Nòt	243
Pre-tès ak pòs-tès pou fotokopi	244

ENTWODIKSYON

Dwa moun se yon dwa tout moun genyen, kèlkeswa ras yo, gwoup etnik yo, laj yo, relijyon yo, sèks yo, opinyon politik yo, peyi yo fèt, oswa sitiyasyon sosyal yo. Dwa moun etabli prensip moun yo bezwen pou yo viv avèk diyite. Dwa moun se dwa ki egal ak inivèsèl pou tout moun.

Pami dwa moun, tout moun bezwen pou viv libelibè nan diyite, gen dwa pou jwenn bon swen sante, dwa pou manje, dwa pou ale lekòl, dwa pou jwenn dlo pwòp, dwa pou rete nan yon kay ki nòmal, ak dwa pou yo jwenn mwayen pou yo fè kòb. Si moun yo jwenn bagay sa yo, y ap pare pou amelyore epi kenbe sante yo ak byennèt yo.

Ajan Kore Fanmi yo vizite fanmi yo regilyèman. Yo chèche fanmi yo toutbon, epi yo evalye fanmi yo pou jwenn fanmi ki pi frajil yo. Y ap refere ka ijan yo bay travayè sosyal, epitou y ap ede tout manm fanmi an jwenn sèvis yo. Y ap vaksinen timoun yo, y ap distribye moustikè, epi y ap bay premye swen nan kèk ka. Ajan Kore Fanmi yo bay fanmi yo ak kominote yo edikasyon tou sou prevansyon maladi, vaksinasyon, planing, sante repwodiktif, edikasyon, aptitud pou edike timoun, konpòtman pozitif, ijyèn pèsònèl ak ijyèn kominotè ak enstalasyon ijyenik, vyolans ki baze sou sèks, ak sante mantal. Y ap konekte fanmi yo avèk sèvis sosyal ki pi ijan ki kapab ede yo jwenn manje ak opòtinite ekonomik. Finalman, y ap ofri sipò sikolojik ak sosyal enpòtan pou fanmi k ap souffri avèk maladi ak lòt pwoblèm.

Lè Ajan Kore Fanmi yo pran responsabilite sa yo, yo ede pwoteje, retabli, ak satisfè dwa moun fanmi yo. Anplis Ajan Kore Fanmi yo, fanmi endividyèl yo, kominote yo, gouvènman an, ak kominote entènasyonal la gen responsabilite tou pou pwoteje, retabli, ak satisfè dwa moun. Lè Ajan Kore Fanmi yo kolabore avèk fanmi yo, kominote yo, gouvènman an, ak òganizasyon ki pa fè pati gouvènman yo, yo ede amelyore dwa moun nan kominote yo. Se kominote Ajan Kore Fanmi yo ki chwazi yo, epitou ajan sa yo responsab pou pwoteje, retabli, ak satisfè dwa moun fanmi y ap sèvi yo. Kominote yo chwazi Ajan Kore Fanmi yo paske ajan yo se moun ki gen respè ak konsiderasyon pou lòt moun, epitou yo kenbe enfòmasyon prive fanmi yo an sekre. Yo gen dwa tou pou fè konnen pwendvi yo, epitou pou moun koute yo. Yo konprann kisa sa vle di pou gen solidarite avèk moun k ap souffri. Yo jwe yon wòl enpòtan nan amelyore byennèt kominote a ak nan patisipe nan devlopman peyi yo.

Non inisyativ sa a an kreyòl « Kore Fanmi » chita sou objektif sipò pou fanmi yo ki se nannan pwojè a. « Patnè pou lavi », ki se eslogan pwojè a, kore lide ke nan inisyativ sa a, fanmi yo plis patnè pase senp moun k ap jwenn kichòy pou anpil tan nan pwogram èd ke ajan devlopman fanmi bay pou ede fanmi yo amelyore kalite lavi yo.

MATERYÈL POU FÒMASYON AN

Chak modil nan fòmasyon an gen yon Manyèl Fomatè ak yon Liv Patisipan Kèk nan modil yo gen prezantasyon sou òdinatè, ak bwat d'imag tou. Nan lide pou bay fòmasyon an, fasilite yo dwe itilize materyèl sa yo ansanm.

Sante moun k ap fè pitit

- **Manyèl Fomatè** – li gen tout enfòmasyon ki nesèsè yo pou akonpli fòmasyon an, ki gen ladan preparasyon ak lis materyèl yo, etap sesyon yo, pre ak pos-tès yo, ak tout sa sijè yo gen nan yo. Fasilitatè yo dwe li Manyèl Fomatè a anvan jou fòmasyon an rive, epi sèvi ak Manyèl Fomatè a pandan tout sesyon fòmasyon an.
- **Liv Patisipan** – li gen tout enfòmasyon ke patisipan yo bezwen konnen sou sijè a, epi tou nenpòt istwa, senaryo, oswa pyès teyat ki nesèsè pou fòmasyon an. Fomatè yo dwe bay patisipan yo Liv Patisipan an depi nan kòmansman fòmasyon an. Aprè fòmasyon an, patisipan yo dwe pran manyèl la pou ale lakay yo epi sèvi ak li nan revizyon ak ranfòse sa yo te aprann yo.
- **Prezantasyon sou òdinatè** – nan sit kote ki gen elektrisite ak retroprojèktè ki disponib, fasilitatè yo ka itilize prezantasyon sou òdinatè. Li gen tout imaj ki sèvi pou fòmasyon an. Nan sesyon ki itilize Tablo sou LCD / bwat imaj, etap sa yo genyen ladan yo imaj sesyon yo, ak tèks ke yap bezwen pou eksplike imaj ki anba li a.
- **Bwat Imaj** – nan sit san elektrisite oswa retroprojèktè, fasilitatè yo ka itilize Bwat Imaj la. Li gen imaj yo menm jan ak prezantasyon sou òdinatè a, ak tèks la sou do paj bwat imaj la ke yap bezwen pou eksplike chak imaj ki devan an.

MANYÈL FOMATÈ

Manyèl fomatè a genyen tout enfòmasyon ki nesèsè pou byen mennen fòmasyon yo, tankou:



Rezime – Yon ti detay sou rezon modil la ak sa ki ladanl.



Objektif – Yon lis ki gen ladrès ak konesans ke patisipan yo pral genyen pandan modil la.



Kou dèy sou modil la – Yon tablo ki gen yon rezime tout sa ki ladanl, fason pou montre moun yo, tan ki nesèsè, ak materyèl nesèsè pou chak sesyon.



Pati enpòtan yo – Lide pilye ki genyen nan modil la; fasilitatè a ka rezime pwen pi enpòtan yo nan fen fòmasyon an.

Sesyon fòmasyon an – Yon seri aktivite ansanm ak etap-pa-etap enstriksyon ki eksplike kouman pou dirije aktivite yo.

Pre-tès ak Pòs-tès – Se Pre-tès ak Pòs-tès la ansanm avèk repons nan Manyèl Fomatè a kòm referans fomatè a. Pre-tès ak pòs-tes ki pa gen repons yo nan fen Manyèl Fòmata a. Fòmata yo ta dwe fè fotokopi tès yo pou patisipan yo.



Lis tout sa Ajan Kore Fanmi an dwe fè – Yon lis ki esplike wòl Ajan Kore Fanmi yo ak responsabilite ki an rapò ak sijè fòmasyon an. Fasilitatè yo dwe revize lis verifikasyon an ak patisipan yo nan fen fòmasyon an.



Nòt – Paj vid kote fomatè a ka ekri nòt jan sa nesèsè.

SESYON FÒMASYON YO

*Nan lide pou bay yon fòmasyon ki efikas, fasilitatè yo dwe li tout sesyon yo, ranpli tout preparasyon, ranmase tout materyèl nesèsè, epi abitye ak etap sesyon yo, **anvan jou fòmasyon an**. Si fasilitatè yo pa fè sa davans, yo pap byen prepare.*

Chak aktivite gen ladan l’:



Metòd – Metòd ansèyman yo te itilize pandan sesyon an, pa egzanp, brase lide, aktivite an ti gwoup, oubyen prezantasyon.



Tan Nesèsè – Se tan yo sikontrolè pou ka fè sesyon an. Andan etap sesyon yo, yo bay tan ki nesèsè a pou divès pati nan sesyon yo, pa egzanp, 15 minit pou travay ti gwoup, 10 minit pou yon diskisyon, elatriye. Tan yo pa fin ekzak se apeprè yo ye, men fasilitatè yo ta dwe eseye plis ou mwens respektè lè ke yo pwopoze kontrolè a. Si sa pa posib, fasilitatè yo dwe ranje fòmasyon an kòm sadwa.



Preparasyon – Yon lis sa fomatè a dwe fè *davans* nan lide pou prepare l’ pou sesyon an.



Materyèl yo – Yon lis tout materyèl yap bezwen pou ranpli aktivite a. Fasilitatè yo dwe revize lis materyèl la ak ranmase tout materyèl *anvan* jou fòmasyon an rive.



Etap yo – Se etap ki detaye gid pou fomatè a nan chak sesyon. Etap yo gen ladan yo tout dokiman pou distribye, modèl kesyon ak repons pou diskisyon, Tablo sou LCD / bwat imaj yo itilize, istwa, pyès teyat, istwa foto, ak nenpòt lòt enfòmasyon ki nesèsè pou konplete sesyon yo.

Sante moun k ap fè pitit



Konsèy – Pwopozisyon pou fomatè a sou jan yo ka adapte oswa chanje aktivite yo si sa nesèsè, fè konsiderasyon kiltirèl, oswa ankouraje patisipasyon.



Tcheke enfòmasyon – Sembòl sa make enfòmasyon ki ka chanje (pwotokòl tretman, fòm, elatriye). Fasilitatè yo dwe tcheke nenpòt enfòmasyon ki make ak sembòl sa epi asire yo ke yo tou nèt.

Tout modil nan fòmasyon an kòmanse ak sesyon sa yo:

Entrodiksyon ak Objektif Modil la – Patisipan yo prezante tèt yo epi revize objektif modil la.

Premsip pou fòmasyon an ak Bwat kesyon san non an – Patisipan yo reflechi epi etabli premsip pou fòmasyon an, epi aprann sou Bwat kesyon san non an – yon bwat kote yo ka mete nenpòt kesyon oswa enkyetid yo genyen sou yon bagay nan fòmasyon an si yo pa ta santi yo alèz pou poze kesyon sa yo devan gwoup la.

Pre-tès – Patisipan yo ap fè yon tès senp a lekri pou montre sa yo konnen deja sou fòmasyon an.

Tout modil nan fòmasyon an fini ak sesyon sa yo:

Pòs tès – Menm jan ak Pre-tès la, patisipan yo ap fè pos-tès la pou yo ka wè sa yo te aprann pandan fòmasyon an. Animatè a ap korije pos-tès la ak patisipan yo epi konpare Pre-tès la avèk Pòs-tès la.

Evalyasyon ak Bwat kesyon san non an – Patisipan yo evalye fòmasyon an, epi fomatè a pote repons nenpòt kesyon li ranmase nan bwat kesyon san non an.

PRE AK PÒS TÈS EPI EVALYASYON

Fòmasyon sa gen yon Pre-tès ak yon Pòs-tès ki fèt pou mezire sa patisipan yo aprann pandan fòmasyon an. Manyèl Fomatè a gen Pre ak Pòs-tès yo ak repons yo, apre chak sesyon pre/pòs-tès, epi pre ak pòs-tès san repons yo nan fen manyèl la. Fòmasyon yo ta dwe fè fotokopi pou patisipan yo. Pou ran sa pi fasil pou patisipan ki pa fin fo nan lekti yo, fomatè yo dwe li kesyon tès yo byen fò youn apre lòt, epi pran poz apre lekti chak kesyon pou bay patisipan yo tan pou sèke repons la. Fomatè yo dwe konpare rezilta Pre ak Pòs-tès yo pou wè kisa patisipan yo te aprann epi idantifye ki pati ki plis bezwen pou yo revize pandan yon lòt fòmasyon.

Si pi fò patisipan yo ta fè yon ti kras pwen nan Pòs-tès la, sa vle di ke fasilite yo ta dwe amelyore teknik fòmasyon yo epi yo fè efò pou fè yon pi bon travay pou fasilite moun yo aprann pi byen.

Fòmasyon an gen ladan l' tou yon sesyon evalyasyon ki fèt pou mete deyo sa patisipan yo panse de fòmasyon an, tankou sa ki te byen pase ak sa ki pat byen pase, ak pwopozisyon pou amelyore lòt fòmasyon kap gen pou fèt. Fomatè yo ka poze kesyon evalyasyon yo nan pale epi ekri repons patisipan an, oswa mande patisipan yo chire nan Liv Patisipan yo epi ranpli fòm evalyasyon an ki nan do nan Manyèl yo a. Fomatè yo ka fè fotokopi fòm evalyasyon an ki nan Manyèl Fomatè a. Fomatè yo dwe rasanble epi fè revizyon evalyasyon patisipan yo ak fason yo te konprann, epi itilize li pou amelyore fòmasyon ki gen pou fèt.

PREPARASYON FOMATÈ

Fomatè yo dwe antyèman abitye avèk modil fòmasyon an anvan jou fòmasyon an rive. Yo dwe li tout sesyon yo, ranpli tout preparasyon, ranmase tout materyèl nesèsè, e vin abitye ak etap sesyon ak kontni modil yo. Si fòmasyon an dire plis pase 1 jou, fasilite yo dwe revize materyèl yo ankò nan aswè anvan 2zyèm jou a.

Si gen 2 oubyen plis fasilite k'ap fè fòmasyon an ansanm, yo dwe reyini anvan jou fòmasyon an pou detèmine ajanda a epi deside kiyès ki pral fasilite tèt ou tèt sesyon. Yo dwe reyini tou nan fen chak jou fòmasyon an pou diskite sou ki travay ki te fèt byen, ak sa ki pat fèt byen, epi antann yo sou kijan pou kontinye nan lòt jou a.

Fòmasyon sa pa bezwen elabore preparasyon oswa materyèl. Pou anpil sesyon, fasilite yo ap bezwen sèlman Manyèl Fomatè a, Liv Patisipan, retroprojèktè oswa tablo prezantasyon, papyè jeyan, makè, ak tep. Sepandan, **kèk sesyon mande materyèl espesyal ke fasilite yo dwe ranmase davans**, pa egzanp, balans MUAC, balans pou peze tibebe, kabann, founiti pou melanje solisyon reyidratasyon Oral (sewòm oral), oswa echantiyon nan metòd pou kontwòl fè pitit (planinn).

LADRÈS ALFABETIK PATISIPAN

Ajan Kore Fanmi yo gen obligasyon pou konn li ak ekri nan lide pou byen akonpli responsabite yo. Men, nivo alfabetizasyon pami Ajan Kore Fanmi yo varye. Se fòmasyon an ki dwe akomode a nivo alfabetizasyon varye sa yo, pou moun ak ladrès alfabetizasyon limite yo ka aprann nòmman san pwoblèm. Pa egzanp, Liv Patisipan an enprime avèk gwo karaktè, e sèvi avèk langaj ki senp, li gen anpil foto, epi li itilize yon lis kontwòl ki senp pou transmèt enfòmasyon kle yo. Sesyon fòmasyon yo sèvi ak foto, diskisyon, ak istwa tou kout ke yo li byen fò, olye pou yo ta fè yon pakèt travay ekri.

Etap sesyon yo anpil fwa gen ladan yo kèk eksplikasyon klè pou fomatè yo kapab konprann byen kèlkeswa jan li te aprann pale oubyen ekri kreyòl la. Pa egzanp, fasilite yo antrene pou li enfòmasyon yo byen fò pou tout moun nan sal la tandè, mande patisipan yo pou yo travay de pa de oswa an ti gwoup pou travay ekri yo pou youn ka ede lòt, ou dwe sèten ke patisipan ki

Sante moun k ap fè pitit

de pa de yo oswa chak ti gwoup gen omwen yon patisipan ki plis ou mwen konn li, epi eksplike tablo sou LCD oswa bwat imaj yo dousman epi byen klè.

Non sèlman swiv enstriksyon sa yo, fasilite yo dwe toujou pran nòt sou nivo alfabetizasyon ke patisipan yo ap bezwen pandan fòmasyon an epi planifye kòm sadwa. Pa egzanp, si fasilite yo remake ke gen kèk patisipan ki pa ka li, oswa ekri, yo dwe ofri èd yo ak epi sèten ke lòt patisipan yo ede yo tou.

ADAPTE FÒMASYON AN

Aktivite Fòmasyon yo fèt pou gwoup 20 a 30 patisipan konsa, men li reyisi byen tou ak pi piti gwoup tankou 12 a 20 patisipan konsa. Si fasilite yo dwe travay ak pi gwo gwoup patisipan, yo ta dwe adapte sesyon yo kòm sadwa. Pa egzanp, pou aktivite kèk ti gwoup, fasilite yo ka bezwen kreye ti gwoup 10 patisipan yo chak pito pase 5 patisipan yo chak. Pou pyès teyat, fasilite yo ka bezwen limite tan pèfòmans yo.

Pafwa sesyon yo konn gen ladan yo konsèy sou fason pou adapte aktivite yo, pa egzanp, konsèy sou jan yo ka diminye sesyon an si tan an limite oubyen si patisipan yo fatige anpil. Anplis de lekti konsèy sa yo, fasilite yo dwe itilize pwòp jijman pa yo epi adapte sesyon yo kòm sadwa. Pa egzanp, nan kèk sans, fasilite yo ka bezwen adapte kesyon diskisyon, pyès teyat, oubyen istwa yo selon kilti nou oubyen temwayaj sou kwayans yo.

Fasilite yo dwe swiv pi pre enèji patisipan yo ak nivo enterè yo de tanzantan, epi adapte oswa chanje plan si enèji patisipan yo oswa konsantrasyon yo diminye. Si, nan apremidi, patisipan yo gen pwoblèm pou konsantre, fasilite yo ta dwe ajoute plis chalè, bay yon poz an plis, oswa fè yon ti pyès revizyon pou reveye enèji patisipan yo.

DISKISYON

Manye la bay kesyon klè ak modèl repons pou tout diskisyon. Echantiyon repons yo parèt an lèt fen ki panche. Fomatè yo dwe eseye pwovoke repons sa yo pandan diskisyon an, olye yo senpleman reponn pou kont yo. Fomatè yo ka repoze yon kesyon plizyè fwa, oswa bay yon egzanp, nan lide pou jwenn repons nan men patisipan yo. Men, fomatè yo ta dwe sèlman bay repons apre patisipan yo te gen ase opòtinite pou reponn, li ta dwe sèlman bay repons ke patisipan yo pat reponn pou kont yo.

PRENSIP POU GRANMOUN APRANN

Fòmasyon sa a baze sou prensip enpòtan pou granmoun aprann, tankou:

- **Respè** – Elèv granmoun yo dwe santi yo respekte epi santi ke yo trete yo egal ego.

- **Afimasyon** – Elèv granmoun yo bezwen resevwa lwanj, menm pou yon efò tou piti.
- **Eksperyans** – Elèv granmoun yo aprann pi byen lè yo sèvi ak konesans epi pwòp eksperyans pa yo.
- **Pètinans** – Aprantisaj la dwe satisfè bezwen nan lavi chak jou moun nan – pou travay yo, fanmi yo, elatriye.
- **Dyalòg** – Anseyman ak Aprantisaj la dwe fèt de fason, pou elèv yo ka antre nan yon dyalòg ak pwofesè a.
- **Angajman** – Elèv granmoun yo dwe alèz nan sijè yo, nan dyalòg ak diskisyon ant kamarad.
- **Imedyat** – Elèv granmoun yo dwe an mezi pou aplike sa yo fèk aprann yo imedyatman.
- **Règ 20–40–80** – Elèv granmoun yo sonje jan yo te aprann nan 20% nan sa yo tande, 40% nan sa yo tande epi wè, epi 80% nan sa yo tande, wè, ak fè.
- **Panse, santi, ak aji** – Aprantisaj fèt pi byen lè li enplike panse, santi (emosyon), ak aji (fè).
- **Sekirite ak konfò** – Elèv granmoun yo bezwen santi yo an sekirite, alèz nan lide pou yo patisipe ak aprann. Yo bezwen konnen ke yo pap pase lide yo ak kontribisyon pa yo a nan pyès b oswa desann valè yo.

METODOLOJI

Pou mete prensip aprantisaj granmoun sa yo an pratik, fòmasyon an itilize plizyè **metòd patisipasyon** tankou gwo ak ti gwoup diskisyon, pyès teyat, ak istwa. Aktivite sa yo fèt pou moun kap prann sou eksperyans epi konesans patisipan yo, ankouraje diskisyon ak refleksyon sou pwoblèm kle, bay kout men nan pratik sou kontni aprantisaj, epi ede patisipan yo aprann youn nan men lòt.

Gen kèk sesyon ki gen ladan yo ti prezantasyon fasilite tou kout. Men kontrèman ak anpil manyèl fòmasyon, manyèl sa pa itilize prezantasyon fasilite a kòm pwemye metòd anseyman. Men pito, li itilize aktivite yo kòm metòd patisipasyon ki ankouraje plis konsèvasyon nan sa yo aprann, angaje, ak pou sipòte anviwònman aprantisaj. *Sonje byen, elèv granmoun sonje ekzakteman 20% nan sa yo tande, 40% nan sa yo tande epi wè, epi 80% nan sa yo tande, wè, ak fè. Kondisyon pou Fòmasyon efikas seke patisipan an nan tande, wè, ak fè. Si patisipan yo sèlman tande konferans fasilite yo tout lajounen, yo pa pral aprann oswa konsève enfòmasyon yo tout bon vre.*

Sante moun k ap fè pitit

Metòd patisipatif yo gen ladan yo:

- Aktivite an ti gwoup
- Aktivite an gwo gwoup
- Diskisyon an ti gwoup
- Diskisyon an gwo gwoup
- Reflechi
- Pyès teyat
- Istwa
- Brase lide
- Demonstrasyon
- Prezantasyon fasilite
- Foto istwa
- Fòmasyon ant kamarad

Metòd yo dekri nan fen Manyèl Fòmasyon a.

METÒD PATISIPATIF

DISKISYON AN GWO GWROUP

Yon diskisyon an gwo gwoup se yon dyalòg ant fomatè a ak tout gwoup patisipan yo, ak repons patisipan yo sou kesyon ke fomatè a te prepare alavans. Pandan diskisyon an, nouvo kesyon ka parèt tou. Pou kòmanse diskisyon an, fomatè a dwe bay enstriksyon yo klè. Pandan diskisyon an, fomatè a dwe kontrole diskisyon an, tankou kenbe patisipan yo konsantre, ankouraje repons patisipan yo, epi limite patisipan ki renmen pale anpil yo.

Pou fasilite yon diskisyon gwo gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Mete yon tan limit epi kenbe peryòd tan sa.
- Eksplike patisipan yo ke si yon moun ta vle pale se pou li leve men l'.
- Kenbe diskisyon an sou sijè a.
- Kenbe diskisyon an san lage.
- Ankouraje tout moun patisipe.
- Gade nan sal la, epi sèten ke ou bay tout moun ki te leve men pou mande lapawòl yo pale.
- Limite patisipan ki renmen pale anpil yo.
- Kontrole chenn diskisyon san rete yo.
- Si patisipan yo pa reponn yon kesyon, eseye poze kesyon an yon lòt fason.
- Poze kesyon ankouraje plis repons pou yon kesyon, pa egzanp: “Ki lòt bagay?” “Ki lòt lide nou genyen?”
- Mete fen a diskisyon an; repete epi fè rezime pwen enpòtan yo.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak diskisyon gwo gwoup?

- Tout moun gen chans pou yo patisipe.
- Tout moun tande lide tout lòt moun.
- Tande anpil lide ka ankouraje plis diskisyon.
- Patrisipan ki pa santi li alèz pou pale nan yon gwo gwoup kapab patisipe nan koute pito.



FASILITASYON AK LIS KOMINIKASYON POU TCHEKE YO

- Defann prensip pou aprann granmoun yo.
- Fè respè.
- Trete tout moun egal.
- Koute epi obsève.
- Kenbe bon kontak zye.
- Itilize yon langaj kò ki amikal.
- Rete fleksib epi ranje sesyon fòmasyon an ak apwòch jan w bezwenl an.
- Pran pasyans, rete ouvè, epi disponib.
- Ankouraje patisipasyon tout patisipan yo.
- Bay patisipan yo tan pou yo reponn kesyon yo.
- Lè patisipan yo poze kesyon, pran yo oserye epi reponn byen vit.
- Bay patisipan yo fidbak konstruktif e pozitif.
- Fè atansyon nan enterè patisipan yo, enèji, ak nivo konpreyansyon yo.
- Fòk ou onèt. Si ou pa konnen repons yon kesyon, di sa. Lè sa a, di patisipan an kote li ka jwenn enfòmasyon sa, oswa jwenn enfòmasyon an apre sesyon fòmasyon an epi bay patisipan an li apre.
- Fè atansyon ak nivo alfabetizasyon patisipan yo epi ajiste sesyon yo kòm sadwa.
- Remèsye patisipan yo pou patisipasyon ak efò yo.

**PREPARASYON POU FÒMASYON AK LIS LOJISTIK****Anvan fòmasyon an**

- Idantifye lè fòmasyon an pral fèt.
- Idantifye ki kote fòmasyon an pral fèt, rezève epi prepare espas la.
- Idantifye patisipan yo, enfòmè yo, epi fè aranjman pou transpò, manje ak lojman jan sa nesèsè.
- Li tout materyèl fòmasyon yo byen, konsa wap abitye ak kontni fòmasyon an ak sesyon yo.
- Si ou gen kesyon sou kontni fòmasyon an, wap jwenn repons yo.
- Ranpli tout preparasyon pou sesyon fòmasyon an (fè fotokopi, kontakte envite espesyal, ranmase founiti pou demonstrasyon yo, elatriye).
- Rasanble tout materyèl nesèsè pou fòmasyon an (Gwo fèy papyè, tep, makè, founiti nesèsè pou demonstrasyon yo, Retropwojektè, elatriye).
- Si w'ap travay avèk yon lòt fasilite, deside davans kiyès ki pral okipe ki pati nan fòmasyon an, epi divize travay la kòmsadwa.

Nan kòmansman fòmasyon an

- Asire w ke tout materyèl fòmasyon yo pare e ke chèz ak tablo yo ranje.
- Swete patisipan yo Byenvini lè yo rive nan fòmasyon an.
- Swete tout gwoup la an antye Byenvini lè tout moun rive.
- Sipèvize espas twalèt la, dlo, bwat kesyon, lojistik ak lòt.
- Mande patisipan yo pou prezante tèt yo.
- Sèvi ak yon Briz glas pou mete patisipan yo alèz.
- Reflechi e etabli règ jwèt pou fòmasyon an.
- Revize objektif fòmasyon an ak ajanda.
- Mande patisipan yo pou di kisa yo swete ak espere pandan fòmasyon an.
- Deziye kèk patisipan pou ede w avèk kontwòl lè, Ti souke kò yo, tablo prezantasyon, elatriye.
- Bay patisipan yo Pre-tès la, ranmase tès yo, ak korije yo pandan yon ti poz.



PREPARASYON POU FÒMASYON AK LIS LOJISTIK

Pandan dewoulman fòmasyon an

- Defann prensip pou aprantisaj granmoun yo.
- Kenbe espas tan ak rit sesyon yo kòm sadwa.
- Bay bwason ak manje.
- Si sal la vin cho oubyen enkonfòtab, fè aranjman pou vantilatè, ouvri fenèt yo, elatriye.
- Ekri klè epi gwo ase pou tout moun ka wè.
- Plase imaj yo kote pou tout moun kapab wè yo.
- Eksplike enstriksyon yo klè ak repete yo si sa nesèsè.
- Itilize Ti souke kò ak poz pou ogmante nivo enèji patisipan yo.
- Rezime pwèn enpòtan yo nan fen chak sesyon.
- Rekonèt ak remèsye patisipan yo pou lide ak kontribisyon yo.

Nan fen fòmasyon an

- Remèsye patisipan yo pou patisipasyon ak efò yo.
- Fini ak yon Ti souke kò final ak aplodisman.
- Bay patisipan yo Pòs-tès la. Apre sa a, bay patisipan yo Pre-tès yo epi mande yo pou konpare rezilta yo. Kolekte epi anrejistre tout Pre ak Pòs-tès yo.
- Kite omwen 15–20 minit nan fen an pou patisipan yo evalye fòmasyon an.
- Asire w ke patisipan yo gen tout materyèl fòmasyon pou yo ale lakay yo.

Apre fòmasyon an

- Pran nòt de sa ki te byen fèt pandan fòmasyon an, sa ki pa t'fèt byen, epi sa yo ta dwe revize pou yon lòt fòmasyon kap gen pou fèt.
- Pran nòt de defi oswa pwoblèm ki te parèt pandan fòmasyon an e ki bezwen pou yo panche sou yo. Pa egzanp, si pandan yon fòmasyon sou malarya, patisipan yo soulve pwoblèm nan founiti pou kay ki baze sou tretman yo pa te disponib, di moun ki konsène nan sant sante yo sa yo fè pou yo kapab jwenn founiti yo.
- Revize ak anrejistre rezilta Pre-ak Pòs-tès yo epi sèvi ak yo pou enfòme nan fòmasyon kap vini yo lè sa nesèsè.



Sante moun k ap fè pitit



ENFÒMASYON

Sante moun k ap fè pitit vle di: fi, gason ak jenn timoun ka fè bagay yon fason ki byen reflechi, ki satisfè yo epi ki san danje; yo gen kapasite pou fè pitit, epi yo lib pou decide si y ap fè, chak ki lè y ap fè. Sante moun k ap fè pitit vle di fanmi yo ka fè planin, yo ka jwenn swen sante nan fè bagay ak nan fè pitit, epi manman yo jwenn swen sante ki pèmèt yo fè yon gwosès ak yon akouchman san danje, epi ki bay yo tout chans yo pou yo gen yon timoun ki an sante.

Pi fò gwosès ak akouchman pa gen pwoblèm, men fi ak jenn tifi ka gen gwo pwoblèm pandan gwosès oubyen nan akouchman yo tou. Kèk fwa nan kominote nou yo, fi ak tibebe ki fèk fèt konn mouri yon ti tan apre fi yo fin ansent oubyen apre akouchman lè fi yo pa jwenn edikasyon, èd oubyen swen sante yo bezwen. Yo te ka anpeche anpil manman, tibebe ki fèk fèt ak timoun piti mouri si te gen edikasyon ak bon jan swen sante anvan gwosès la, pandan gwosès la, apre gwosès la, ak nan premye semèn ak premye mwa lavi tibebe yo. Fi yo gen plis chans pou gwosès yo, tranche yo ak akouchman yo pase byen an sante si yo konn ki jan pou yo kenbe kò yo ak tibebe k ap devlope nan vant yo a an sante, si yo ale wè doktè regilyèman anvan timoun nan fèt, ak si yo akouche nan sant sante oubyen nan lopital. Fi yo bezwen pou moun k ap viv ansanm ak yo, fanmi yo ak ajan polivalan yo sipòte yo tou.

Nan modil sa a, ajan kore fanmi yo pral aprann kouman pou yo sipòte fi, gason ak jenn tifi nan kominote yo pou yo ka jwi dwa yo genyen pou jwenn bon swen sante nan fè pitit epi pou yo ka pran kontwòl tout sa ki anpeche yo jwenn swen sante nan fè pitit. Ajan kore fanmi yo pral aprann kouman pou yo fòme moun ki rete nan kominote a sou swen sante pou moun k ap fè pitit, gwosès, tranche, ak akouchman. Y ap aprann kouman pou yo ede fi rete an sante pandan gwosès yo, pou yo akouche nan lopital, epi pou yo kenbe tibebe yo an sante. Y ap aprann ki enpòtans sèvis sante genyen pou jenn tifi tou nan fè bagay ak nan fè pitit. Gen lòt modil fòmasyon Kore Fanmi ki prale pi lwen nan lòt pati enpòtan ki konsène sante moun k ap fè pitit tankou VIH, maladi moun pran nan fè sèks, ak planin.

Se tout moun ki gen dwa pou yo jwenn bon jan swen sante epi pou yo viv ak diyite. Sa vle di, gen enfòmasyon, swen ak sèvis sante nan fè bagay ak nan fè pitit pou tout fi, fi ansent oubyen fi ki ti nouris, ak tout tibebe yo, gason, ak jenn timoun. Ajan kore fanmi yo jwe yon wòl enpòtan nan ede fi, gason, ak fanmi yo pou yo jwi dwa yo genyen kòm moun pou yo jwenn swen sante nan fè pitit.



OBJEKTIF YO

Lè modil sa a fini, patisipan yo ap ka:

- a. Esplike kouman ajan kore fanmi yo ka ede jenn timoun, fi, ak gason pou yo jwi dwa yo genyen kòm moun pou yo jwenn swen sante nan fè pitit pou yo menm ak pou fanmi yo epi pou yo remete dwa sa a kanpe.
- b. Dekri pati nan kò ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit ak tout wòl yo.
- c. Rapòte kantite fanm ki mouri nan akouchman ak tibebe ki fèk fèt an Ayiti.
- d. Dekri kouman fi ansent, sa ki mennen tranche a ak akouchman.
- e. Di ki konpòtman ki enpòtan pou gen bon sante pandan gwosès epi esplike pou ki sa chak konpòtman sa yo enpòtan.
- f. Dekri ki kalite manje fi ansent ak fi k ap bay tete dwe manje, ki kantite yo dwe manje epi di pou ki sa.
- g. Defini sa klinik pou fi ansent ye.
- h. Esplike pou ki sa klinik pou fi ansent enpòtan.
- i. Dekri ki sa ki fèt lè yon fi ansent ale nan sant sante.
- j. Dekri konbyen fwa yon fi ansent ta dwe al nan klinik pou fi ansent.
- k. Idantifye pwoblèm grav ak siy danje ki mande atansyon yon sant sante touswit pandan gwosès.
- l. Idantifye ki fi ki gen gwo chans pou yo gen pwoblèm pandan gwosès, tranche ak pandan akouchman.
- m. Esplike kouman pou yo ede fi ansent jere malèz nòmal gwosès.
- n. Esplike pou ki sa li enpòtan pou fi yo akouche lopital oubyen nan sant sante.
- o. Dekri preparasyon fanm ansent la dwe fè avan tranche ak akouchman.
- p. Itilize lis vizit pou fi ansent kòm sadwa.
- q. Defini sa vizit domisilyè apre akouchman ye, ki sa ale lopital apre akouchman ye.
- r. Esplike ki enpòtans vizit domisilyè apre akouchman ak ale lopital genyen.
- s. Di ki konpòtman ki enpòtan pou yon fi rete an bòn sante apre akouchman epi esplike pou ki sa chak konpòtman sa yo enpòtan.
- t. Konnen ki pwoblèm grav fi kapab genyen nan premye semèn apre akouchman ki mande pou yo ale lopital touswit.
- u. Di ki konpòtman ki enpòtan pou kenbe yon tibebe an bòn sante epi esplike pou ki sa chak konpòtman sa yo enpòtan.
- v. Moutre kouman pou yo pran swen lonbrik yon tibebe epi pou yo netwaye l.

- w.** Konnen ki pwoblèm grav ak ki siy danje tibebe ki fèk fèt ka bay nan premye semèn apre yo fin fèt ki mande pou yo mennen yo lopital touswit.
- x.** Itilize lis vizit pou manman ak pou bebe yo kòm sadwa.
- y.** Esplike avantaj ki genyen nan bay tete.
- z.** Dekri bon teknik pou bay tete.
- aa.** Fè fi yo konnen ki pwoblèm yo ka jwenn an jeneral nan bay tete.
- ab.** Defini sa jenn timoun ye.
- ac.** Dekri gwo etap ki gen nan lavi yon jenn timoun ak gwo chanjman ki fèt nan li.
- ad.** Esplike danje ki genyen kay jenn yo le yo fè bagay two bonè.
- ae.** Realize bon jan seyans edikasyon sou sante moun kap fè petit nan klèb jenn yo ak klèb manman yo pou yo dakò chanje konpòtman.
- af.** Dekri wòl ajan kore fanmi yo nan sesyon fòmasyon y ap fè pou klèb jèn ak klèb manman yo.
- ag.** Moutre fason pou fè sesyon fòmasyon pou klèb jèn ak pou klèb manman.



TAN NESESÈ: 6 jou (31 è d tan ak 45 minit sesyon fòmasyon ak revizyon plis poz ak tan pou manje)



REZIME MODIL LA

Jou 1

Sesyon fòmasyon 5 è d tan 30 minit

Sesyon	Sa ki nan seyans lan	Metòd	Tan
1	Entwodiksyon ak objektif modil la	Prezantasyon fasilite a Anmizman	15 minit
2	Prensip ak bwat kesyon sekre	Brase Lide Prezantasyon Fasilite	15 minit
3	Pre-tès 1	Evalyasyon	30 minit
4	Sante moun k ap fè pitit ak Dwa moun	Brase lide Aktivite nan ti gwoup	1 è d tan
5	Pati nan kò ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit ak wòl yo	Aktivite de a de Brase lide Jwèt	1 è d tan
6	Rezime sou gwosès, tranche ak akouchman	Diskisyon nan gran gwoup Aktivite nan ti gwoup	2 zè d tan

Jou 2

Seyon fòmasyon 5 è d tan 45 minit ak 30 minit revizyon

Sesyon	Sa ki nan seyans lan	Metòd	Tan
Revizyon	Revizyon sa ki nan seyans lan jou 1 an	Jwèt kesyon repons	30 minit
7	Rete an sante pandan gwosès	Diskisyon nan gran gwoup Aktivite nan ti gwoup Jwèt	2 zè d tan
8	Manje	Aktivite nan ti gwoup	1 è d tan
9	Klinik pou fi ansent	Diskisyon nan gran gwoup Demonstrasyon	1 è d tan
10	Pwoblèm pandan gwosès	Aktivite nan ti gwoup Diskisyon nan gran gwoup	1 è d tan 45 minit

Sante moun k ap fè pitit

Jou 3

Sesyon fòmasyon 5 è d tan ak 30 minit revizyon

Sesyon	Sa ki nan seyans lan	Metòd	Tan
Revizyon	Revizyon sa ki nan seyans lan jou 2	Jwèt kesyon repons	30 minit
11	Preparasyon pou tranche ak akouchman pase san danje	Diskisyon nan gran gwoup Pyès teyat	2 zè d tan 30 minit
12	Lis vizit pou fi ansent	Diskisyon nan gran gwoup Pyès teyat	1 è d tan 30 minit
13	Pòs-tès 1	Evalyasyon	30 minit
14	Pre-tès 2	Evalyasyon	30 minit

Jou 4

Sesyon fòmasyon 4 è ak 30 minit ak 30 minit revizyon

Sesyon	Sa ki nan seyans lan	Metòd	Tan
Revizyon	Revizyon sa ki nan seyans lan Jou 3	Jwèt kesyon repons	30 minit
15	Swen pou nouvo manman	Jwèt	1 è d tan 15 minit
16	Swen pou tibebe ki fèk fèt	Istwa Aktivite nan ti gwoup	2 zè d tan 30 minit
17	Lis vizit kay manman ak tibebe ki fèk fèt	Diskisyon nan gran gwoup Pyès teyat	1 è d tan 15 minit

Jou 5

Sesyon fòmasyon k ap dire 4 è d tan 30 minit ak 30 minit revizyon

Sesyon	Sa ki nan seyans lan	Metòd	Tan
Revizyon	Revizyon sa ki nan seyans lan Jou 4	Jwèt kesyon repons	30 minit
18	Bay tete	Demonstrasyon Aktivite nan ti gwoup	2 zè
19	Swen sante nan fè bagay ak nan fè pitit	Swen sante nan fè bagay ak nan fè pitit	2 zè 30 minit

Jou 6

Sesyon fòmasyon k ap dire 4 è d tan ak 30 minit revizyon

Sesyon	Sa ki nan seyans lan	Metòd	Tan
Revizyon	Revizyon sa ki nan seyans Jou 5	Jwèt kesyon repons	30 minit
20	Klèb jenn ak klèb manman	Demonstrasyon Aktivite nan ti gwoup	3 zè
21	Pòs-tès 2	Evalyasyon	30 minit
22	Evalyasyon ak bwat kesyon sekre	Evalyasyon ak bwat kesyon sekre	30 minit

Sante moun k ap fè pitit

Materyèl

Sesyon	Materyèl
Tout sesyon yo	<ul style="list-style-type: none"> • Manyèl fasilite • Liv patisipan • Gwo fèy papye • Makè • Tep
1	<ul style="list-style-type: none"> • Gwo fèy papye • Makè • Tèp
2	<ul style="list-style-type: none"> • Bwat kesyon sekre
3	<ul style="list-style-type: none"> • Kreyon oubyen plim • Fotokopi pre-tès #1
4	<ul style="list-style-type: none"> • Enfòmasyon sou dwa moun ak sou swen Sante moun k ap fè pitit nan Liv patisipan an • Objektif lavi nan Liv patisipan an
5	<ul style="list-style-type: none"> • Postè ki moutre pati ki patisipe nan kò ki patisipe nan fè bagay ak pati ki patisipen an fè pitit nan kò fi • Postè ki moutre pati ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit nan kò gason • Postè ki moutre kouman yon bebe devlope nan vant manman l • Enfòmasyon sou gwosès, tranche ak akouchman an liv patisipan an
6	<ul style="list-style-type: none"> • Postè ki moutre pati nan kò fi ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit • Postè ki moutre pati nan kò gason ki patisipe nan sèks ak nan fè pitit • Enfòmasyon sou pati nan kò ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit nan Liv patisipan an
7	<ul style="list-style-type: none"> • 17 mwaye fèy papye ki gen fason pou rete ansanble pandan gwosès yo ekri sou yo, yon sèl fason sou chak moso papye • Gwo bwat, oubyen panyen, oubyen valiz pou yo mete mwaye fèy papye yo • Istwa multivitamin, sipleman fè, ak yòd an grenn • Moustikè • Enfòmasyon sou zafè rete an sante pandan gwosès nan Liv patisipan an
8	<ul style="list-style-type: none"> • Kat konsèy IYCN ak kat konsèy PNN FANTA yo
9	<ul style="list-style-type: none"> • Ekipman ak materyèl ki nesè pou fè demonstrasyon klinik pou fi ansent • Demonstrasyon: tansyomèt, sonn, sereng, sipleman, kat anvan akouchman • Postè devlopman anvan akouchman nan Liv patisipan an

Sesyon	Materyèl
10	<ul style="list-style-type: none"> • 4 kalite ti malèz nòmral ak pwoblèm grav ki ka genyen nan gwsès ki ekri sou ti moso papye • Enfòmasyon sou ti malèz nòmral ak pwoblèm grav ki ka genyen nan gwsès nan Liv patisipan an
11	<ul style="list-style-type: none"> • Fotokopi plan pou akouchman • Enfòmasyon sou kouman pou ede fi ak fanmi prepare tranche ak akouchman san danje nan Liv patisipan an
12	<ul style="list-style-type: none"> • Lis vizit pou fi ansent ak demonstrasyon nan Liv patisipan an • Fotokopi lis la
13	<ul style="list-style-type: none"> • Kreyon oubyen plim • Fotokopi pòs-tès
14	<ul style="list-style-type: none"> • Kreyon oubyen plim • Fotokopi pre-tès
15	<ul style="list-style-type: none"> • Enfòmasyon sou vizit adomisilyè apre akouchman, ale lopital, ak swen pou fi ki fèk fè pitit nan Liv patisipan an • Kesyon pou jwèt ki ekri sou gwo fèy papye • Ka fèy papye pou ekip yo
16	<ul style="list-style-type: none"> • Enfòmasyon sou swen pou tibebe ki fèk fèt ak maladi moun pran nan fè bagay ak istwa nan Liv patisipan an • 6 foto kòd lonbrik an koulè (3 ki nòmral ak 3 ki enfekte) • Pase kleren ak twal gaz oubyen twal ki pwòp
17	<ul style="list-style-type: none"> • Lis pou vizit manman, ak tibebe ki fèk fèt ak demonstrasyon nan liv patisipan an • Fotokopi lis la
18	<ul style="list-style-type: none"> • Fotokopi lis bagay pou aktivite bay tete • Enfòmasyon sou bay tete nan Liv patisipan an • Senaryo nan Liv patisipan an
19	<ul style="list-style-type: none"> • Enfòmasyon sou swen sante pou jenn timoun nan fè bagay ak fè pitit ak sou lis pou pale ak jenn timoun sou sante zafè fè bagay ak fè pitit nan Liv patisipan an
20	<ul style="list-style-type: none"> • Enfòmasyon sou klèb jèn, klèb manman, konsèy pou reyalize sesyon fòmasyon pou gwoup, ak demonstrasyon nan Liv patisipan an
21	<ul style="list-style-type: none"> • Kreyon oubyen plim • Fotokopi pòs-tès
22	<ul style="list-style-type: none"> • Kesyon pou evalyasyon ekri sou gwo fèy papye oubyen evalyasyon nan Liv patisipan an • Bwat kesyon sekrè



PATI ENPÒTAN YO

- Dwa moun se dwa tout moun an jeneral genyen. Jwenn bon kalite swen sante, tankou swen nan sante pou moun k ap fè pitit, se yon dwa moun.
- Tout fi ak gason, ak jenn timoun ta dwe gen enfòmasyon ki pi enpòtan yo sou pati nan kò ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit ak tout wòl pati sa yo.
- Pi fò manman ak tibebe ki fèk fèt ak timoun piti pa t ap mouri si te gen edikasyon ki fèt ak bon swen sante anvan, pandan ak apre gwosès, ak nan premye semèn ak premye mwa lavi yon timoun.
- Fi a gen plis chans pou gen gwo pwòblem nan tranche ak nan akouchman si li gen pi piti 18 tan oubyen plis ke 35 kan si li fè pitit twò vit youn dèyè lòt, oubyen si li ansent anpil fwa.
- Men sa fi ansent ka fè pou yo rete an sante: ale kay doktè anvan yo akouche (4 fwa pou pi piti); manje manje ki gen vitamin nan 3 gwoup manje yo; itilize sèl yòd epi pran grenn yòde; pran miltivitamin ak sipleman fè; bwè kont dlo pwòp; fè tès VIH ak tès pou lòt maladi moun pran nan fè sèks; si l ap viv ak jèm sida, li dwe pran ARV pou tout vi l epi li dwe chèche jwenn sèvis prevansyon transmisyon manman-pitit (PTME ann anglè) yo; pran prekosyon lè yap fè bagay; dòmi epi pran bon jan repo; dòmi anba moustikè; toujou kenbe kò l pwòp; evite pran kontak ak moun ki maladi; pa bwè kleren, pa fimèn, pa pran dwòg; evite pwodwi chimik ak pwodwi ki gate anviwònman an; pa pran medikaman doktè pa preskri li; epi evite sitiwayasyon kote gen vyolans ak move tretman. Fi ki ansent dwe ale nan sant sante touswit si yo ta remake youn nan siy sa yo oubyen sentòm grav sa yo: emoraji oubyen dlo klè k ap soti nan bouboun yo; gwo doulè nan vant, fyèb, men anfle oubyen figi anfle, wè twoub, gwo tèt fè mal, gwo kò kraze, oubyen foskouch.
- Yo ta dwe ankouraje tout fi yo akouche nan sant sante oubyen nan lopital, epi fi ki ansent lan ak fanmi l ta dwe jwenn èd pou yo prepare yon bon plan akouchman anvan fi a gen tranche.
- Ajan Kore Fanmi yo ta dwe vizite tout fi ak tout tibebe ki fèk fèt depi sou 3 jou apre akouchman yo.
- Men kouman manman yo ta dwe kenbe kò yo an sante apre akouchman: bay tete ase pandan 6 premye mwa yo; veye pou yo pa senyen; repoze; dòmi anba moustikè; manje manje ki gen plis vitamin epi bwè kont dlo pwòp; toujou byen lave bouboun yo; ale wè doktè nan premye 3 jou apre akouchman an; fè planin; si yo ap viv ak VIH, se pou yo kontinye pran ART tout tan yo vivan, ni pandan y ap bay timoun nan tete a; epi bay bebe a ARV pandan 6 semèn.



PATI ENPÒTAN YO

Swit

- Si yon fi ki fèk fè pitit ta remake youn nan siy ak sentòm grav sa yo, li dwe ale nan yon sant sante touswit: si l gen emoraji apre akouchman an; si li gen fyèv; anpil doulè nan vant ak si vant lan fè l mal lè li manyen l ; si l ap bay dlo ki gen move sant nan bouboun li.
- Men sa manman yo ta dwe fè pou kenbe tibebe yo an sante: asire yo bebe a tete chak 2 zè d tan, li pipi e li tata nòmalmman; chofe bebe a; asire yo bebe a dòmi anba moustikè; kenbe lonbrik timoun nan pwòp; pou bebe ki te riske fèt ak VIH, se pou yo asire yo bebe a pran ARV pandan 6 premye semèn yo.
- Yo ta dwe mennen bebe ki bay siy ak sentòm danje pi ba yo nan sant sante touswit: fyèv; souf wo; difikite pou pran souf; pa vle tete; anpil bouton; difikilte pou reveye nan dòmi; kò rèd; toujou ap kriye; lonbrik ap bay pi blanch oubyen jòn; pèd konesans; pa pipi ase oubyen bay pipi ki gen gwo sant; bouch ak lang sèch; po ak je blèm; kote nan tèt la ki mou e ki parèt fon; vomi souvan, pa kapab kenbe lèt la nan lestomak li oubyen vomi san; po oubyen je jòn ki pa pase; pòpyè wouj ki ap bay pi ak san.
- Lèt manman se pi bon manje ak pi bon bwason pou tibebe. Li nourri tibebe yo e li pwoteje yo kont maladi. Yon tibebe ta dwe koumanse tete depi nan premye è d tan li fèt la. Manman yo ta dwe bay tibebe yo tete sèlman pandan 6 premye mwa yo.
- Men sa byen bay tete mande: yon bon pozisyon pou timoun nan tete; epi bay tete kantite fwa sa nesèsè lajounen kou lannuit.
- Fi yo bezwen èd nan pwoblèm bay tete a ka bay an jeneral, tankou pwent tete sansib, tete plen, ak twou tete bouche.
- Jenn timoun (10–19 ane) gen peryòd kote yo grandi, kote yo devlope vit. Souvan yo pa ka jwi swen sante nan fè bagay ak nan fè pitit, yo riske pou gwosès met pye san yo pa t swete sa, pou yo pran maladi moun pran nan fè sèks, ak VIH. Yo bezwen sèvis moun ki konn fè zanmi ak jenn, ki p ap jije yo e ki ap kenbe sekre.

SESYON 1 ENTWODIKSYON AK OBJEKTIF MODIL LA



Metòd: Prezantasyon fasilitatè a ak anmizman



Tan: 15 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Fè entwodiksyon epi y ap idantifye objektif modil la.



Preparasyon

- Revize objektif modil yo.



Materyèl yo

- Liv fasilitatè
- Liv patisipan
- Gwo fèy papyè
- Makè
- Tep



ETAP YO



15 minit

1. Salye patisipan yo epi prezante tèt ou.
2. Esplike patisipan yo yo pral aprann sou sijè fòmasyon ki pral fèt la.

3. Mande patisipan yo pou yo prezante tèt yo tou kout, youn apre lòt kon sa:
 - Non yo ak konbyen tan yo genyen depi y ap travay kòm ajan kore fanmi, oubyen ki sa yo t ap fè anvan yo te vin ajan kore fanmi (si yo nouvo nan travay sa a).
 - Yon bagay yo espere jwenn nan fòmasyon sa a.
 - Paregzanp: *Mwen rele Klemantin, mwen soti Ench. Mwen ta vle aprann kouman pou m ede fi ansent ak tibebe nan kominote mwen an pou yo rete an sante nan.*
4. Pou fini entwodiksyon an, di patisipan yo anpil nan sa y ap tann yo ap satisfè pandan fòmasyon 5 jou sa a. Y ap abòde sa y ap tann yo pa j2wenn pandan 5 jou sa yo yon lòt fason, swa nan suivi de a de oubyen nan lòt fòmasyon pi devan.
5. Mande pou kèk volontè li objektif yo nan Liv patisipan an pou tout moun tande.
6. Mande patisipan yo ki kesyon yo genyen pou moman an epi bay repons chak kesyon yo kòm sadwa.

SESYON 2 PRENSIP KLE AK BWAT KESYON SEKRÈ



Metòd: Brase lide ak prezantasyon fasilitatè a



Tan: 15 minit



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- Mete prensip kle k ap fè gen yon anbyans respè ak konfyans.
- Dekri ki enpòtans sa genyen pou kenbe enfòmasyon sou fanmi ak lòt enfòmasyon ki pataje nan fòmasyon an sekre.



Preparasyon

- Mete bwat kesyon sekre a pre epi mete l nan yon bon plas nan sal la.



Materyèl yo

- Gwo fèy papye
- Makè
- Bwat kesyon sekre



ETAP YO



15 minit

1. Di patisipan yo gen yon seri prensip pou gwoup yo respekte pou fòmasyon an ka bay rezilta. Prensip yo la pou fè fòmasyon an pase dous, pou patisipan yo aprann plis bagay, pou ankouraje patisipasyon, epi pou patisipan yo santi yo alèz epi yo respekte yo.
2. Mande patisipan yo pou yo reflechi sou yon lis prensip tou kout pou fòmasyon an. Ekri prensip yo ak gwo lèt sou yon gwo fèy papye pandan patisipan yo ap site yo.

3. Asire ou chak patisipan bay yon sèl lide, yon fason pou tout moun ki ta vle pale jwenn yon chans.
4. Ajoute prensip pi ba yo si yo poko nan lis la apre refleksyon an:
 - Moun dwe a lè
 - Kenbe sekre
 - Patisipe nan diskisyon yo ak aktivite yo
 - Respekte opinyon lòt moun
5. Kwoke fèy prensip kle pou fòmasyon an sou mi an pandan tout rès fòmasyon an.
6. Esplike sa kenbe sekre a ye epi esplike enpòstans sa genyen. Di patisipan yo:

Kòm nou konnen l, kenbe sekre se yon egzijans enpòtan nan travay ajan kore fanmi yo. Nou dwe **kenbe** tout sa manm fanmi yo di nou ak tout sa nou konnen sou fason y ap viv **sekre**. Se sèlman ak travayè sosyal yo ak doktè yo ak mis yo nou ta dwe pataje enfòmasyon sa yo lè sa nesèsè. **Ou pa dwe pataje enfòmasyon sa yo menm ak madanm oubyen mari moun nan, frè l ak sè l, oubyen pitit li, oubyen pwòp madanm ou oubyen mari ou, frè ou ak sè ou, pitit ou, oubyen zanmi ou.**

Ka gen moun pami nou ki ta vle pataje enfòmasyon sou fanmi yo travay avèk yo pandan fòmasyon an, oubyen poze kesyon sou kèk ka espesyalman. Nou dwe pataje enfòmasyon an oubyen poze kesyon an yon fason pou nou kenbe sekre nou. Pa egzamp, pa site non moun nan, pa di ki kote li rete, ni pa bay okenn enfòmasyon ki ka fè yo dekouvri kilès. Se kon sa tout moun nan sal la dwe fè l. Epitou, nou pa dwe pale de enfòmasyon sekre yo lè nou soti deyò.

7. Mande patisipan yo:

- Ki sa ki ka rive si nou ta revele yon enfòmasyon sekre sou youn nan fanmi nou travay ak yo yo?

(Sa te ka choke moun nan oubyen fanmi an oubyen yo te ka vin viktim diskriminasyon.)

(Moun nan pa t ap fè nou konfyans ankò.)

(Moun nan pa t ap vle pataje enfòmasyon enpòtan ak enfòmasyon prive l avè nou ankò, ekseptè.)

Sante moun k ap fè pitit

- Kouman nou t ap santi nou si yon moun ta fè lòt moun konnen enfòmasyon sekrè pa nou?

(Nou t ap santi moun nan trayi nou.)

(Nou pa t ap fè moun sa a konfyans.)

(Nou pa t ap santi nou an sekirite pou nou ta di l anyen nou ankò, eksetera.)

8. Di patisipan yo:

Kenbe sekrè se youn nan pati ki pi enpòtan lè ou se yon ajan kore fanmi.

9. Di patisipan yo:

Genyen 3 bagay ki fè yo revoke yon ajan kore fanmi la pou la:

- Lè li revele sekrè
- Lè li mande kòb oubyen lòt bagay pou sèvis l ap bay
- Lè li sèvi ak pozisyon l pou l gen move konpòtman seksyèl

10. Poze patisipan yo kesyon pi devan yo epi resevwa diferan repons:

- Nou gen tan pale sou enpòtans pou kenbe sekrè. Pou ki sa li enpòtan pou ajan kore fanmi yo pa janm asepte lajan oubyen lòt bagay pou sèvis y ap bay la?
- Pou ki sa li enpòtan anpil pou ajan kore fanmi yo pa janm sèvi ak pozisyon yo pou gen move konpòtman seksyèl?

11. Esplike patisipan yo yo ka itilize bwat kesyon sekrè a pou ede yo kenbe sekrè yo. Leve bwat la. Esplike patisipan yo yo ka ekri nenpòt kesyon yo genyen yo pa ta vle poze devan gwoup la, epi mete l nan bwat kesyon sekrè a nenpòt lè nan jounen an. Kesyon yo ka konsène yon ka espesyal oubyen nenpòt lòt kesyon. Nan fen jounen an, ou ap gade kesyon ki nan bwat yo epi ou ap reponn yo, ou ka bay repons yo an piblik oubyen an prive, tou depan.



KONSÈY: Gade bwat kesyon sekrè a pandan gen poz ak nan lè manje, epi reflechi sou chak kesyon ou jwenn yon fason pou ou ka bay repons yo nan chak jounen fòmasyon.

SESYON 3 PRE-TÈS 1



Metòd: Evalyasyon



Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Evalye premye konesans sou sijè fòmasyon an.



Preparasyon

- Revize kesyon pre-tès yo.
- Fè fotokopi pre-tès 1 an—fè ase kopi pou chak patisipan jwenn pou ret kèk lòt.



Materyèl yo

- Kreyon oubyen plim pou chak patisipan
- Fotokopi pre-tès 1 nan liv fasilitatè a



KONSÈY: *Byen esplike pre-tès la pou si gen patisipan ki pa abitye fè tès deja.*



ETAP YO



30 minit

1. Epliske patisipan yo se yon “pre-tès” yo pral fè kounye a. Objektif pre-tès la se pa pou jije patisipan yo, men se pou konnen ki sa patisipan yo konnen deja, epi pou ou asire ou fòmasyon sa a ap abòde bezwen yo. Pre-tès la ap ede evalye efikasite fòmasyon sa a epi l ap mennen lòt fòmasyon apre tou.
2. Esplike patisipan yo y ap fè yon “pòs-tès” e y ap fè yon lòt “pre-tès” ankò nan mitan fòmasyon 5 jou a akòz modil sa a se yon modil ki long. Patisipan yo ap fè yon “pòs-tès final nan dènye jou modil la, yon fason pou ou sèten fòmasyon an te kouvri tout koze enpòtan ajan kore fanmi yo bezwen konnen yo.

3. Bay chak patisipan yon kopi pre-tès la.
4. Anvan pre-tès la, mande patisipan yo pou yo konplete enfòmasyon ki nan tèt paj tèks la yo (non, dat, sant sante, nimewo idantite ajan kore fanmi an, ak lè li te kòmanse travay kòm ajan kominotè polivalan oubyen kòm ajan kore fanmi). Si patisipan an pa sonje egzaktman ki dat li te vin ajan polivalan oubyen ajan kore fanmi, di l pou l ekri ane li te vin ajan polivalan an oubyen ajan kore fanmi an epi mete “6” pou mwa a.
5. Esplike patisipan yo ou ap li kèk kesyon sou sijè fòmasyon an pou tout moun tande. Y ap antoure pi bon repons lann pou chak kesyon nan pre-tès yo a. Pou kèk kesyon, se di patisipan yo pral di si sa ki di a vre oubyen si l pa vre; pou kèk lòt, patisipan yo pral bezwen chwazi pi bon repons lann pami yon gwoup repons.
6. Di patisipan yo si yo pa konn repons yon kesyon, yo dwe kite l blanch/san repons.
7. Di patisipan yo ou ap reponn premye kesyon an avèk yo.
8. Li premye kesyon an byen fò ak tout repons ki posib yo. Mande yon volontè pou l bay repons lann, oubyen bay respons lan ou menm. Esplike patisipan yo yo dwe antoure repons kesyon sa a nan fèy yo a.
9. Mache byen vit nan sal la pou ou verifye si tout patisipan antoure repons premye kesyon an fason ki kòrèk.
10. Li rèss kesyon pre-tès yo ak repons ki posib yo dousman men byen fò pou tout moun tande, youn apre lòt. Li kesyon yo ak repons yo chak fwa sa nesèsè. Apre chak kesyon ou fin poze, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
11. Esplike patisipan yo y ap gen pou yo fè tèks sa a ankò nan mitan fòmasyon an yon fason pou ou ka wè sa yo aprann. Lè sa a ou ap gade bon repons yo. Patisipan yo ap fè yon lòt “pre-tès” sou enfòmasyon ki gen nan dezyèm pati fòmasyon an epi y ap fè yon dènye “pòs-tès” dènye jou fòmasyon an.



KONSÈY: *Korije pre-tès yo pandan yon poz, piske ou ap gen pou ou remèt patisipan yo pre-tès yo apre pòs-tès la. Peze sou repons ki bon an chak kote repons ki bay la pa bon, yon fason pou patisipan yo ka wè diferans ant move repons yo bay yo ak bon repons yo.*

KOREKTUM PRE-TÈS 1

Non ou : _____

Dat : _____

Sant sante : _____

idantite AKF an : _____

Ki lè ou te kòmanse travay kòm ajan kominotè polivalan oubyen kòm Ajan Kore Fanmi?

/_____
mwa / ane

Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Sante moun k ap fè pitit vle di:
 - a. Moun yo kapab fè bagay yon fason ki san danje e ki satisfè yo
 - b. Moun yo lib pou yo chwazi si pou yo fè pitit, ki lè, ak chak ki lè y ap fè
 - c. Moun yo gen mwayen fè planin
 - d. **Tout bagay sa yo**

2. Konbyen tan yon fi ta dwe tann anvan li tonbe ansent ankò apre li fin fè yon timoun?
 - a. 6 semèn
 - b. 9 mwa
 - c. 1 ane
 - d. **2 ane**

3. Pou yon fi ansent ka kenbe tèt li ak tibebe k ap devlope nan vant li an an sante, li ta dwe:
 - a. Dòmi anba moustikè
 - b. Pran miltivitamin ak sipleman fè
 - c. Manje manje ki gen vitamin nan 3 gwoup manje yo
 - d. **Tout bagay sa yo**

Sante moun k ap fè pitit

4. Pou yon fi ansent ka kenbe tèt li ak tibebe k ap devlope nan vant li an an sante, li pa ta dwe:
 - a. Manje sèl
 - b. Bwè kleren oubyen fimèn**
 - c. Manje ze
 - d. Bwè bagay ki cho

5. Tout fi ansent ta dwe al nan sant sante pou swen anvan akouchman:
 - a. Lè yo malad sèlman
 - b. 2 fwa
 - c. 4 fwa oubyen plis**
 - d. Kòmanse lè yo gen 6 mwa ansent

6. Yon fi ansent ta dwe fè premye vizit kay doktè pou swen anvan akouchman:
 - a. Pi vit posib depi li fin konnen li ansent**
 - b. Pandan 6 premye mwa gwosès la
 - c. Lè gen yon pwoblèm nan gwosès la
 - d. Lè li pre pou l akouche

7. Youn nan pwoblèm grav pandan gwosès ki pou fè yon fi ansent al nan yon sant sante touswit se:
 - a. Lè l gen emoraji nan bouboun li**
 - b. Anvi vomi
 - c. Konstipasyon
 - d. Pipi dri

8. Yon lòt pwoblèm grav pandan gwosès ki pou fè yon fi ansent al nan yon sant sante touswit se:
 - a. Kè boule
 - b. Varis
 - c. **Figi ak men anfle anpil**
 - d. Emowoyid

9. Lè yon ajan kore fanmi al vizite yon fi ansent, li ta dwe:
 - a. Wè fi a ap pran sipleman l yo an prezans li pou l asire l li pran yo.
 - b. **Mande l si gen gwo pwoblèm, si li al nan sant sante anvan akouchman, sa l fè pou l rete an sante.**
 - c. Blame fi a si li pa fè bagay yo jan pou l dwe fè l la pou l ka rete an sante.
 - d. Touche vant fi a epi koute kè bebe a k ap bat yon fason pou l asire l bebe a ap byen devlope.

10. Ajan kore fanmi yo dwe konseye fi ansent yo pou yo:
 - a. Fè plan pou yo akouche lakay si sant sante a lwen.
 - b. Fè plan pou yo akouche nan sant sante si gen pwoblèm.
 - c. Fè plan pou yo akouche nan sant sante si se premye pitit fi a.
 - d. **Fè plan pou akouche nan sant sante nenpòt jan sa ye.**

11. Pou ede fi ansent yo prepare tranche ak akouchman san danje, ajan kore fanmi yo ta dwe:
 - a. Konseye fi a pou l chèche yon matwòn nan kominote li a.
 - b. Konseye fi a pou l mande fanmi l ak zanmi l ede l.
 - c. **Fè yon plan akouchman ak fi a ak mari l.**
 - d. Mande fi a pou l al nan sant sante kou tranche a kòmanse.

- 12.** Lè yon fi ansent ap fè plan pou l akouche nan sant sante, l ap bezwen:
- a.** Yon moun pou ale avè l
 - b.** Kòb pou depasman an si sa nesesè
 - c.** Efè pou li ak pou bebe a
 - d. Tout bagay sa yo**

SESYON 4

SANTE MOUN K AP FÈ PITIT AK DWA MOUN



Metòd: Brase lide ak aktivite nan ti gwoup



Tan: 1 è d tan



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- a. Esplike ki jan ajan kore fanmi yo ka ede jenn, fi, ak gason jwi dwa yo menm ak fanmi yo genyen kòm moun pou yo jwenn swen sante pou moun k ap fè pitit.



Preparasyon

- Revize enfòmasyon sou dwa moun ak dwa pou jwenn swen sante pou moun k ap fè pitit pi ba yo.
- Ekri definisyon dwa moun sa a sou yon gwo fèy papye.

– **Ki sa dwa moun nan ye?**

Dwa moun se dwa tout moun alawonnbadè genyen, kèlkeswa ras yo, branch fanmi yo soti, laj yo, relijyon yo, sèks yo, opinyon politik yo, jan yo te fèt oubyen nivo sosyal yo. Dwa moun fikse yon seri kondisyon moun bezwen pou yo viv ak diyite. Se menm dwa tout moun sou latè genyen.

- Ekri definisyon swen sante pou moun k ap fè pitit sa a sou yon gwo fèy papye.

– **Ki sa swen sante pou moun k ap fè pitit la ye?**

Swen sante pou moun k ap fè pitit vle di moun kapab fè bagay yon fason ki byen reflechi, ki satisfè yo epi ki san danje; yo gen kapasite pou fè pitit epi yo lib pou deside si yo vle fè sa ak si yo pa vle, ak chak ki lè.

- Prepare yon gwo fèy papye, ekri “pwen sou swen sante pou moun k ap fè pitit” nan tèt fèy la.



Materyèl yo

- Gwo fèy papye, ak “pwen sou swen sante pou moun k ap fè pitit” ekri nan tèt la.
- Enfòmasyon sou dwa moun ak dwa pou jwenn swen sante pou moun k ap fè pitit nan liv patisipan an
- Objektif lavi nan Liv patisipan an
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



KONSÈY: Sesyon sa a moutre sante moun k ap fè pitit la se yon dwa moun. Gen patisipan ki ka pa fin konnen ki sa dwa moun nan ye dapre prensip. Dabò, yo ka pa ka bay yon definisyon prensip pou dwa moun oubyen bay anpil egzanp dwa moun. Gen lòt patisipan ki ka byen konprann sa dwa moun nan ye. Men kòm anpil moun an pwovens pa jwi yon seri dwa yo genyen kòm moun, tout patisipan yo ap konprann gen yon seri bagay ak kondisyon moun bezwen pou yo viv lib avèk diyite. Sesyon sa a p ap rete sou zafè definisyon prensip dwa moun nan, men l ap peze sitou sou lide dwa moun nan ak sou rapò li genyen ak swen sante pou moun k ap fè pitit.



ETAP YO



10 minit

1. Di patisipan yo:

Sonje nou fè pati yon sitèm swen sante ki wè swen sante a kòm yon dwa moun genyen. Sa vle di, youn nan travay nou se ede fanmi yo pou yo jwi dwa yo genyen kòm moun epi remete dwa sa a kanpe.

Annou pran yon ti tan pou n reflechi sou lide sa a.

2. Afiche definisyon ou te prepare pou dwa moun nan epi mande yon volontè li li l byen fò pou tout moun tande:

Ki sa dwa moun nan ye?

Dwa moun se dwa tout moun genyen alawonnbadè, kèlkeswa ras yo, branch fanmi yo soti, laj yo, relijyon yo, sèks yo, opinyon politik yo, jan yo te fèt oubyen nivo sosyal yo. Dwa moun fikse yon seri kondisyon moun bezwen pou yo viv ak diyite. Se menm dwa tout moun sou latè genyen.

3. Mande patisipan yo pou yo sonje fòmasyon kote yo te pale sou dwa moun deja epi pou yo panse ak pwòp esperyans pa yo tou. Poze yo kesyon pi a epi pran divès repons:

Èske nou ka site kèk egzanp dwa moun, annou di, kèk egzanp bagay oubyen kondisyon tout moun bezwen pou yo viv lib, ak tout diyite?

(Envite patisipan yo panse sou fason yo menm y ap viv, sou fason wvazen yo, moun nan kominote kote yo rete ap viv pou yo ka jwenn egzanp dwa moun. Si patisipan yo gen difiklte pou bay egzanp, bay youn oubyen de ou menm pou ou ka fè yo brase lide.)

(Men kèk ezanp dwa moun:

- *Pa esklav*
- *Panse epi di sa ou panse lib e libè*
- *Pa pran oubyen move tretman Patisipe nan dirije tèt ou (vote, eksetera.)*
- *Posede byen*
- *Jwenn bon jan swen sante*
- *Gen kont mwayen pou ou viv, pou ou menm ak fanmi ou gen sante e pou nou byen, sa vle di, dwa pou jwenn bon jan swen sante*
- *Jwenn edikasyon*
- *Viv lib epi pou pa genyen anyen k ap nui ou)*

4. Di patisipan yo:

Nou konnen jwenn bon jan swen sante se yon dwa moun. Dwa pou jwenn swen nan fè pitit se yon pati enpòtan nan dwa jwenn bon jan swen sante a. Annou fè yon ti pale sou sa nou vle di lè n ap pale de swen sante pou moun k ap fè pitit.

5. Afiche definisyon swen sante pou moun k ap fè pitit la epi mande yon volontè li li l byen fò pou tout moun tande:

Ki sa swen sante pou moun k ap fè pitit la ye?

Swen sante pou moun k ap fè pitit vle di moun kapab fè bagay yon fason ki byen reflechi, ki satisfè yo epi ki san danje; yo gen kapasite pou fè pitit epi yo lib pou deside si wi ou non yo vle fè sa a, ak chak ki lè.

6. Bay patisipan yo yon ti espikasyon an plis sou swen sante pou moun k ap fè pitit la:

Swen sante pou moun k ap fè pitit vle di, jwenn enfòmasyon sou metòd planin yo epi gen posiblite pou swiv yo; jwenn swen sante nan fè bagay ak nan fè pitit; swen sante pou manman pou gwosès yo ka byen pase, pou yo byen akouche epi pou yo ka gen tout chans yo pou yo gen yon tibebe ki an sante.



20 minit

- 7.** Separe patisipan yo fè ti gwoup. Chak gwoup ap gen ant 4 a 6 patisipan. Esplike sa ti gwoup yo ap gen pou fè:
- Ki sa nou panse swen sante pou moun k ap fè pitit la gen ladan l?
 - Brase lide ak gwoup ou a.
 - Mande youn nan manm gwoup la pou l fè lis lide nou yo nan kaye l.
 - N ap gen 15 mint pou n traway.
- 8.** Mande ti gwoup yo pou yo kòmanse travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la pou ou asire ou gwoup yo konprann travay la epi y ap vanse. Di yo yo rete 5 minit lè yo rete 5 minit pou yo fini, di yo rete yon minit lè yo rete yon sèl minit.



15 minit

- 9.** Mande gwoup yo pou sipann travay. Afiche gwo fèy ki gen “Pwen sou sante pou moun k ap fè pitit” la.
- 10.** Mande yon reprezantan youn nan ti gwoup yo pase devan pou li ekri yon pwen sou gwo fèy papyè a epi mande reprezantan yon lòt gwoup pou fè menm bagay, jiskaske ou fin pran tout moun yo. Kontinye jiskaske pa gen lòt lide ankò.
- 11.** Revize pwen sou fèy yo ak patisipan yo epi korije oubyen ajoute pwen si sa nesèsè. Asire ou li gen pwen sa yo:
- Planin
 - Ase tann pou garanti sante ant diferan gwosès
 - Swen sante pandan gwosès, tranche ak pandan akouchman ak apre akouchman
 - Swen sante nan fè sèks
 - Maladi moun ka pran nan fè bagay ak enfeksyon kanal
 - Prevansyon, swen ak tretman pou VIH
 - PTME
 - Avòtman san ris ak swen apre avòtman
 - Pwòpte nan peryòd règ

- Kansè ki gen rapò ak sante nan fè bagay ak nan fè pitit, tankou kansè kòl matris ak kansè nan tete.
- Vyolans ki gen rapò ak si ou se gason oubyen si ou se fi.
- Swen sante kay jenn ki fè bagay twò bonè.

12. Esplike patisipan yo fòmasyon sa a ap trete kèk nan pwèn sa yo, epi lòt pwèn yo ap trete nan lòt fòmasyon.



15 minit

13. Men sa pou ou di patisipan yo:

Pandan fòmasyon sa a, n ap aprann kouman pou n ede tout moun ki nan kominote a: jenn ak fi, espesyalman fi ki ansent ak fi ki ti nouris pou nou ka gen bon sante moun nan fè pitit la epi pou nou kenbe l.

Sonje youn nan pati enpòtan nan travay ajan kore fanmi yo se mete yon plan kore fanmi sou pye ak chak fanmi. Se ak plan sa a n ap sèvi pou n antann ak fanmi yo pou n ede yo pratike konpòman k ap fè yo rete an sante epi pou n ede yo reyalize objektif lavi ki dekri nan plan yo a. Anpil plan fanmi ap gen objektif lavi ki konsène moun k ap fè pitit. Kounye a nou pral gade objektif yo pandan yon ti moman.

14. Mande patisipan yo chache objektif lavi yo nan liv yo a. Apre sa a mande yo pou yo mete yo a de ak moun ki tou pre yo a pou yo analize objektif yo pandan 5 minit kon sa, epi pou yo make objektif ki konsène sante nan fè bagay yo.

15. Apre 5 minit, mande de moun ki t ap travay ansanm pou yo bay objektif ki konsène sante nan fè bagay yo. Apre sa a mande patisipan yo:

- Dapre sa n aprann sou travay ajan kore fanmi yo jiskaprezan, oubyen dapre esperyans nou, ki sa nou panse ajan kore fanmi yo dwe fè pou ede fanmi yo reyalize objektif sa yo?

(Fè fòmasyon sou sante nan fè bagay pou fanmi yo; ede fi yo jwenn swen sante nan gwosès yo ak apre yo fin akouche, ede fi yo ak fanmi yo pratike lòt konpòtman k ap fè yo gen pi bon sante nan fè sèks, eksetera.)

16. Mande patisipan yo pou yo chache definisyon ak enfòmasyon sou dwa moun ak sante moun k ap fè pitit nan liv yo a. Fè patisipan yo sonje yo dwe revize enfòmasyon sa yo lakay yo.

OBJEKTIF LAVI YO

Liv patisipan an

Objektif Lavi		Aksyon
Fanmi yo		
1	Fanmi an gen ase mwayen pou yo fè kòb oswa revni.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon
2	Fanmi an gen ase manje pou manje epi li pa ap manke manje.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
3	Fanmi an ap viv nan kay ki bon pou yo.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
4	Fanmi an gen dokiman idantifikasyon (kat ID pou granmoun, batistè pou timoun)..	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
5	Fanmi an pa fè eksperyans vyolans domestik.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Referans
6	Fanmi an pa abandone okenn timoun, oswa timoun ki te abandone deja tounen nan fanmi an.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Referans
7	Manm fanmi an ki gen andikap yo te dekouvri ak sipòte pou asire yo kapab viv nan fason pibyen posib.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Referans
8	Fanmi an gen bon pratik ijyèn pou pwòp tèt yo ak pou anviwònman yo.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
9	Fanmi an sèvi ak dlo potab.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
10	Fanmi an sèvi ak yon latrin.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
11	Fanmi an jete fatra yon fason ki bon.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon
12	Lafimen fè manje pa aji sou kay la.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Referans
13	Fanmi an konnen epi li sèvi ak metòd planin si sa bon pou yo.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans

Objektif Lavi		Aksyon
14	Fanmi an konnen ki jan maladi kapab simaye ak fason pou anpeche moun pa pran maladi moun pran nan fè bagay.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
15	Manm fanmi ki gen maladi kwonik ap resevwa epi suiv tretman.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Referans
Fanm yo		
16	Fanm ansent nan fanmi an jwenn ase manje ki gen nanm.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Referans
17	Fanm ansent nan fanmi an suiv omwen 4 sèvis swen gwosès.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Referans
18	Fanm ansent nan fanmi yo dòmi anba moustikè.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Referans
19	Fanm ansent yo gen bon plan pou gwosès ak akouchman.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Referans
20	Fanm ansent akouche nan yon kote ki an.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Referans
Timoun yo		
21	Ti Bebe yo nan tete sèlman pandan premye 6 mwa yo.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon
22	Ti Bebe ki poko gen laj 5 an gen bon eta nitrisyon.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Sevis dirèk • Referans
23	Ti Bebe yo gentan resevwa tout vaksen ki dwe pou laj 1 an.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Sevis dirèk
24	Timoun yo ap resevwa swen bon kalite e alè.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Referans
25	Timoun yo ap resevwa eksitasyon timoun piti byen bonè.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon
26	Timoun ki poko gen 5 an dòmi anba moustikè.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
27	Tout timoun ki gen laj lekòl nan fanmi an ale nan lekòl la.	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans

SESYON 5

PATI KÒ KI PATISIPE NAN FÈ BAGAY AK FÈ PITIT AK TOUT WÒL YO



Metòd: Aktivite a de, brase lide ak jwèt



Tan: 1 è d tan 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

b. Dekri pati kò ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit ak tout wòl yo.



Preparasyon

- Revize enfòmasyon sou pati kò ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit ak wòl yo pi ba a.
- Revize sa ki nan postè pati kò fi ak gason ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit yo epi yo prepare pou yo itilize yo kòm zouti fòmasyon an pou sesyon sa a.
- Revize jwèt kesyon repons pou revizyon pi ba a.



Materyèl yo

- Postè pati kò fi ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit
- Postè pati kò gason ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit
- Enfòmasyon sou pati kò ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit ak tout wòl yo nan Liv patisipan an
- Gwo fèy papye
- Makè (fòk gen ase pou fasilite yo ak youn pou chak patisipan)
- Tep

**ETAP YO**

15 minit

1. Poze patisipan yo kesyon sa yo pou ou kòmanse sesyon an epi pran respons moun ki vle reponn:

- Pou ki sa nou panse li enpòtan pou ajan kore fanmi yo konnen pati nan kò fi ak gason ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit ak tout wòl pati sa yo?

Yon fason pou ajan kore fanmi yo ka:

(Konprann kouman pati nan kò ak sistèm ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit yo fonksyone ak tout wòl yo epi pou yo ka esplike manm fanmi yo sa.)

(Konprann ki diferans ki genyen ant kò fi ak kò gason.)

(Santi yo alèz pou yo pale ak manm fanmi yo ak kominote a de pati kò ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit ak tout wòl yo.)

(Konprann kouman yon fi vin ansent pou yo esplike manm fanmi yo sa.)

(Koriye tout kwayans ki pa chita sou anyen ki kapab egziste sou kò gason ak kò fi nan kominote a.)

(Konprann ki chanjman ki fèt nan kò gason ak fi pandan y ap viv pou esplike manm fanmi yo saa.)

(Patisipan yo ka bay lòt lide.)

2. Di patisipan yo:

Li enpòtan pou ajan kore fanmi yo konprann epi pou yo alèz pou yo pale de pati ki nan kò fanm ak nan kò gason ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit yo libelibè.

Konprann jan kò gason ak kò fi mache ap ede ajan kore fanmi yo pataje enfòmasyon sa a ak fanmi yo pou yo ka konprann koze fè sèks, fè pitit, gwosès, ak planin pi byen, pou yo pi byen konprann kouman pou yo kenbe sante moun k ap fè pitit epi k ap fè bagay an bon eta.



15 minit

3. Mande patisipan yo pou yo brase lide sou kesyon pi ba yo. Ankouraje yo pale libelibè, yo ka menm itilize tout mo lari a itilize.

- Èske moun pale de pati kò ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit nan kominote kote nou rete a ak kote n ap travay yo? Pou ki sa? Ki mo yo ititlize kon sa (menm mo lari a itilize yo)?
- Ki mo moun nan kominote kote n rete yo ititlize pou dekri aktivite fè bagay (mo vilgè ladan l)?
- Ki moun ki pale de koze fè bagay nan kominote kote n rete a, epi ak kilès yo pale de sa? Èske se fi ki pale ak fi parèy yo sèlman, epi gason pale ak gason parèy yo? Èske mari ak madanm pale de fè bagay youn ak lòt? Pou ki sa?

4. Poze patisipan yo kesyon sa a pou fini:

- Èske se yon bagay ki fasil pou manm fanmi yo pale de zafè fè bagay ak fè pitit libelibè? Pou ki sa?
(*Repons yo ap diferan.*)

5. Di patisipan yo:

Menm si pale de zafè fè bagay ak fè pitit ta kòm yon pwèn moun pa ta dwe pale de li oubyen se ta bagay “prive,” li enpòtan pou ajan kore fanmi yo gen konesans sou kò moun, sou fè bagay ak fè pitit, epi pou yo ka alèz pou pale de bagay sa yo libelibè youn ak lòt oubyen ak manm fanmi n ap travay avèk yo.



45 minit

6. Mande patisipan yo pou yo mete yo a de epi pou yo gade postè ki nan liv yo pandan yon ti tan. Esplike patisipan yo premye postè la moutre pati deyò kò fi ki patisipe nan fè pitit, pati moun ka wè. Dezyèm postè la moutre pati anndan, pati moun pa ka wè.

7. Mache nan sal pou ou mande chak gwoup de moun yo pou yo site non yon pati nan kò ki patisipe nan fè pitit nan postè yo si yo kapab. Pou chak pati yon gwoup idantifye, mande si yo konnen ki sa pati sa a fè (wòl li).

8. Apre sa a, moutre patisipan yo foto pati kò fi ki patisipe nan fè pitit yo ak tout wòl yo. Konfime bon enfòmasyon patisipan yo te idantifye nan etap anvan an. Apre sa a, pou chak postè, revize non pati kò yo ak wòl yo, bay tan pou kesyon ak deba. Patisipan yo ka vle kanpe pre foto a pandan w ap pale sou li yon fason pou asire ou tout moun rive wè.
9. Fè menm egzèsis sa a pou pati kò gason ki patisipe nan fè pitit yo.



15 minit

10. Separe patisipan yo fè de ekip pou fè yon jwèt revizyon. Bay konsiy sa yo:
 - Nou aprann sou anpil pati nan kò moun nan sesyon sa a. Kounye a nou pral fè yon jwèt pou nou revize yo.
 - Bay ekip nou an yon non.
 - Chak ekip ap chwazi yon pòtpawòl. Se sèlman moun sa a k ap ka pale nan non gwoup la.
 - M ap li yon seri kesyon ki gen rapò ak sa nou te wè nan sesyon sa a. Si ekip ou a konn repons lann, pòtpawòl la ap leve men l.
 - M ap bay gwoup pòtpawòl li leve men an premye a lapawòl.
 - Si repons ekip ou a bon, ou make yon (1) pwen. Si repons lan pa bon, ou ap pèdi yon (1) pwen epi lòt ekip la ap gen chans pou li bay bon respons lan.
 - Ekip ki fè plis pwen an genyen.
11. Itilize deklarasyon ak kesyon pi devan yo epi ekri kantite pwen chak ekip fè oubyen mande yon lòt fasilite fè sa. Ou ka mete lòt kesyon sou sa yo si sa nesèsè.
12. Apre jwèt la, fè patisipan yo sonje yo pral gen pou yo itilize anpil nan mo ki gen rapò ak pati kò ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit sa yo pandan tout fòmasyon sa a. Patisipan yo ta dwe aprann itilize mo sa yo pandan fòmasyon an tou yon fason pou yo ka vin alèz pou yo esplike pati kò ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit yo ak tout wòl pati sa yo lè y ap travay kòm ajan kore fanmi.
13. Bay esplikasyon sou tout pwen ki ka konsène fè bagay oubyen pati kò ki patisipe nan fè pitit ak tout wòl yo anvan ou al pi lwen. Lè yon patisipan poze yon kesyon, gade si lòt patisipan ka bay yon repons anvan, apre sa ou a konple enfòmasyon yo oubyen korije yo si sa nesèsè.

KESYON POU JWÈT REVIZYON

1. Bay 2 rezon ki fè li enpòtan pou ajan kore fanmi yo konnen ki pati nan kò ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit epi pou ki sa li enpòtan pou yo ka pale de yo.

(Pou yo konprann kouman pati kò ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit yo ak jan sistèm nan kò nou yo fonksyone, epi pou yo ka esplike manm fanmi yo sa, eks.)

2. Site 3 pati kò gason ou ka wè ki patisipe nan fè pitit (pati deyò).

(Pijon, sak grenn, twou dèyè)

3. Kouman yo rele pati ki sèvi kòm ouvèti pou kòl matris ak matris fi kote tibebe pase soti lè yo ap fèt la?

(Bouboun)

4. Ki kote pipi pase soti nan kò a?

(Kanal pipi)

5. Ki kote ze fi rasanble?

(Sak ze)

6. Ki sa ki kanal pou ze a pase a?

(Li konekte sak ze a ak matris la, ze a pase nan kanal sa a soti nan sak ze a pou ale nan matris la)

7. Ki kote jèm gason an fòm nan kò yon gason?

(Boul grenn)

8. Se vre oubyen se pa vre: Li pa nòmal pou bouboun bay dlo?

(Se pa vre)

9. Ki sa ki klitoris la (krèk)?

(Pati bouboun fi ki gen fòm yon ti flè ki pa ko louvri, li sansib lè yo touche l e li ka fè fi a eksite pou fè bagay epi li ka fè li satisfè.)

10. Pou ki sa jèm gason ka pase nan kòl matris men pijon yon gason pa kapab?

(Paske ouvèti kòl matris la piti, men li laji nan moman akouchman yon fason pou timoun nan ka pase)

11. Jèm gason pase nan kanal sa a pou l rive nan bouch kanal pipi a.

(Kanal semans)

12. Kouman yo rele pati kote fi a bay san chak mwa a epi kote timoun nan fòme a?

(Matris)

13. Se vre oubyen se pa vre: jeneralman, lè yon gason voye, se yon melanj jèm gason ak pipi li bay.


(Se pa vre, pipi a soti nan kanal pipi a, menm kote ak jèm gason an, men yo pa soti an menm tan.)



PATI KÒ FI KI PATISIPE NAN FÈ PITIT AK TOUT WÒL YO¹

nan Liv patisipan an

Pati deyò kò fi ki patisipe nan fè bagay ak fè pitit (pati ou ka wè)



- **Bouboun:** tout pati ki patisipe nan fè bagay ou ka wè nan fant janm yon fi.
- **Do bouboun:** pati plat bouboun nan kote ki gen plim yo.
- **Ti fèy la ak gwo fèy la (oubyen po deyò yo):** yo rele yo “krèk” nan lan vilgè, yo akote bouboun nan ak tèt kanal pipi a.
- **Klitoris (krèk):** yon pati nan bouboun nan ki gen fòm yon ti flè ki pa ko louvri, li sansib lè yo touche l e li ka fè fi a eksite pou fè bagay e li fè li satisfè.
- **Kanal pipi:** kote pipi pase soti nan kò a. Se ouvèti deyò kanal pipi a, yon kanal ki pran pipi a nan blad pipi a, sa vle di kote pipi a vin chita a, pou mennen li deyò kò a.
- **Vajen (twou bouboun):** ouvèti ki mennen nan kòl matris la ak nan matris la, kote timoun nan pase lè l ap fèt la. Se la a kòk an oubyen dwèt oubyen lòt bagay pase lè y ap fè sèks.
- **Imèn:** yon po tou fen ki anndan bouboun nan. Imèn nan ka senyen lè fi a fè yon travay di, espò oubyen lè fi a fè bagay pou premye fwa. Gen fi ki pa gen imèn ditou—chak fi gen fòm imèn pa l.
- **Twou dèyè:** kote pou pou a soti nan kò a kote pijon, dwèt ak lòt bagay pase lè moun ap fè bagay nan dèyè.


¹ Burns, A., Lovich, R., Maxwell, J., & Shapiro, K. (1997). *Where Women Have No Doctor: A health guide for women*. Berkeley, CA: The Hesperian Foundation. Pages 44-45.



PATI KÒ FI KI PATISPE NAN FÈ PITIT AK TOUT WÒL YO

Swit

Pati deyò kò fi ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit (pati ou ka wè)




- **Matris:** yon pati kote fi a bay san chak mwa epi kote timoun nan fòm pandan gwosès la.
- **Sak ze:** kote ze fi a rasanble. Sak ze yo lage yon ze nan kanal ze fi a chak mwa. Si jèm yon gason jwenn ak ze a, li ka devlope pou l vin tounen yon tibebe. Yon fi gen de sak ze: youn chak bò matris li. Chak sak ze gwosè yon rezen.
- **Kanal pou ze a pase a:** konekte matris la ak sak ze yo. Ze yo pase nan kanal pou ze a lè y ap soti nan sak ze yo pou al nan matris la.
- **Kòl matris:** “bouch” matris la kote li ouvri nan bouboun nan. Jèm gason pase nan kòl matris la pou ale nan matris la, men ouvèti a piti dekwa pou l pa kite lòt bagay pase pou ale nan matris la, tankou pijon yon gason. Pandan akouchman an, kòl matris la louvri pou kite tibebe a soti.
- **Vajen (twou bouboun):** se pati ki soti nan ouvèti deyò a pou rive nan matris la. Li fèt ak yon po espesyal ki ouvri pandan fi a ap fè bagay ak lè l ap akouche. Bouboun nan bay yon dlo glise ki pwòp ki anpeche l enfekte. Gen kèk dlo bouboun nan bay ki nòmal.



PATI KÒ GASON KI PATISIPE NAN FÈ PITIT AK TOUT WÒL YO^{2,3}

nan Liv patisipan an

Pati deyò kò gason ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit (ou ka wè)



- **Pijon (kòk):** pati prensipal pou fè bagay e pran plezi. Se pijon la ki bay jèm gason ki ka fè fi a ansent lan nan moman y ap fè bagay la. Tèt pijon la ka gen po, si gason an sikonsi li p ap gen po.
- **Sak grenn:** sak ki gen de boul yo
- **Twou dèyè:** kote poupou soti nan kò a ak kote pijon, dwèt, oubyen lòt bagay pase pandan moun ap fè bagay nan dèyè. Remake nou pa moutre twou dèyè nan postè pi ba a, men li plase menm kote ak nan kò fi a.

² *Where Women Have No Doctor: A health guide for women.* Page 46.


³ Colton, T., Dillow, A., Hainsworth, G., Israel, E., & Kane, M. (2006). *Community home-based care for people and communities affected by HIV/AIDS: A comprehensive training course for community health workers.* Watertown, MA: Pathfinder International.



PATI KÒ GASON KI PATISPE NAN FÈ PITIT AK TOUT WÒL YO

Swit

Pati anndan kò gason ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit (pati ou ka wè)



- **Grenn oubyen boul:** kote jèm gason fòme epi li fè pil. Yon gason kòmanse pwodwi jèm gason nan moman li ap fòme e li kontinye pwodwi plis toujou tout lavi li. Gason gen de grenn, se nan sak grenn nan yo ye.
- **Kanal semans:** konekte ak boul yo. Jèm gason an pase nan venn sa yo pou ale nan kanal pipi a. Se la jèm gason an melanje ak yon dlo. Melanj jèm gason an ak dlo a rele dechay, li soti nan pijon la lè yon gason voye lè l ap fè bagay oubyen lè l ap bat la ponyèt, oubyen nan mitan lannuit pafwa, sitou pou jenn ti gason (“rèv mouye”). Chak gout dechay gason gen plizyè milye jèm, yo twò piti pou moun wè yo ak je, e yo ka fè yon fi ansent.
- **Kanal pipi:** ouvèti nan tèt pijon la kote pipi ak dechay ki gen jèm gason soti. Remake pipi ak dechay pa soti menm kote an menm tan.

SESYON 6 REZIME SOU GWOSÈS, TRANCHE AK AKOUCHMAN



Metòd: Dikisyon nan gran gwoup ak aktivite nan ti gwoup



Tan: 2 è d tan



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- c. Mete prensip kle k ap fè gen yon anbyans respè ak konfyans.
- d. Dekri ki enpòtans sa genyen pou kenbe enfòmasyon sou fanmi ak lòt enfòmasyon ki pataje nan fòmasyon an sekrè.



Preparasyon

- Defini kantite manman ki mouri nan fè pitit, kantite timoun piti ak timoun ki mouri epi y ap esplike ki jan kantite sa yo ye ann Ayiti.
- Dekri bagay pi enpòtan ki fèt pou ze fi jèmen, pou gen gwosès, tranche, ak akouchman.



Materyèl yo

- Enfòmasyon ak postè sou bon lè pou yon fi vin ansent pou sa pa nui sante l, moman pou l ansent, gwosès, tranche, ak akouchman nan Liv patisipan an
- Postè pati kò ki patisipe nan fè bagay ak nan fè pitit
- Postè sou jan tibebe fòme nan vant
- Gwo fèy papyè
- Makè (kont pou ka gen pou fasilite yo ak youn pou chak patisipan)
- Tep

**ETAP YO**

15 minit

1. Di patisipan yo:

Chak moun nan sal sa a gen yon esperyans pou pi piti nan zafè gwosès ak akouchman. Annou wè ki kantite esperyans ki gen nan sal la.

Koute deklarasyon ki pral fèt yo. Si youn nan deklarasyon sa yo vre pou ou, kanpe epi rete kanpe. Pandan ou kanpe, si gen lòt deklarasyon ki vre pou ou toujou, leve men ou (epi kontinye rete kanpe):

- Kanpe si ou ansent deja oubyen si ou fè pitit deja.
- Kanpe si madanm ou te ansent oubyen si li fè pitit deja.
- Kanpe si sè ou te ansent oubyen fè pitit (oubyen leve men ou si ou te deja kanpe).
- Kanpe (oubyen leve men ou) si pitit fi ou, matant ou, kouzin ou, zanmi ou oubyen vwazin ou te ansent oubyen te fè pitit.
- Kanpe (oubyen leve men ou) si ou sonje lè pwòp manman ou te ansent oubyen lè li te fè yon ti sè ou oubyen yon ti frè ou.

2. Kounye a tout moun ta dwe kanpe. Di patisipan yo:

Voye je nou nan sal la. Kòm nou ka wè l, tout moun nèt gen yon esperyans pou pi piti nan zafè gwosès ak akouchman.

3. Remèsye patisipan yo epi di yo yo mèt chita.**4. Di patisipan yo:**

Menm si tout moun nèt gen yon esperyans pou pi piti nan zafè gwosès ak akouchman, pafwa yo pa santi yo alèz pou yo pale de bagay sa yo. Yo ka santi se tripotay oubyen koze moun pa ta dwe abòde si yo pale de bagay sa yo, sitou pou gason.

Men pale de gwosès ak akouchman se yon pati enpòtan nan travay ede fi ansent, moun ki fèk manman oubyen papa, ak tibebe ki fèk fèt pou yo rete an sante. Pale de gwosès ak akouchman se yon pati ki enpòtan anpil nan travay ajan kore fanmi yo nan kominote a.

Nan sesyon sa a, nou pral revize prensipal preparasyon ki fèt pou yon fi vin ansent ak sa ki pase pandan gwosès, tranche ak akouchman.

5. Di patisipan yo:

Gwosès ak akouchman ka yon moman gwo kè kontan pou fi ak gason paske y ap mete yon timoun sou latè. Men, gwosès ka youn nan pi gwo danje yon fi kapab viv nan lavi l tou.

6. Mande patisipan yo pou yo chache definisyon yo bay pou manman ki mouri nan fè pitit ak timoun piti ki mouri nan liv yo a. Mande kèk volontè pou yo li enfòmasyon yo pou tout moun tandè. Epi revize estatistik Ayiti yo avèk patisipan yo.

7. Revize definisyon ak enfòmasyon ki konsène Ayiti sitou nan zafè manman ki mouri nan fè pitit ak timoun piti ki mouri avèk patisipan yo.

8. Di patisipan yo:

Pi fò manman ak tibebe ki fèk fèt ak timoun piti pa t ap mouri si yon travay edikasyon fèt ak sit e bon swen sante anvan, pandan ak apre gwosès, ak nan premye mwa lavi yon timoun.



15 minit

9. Poze patisipan yo kesyon sa yo epi pran repons moun ki vle reponn:

- San nou pa bay non, èske gen yon moun ki konn yon fi ki mouri pandan li ansent oubyen lè li fèk fin akouche, oubyen tibebe yon fi ki mouri pandan l ap fèt oubyen apre li fin fèt? Ki sa ki te pase? Ki jan nou panse yo te ka evite sa a?
- Ki sa nou panse ajan kore fanmi yo ka fè pou anpeche plis fi mouri pandan yo ansent oubyen apre gwosès?

(Fè fòmasyon pou fi yo epi kore yo pou yo pa fè pitit twò bonè oubyen pou yo pa fè yo twò dri.)

(Asire yo fi ak gason gen mwayen fè planin pou yo ka evite fè pitit nan peryòd yo pa t swete oubyen fè pitit twò dri oubyen ansent twò souvan.)

(Fè fòmasyon pou fi ak fanmi sou kouman pou yo rete an sante pandan gwosès.)

(Fè fòmasyon pou fi ak fanmi sou enpòtans pran swen sante anvan akouchman, epi asire yo fi al wè doktè.)

(Asire yo fi fè tès VIH bonè pandan yo ansent lan, pou li menm ak tibebe a jwenn swen, pou yo pran medikaman pou manman an ka rete an sante epi pou li pa bay tibebe a VIH la.)

(Ede fi fè plan pou akouche lopital ak yon ajan polivan ki fòme pou sa a.)

(Vizite fi souvan pandan yo ansent ak apre yo fin akouche, pou yo asire yo yo byen.)

(Voye fi yo lopital si yo ta gen yon pwoblèm oubyen si yo ta wè yon siy danje pandan gwosès la oubyen apre.)

(Patisipan yo ka bay lòt lide.)

10. Poze patisipan yo kesyon pi ba yo. Lè moun ki vle reponn fin reponn, ajoute lòt enfòmasyon si sa nesèsè:

- Ki pi bon lè pou yon fi vin ansent pou sa pa nui sante l? Ki sa nou tande sou bon lè pou fè ppitit ak ki valè tan pou yo pran ant yon piti ak yon lòt?

(Tonbe ansent anvan laj 18 ane oubyen apre 35 ane ogmante ris pou manman ak tibebe gen pwoblèm sante. Jenn timoun ki ansent gen plis chans pou yo gen gwo pwoblèm, tibebe yo a riske gen gwo pwoblèm tou.)

(Yon fi ta dwe tann dènye pitit li gen 2 ane anvan li ansent ankò. Lè timoun fèt twò dri, youn dèyè lòt, yo ka pa peze ase, yo ka malad, e yo ka menm mouri. Epi tou kò yon fi bezwen tan pou l geri apre gwosès ak akouchman.)

(Ris pou gen pwoblèm sante nan gwosès ak nan akouchman vin pi plis lè fi a ansent anpil fwa.)

11. Di patisipan yo:

Youn nan travay enpòtan ajan kore fanmi yo se asire yo fi yo ak fanmi yo konnen bon lè pou yo fè pitit ak ki valè tan ki pou gen ant yon pitit ak yon lòt. Yo ka ede fi ak gason aprann fè planin tou. Sèvis planin bay jenn moun, fi, ak gason ki nan laj pou fè pitit konesans ak mwayen pou yo planifye ki lè y ap kòmanse fè pitit, konbyen y ap fè, chak konbyen tan y ap fè yo, ak ki lè y ap kanpe. Gen divès metòd planin kip a gen okenn ris, ki aseptab, ki bay bon rezilta epi ki ede evite gwosès. Metòd sa yo devlope an detay nan yon lòt fòmasyon.



30 minit

12. Di patisipan yo gwoup la pral aprann, li pral revize kòman yon fi vin ansent ak sa ki pase pandan gwosès, tranche, ak akouchman.

Sante moun k ap fè pitit

- 13.** Separe patisipan yo fè 5 ti gwoup (pa menm gwoup sesyon anvan yo). Bay chak gwoup youn nan pwèn pi ba yo. Mande chak gwoup chache kesyon ak enfòmasyon sou pwèn yo a nan liv yo a.
1. Gwoup 1: Ki jan yon fi vin ansent
 2. Gwoup 2: Siy gwosès
 3. Gwoup 3: Tibebe a fòmè pandan 9 mwa
 4. Gwoup 4: Tranche
 5. Gwoup 5: Akouchman
- 14.** Esplike gwoup yo dwe diskite sou kesyon yo poze sou pwèn yo resevwa yo epi pou yo reponn kesyon yo pandan y ap sèvi ak enfòmasyon ki nan liv yo a. Yo ka gade postè yo tou.
- 15.** Bay gwoup yo 25 minit pou yo travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la pou ou asire ou gwoup yo konprann travay la epi y ap vanse. Avèti yo lè yo rete 10-, 5-, ak 1-minit pou yo fini.



1 è d tan

- 16.** Mande gwoup yo pou yo sispann travay. Mande gwoup 1 an pou li prezante kesyon ak repons yo youn apre lòt. Gwoup la ka sèvi ak postè a pou l esplike. Konfime, korije, oubyen esplike si sa nesèsè.
- 17.** Refè menm bagay la pou rèz gwoup yo.
- 18.** Pou rezime, di patisipan yo:
- Gen nan nou ki te gen tan konn enfòmasyon sou moman ansent sa yo, sou gwosès, tranche, ak akouchman anvan fòmasyon sa a. Pou kèk nan nou, enfòmasyon sa yo nouvo. Li enpòtan pou nou tout vin abitye ak sa ki pase nan gwosès ak nan akouchman epi pou n alèz avèk yo, yon fason pou n ka ede fi ak fanmi pase gwosès an sante epi pou yo gen tibebe ki an sante. Pandan rèz fòmasyon sa a, nou pral aprann pi plis ankò sou fason ajan kore fanmi yo ka ede fi ansent, manman, papa, ak tibebe ki fèk fèt.
- 19.** Mande patisipan yo ki lòt kesyon yo genyen ankò konsènan enfòmasyon yo, epi reponn oubyen mande patisipan ki fè esperyans reponn.



KESYON SOU GWOSÈS, TRANCHE AK AKOUCHMAN

nan Liv patisipan an

Kijan yon fi ka vin ansent

1. Ki sa ki pase chak mwa nan matris fi?
2. Ki sa ki pase lè yon gason ak yon fi fè bagay?
3. Ki jan ze yon fi fè vin jèmen pou l kòmanse devlope?
4. Ki sa ki ka pase si ze yon fi pa jèmen?

Siy gwosès

1. Si yon fi ansent, pou ki sa règ li sispann?
2. Apa règ la ki sispann, ki lòt siy ki moutre si yon fi ansent?
3. Ki jan yon fi ka konfime li ansent ankò?

Tibebe a fòme pandan 9 mwa

1. Ki sa ki sak dlo a epi ki wòl li?
2. Ki jan tibebe jwenn bagay ki pou nourir l pandan li nan vant?
3. Konbyen tan yon gwosès nòminal dire?
4. Si dènye règ yon fi anvan li ansent se te jodi a, ki dat li dwe akouchet kon sa?

Tranche

1. Ki kote yon fi ta dwe akouche? Pou ki sa?
2. Ki siy ki moutre tranche kòmanse?
3. Ki sa doulè ye?

Akouchman

1. Ki jan yon tibebe fè fèt?
2. Lè tibebe a fèt, ki sa ki pase kòd lonbrik la?
3. Apre tibebe a fin soti, ki sa ki soti ankò?
4. Ki gwo danje ki ka prezante pou yon fi apre akouchman?
5. Ki lè yon fi ta dwe bay tibebe ki fèk fèt tete pou premye fwa?



MANMAN KI MOURI NAN FÈ PITIT AK TIMOUN PITI KI MOURI ANN AYITI

nan Liv patisipan an

Gwosès ak akouchman ka yon moman gwo kè kontan pou fi ak gason paske y ap mete yon timoun sou latè. Men tou, gwosès ka youn nan pi gwo danje yon fi ka viv nan lavi l.

Definisyon

Kantite manman ki mouri nan gwosès: Kantite fi ki mouri pou koz gwosès chak ane sou 100,000 timoun ki fèt. Sa vle di, konbyen fi ki mouri pandan gwosès oubyen pandan akouchman—se pa mouri nan dlo, oubyen nan dife oubyen nan aksidan, nan vyolans, eksetera, men ki mouri akòz gwosès.

Kantite tibebe piti ki mouri: Kantite tibebe ki mouri nan 28 premye jou lavi yo sou 1 000 timoun ki fèt nan yon ane. Sa vle di, sou 1 000 tibebe ki fèt vivan, konbyen k ap mouri nan 28 premye jou lavi yo.

To timoun ki mouri: Posibilite timoun genyen pou yo mouri ant lè yo fèt la pou rive laj yon ane. Yo kalkile li sou 1 000 timoun ki fèt vivan. Sa vle di, sou 1 000 timoun ki fèt vivan, konbyen k ap mouri anvan yo fete 1 an.

Estatistik pou Ayiti:⁴

Ann Ayiti, pou chak 100 000 tibebe ki fèt, 630 fi mouri akòz gwosès. Sa a se kantite manman ki mouri nan gwosès.

- Ann Ayiti, 1 fi sou chak 93 fi riske akòz gwosès.
- Ann Ayiti, 27 timoun sou chak 1 000 timoun ki fèt ap mouri nan 28 premye jou lavi yo. Sa a se to tibebe piti ki mouri.
- Ann Ayiti, 70 timoun sou chak 1 000 timoun ki fèt ap mouri anvan yo gen yon ane. Sa a se to timoun ki mouri.

Pi fò manman ak tibebe ki fèk fèt ak timoun piti pa t ap mouri si te fè yon travay edikasyon ak sit e bon swen sante anvan, pandan, apre gwosès ak nan premye mwa lavi yon timoun.

4 UNICEF. At a glance: Haiti. http://www.unicef.org/infobycountry/haiti_statistics.html



BON LÈ POU YON FI VIN ANSENT POU SA PA NUI SANTE L⁵

nan Liv patisipan an



Youn nan travay enpòtan ajan kore fanmi yo se asire yo jenn moun, fi, gason, ak fanmi konn ki bon lè pou moun vin ansent ak ki valè tan ki pou separe gwosès yo.


- Gen plis ris pou manman ak tibebe gen pwoblèm sante lè fi a ansent anvan laj 18 ane oubyen apre laj 35 ane. Jenn moun ki ansent gen plis ris pou gen gwo pwoblèm, menm bagay pou tibebe yo a tou.
- Yon fi ta dwe tann dènye pitit li gen 2 ane anvan li ansent ankò. Lè timoun fèt twò dri youn dèyè lòt, yo ka pa peze ase, yo ka malad, e yo ka menm mouri. Epi tou kò yon fi bezwen tan geri apre gwosès ak akouchman.
- Ris pou gen pwoblèm sante nan gwosès ak pandan akouchman ogmnate si yon fi ansent anpil fwa.
- Ede jenn moun, fi, ak gason aprann sèvi ak planin. Sèvis planin bay jenn moun, fi, ak gason ki nan laj pou fè pitit konesans ak mwayen pou yo planifye ki lè y ap kòmanse fè pitit, konbyen y ap fè, chak konbyen tan y ap fè yo, ak ki lè y ap kanpe.

5 *Facts for Life*, pages 4-9.



KI JAN YON FI VIN ANSENT

nan Liv patisipan an



Postè sa a moutre pati kò yon fi ki patisipe nan fè pitit—pati kò li ki patisipe nan fè l vin ansent, nan fòmasyon tibebe, ak nan akouchman.

Chak mwa gen yon **ze** ki lage epi li desann nan kanal ze a pou l al nan **matris** la. Lè yon gason ak yon fi fè sèks, jèm ki soti nan pijon gason an ale nan matris la epi l ale nan kanal ze a (sòf si yo te sèvi ak kapòt pou anpeche sa rive).

Si yon jèm ki soti nan pijon gason an jwenn ak ze yon fi nan kanal ze a, yo rele sa a **moman pou l vin ansent**. Ze ki jèmen an desann nan kanal ze fi a, li al kole kò l nan kò **matris** la epi li kòmanse devlope pou l bay yon tibebe. Se sa a ansent vle di.

Si ze yon fi pa jèmen mwa sa a, li pa ansent. Ze a ap tonbe pandan **règ** fi a, sa vle di san fi a bay nan bouboun li chak mwa a ap pote l ale.

Matris la se yon pati ki fèt tankou yon sak. Matris la tou piti pou kòmanse epi li vin pi gwo tank tibebe a ap fòme. Nan premye mwa gwosès yo, matris la toujou piti, fi a pa ko parèt gwo vant.



SIY GWOSÈS

nan Liv patisipan an



Lè yon fi ansent, **règ li pa vini**. Se paske jèm ki soti nan pijon yon gason jwenn yon ze, ze a al kole nan kò matris la epi li kòmanse devlope pou l bay yon tibebe. Ki fè ze a pa tonbe nan san fi a konn bay chak mwa a.

Lè yon fi ansent, **tete** li ka fè l mal, li ka “plen,” epi li ka vin pi gwo. Fi a ka bezwen pipi pi souvan. Li ka **anvi vomi e pafwa li ka vomi**. Souvan sentòm sa yo disparèt apre premye mwa gwosès yo. Li ka santi l **fatige** plis pase anvan.


Vant li ap vin pi gwo tank tibebe a ap devlope. Fi a ap vin pi gwo. Nan premye mwa gwosès la, tibebe a piti anpil toujou, alèkile vant fi a pa ko parèt pi gwo. Yon fi dwe kòmanse pran swen sante espesyal pou li ak tibebe li depi lè gwosès la fèk kòmanse, menm si vant li pa ko pi gwo.

Yon fi ka ale lopital pou li fè tè san oubyen tè pipi pou l asire l si li ansent.



TIBEBE A FÒME NAN MATRIS LA PANDAN ANVIWON 9 MWA

nan Liv patisipan an



Depi ze yon fi jèmen nan matris li, li ansent. Pafwa, ze ki jèmen an konn separe fè de ze oubyen plis, oubyen sak ze fi a konn lage plis pase yon ze yon sèl kou epi ze yo jèmen. Nan ka sa yo, fi a ap gen marasa de oubyen marasa twa.

Ze ki jèmen an devlope pou l vin bay yon tibebe, epi tibebe a vin pi gwo chak mwa. Nan dènye mwa gwosès yon fi, matris li vin laj anpil pou li ka kenbe tibebe k ap fòme a. **Sak dlo a** se yon sak tou fen ki anndan matris la. Yo rele l sak lezo tou. Tibebe a fòme nan sak sa a ki plen ak yon dlo klè. Li pwoteje tibebe a kont enfeksyon epi li amòti mouvman fi a fè yo pou tibebe a.

Mè vant lan se yon seri venn ki fòme nan matris la, akote tibebe a. Yon pati nan san manman an pase nan mè vant lan ak nan **kòd lonbrik** la, pou ale jwenn tibebe a gras a kòd lonbrik la. **Kòd lonbrik** la bay tibebe a san ak sa ki pou nourri l nan kò manman an.

Gwosès la dire 9 mwa kon sa (10 lalin oubyen 40 semèn kon sa, men tan nòmal la se ant 37 a 42 semèn). Pandan 3 oubyen 4 premye mwa yo, vant yon fi pa ko vin pi gwo. Sou 4yèm mwa a, gwosès li a kòmanse parèt paske vant li ap vin pi gwo chak jou.

Li enpòtan pou yon fi regle konbyen tan li genyen depi li ansent, yon fason pou l konn ki lè pou l al fè konsiltasyon anvan akouchman ak ki lè pou l kòmanse prepare pou tranche ak akouchman.



TIBEBE A FÒME NAN MATRIS LA PANDAN ANVIWON 9 MWA

Swit

Ki jan pou ou jwenn ki lè tibebe a ap fèt:⁶

- Jwenn premye jou dènye règ fi a
- Mete 9 mwa sou li plis 7 jou
- Sa a se dat tibebe a ta dwe fèt kon sa.
- Pi fò tibebe ap fèt nan espas 3 semèn anvan ak 2 semèn apre dat sa a. Chak fi e chak tibebe diferan, ki fè nou ka se eseye nou eseye devine ki lè tibebe a ap fèt.
- Paregzanp, si dènye règ yon fi te kòmanse 10 fevriye:

10 fevriye + 9 mwa = 10 novanm

10 novanm + 7 jou = 17 novanm

Dat tibebe a ka fèt la se 17 novanm kon sa, men sonje tibebe a ka rive de semèn anvan oubyen de semèn apre dat sa a.

⁶ *Where women have no doctor: A health guide for women. Page 67.*

SESYON 7 RETE AN SANTE PANDAN GWOSÈS



Metòd: Diskisyon nan gwo gwoup ak aktivite nan ti gwoup



Tan: 2 zè d tan



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- e. Di ki konpòtman ki enpòtan pou moun genyen pou yo rete an sante pandan gwosès epi y ap kapab esplike pou ki sa chak enpòtan.



Preparasyon

- Revize enfòmasyon sou jan fi rete an sante pandan gwosès pi ba yo.
- Chache jwenn yon gwo bwat, oubyen yon panye, oubyen yon valiz pou 17 moso fèy papye pi ba yo.
- Koupe fèy papye ki gen dimansyon fèy yo fè lèt yo fè de moso epi fè 17 moso. Ekri yon bagay fi ansent ka fè pou yo rete an sante sou chak moso papye:

Ale nan vizit anvan akouchman; Manje kantite manje ki gen vitamin ki sifi nan 3 gwoup manje yo; Sèvi ak sèl ki gen yòd epi pran sipleman yòd; pran multivitamin epi manje manje ki gen anpil vitamin A; pran Sipleman fè; bwè ase dlo; fè tès VIH; si l ap viv ak VIH, se pou l pran medikaman ak swen pou li rete an sante epi se pou l pran prekosyon pou l pa bay tibebe a maladi a; fè bagay san pran ris; dòmi epi repoze kont li; dòmi anba moustikè; kenbe kò l ak dan li yo pwòp; evite pran kontak ak moun ki malad; bwè pa ladan l, tabak ak dwòg pa ladan l; Evite pwodwi chimik ak pwodwi ki sal anviwònman an; remèd pa ladan l, sòf si se doktè ki preskri l; move tretman pa ladan l.

**Materyèl yo**

- 17 moso fèy papye dimansyon papye lèt
- Gwo bwat, panye, oubyen sak pou mete moso papye yo
- Echantiyon miltivitamin, sipleman fè, ak yòd sou fòm grenn
- Moustikè
- Enfòmasyon ak postè sou fason pou moun rete an sante pandan gwosès nan Liv patisipan an
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep

**ETAP YO***15 minit***1. Di patisipan yo:**

Nan pwochen sesyon fòmasyon yo, nou pral wè enfòmasyon sou kouman pou n ede fi rete an sante pandan gwosès, pou n asire nou fi ansent pran swen nan lopital anvan yo akouche, pou n rekonèt pwoblèm gwosès yo epi pou n ka ba yo èd, epi prepare fi ak fanmi yo pou tranche ak akouchman pase san danje. Apre sa, n ap mete enfòmasyon sa yo ak kapasite sa yo ansanm pou nou kore fi ansent nan kominote nou rete a, pandan n ap sèvi ak lis vizit anvan akouchman an.

Nan sesyon sa a, n ap aprann plis bagay sou ki jan fi ka rete an sante pandan gwosès ak wòl enpòtan ajan kore fanmi yo jwe.

2. Poze patisipan yo kesyon pi ba yo epi pran repons moun ki vle reponn yo:

- Ki bagay espesyal fi ansent nan kominote nou an fè pou yo ka rete an sante?
- Èske gen yon bagay espesyal nou wè fi ansent nan kominote nou yo fè nou jije ki pa kadre ak lasante?
- Ki sa moun yo fè dapre pratik oubyen tradisyon kominote nou an lè yon fi ansent? Èske bagay sa yo kadre ak lasante oubyen yo pa kadre? Pran yo youn pa youn.

(Diskite sou kilès ki kadre ak lasante e kilès ki pa kadre.)

- Ki gwo pwoblèm ekonomik ak pwoblèm sosyal ou panse ki mete fi ansent nan kominote kote n ap travay la an danje?

(Lamizè, vyolans, difikilte pou jwenn swen, move kalite swen, eksetera.)



5 minit

3. Separe patisipan yo fè 4 ti gwoup (pa menm gwoup sesyon anvan yo). Pèmèt chak gwoup chwazi 4 moso papye (gen yon gwoup k ap gen 5 moso). Esplike sa ti gwoup yo ap gen pou fè:

- Chak moso papye gen yon bagay fi ansent ta dwe fè pou yo rete an sante ekri ladan l.
- Chache enfòmasyon sou bagay sa yo nan liv nou an.
- N ap gen 20 minit kon sa pou nou diskite sou rezon ki fè sa ki ekri nan moso papye yo enpòtan pou fi ansent pou yo ka rete an sante.
- Nou ta dwe sèvi ak liv nou an kòm yon gid epi nou ta dwe sèvi ak pwòp esperyans pa nou. Nou ta dwe sonje enfòmasyon ak antrènman nou te aprann nan lòt fòmasyon tou, tankou nan fòmasyon sou jan pou moun manje a.
- Apre 20 minit, n ap prezante gran gwoup la pwen nou yo. Pou chak pwen, n ap bay yon rezime tou kout sou rezon ki fè li enpòtan an.
- Ou ka chwazi plizyè manm diferan nan gwoup nou an pou prezante chak pwen yo devan gran gwoup la. Asire nou nou pran 2–3 minit sèlman pou rezime chak pwen.
- Pandan n ap diskite nan ti gwoup nou an, m ap disponib pou ede nou oubyen pou reponn tout kesyon nou ta genyen.



20 minit

4. Bay gwoup yo 20 minit pou yo travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la epi ede yo si sa nesèsè. Avèti gwoup yo lè yo rete 10-, 5-, ak 1-minit pou yo fini.



1 èd tan

5. Mande gwoup yo pou yo sispann travay. Mande pou yon gwoup pase anvan volontèman. Mande moun k ap prezante pou gwoup la pou li li sa ki ekri sou ti moso papye a pou tout moun tande. Lèt patisipan yo ka reponn, mande: “Pou ki sa?”
6. Bay moun k ap prezante a 2 minit kon sa pou li debat lide enpòtan pwen sa a (10 minit oubyen pi piti antou pou 4 pwen yo).
7. Apre chak pwen fin prezante, ajoute tout enfòmasyon ki manke epi korije enfòmasyon ki pa kòrèk yo si sa nesèsè, bay patisipan yo paj ki gen enfòmasyon yo nan liv yo a. Lè sa nesèsè, pase echantiyon bagay nou pale sou yo yo, tankou miltivitamin, sipleman fè, yòd, ak moustikè.
8. Refè menm bagay la jiskaske tout ti gwoup yo fin prezante e jiskaske tout pwen enpòtan sou kouman pou moun rete an sante pandan gwosès yo fin prezante.



20 minit

9. Di ti gwoup yo pou yo pran kèk minit pou diskite epi pou yo chwazi kilès nan 4 (oubyen 5) bagay yo ki pi enpòtan.
10. Mande reprezantan gwoup yo pou yo pase devan epi pou yo chak tepe moso papye pa yo yo yon kote nan mi ki anfas la (yon kote pou chak gwoup). Yo ta dwe kole pwen ki pi enpòtan yo pi wo pase lòt yo. Mande chak reprezantan pou yo esplike byen vit.

- 11.** Mande tout gwoup la pou l fè yon dènye klasman pou tout bagay ki pi enpòtan yo. Reprèzantan gwoup yo ka ede ou deplase moso papyè yo pou fè dènye klasman an, yon fason pou bagay ki pi enpòtan yo ka tepe sou tèt lòt yo, epi pou tout moso papyè yo ka menm kote sou mi an. Diskite epi korije lè sa nesèsè. Gen kèk bagay enpòtan ki ka gen menm nivo enpòtans. Konpòtman ki pi enpòtan yo gen ladan yo: vizit anvan akouchman, tèz VIH ak tretman, sipleman, manje, moustikè, pa sibi vyolans, pa bwè alkòl.

- 12.** Pou fini, mande patisipan yo ki lòt kesyon yo genyen sou pwèn sa yo oubyen sou ki sa yo bezwen esplikasyon ankò. Reponn kesyon yo oubyen mande yon patisipan ki gen esperyans pou li reponn anvan ou kontinye.



RETE AN SANTE PANDAN GWOSÈS

nan Liv patisipan an

Kòm ajan kore fanmi, youn nan wòl enpòtan nou genyen se fòme fi ansent ak fanmi yo sou fason pou yo rete an sante pandan gwosès epi kore yo.

Vizit anvan akouchman



Tout fi ansent ta dwe ale nan sant sante pou fè **4 vizit anvan akouchman pou pi piti** (plis si gen pwoblèm). Yo ta dwe ale fè premye vizit la kou yo konnen yo ansent la epi pa pi ta pase twazyèm mwa gwosès la.

Pandan vizit anvan akouchman an, mis la oubyen doktè a ap gade pou l asire l fi a ak tibebe k ap fòme a an sante, l ap fè kèk tès pou gade si pa gen anemi, pou kontwole tansyon, epi gade ki jan tibebe a ap devlope.

Fi ansent yo ap resevwa yon kat nan sant sante a. L ap sèvi yo dokiman vizit.



Fason pou manje




Fi ansent bezwen manje **3 manje konplè ki gen bagay ki soti 3 gwoup manje yo pa jou**: manje ki bati kò, manje ki bay fòs ak enèji, ak manje ki pwoteje kò, yon fason pou yo rete an sante, pou bay tibebe k ap fòme nan vant yo a ase bagay pou nourri l, pou evite maladi, pou tibebe a ka jwenn lèt. Paske fi ansent bezwen manje plis, yo bezwen manje **25% plis** manje pase anvan. Sa vle di 2 gwo manje plis ti goute, oubyen 3 manje konplè pa jou.⁷

Fi ansent ak fi k ap bay tibebe tete ap manje pou tèt yo ak pou tibebe a. Yo ta dwe manje plis pwa, vyann, kawòt, fèy, legim, pistach ak manba, epi bwè ji fri. Fi ansent ak fi k ap bay tibebe tete ta dwe sèvi ak sik, sèl, diri, ak kafe an ti kantite (pa plis pase yon tas kafe pa jou).

⁷ *Facts for Life*, page 15.



Sipleman yòd




Yòd ede sèvo tibebe k ap fòme a devlope nòmalmman. Si yon fi ansent manke yòd, sèvo tibebe k ap fòme a ka pa devlope nòmalmman epi timoun nan ka gen pwoblèm devlopman mantal k ap pèsiste. Yon timoun ki gen pwoblèm devlopman mantal k ap pèsiste ka pa ka pale nòmalmman oubyen aji nòmalmman, li ka pa ka aprann li, oubyen aprann abiye oubyen mete manje nan bouch li.

Fi ansent ta dwe manje manje ki gen anpil yòd, tankou legim ki pouse nan tè ki gen anpil yòd, bèt lanmè, ze, ak pwodwi ki fèt ak lèt, epi yo ta dwe sèvi ak sèl ki gen yòd (an ti kantite—twòp sèl pa bon pou lasante). Li enpòtan pou fi ak timoun pa manje manyòk, sèlman paske manyòk limite kapasite kò a genyen pou l absòbe yòd.

Fi ansent ta dwe pran luil ki gen yòd sou fòm grenn (yon grenn 200 mg chak ane). Yo ka ba yo sipleman sa yo nan sant sante.



Miltivitamin ak Vitamin A



Miltivitamin ap ede kò fi a jwenn prensipal bagay li bezwen pou nourir li yo. Yon fi ta dwe pran 1 vitamin chak jou pandan tout gwosès li epi li ta dwe kontinye pran l pandan 6 mwa apre akouchman.


Gen fi ki ka gen reyaksyon segondè (dezagreman) lè yo pran vitamin, tankou: konstipasyon, vomisman ak anvè vomi, tèt fè mal, gonfleman oubyen kè boule, doule nan kò, fatig, gaz, bouch gen move gou, pèdi apeti, pipi jòn sitwon. Jeneralman, reyaksyon segondè sa yo pa pwoblèm.

Si yon fi gen reyaksyon segondè, li ka pran vitamin yon lòt lè nan jounen an, pran vitamin nan ak manje oubyen ak dlo, pa pran vitamin ak te ni ak kafe, oubyen pran mwatye nan vitamin nan nan maten epi mwatye pi ta nan jounen an.

Fi ansent bezwen plis vitamin tou pou konplete manje yo menm ak tibebe k ap fòme a ap manje. Si yo pa jwenn ase, yo menm oubyen tibebe ki nan vant yo a ka peye sa. Mank vitamin A ka fè ou pa wè lannuit. Fi ansent ta dwe manje manje ki gen anpil vitamin A, tankou fri ki gen koulè jòn ak legim (kawòt, sitwouy, melon, papay), ak fwa. Fi k ap bay timoun tete ta dwe pran yon dòz 200,000-unite pandan 30 jou apre yo fin akouche.



Sipleman fè



Fi ansent riske anemi. Sa vle di, pa gen ase fè nan san an. Fi ansent riske pou yo anemi sitou paske kò yo pwodwi san an plis pou kore tibebe a. San an plis la bezwen plis fè pou l ka pote oksijèn nan kò a epi pou ede tibebe a fòme. Anemi reprezante yon danje pou fi ansent paske yo pèdi anpil san pandan akouchman, sa ka fè anemi an vin pi grav e li ka menm mennen lanmò.

Fi ansent ta dwe manje manje ki gen anpil fè, tankou fèy, vyann, fwa, ze, lèt, ak pwason. Tout fi ansent ta dwe pran sipleman fè (grenn 200mg) chak jou pandan tout gwosès la, yo ta dwe bay tibebe a tete, epi yo ta dwe pran sipleman an pandan 2 mwa apre akouchman si yo pa bay tibebe a tete.

Yo ta dwe voye fi ansent ki bay sentòm anemi (tankou po pal, anba pòpyè ak anndan bouch pal, zong pal, gwo fatig, souf kout) nan sant sante. Mis lan oubyen doktè a ap kontwole anemi tou pandan vizit anvan akouchman.

Gen fi ki ka gen reyaksyon segondè tankou konstipasyon, dyare, pou pou nwa, anvi vomi, ak vomisman lè yo pran sipleman fè. Yo ka pran sipleman fè a ak manje pou diminye anvi vomi an (sitou manje ki gen anpil vitamin C, tankou ji sitwon, zorany, tomat, eksetera.) ak anpil dlo. Yo ta dwe voye fi ki gen reyaksyon segondè nan sant sante.




Tès VIH



Tout fi ansent ta dwe konnen si gen VIH. Si yon fi ansent gen VIH, gen anpil bagay li ka fè pou l kenbe tèt li an sante pandan gwosès la, pandan tout lavi l epi pou li diminye chans pou tibebe li a pran VIH la.

Si yon fi pa gen VIH, li ka aprann kouman pou l evite pran l pandan li ansent lan ak apre tou. Y ap mande fi ki pa gen VIH nan kòmansman gwosès li pou li fè yon lòt tès VIH pi ta pandan gwosès la.

**ARV ak PTME**

Si yon fi k ap viv ak VIH jwenn bon jan swen nan sant sante epi si li fè tretman nan pran medikaman pou VIH yo chak jou, li ka diminye ris pou tibebe li a pran VIH la epi sa ap kenbe l an sante.

Tout fi ansent k ap viv ak VIH bezwen pran medikaman pou VIH yo tout lavi yo (pandan gwasès la, diran tranche a ak akouchman an, pandan y ap bay tibebe yo tete, chak jou, tout rèz vi yo).

Tout tibebe fi k ap viv ak VIH fè bezwen pran medikaman ki rele ARV yo tou (sou fòm siwo) depi lè yo fèt jiskaske yo gen 6 semèn, yon fason pou diminye ris pou yo pran VIH la.



Fè bagay san danje



Pa gen okenn pwoblèm pou yon fi ansent kontinye fè bagay, tout tan li santi l alèz. Fè bagay p ap fè tibebe k ap fòme nan matris la anyen. Li enpòtan pou fi ansent fè bagay san danje pandan gwasès la epi pou yo bay tibebe yo tete pou pwoteje yo kont maladi moun ka pran nan fè sèks, tankou VIH. Tibebe a ka pran VIH la tou. Fi ansent gen plis chans pran maladi moun ka pran nan fè bagay ak VIH pandan gwasès.


Fè bagay san danje vle di de moun yo sèvi ak kapòt chak fwa y ap fè bagay, yon fason pou pwoteje tèt yo ansanm ak tibebe k ap fòme a. Fi ansent ta dwe mande moun k ap viv avèk yo a pou l fè tès VIH tou epi tou de moun yo ta dwe pran tretman touswit si gen nenpòt siy maladi moun ka pran nan fè bagay.



RETE AN SANTE PANDAN GWOSÈS

Swit

Moustikè



Si yon fi pran malarya pandan li ansent, li ka bay tibebe ki nan vant li an li. Medam yo ta dwe rete lwen kote ki gen anpil marengwen, rete kouvri leswa, epi yo ta dwe dòmi epi repoze anba moustikè. Fi ansent ka jwenn moustikè nan men ajan kore fanmi yo oubyen nan sant sante.



Alkòl, tabak ak dwòg pa ladan l⁸



Si yon fi ansent fimen sigarèt, tabak ki fèt lakay yo, oubyen mariwana oubyen si li ap moulen tabak anba dan l (tchike tabak), pitit li a gen plis chans pou l pa peze lè li fèt. Pitit li a gen plis chans pou l gen tous, grip, rim k ap rele sou lestomak li, maladi poumon, opresyon, oubyen lòt pwoblèm respirasyon. Fi ansent ta dwe evite rete kote moun k ap fimen tou, sa ka fè dega tou.

Si yon fi bwè alkòl oubyen pran lòt kalite dwòg pandan li ansent, sa ka gen gwo konsekans sou pwòp sante pa l ak sou sante tibebe li a tou. Bagay sa yo ka gen konsekans sou kò timoun ak sou sèvo yo.

Fi ta dwe sispann bwè alkòl, sispann fimen, oubyen sispann pran lòt dwòg depi lè yo kòmanse ap fè plan pou yo ansent oubyen kou yo panse yo ansent. Si yo gen difikilte pou sispann, yo ta dwe chache èd nan sant sante.

8 *Facts for Life*, page 24.



Vyolans pa ladan I⁹



Vyolans ak abi pa janm aseptab. Fi ki sibi vyolans pandan gwosès ka gen pwoblèm, yo ka gen tranche anvan lè epi yo ka fè foskouch. Tibebe ki fèt anvan lè ka gen anpil pwoblèm sante pandan tout lavi yo.

⁹ *Facts for Life*, page 25.



Pwodwi chimik oubyen pwodwi ki ka bay polisyon pa ladan l¹⁰



Fi ansent ak fi ki fèk fè pitit ta dwe evite lafimen tabak oubyen lafimen dife, pwodwi pou flite bèt, pwodwi pou flite plant, ak lòt kalite pwazon, ak pwodwi ki sal anviwònman tou tankou plon yo ka jwenn nan dlo ki pase nan tiyo ki fèt ak plon, vye gaz ki soti nan machin ak kèk kalite penti.

Bagay sa yo ka bay manman an pwoblèm epi yo ka gen konsekans sou devlopman sèvo tibebe k ap fòme a.

¹⁰ *Facts for Life*, page 24.


RETE AN SANTE PANDAN GWOSÈS

Swit

Medikaman doktè pa preskri pa ladan l


Yon fi ansent pa ta dwe pran medikaman pandan li ansent pou kont li, sof si yo reyèlman nesèsè dokte ak mis ki preskri yo. Gen medikaman ki pa gen danje nòmalman men ki reprezante sèten danje pou fi ansent oubyen pou tibebe k ap fòme.

Sa valab pou remèd fèy ak remèd tradisyonèl tou. Depi y ap bay yon fi ansent medikaman, li dwe di sa.



NÒT: *Itilize kopi kart nitrisyon ki disponib pou pwoje a.*



Rete Lwen Moun Malad



Lè yon fanm ansent pa kole ak moun ki malad sa pral anpeche li tonbe malad tou. Lè yon fanm ansent tonbe malad, souvan li vin pi mal pase jan li t ap ye si li pa te ansent. Se paske kò li deja tèlman ap travay di li pa gen ase fòs pou konbat maladi.

Lawoujòl se yon maladi ki move anpil pou yon tibebe k ap grandi. Timoun ki malad ak gratèl sou tout po yo ka gen Lawoujòl epi fanm ansent dwe rete lwen yo.

Fanm ansent dwe fè efò tou pou yo evite moun ki gen tibèkiloz (TB) aktiv ak moun ki gen sentòm TB tankou moun k ap plede touse, ki gen lafyèv, epi k ap pèdi pwa. Ankouraje fanm ansent yo pou yo gen yon bon sikilasyon van lakay yo.



Bwè Dlo Pwòp



Fanm ansent bezwen bwè 3–4 lit dlo pwòp chak jou pou yo rete idrate. Dezidrazyon, ki se lè ou pa gen ase dlo anndan ou, ogmante risk pou fè enfeksyon nan pati ki kontwole pitit la epi tranche ka kòmanse twò bonè. Epi tou li ka bay tèt fè mal ak lòt sentòm.

Fanm ansent dwe bwè sèlman dlo pwòp—dlo ki soti nan yon sou pwòp, oubyen dlo ki te bouyi, oswa trete pou li ka gen yon garanti li pa yon danje..




Repoze



Kò yon fanm itilize anpil fòs pou bebe a ak plasanta a grandi. Epi tou li pote plis pwa pandan bebe a ap grandi. Fanm yo bezwen plis repo pandan yo ansent pou yo ka jwenn fòs yo bezwen.

Fanmi, vwazen, ak zanmi dwe ede fanm ansent yo ak travay nan kay la epi ede okipe lòt timoun yo, ditou pandan dènye mwa gwosès yo.

Kenbe Kò a Pwòp



Yon fason fanm ansent ka evite yo menm ak tibebe k ap grandi nan vant yo a pran enfeksyon se lè yo kenbe kò yo pwòp. Fanm ansent yo dwe benyen ou lave kò yo chak jou epi netwaye dan yo de fwa pa jou.

SESYON 8

FASON POU YO MANJE PANDAN GWOSÈS



Metòd: Aktivite nan ti gwoup



Tan: 1 è d tan



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

f. Dekri ki kalite manje ak ki kantite manje fi ansent ak fi k ap bay tibebe tete ta dwe manje ak pou ki rezon.



Preparasyon

- Sesyon sa a ap fè yon revizyon sou enfòmasyon nou te jwenn nan fòmasyon sou manje a. Li sesyon sou jan pou fi ansent manje nan fòmasyon sou manje a pou nou ka wè ki sa nou wè deja.
- Revize enfòmasyon kat konsèy ki pi ba a.



Materyèl yo

- Kat konsèy 1 IYCN ak kat konsèy 8/9, 10/11 PNN FANTA ak 84/85 yo, oubyen kat konsèy nan Liv patisipan an.
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



ETAP YO



5 minit

1. Esplike patisipan yo sesyon an ap revize sa yo te aprann sou fason pou fi manje nan fòmasyon sou manje a.

2. Separe patisipan yo fè 4 ti gwoup (pa menm gwoup sesyon anvan yo). Bay chak gwoup yon gwo fèy papyè ak yon makè. Esplike ti gwoup yo sa yo gen pou yo fè:

- Diskite sou sa nou ta dwe di yon fi ansent oubyen yon fi k ap bay tibebe tete pou l manje nan 1 jounen nan ti gwoup nou an, espesyalman ki manje ak ki kantite. Fòk sa nou di fè yo se bagay ki gen sans pou fi nan kominote kote n ap travay la.
- Pou nou fè sa, sèvi ak sa nou te aprann sou 3 gwoup manje yo. Sonje fi ansent ak fi ki ap bay tibebe tete ta dwe manje 25% plis kon sa pase sa yo konn manje nòmalmman.
- Tout manm gwoup yo ta dwe patisipe nan diskisyon an.
- Lè nou fin deside ki sa nou ta dwe di yo fè, fè yon desen pou moutre sa nou di fè yo. Nou ka desine manje yo epi nou mete non sou yo, oubyen fè lòt kalite desen, pou nou moutre sa nou di fè yo.
- N ap gen 25 minit pou n travay.



25 minit

3. Bay gwoup yo 25 minit pou yo travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la pou asire ou yo konprann sa yo gen pou yo fè a epi y ap vanse. Avèti yo lè yo rete 15-, 5-, ak 1-minit pou yo fini.



15 minit

4. Mande gwoup yo pou yo sispann travay epi pou yo mete desen yo fè yo sou mi yo, y ap kole chak desen yon kote diferan nan sal la.

5. Mande chak moun pou yo fè yon ti mache nan sal la pou yo pran kèk minit gade postè chak gwoup.




15 minit

- 6.** Mande patisipan yo pou yo chita. Poze kesyon pi pi ba yo epi ankouraje patisipan yo pou yo diskite:
- Ki jan nou wè postè yo? Èske manje yo se bagay ki reyalis epi èske yo mache ak reyalite a? Èske chak gwoup bay kantite manje ki sifi epi èske kalite manje yo bon? Si repons lan negatif, ki chanjman ki ta dwe fèt nan manje yo?
 - Ki diferans ki gen ant manje sa yo ak manje fi ansent oubyen fi k ap bay tibebe tete nan kominote nou yo manje an jeneral? Ki sa ki menm ladan yo? Ki konparezon nou fè ant kantite yo? Ki konparezon nou fè ant kalite yo?
 - Pou ki sa li difisil pou kèk fi ansent oubyen kèk fi k ap bay tibebe tete manje 25% plis pase sa yo konn manje nòmalmman epi pou yo manje bon kalite manje?
(Gen fi ki pòv anpil, yo ka pa kapab jwenn ase manje; gen fi ki gen anpil moun nan fanmi yo, pa gen ase manje pou fi a ak timoun li yo; gen fi ki pòv, yo bay gason ak timoun plis manje, yo pa jwenn ase manje pou tèt yo; eksetera.)
 - Kòm ajan kore fanmi, ki sa nou ta dwe fè pou ede fi ansent ak fi k ap bay tibebe tete pou yo manje plis epi pou yo manje bon kalite manje?
(Esplike yo nou ka ede ak tout jantiyès; di ki manje ki bon mache yo ka jwenn fasil e ki gen anpil vitamin; voye fi ki pòv anpil yo nan sant sante oubyen kote travayè sosyal pou yo ka jwenn pake manje oubyen lòt èd; sèvi ak bon jan mwayen pou n pale; konseye fi yo ak moun ki nan kay avèk yo a ak tout respè epi pale de posiblite ki reyalis yon fason pou yo ka vle tandè epi pou yo kapab pran konsèy nou yo; eksetera.)
- 7.** Fè patisipan yo sonje fi ansent dwe pran fè, yòd, ak sipleman miltivitamin tou, jan yo te aprann sa nan fòmasyon sou manje a.



MANJE KI BAY FÒS¹¹

nan Liv patisipan an



Manje ki bay fòs bay kò a fòs ak enèji pou l travay, mache, kouri, ri, manje, ak respire.


Pòm detè	Kasav	Yanm
Patat	Bannann	Lam veritab
Manyòk	Espageti	Sitwouy
Diri	Labouyi	Pen
Ble, sògo, lòt grenn	Mayi	Pitimi
Lwil	Chokola	Kokoye

¹¹ IYCN, Haiti Infant and Young Child Feeding Counseling Cards (Washington, DC: Infant & Young Child Nutrition Project PATH, 2010), 19 (hereafter cited as IYCN Counseling Cards).



MANJE KI BATI KÒ¹²

nan Liv patisipan an



Manje ki bati kò ede kò a devlope epi li ede l repara tèt li. Li ede po a geri lè li blese, li ede zo devlope epi li fè yo regran si yo kase, li pèmèt cheve ak zong pouse.

Vyann kabrit

Vyann bèf

Vyann poul

Ze

Lèt

Fomaj

Yawout

Pwa

Pwa enkoni

Nwa

Pwason (fre, sèch, pase sou dife, nan bwa konsèv)

Bèt lanmè

Pwa melanje ak manje ki fè farin

¹² IYCN Counseling Cards, 19.



MANJE KI PWOTEJE KÒ¹³

nan Liv patisipan an



Manje ki pwoteje kò ede kò a pwoteje tèt li kont enfeksyon ak maladi. Manje sa yo gen vitamin ladan yo k ap ede sistèm defans kò a vin fò pou l ka konbat enfeksyon ak maladi.

Chou	Zepina	Berejenn
Zaboka	Kalalou gonbo	Joumou
Kawòt	Piman	Tomat
Kachiman	Zonyon	Fig
Abriko	Sitwon	Rezen
Zorany	Papay	Anana
Mango	Grenadin	Tamaren
Seriz	Kowosòl	Ji fri

¹³ IYCN Counseling Cards, 19.

SÈSYON 9

SÈVIS SANTE ANVAN AKOUCHMAN



Metòd: Diskisyon nan gran gwoup ak demonstrasyon



Tan: 1 è d tan



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- g. Defini sèvis sante anvan akouchman.
- h. Esplike ki sa ki fè sèvis sante anvan akouchman enpòtan.
- i. Dekri ki sa ki fèt nan vizit anvan akouchman nan sant sante.
- j. Dekri konbyen fwa fi ansent ta dwe ale nan sèvis sante anvan akouchman.



Preparasyon

- Revize enfòmasyon sou sèvis sante anvan akouchman ki pi ba yo ak postè yo.
- Revize kesyon diskisyon.
- Chwazi yon patisipan fi pou jwe wòl fi ansent pandan yon desmonstrasyon sou èvis sante anvan akouchman. Li ka sèvi ak yon zorye oubyen yon lòt bouray pou fè kòm si li an gwosès si sa nesesè.
- Rasanble materyèl sa yo pou demonstrasyon an: tansyomèt, sonn, sereng, fè, vitamin A, yòd, ak sipleman miltivitamin, lis vizit anvan akouchman.



Materyèl yo

- Enstriman ak materyèl pou demonstrasyon an: tansyomèt, sonn, sereng, fè, vitamin A, yòd, ak sipleman miltivitamin, lis vizit anvan akouchman
- Postè sèvis sante anvan akouchman, istwa an postè nan Liv patisipan an
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



ETAP YO



10 minit

1. Di patisipan yo:

Kòm nou te pale sou sa nan dènye sesyon an, fi ansent dwe ale nan sant sante pou fè vizit anvan akouchman pou ede yo menm ak tibebe k ap fòme a rete an sante.

Gen nan nou ki te fè vizit anvan akouchman nou menm, oubyen madanm nou, sè nou, pitit fi nou, oubyen zanmi nou te fè sa. Ki fè, anpil nan nou deja konnen ki sa ki fèt nan yon vizit anvan akouchman. Kòm tout moun konprann, kounye a nou pral revize enfòmasyon sa yo.

2. Mande yon patisipan ki vle li definisyon sèvis sante anvan akouchman ki nan liv yo a.

3. Poze patisipan yo kesyon pi ba yo epi pran repons moun ki vle reponn.

- Ki esperyans nou menm oubyen fi nan fanmi nou oubyen nan kominote kote rete a fè nan sèvis sante anvan akouchman? Èske nou menm oubyen fi sa yote ale nan sèvis sante anvan akouchman? Pou ki sa? Si nou menm oubyen lòt moun te ale, ki sa ki te fèt nan sèvis sante anvan akouchman yo?



30 minit

4. Di patisipan yo ou pral moutre ki sa ki fèt nan yon vizit anvan akouchman.

Mande patisipan yo pou yo gade byen paske apre sa ou pral mande yo pou yo di tout sa ki fèt yo.

5. Mande patisipan fi ou te chwazi a pou l pase devan. Esplike li li pral jwe wòl yon fi ansent epi ou menm ou pral jwe wòl doktè a.

6. Fè jwèt la. Apre sa a, mande patisipan fi a pou li ale chita.

7. Mande patisipan yo pou yo rekonèt sa ou menm (doktè a) fè pandan pyès teyat la. Ekri repons yo sou yon gwo fèy papyè. Lè patisipan fin bay tout repons yo, ajoute tout sa ki manke.

8. Pou chak bagay kin an fèy la, mande patisipan yo pou yo di pou ki sa bagay sa yo enpòtan.
9. Mande patisipan yo pou yo cahche istwa an postè sèvis sante anvan akouchman nan liv yo a. Di patisipan yo yo ka etidye enfòmasyon sa yo lakay yo epi yo ka sèvi avèk yo lè y ap pale ak fi ansent.



20 minit

10. Di patisipan yo:

Youn nan rezon ki fè fi ale nan vizit anvan akouchman se pou yo ka fè divès tès. Jeneralman se yon ti kras san piti oubyen pipi yo pran pou fè tès yo. Tès sa yo enpòtan anpil pou kenbe manman yo ak tibebe yo an sante.

11. Poze patisipan yo kesyon pi ba yo, pran repons moun ki vle reponn epi korije yo oubyen konfime yo si sa nesèsè:

- Ki tès y ap fè pou yon fi nan sèvis sante anvan akouchman?
- Ki jan yo fè tès VIH e ki jan yo bay konsèy?
- Pou ki sa li enpòtan anpil kon sa pou fi ansent fè tès VIH ak pou lòt maladi?
- Ki jan ajan kore fanmi ta dwe konfime ki tès yon fi ansent fè?

12. Di patisipan yo:

Pafwa fi ansent pa vle ale fè vizit anvan akouchman. Youn nan wòl nou kòm ajan kore fanmi se dyaloge ak fi yo pou n dekouvi ki difikilte yo genyen pou y al fè vizit anvan akouchman, epi pou n ede medam yo ak fanmi yo jere difikilte sa yo. Nou ta dwe ale ak medam yo nan vizit anvan akouchman si sa nesèsè. Nou ta dwe fè suivi ak yo tou lè nou al vizite yo, mande yo si yo te al nan sèvis sante anvan akouchman.

13. Poze patisipan yo kesyon pi ba yo, pran repons moun ki vle reponn epi ankouraje diskisyon:

- Pou ki sa gen fi ansent ki pa vle ale nan sant sante pou fè vizit anvan akouchman?
- Ki kesyon nou ka poze pou nou konprann anpechman yo jwenn pou yo al fè vizit anvan akouchman?
- Kòman nou ka ede medam yo ak fanmi yo jere difikilte sa yopou yo adopte konpòtman enpòtan pou lasante sa a ale nan vizit anvan akouchman an ye a?
- Ki jan nou ta dwe verifye pou n asire nou fi ansent yo ale nan sant sante pou fè tout vizit anvan akouchman yo?

14. Pou rezime, di patisipan yo:

Vizit anvan akouchman ak tè sè bagay ki enpòtan anpil. Fi ansent dwe fè yo pou kenbe tèt yo ak tibebe k ap fòme a an sante.

Kòm ajan kore fanmi, nou dwe rantre nan dyalòg ak fi ansent yo, poze kesyon, epi tande yo pou nou dekouvri ki difikilte yo jwenn pou ale nan vizit anvan akouchman. Apre sa nou dwe ede medam yo ak fanmi yo pou yo jere difikilte sa yo pou yo adopte konpòtman enpòtan ale nan vizit anvan akouchman an ye a.

Toujou pale ak fi ansent nan fanmi ki sou kont nou yo epi gade lis vizit anvan akouchman yo pou nou konfime si yo fè tout vizit sèvis sante anvan akouchman.



SÈVIS SANTE ANVAN AKOUCHMAN

nan Liv patisipan an

Fi ansent dwe ale nan sant sante pou jwenn sèvis sante anvan akouchman pou ede yo menm ak tibebe k ap fòme a rete an sante.

Definisyon: Vizit yon fi ansent fè nan sant sante kote mis oubyen doktè konsilte fi a ak tibebe k ap fòme a pou asire l yo an sante.

- Yon fi ta dwe fè premye vizit nan sèvis sante anvan akouchman l depi lè li konnen li ansent, oubyen nan 3 premye mwa gwosès la pou pi piti.
- Yon fi ansent bezwen ale nan sant sante **4 fwa pou pi piti pou jwenn sèvis sante anvan akouchman**, menm plis si gen pwoblèm oubyen si li gen gwo ris pou l gen pwoblèm pandan gwosès la oubyen si li gen VIH.
- Li ta dwe fè 1 vizit nan sèvis sante anvan akouchman pou pi piti nan 3 premye mwa gwosès la (mwa 1–3), 1 pou pi tipik nan twa pwochen mwa yo (mwa 4–6), epi 2 nan twa lòt mwa yo (mwa 7–9).



ISTWA AN POSTÈ SÈVIS SANTE ANVAN AKOUCHMAN

nan Liv patisipan an



1. Doktè a kontwole tansyon fi a, batman kè l, ak poumon l.



2. Kontwole tibebe k ap fòme a (kontwole batman kè l, mezire devlopman l, kontwole pozisyon tibebe a)




3. The clinician gives tetanus vaccination and other vaccinations if needed.




ISTWA AN POSTÈ SÈVIS SANTE ANVAN AKOUCHMAN


Swit



4. Bay sipleman fè, multivitamin, ak sipleman yòd si sa nesèsè.



5. Kontwole zong men, lang, ak san pou anemi, ak zye pou malozye.




6. Poze kesyon sou malarya ak sou moustikè.



ISTWA AN POSTÈ SÈVIS SANTE ANVAN AKOUCHMAN

Swit



7. Ofri fè tès VIH, ak konsèy, pale de dannje pou moun pran maladi moun pran nan fè bagay ak VIH ak fason yo ka diminye danje sa yo.



8. Ranpli lis vizit anvan akouchman an epi di fi a ki lè pou l tounen.



TÈS FOR FI ANSENT

nan Liv patisipan an



Fi ta dwe fè tès 2 fwa pandan gwosès pou:

- VIH
- Sifilis
- San (pou kontwole nivo fè li genyen)
- Sik (pou kontwole nivo sik li gen nan san l)
- San (pou kontwole si selil li pote kantite oksijèn ki sifi)
- Gwoup sangen

Yo ta dwe fè yon tès nan premye 3 mwa a epi fè yon lòt 3 pwochen mwa yo.

Tès VIH pou fi ansent

Depi li konnen li ansent, li ta dwe ale nan sant sante pou li jwenn konsèy epi pou yo fè tès VIH pou li.

Yon tès VIH se yon tès san ki fèt vit e ki senp. Yo pran yon ti gout san nan dwèt fi a pou fè l. Jeneralman, yo tou sèvi avè l nan laboratwa a pou fè tès pou lòt maladi moun pran nan fè sèks. Yo bay rezilta yo menm jou a; pafwa menm nan 30 minit sèlman.

Tout fi ansent ta dwe fè tès VIH, men tout fi gen dwa pou refize fè tès la oubyen pou yo fè l yon lòt lè tou.

Yon doktè oubyen yon mis ap la anvan tès la pou esplike kouman sa ap fèt- yo rele sa a konsèy anvan tès—epi li la pou ede moun nan konprann rezilta tès la epi pou li ba l konsèy apre tès la—yo rele sa konsèy apre tès. Rezilta tès VIH ak lòt tès rete sekre.



TÈS FOR FI ANSENT

Swit

Li enpòtan anpil pou tout fi ansent fè tèz VIH ak pou lòt maladi paske:

- Yon fi bezwen konnen eta sante l yon fason pou l ka suiv tretman.
- Si yon fi ansent gen VIH, sifilis, oubyen yon lòt maladi moun pran nan fè sèks, li dwe aprann ki jan pou li pran prekosyon pou l pa bay tibebe k ap fòme a li. Pou sa, li dwe pran swen espesyal nan sant sante, pran medikaman, epi li dwe bay tibebe a medikaman.
- Si tèz yo negatif epi fi a pa gen VIH oubyen yon lòt maladi moun pran nan fè sèks, konseye a ka ede l konnen ki jan pou li evite pran VIH oubyen yon lòt maladi moun pran nan fè bagay pi devan, tankou fè bagay san pran ris.
- Yon fi ansent ki gen VIH ap jwenn èd nan sant sante, tankou swen espesyal pou tèt li ak pou tibebe l la, medikaman ki pou kenbe l an sante epi k ap diminye chans pou tibebe a pran VIH la.



ANKOURAJE CHANJMAN KONPÒTMAN

nan Liv patisipan an



Vizit anvan akouchman ak tè s se bagay ki enpòtan anpil. Fi ansent dwe fè yo pou kenbe tèt yo ak tibebe k ap fòme a an sante.

Kòm ajan kore fanmi, you dwe fè dyalòg ak fi ansent yo, poze yo kesyon, tandè pou yo nou dekouvri ki difikilte yo genyen pou ale nan vizit anvan akouchman. Apre sa a nou dwe ede medam yo ak fanmi yo pou yo jere difikilte sa yo, pou yo ka adopte konpòtman enpòtan ale nan vizit anvan akouchman yo ye a.

Toujou pale ak fi ansent ki nan fanmi n ap travay ak yo yo epi gade lis vizit yo pou nou verifye si yo ale nan sèvis sante anvan akouchman.

SESYON 10 PWOBLÈM PANDAN GWOSÈS



Metòd: Aktivite nan ti gwoup ak deba nan gran gwoup



Tan: 1è d tan ak 45 minit



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- k. Idantifye pwoblèm grav ak siy danje pandan gwosès ki mande swen ijan nan sant sante.
- l. Idantifye ki fi ki gen gwo ris pou gen pwoblèm pandan gwosès, pandan yo gen tranche, ak pandan y ap akouche.
- m. Esplike kouman pou yo sipòte fi ansent pou yo jere malèz kouran nan peryòd gwosès.



Preparasyon

- evize enfòmasyon pi ba a sou malèz kouran ak pwoblèm grav ki mache ak gwosès.
- Ekri malèz ak pwoblèm grav sa yo sou ti moso papye, chak sou yon ti papye. Fè 4 lo (pou 4 ti gwoup): anvi vomi; kè boule; ekoulman nan bouboun; varis; konstipasyon; emowoyid; kranp nan janm; ti doule nan senti; pye ak men anfle; kò kraze; fyè; figi ak men anfle; gwo emoraji; gwo doule nan vant (mè vant); foskouch.



Materyèl yo

- 4 seri malèz ak pwoblèm grav ki mache ak gwosès ki ekri sou ti moso papye
- Enfòmasyon ak foto sou malèz kouran pandan gwosès ak pwoblèm grav nan Liv patisipan an.
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep

**ETAP YO***5 minit***1. Di patisipan yo:**

Anpil fi gen gwosès san pwoblèm sante epi yo fè kouch nòmal. Men kèk fwa, fi ansent konn gen malèz oubyen pwoblèm. Kèk fwa se malèz natirèl ki mache ak gwosès la ou ka ede yon fi jere lakay li. Kon sa tou, konn gen pwoblèm ki grav anpil ki mande pou fi a al nan sant sante touswit.

Nan sesyonsesyon sa a, nou pral pale sou ki jan ajan kore fanmi ka ede fi ki gen malèz nòmal nan gwosès epi n ap ede yo rekonèt ki lè yon fi ansent prezante siy ak sentòm grav ki mande pou y ale nan sant sante touswit.

2. Divize patisipan yo an 4 ti gwoup (gwoup nou te pale nan sesyon pi wo yo.

Bay chak gwoup yon lo papye. Esplike travay ti gwoup la dwe fè:

- Mete tout papye yo sou tab la epi li yo pou tout moun tande.
- Klase papye yo an de gwoup: 1) malèz kouran pandan gwosès; ak 2) pwoblèm grav ki mande pou yon fi ansent ale nan sant sante touswit.
- Tout manm gwoup yo dwe patisipe nan deba ak klasman an.
- W ap travay sou li pandan 15 minit.

*15 minit***3. Bay ti gwoup yo 15 minit pou yo travay. Pandan gwoup yo ap travay, asire w yo konprann travay la epi y ap fè pwogrè. Pa ede yo fè klasman; w ap gen tan pou w korije aprè. Bay gwoup yo 5-minit ak 1-minit avètisman.***20 minit***4. Mande gwoup yo fè yon ti kanpe sou travay la. Afiche de gwo fèy papye, youn ak tit Malèz Kouran ak yon lòt ki make Pwoblèm Grav.****5. Mande reprezantan yon gwoup nonmen yon bagay epi pou l di nan ki kategori gwoup li a mete l (malèz kouran oubyen pwoblèm grav). Mande lòt gwoup pou apiye sa ki di a oubyen korije, aprè sa ekri bagay la nan fèy papye ki pou li a.**

- 6.** Repete demach sa a jiskaske tout bagay antre nan kategori pa yo.



20 minit

- 7.** Bay chak ti gwoup enpe nan malèz kouran yo. Mande gwoup yo fè yon refleksyon tou kout sou sa yo t ap konseye yon fi fè pou l jwenn soulajman lè l gen malèz. Gwoup yo dwe itilize pwòp esperyans yo oubyen esperyans fi yo konnen.
- 8.** Mande ti gwoup ki konsène a pataje llide sou chak malèz, epi mande lòt patisipan yo fè kòmantè oubyen ajoute llide pa yo. Aprè sa, apiye sa yo di oubyen korije yo si sa nesèsè. (Ou pa bezwen ekri sou gwo fèy papye a)
- 9.** Mande ti gwoup yo chèche enfòmasyon sou malèz kouran pandan gwosès nan liv yo a. Mande yo revize konsèy yo bay sou malèz y ap travay sou yo a etan y ap note nenpòt opinyon kontrè.



30 minit

- 10.** Di patisipan yo:

Piske nou fin diskite sou kèk nan malèz kouran fi kab genyen pandan gwosès ak kòman ajan kore fanmi kab ede, kounye a, nou pral pale sou pwoblèm grav pandan gwosès.

- 11.** Mande patisipan yo gade lis pwoblèm grav yo ankò. Mande si gen yon moun ki ka esplike gwoup la pou ki sa pwoblèm sa yo grav. Resevwa repons volontè yo epi bay plis enfòmasyon si sa nesèsè. (Egzanp, fyèb se yon pwoblèm grav paske sa ka vle di fi a fè malarya.)
- 12.** Mande chak moun chèche enfòmasyon sou pwoblèm grav yo nan liv yo a. Pou chak pwoblèm grav, mande yon volontè gade enfòmasyon yo epi bay rezon ki fè pwoblèm sa a grav (yon volontè pou chak pwoblèm). Diskite sou sa si sa nesèsè.

13. Poze patisipan yo kesyon sa yo epi ankouraje yo fè deba:

- Pandan vizit a domisilyè oubyen nan rankont klèb manman, kòman nou ka pale ak fi yo pou fè yo konprann pwoblèm sa yo grav epi yo bezwen swen touswit nan sant sante?
- Ki kesyon ou dwe poze pou w dekouvri ki baryè oubyen move konsepsyon medam yo ak fanmi yo genyen ki anpeche yo chèche èd nan sant sante?
- Kòman ou ka ede yo kraze baryè sa yo?
- Kòman ou ka ede yo fè plan pou y ale nan sant sante si yo gen yon pwoblèm grav?



15 minit

14. Esplike yo kèk fi pi rise gen konplikasyon pandan gwosès, tranche, ak pandan y ap akouche. Ajan kore fanmi dwe esplike fi yo ris sa a, epi ankouraje yo ale nan tout vizit avan akouchman, planifye pou yo akouche lopital.

Mande patisipan yo:

- Ki fi nou panse ki pi an danje gen konplikasyon pandan gwosès, tranche ak pandan l ap akouche?

15. Mande patisipan yo jwenn lis fi ki an danje yo nan liv yo a. Mande yon volontè li lis la byen fò pou tout moun tande.

16. Mande patisipan yo si yo te an danje anpil pandan yo te an gwosès, oubyen si yo konnen fi ki te kon sa.

17. Fè patisipan yo sonje:

Menm si yon fi pa wè okenn siy grav oubyen okenn sentòm, oubyen li pa gen pwoblèm pandan gwosès ni pandan l ap akouche, li dwe toujou ale nan vizit avan akouchman yo regilyèman epi li dwe kenbe kò l an sante. Nan vizit chak mwa yo, ou dwe mande fi a fè sa epi asire w li fè l. Ou kab ede l jere tout malèz kouran gwosès la ki pa grav nou te diskite nan kòmansman sesyon sa a tou.

18. Mande patisipan yo ki kesyon yo genyen sou siy grav ak sentòm yo, epi refere fi ki gen sentòm sa yo nan yon sant sante. Ou ka chwazi reponn oubyen ou ka fè yon patisipan ki fè esperyan reponn.



Anvi vomi

Lestomak fi ansent yo konn pa bon oubyen yo konn anvi vomi pandan gwosès la. Kèk fwa yo rele sa “maladi maten,” ki disparèt souvan oubyen amelyore nan 3zyèm oubyen 4èm mwa gwosès la.

Konsèy

- Bwè te jenjanm oubyen kanèl 2–3 fwa pa jou avan w manje.
- Manje ti kras manje, tanzantan pandan jounen an.
- Evite manje manje ki gen twòp grès ak manje ki mal pou dijere.
- Niche yon sitwòn oubyen souse l.
- Eseye manje yon moso pen oubyen bwè yon ti labouyi kòm premye manje nan maten.

Kè boule

Ou gen kè boule lè ou santi gòj ou oubyen lestomak ou boule w. Sa pi kouran nan dènye mwa gwosès la, lèw fin manje oubyen lè w kouche.

Konsèy

- Manje plizyè ti manje olye w manje yon gwo plat.
- Evite manje ki gen twòp epis oubyen twòp luil.
- Bwè anpil dlo trete ak lòt likid klè.
- Evite kouche touswit aprè w fin manje.
- Kouche yon fason pou tèt ou pi wo pase vant ou.
- Bwèyon tas lèt oubyen yawout oubyen remèd pou asid.

14 *Where women have no doctor: A health guide for women. Pages 69-71.*



Ekoulman nan vajan (bouboun, pèt)

Pandan gwosès, li nòminal pou w bay plis ekoulman blanch nan bouboun pase avan.

Konsèy

- Pote atansyon w sou ekoulman an. Si li blan, li ka nòminal.
- Si bouboun an grate w anpil oubyen ap boule w, oubyen ekoulman an gen move sant, se ka yon enfeksyon. Ale nan sant sante.
- Si ekoulman an gen san ladan oubyen gen anpil likid glise, si gen yon gwo dlo k ap sòti anndan bouboun an, sa ka yon siy ki di tranche a kòmanse. Ale nan sant sante.

Varis

Fi ansent kab gen venn ble ki anfle nan janm yo ak alantou bouboun yo. Yo rele yo varis. Sa rive lè bebe a gwosi twòp. Pou kèk fi, yo ka vin laj epi yo fè yo mal anpil.

Konsèy

- Evite kanpe twòp.
- Lè ou chita, met pye yo anlè.
- Asire w ou mache chak jou.
- Ale nan sant sante si yo laj epi si yo fè w mal anpil.

Konstipasyon

Gwosès chanje fason trip yon fi mache e sa ka fè li mal pou twalèt epi sa ka fè twalèt la mal pou sòti.

Konsèy

- Bwè 8 vè dlo pwòp chak jou omwen.
- Fè egzèsis regilyèman, tankou al mache chak jou.
- Pran ti grenn fè, mwatye nan maten, mwatye nan aswè.
- Manje anpil fui, legim, ak lòt manje ki gen fil tankou mango, fig, eksetera.



Emowoyid

Emowoyid rive lè venn ki alantou tou dèyè a anfle. Yo ka grate w, boule w, senyen, epi yo ka pi mal lè yon moun konstipe.

Konsèy

- Chita nan yon kivèt dlo tied pou soulaje doulè a.
- Evite gen konstipasyon.
- Tranpe yon rad pwòp nan hamamélis oubyen sels d'Epsom epi mete l sou pati ki ap fè w mal la.
- Met ajenou epi pike dèyè w anlè—Sa ka soulaje doulè a.

Kranp nan janm

Fi ansent souvan gen kranp nan janm oubyen nan pye, sitou lannuit.

Konsèy

- Manje manje ki gen kalsyòm, tankou lèt, fwomaj, yawout, ak legim fèy vèt.
- Pandan kranp lan, mete talon an atè epi leve pwent zòtèy la. Karese janm nan pou l degoudi. Jeneralman, sa kouri dèyè kranp lan.

Doulè nan senti

Fi ansent souvan gen doulè nan senti, sitou nan dènnye mwa gwosès la. Sa rive akòz pwa bebe k ap grandi an.

Konsèy

- Mande yon moun ba yo yon masaj nan do.
- Mande koutmen pou travay nan kay ki twòp yo
- Kenbe do w dwat plis ke posib lè w kanpe epi lè w chita
- Dòmi sou kote ak yon zòrye oubyen ak yon rad woule nan mitan jenou yo.
- Monte sou men w ak sou jenou w. Kòmanse ak yon do plat, aprè monte do w fè l vin won, epi fè do w vin plat ankò. Repete mouvman sa a dousman.



MALÈZ KOURAN NAN GWOSÈS

Swit

Pye ak janm anfle

Kèk anfleman pye ak anfleman janm nòmal pandan gwosès.

Konsèy

- Mete pye a anlè pi souvan ke posib.
- Lè w ap repoze, kouche sou bò goch
- Premye bagay pou w fè nan maten se pote atansyon w sou siy danje yo, tankou men ak figi anfle, tèt fè mal, wè twoub. Si yon fi gen nenpòt nan sentòm grav sa yo, li dwe al nan sant sante touswit.



PWOBLÈM GRAV PANDAN GWOSÈS¹⁵

nan Liv patisipan an

Anpil fi gen gwoès san pwoblèm sante epi yo fè kouch nòminal. Men, kèk fwa konn gen pwoblèm. Ou dwe ede fi ansent yo aprann rekonèt lè yo prezante siy oubyen sentòm grav, ak lè yo dwe ale nan sant sante touswit.

Ou dwe pale ak fi ansent yo ansanm ak fanmi yo sou jan pou fi yo mennen kò yo nan wout la rive nan sant sante a si yo gen yon pwoblèm grav epi ede yo prepare pou lè sa rive.

Si yon fi ansent ki ap suiv lakay ou, oubyen nenpòt fi ansent ou gen kontak ak li gen nenpòt nan siy ak sentòm grav sa yo, li bezwen ale nan **sant sante** touswit. Ale avèk li si sa posib.

Kò kraze



Li nòminal pou yon fi santi l yon ti kras pi fatige pandan gwoès la pase anvan. Men si yon fi santi li tèlman fatige jiskaske pou l pa rive fin fè travay l abitye fè yo, se yon pwoblèm grav.

San fi a ka nan yon kondisyon ki rele **anemi** ki vle di san an pa ka pot manje ak oksijèn nan tout kò a jan sa dwe fèt. Fi sa a ka jwenn ti grenn fè ak konsèy sou sa pou l manje nan sant sante, pou trete anemi an. Li dwe al nan sant sante touswit si l santi kò l kraze oubyen si l santi l fèb.

¹⁵ *Where women have no doctor: A health guide for women. Pages 72-75.*



PWOBLÈM GRAV PANDAN GWOSÈS

Swit

Fyèb



Si yon fi gen fyèb pandan gwochès, sa ka yon pwoblèm grav. Si yon fi ansent gen fyèb, li ka fè **malarya**. Malarya grav anpil pou yon fi ansent paske li ka bay gwo anemi. Li ka fè bebe a fèt anvan lè, li ka fèt twò piti tou, oubyen li ka menm mouri nan vant. Fi ansent ki gen fyèb dwe ale nan sant sante touswit.



Figi ak men anfle



Li nòmal pou pye yon fi ansent fè ti anfle, sitou pandan dènye mwa gwosès la. Men si men ak figi yon fi anfle, se yon pwoblèm grav.

Anflamasyon kapab yon siy ki montre gen yon pwoblèm grav ki rele **eklanmsi**. **Anvan eklanmsi a rive, tansyon fi a monte byen wo** yon sèl kou, epi gwo tèt fè mal ak wè twoub. Le eklanmsi a fi a gen kriz, epi ni manman an ni pitit la ka mouri.

Tout fi dwe ale nan vizit avan akouchman yo regilyèman. Doktè a ap tcheke tansyon fi a pandan vizit yo, men si figi l ak men l yo anfle, li dwe ale nan sant sante touswit.



PWOBLÈM GRAV PANDAN GWOSÈS

Swit

Gwo emoraji



Yon ti emoraji pandan 3 premye mwa gwosès la nòmal, sof si fi a gen doulè tou. Men si yon fi ansent kòmanse bay twòp san, gen doulè, oubyen ap bay san aprè 3 mwa, se yon pwoblèm grav.

Si yon fi gen doulè ki mache ak emoraji a, li bay anpil san, oubyen emoraji a parèt aprè 3 mwa, sa ka vle di gen yon bagay ki pa ale byen nan gwosès la. Manman an ak bebe a an danje. Li dwe ale nan sant sante touswit.



Gwo doulè nan vant



Si yon fi gen gwo doulè nan vant (mè vant) bonè nan gwsès la, yon doulè ki pa menm ak vant fè mal (egzanp, tout doulè a rete yon sèl bò vant, li pa ale vini menm jan ak vant fè mal), se yon pwoblèm grav.

Si yon fi gen gwo doulè ki pa janm pase nan gwsès la, se yon gwo danje. Si li gen doulè k ap ale vini nan dènye mwa gwsès yo, sa ka vle di li pral gen tranche twò bonè.

Sa ka vle di bebe a grandi nan plas mè vant lan oubyen li pa an sante. Yo bezwen fè fi sa a yon operasyon. Gwo doulè ka vle di fi a nan wout pou pèdi bebe a tou (fè foskouch). Oubyen sa ka vle di gen pwoblèm nan mè vant lan oubyen li pral gen tranche twò bonè. Li sipoze ale nan sant sante touswit.

**Foskouch**¹⁶

Kèk fwa fi yo konn pa reyisi gwosès la. Sa rele foskouch. Pa reyisi youn e menm 2 gwosès se bagay kouran. Se ka fason pa kò a pou l kanpe yon gwosès ki twò fèb pou rive nan bout li.

Li enpòtan pou fi yo ak fanmi yo konnen pa reyisi yon gwosès se bagay kouran. Nan pi fò ka, sa pa vle di pwochèn fwa fi a ansent li p ap gen yon gwosès ki reyisi. Foskouch ka rive kèlkeswa prekosyon fi a pran. Yo pa dwe blame l.

Si yon fi ap bay san mawon, wouj, oubyen woz nan bouboun l, si li gen doulè oubyen kranp, li ka sou wout fè yon foskouch. Yon fwa foskouch la kòmanse, jeneralman pa gen gwo bagay yon fi ka fè pou kanpe l. Li ka repoze, pa fè sèks, epi ale nan sant sante.

Si yon fi fè foskouch, li dwe ale nan sant sante, pratike abitud ki bon pou sante l, epi konnen li ka eseye ansent ankò aprè kèk semèn. Si li vin ansent ankò, konseye l pa leve bagay lou, pa fè sèks pandan 6–8 premye semèn gwosès la, repoze lè l kapab, epi ale nan klinik avan akouchman. Si yon fi fè foskouch 3 fwa ou plis, li ka gen lòt pwoblèm sante. Li ta dwe pale ak yon doktè oubyen enfimyè ki nan sant sante a.

¹⁶ *Where women have no doctor: A health guide for women. Pages 234-235.*



Kèk fi pi an danje gen konplikasyon pandan gwosès epi nan akouchman. Ou dwe esplike fi yo ris sa a epi ankouraje yo akouche lopital.

- Fi sa yo pi rise:
- Jèn fi ak tifi (ki poko gen 18 lane)
- Fi ki gen anpil laj (depase 35 lane)
- Fi ki fè pitit youn dèyè lòt (ki pa gen 2 lane ki separe yo)
- Fi ki fè anpil pitit (plis pase 5)
- Fi ki te fè yon bebe ki fèt anvan lè oubyen ki te fè yon bebe ki te peze pi piti pase 2 kilogram lè l fèt
- Yon fi ki te gen konplikasyon nan gwosès oubyen nan akouchman oubyen ki te fè sezaryèn
- Fi ki te fè foskouch oubyen ki te pouse yon bebe ki fèt tou mouri
- Fi ki gen SIDA
- Fi ki gen konplikasyon sante, tankou tansyon, dyabèt (maladi sik), oubyen anemi
- Fi kout anpil (pi kout pase 1 mètr 50) oubyen ki mèt anpil (ki pa peze 38 kilogram)
- Fi k ap pote marasa oubyen twa pitit

¹⁷ *Facts for Life*, page 18.



FI KI AN DANJE

Swit

- Fi ki gen bebe nan move pozisyon nan fen gwosès la, tankou si bebe a met tèt li anlè oubyen li kouche atravè anndan mè vant lan. Pi bon pozisyon an se lè tèt bebe a anba.

SESYON 11

PREPARASYON POU TRANCHE AK AKOUCHMAN SAN RIS



Metòd: Deba nan gran gwoup ak jwèt wòl



Tan: 2 è d tan ak 30 minit



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- n. Esplike pou ki sa li enpòtan pou fi yo akouche nan lopital ak sant sante.
- o. Dekri kòman yo ka ede fi ansent ak fanmi yo prepare pou tranche ak akouchman, planifye akouchman.



Preparasyon

- Revize enfòmasyon sou preparasyon fi ak fanmi yo dwe fè pou tranche ak akouchman san risak istwa pi ba a.
- Fè fotokopi planifikasyon akouchman pi ba a, 1 kopi pou chak patisipan.



Materyèl

- Enfòmasyon sou èd pou fi ak fanmi yo fè planifikasyon pou tranche ak akouchman san ris nan Liv patisipan an
- 1 fotokopi sou planin pou chak patisipan
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep

**ETAP YO**

30 minit

1. Di patisipan yo:

Abityèlman, yon fi ansent konn dat li ta sipoze akouche a—dat li pral gen tranche epi dat akouchman an. Pandan premye vizit anvan akouchman an, doktè aap gen pou ede l detèmine dat la epi ekri l nan kat vizit anvan akouchman an.

Dat bay yon bon estimasyon sou ki lè fi a gen pou akouche, men l pa egzat. Tranche a ka kòmanse pi bonè oubyen pi ta dat ki te bay la. Fi ansent yo dwe konnen kòman pou prepare pou tranche, epi pare pou tranche ak akouchman aprè 7yèm mwa gwosès la, pou si bebe a ta vin bonè.

Kòm yon ajan kore fanmi, se travay ou pou w ede fi ansent yo ak fanmi yo prepare pou yon tranche ak yon akouchman san ris nan sant ki pi prè a.

2. Mande patisipan yo:

- Èske nenpòt moun ka fè m sonje kòman ou ka evalye dat bebe a ap fèt la?
(Jwenn premye jou aprè fi a te fin gen dènye règ li pou mwa a, ajoute 9 mwa ak 7 jou, sa a se yon estimasyon pou dat bebe a dwe fèt.)
- Ki siy nou te diskite nan fòmasyon anvan an ki montre tranche a kòmanse?
(San ki gen likid glise ladan k ap sòti nan bouboun an, vant fè mal la kòmanse epi li vin pi fò, li dire plis, li dri dri, fi a kase lezo.)

3. Di patisipan yo:

Lè yon fi ansent gen tranche, li dwe ale nan sant sante oubyen lopital ki pi prè a. Se kote ki pi asire pou yon fi ka akouche—pou li ak pou bebe ki fèk fèt la. Si yon fi rete lwen sant sante a oubyen lopital, si sa posib li dwe planifye rete kay yon manm nan fanmi l oubyen zanmi ki rete touprè lopital pandan dènye semèn gwosès la.

4. Li istwa sa a fò pou patisipan yo:

Jowàn ak Maksim, patnè li, te sou 2yèm pitit yo. Jowàn te gen yon gwosès an sante e li t al nan tout vizit anvan akouchman yo. Jowàn te vin konnen se yon bòn lide pou yon moun akouche nan sant sante, li pale ak Maksim ansanm ak bèlmè l sou sa. Yo di pa gen okenn rezon vre pou Jowàn ale nan sant sante piske li te gen yon gwosès an sante epi sa fè kèk lane premye pitit li te fèt nan kay san bay pwoblèm. Epi, yo pa t vrèman gen kòb pou trajè long lan rive nan sant sante a.

Jowàn leve nan maten ak yon gwo dlo k ap sòti nan bouboun li. Li remake dlo a mawon fouse. Touswit aprè, li kòmanse gen vant fè mal epi enpe san ki melanje ak likid glise t ap sòti nan bouboun l. 15 è te pase, Jowàn fatigue nèt e li te kòmanse gen yon fyèv.

Maksim al chèche yon fanmsaj, men li te okipe nan akouche yon lòt moun lwen nan vilaj la. Jowàn kòmanse gen souf kout e fyèv la anpire. Maksim decide se moman pou mennen l nan sant sante, men li gen tan ta nan lannuit e pa gen bis pou mennen l. Nan demen maten, Jowàn vin blenm epi li pèdi konesans. Maksim decide li pa pridan pou l fè tout trajè sa a rive nan sant sante a nan bis. Jowàn ak bebe a mouri.

5. Mande patisipan yo reflechi sou istwa Jowàn ak Maksim nan.

- Fè deba sou kesyon sa yo:
- Ki sa ki pa ale byen nan istwa sa a?
- Ki sa ki te dwe fèt pou Jowàn pa t an danje men pou l te akouche kòmsadwa? Èske ajan kore fanmi te ka fè yon bagay pou Jowàn ak Maksim pa rive la?
- Èske gen yon moun ki konn yon fi ki te gen difikilte nan tranche oubyen nan akouchman? Yon fi ki te mouri oubyen pèdi bebe li a nan pasaj? Ki sa ki te pase? (pa bay non) Pou ki sa w panse sa te rive ?
- Pou ki sa li enpòtan pou fi akouche lopital ?



30 minit

6. Mande patisipan yo jwenn enfòmasyon sou planifikasyon akouchman nan liv yo a. Revize plan an ak patisipan yo, epi pran kesyon patisipan yo pandan tout seyans lan.

7. Reprann demach sa a pou siy danje pandan tranche a.

8. Di patisipan yo:

Fi ansent ak fanmi yo dwe aprann siy danje sa yo. Si fi a dwe akouche nan kay, fanmi an dwe fè plan pou kouri avè l si siy danje yo parèt.

Toutfwa, objektif la se fè fi yo akouche nan yon sant sante. Ou dwe gen mo ak mesye dam yo oubyen manm fanmi an pou fè fi a akouche nan yon sant sante.

9. Kòm rezime, di patisipan yo:

Pou tout fi ansent, yon pati ki enpòtan anpil nan preparasyon pou tranche ak akouchman se konnen kòman y ap fè pou ale nan sant sante kou tranche a kòmanse, kon sa pou yo akouche bebe a la nan men yon moun ki fòme pou bay swen lasante.

Kèk fi ansent, sitou sa ki te gen tan akouche lopital, ka konnen kòman pou planifye pou akouche lopital deja. Men fi ki te akouche nan kay anvan oubyen ki poko fè timoun ka bezwen èd ou pou fè sa.

Yon pati enpòtan nan travay ou a se pale ak fi ansent yo ansanm ak fanmi yo. Ou dwe poze kesyon pou w konnen ki plan yo fè ak ki difikilte yo genyen nan planifikasyon yon akouchman nan sant sante, ak kòman ou ka ede yo jere difikilte sa yo.



1è

10. Divize patisipan yo an gwoup de moun. Esplike yo gwoup yo pral fè pratik sou ede yon fi ak patnè li planifye akouchman. Bay chak moun kopi planifikasyon akouchman an. Esplike travay la:

- Avèk patnè nou an, etidye enfòmasyon sou bon jan kominikasyon, teknik pou koute, ak chanjman nan konpòtman nan liv nou yo epi revize yo pandan kèk minit.
- Deside kilès k ap jwe wòl ajan kore fanmi an epi kilès k ap jwe wòl fi ansent lan.
- Ajan kore fanmi an dwe ede fi a planifye akouchman an epi li dwe ranpli lis verifikasyon sou planifikasyon akouchman an. Li dwe poze kesyon, koute pou l dekouvri nan ki pwèn fi a ye, ki plan li dwe fè oubyen li pa dwe fè, dekouvri ki difikilte fi a genyen ki ta anpeche l akouche nan sant sante.
- Moun k ap jwe wòl fi ansent lan dwe envante difikilte, kesyon ak tèt chaje pou l pataje pandan dyalòg la.
- W ap gen 30 minit pou w travay.

Sante moun k ap fè pitit

11. Bay de moun yo 30 minit pou travay la. Pandan y ap travay, pase gade epi ede yo si gen bezwen pou sa. Bay de moun yo 15-, 5-, ak 1-minit avètisman.
12. Kou de moun yo fini, mande chak moun jwenn yon lòt patnè epi chanje wòl. Yo dwe travay ankò pandan 30 minit.



30 minit

13. Mande enfòmasyon sou jwèt wòl la nan poze kesyon sa yo epi ankouraje yo fè refleksyon ak deba:
 - Ki kesyon ou te poze nan objektif pou w konprann sitiyasyon fi a ak difikilte ki sou wout li?
 - Kòman ou rive fè fi a pran angajman pou l planifye akouchman an ?
 - Ak ki defi ou panse w pral fè fas lè w pral planifye akouchman an ak medam yo ak patnè yo oubyen ak manm fanmi yo ?
 - Kòman w ka abòde defi sa yo?
14. Di patisipan yo:

Sa ka pran kèk vizit a domisilyè ak dyalòg san rete pou w konplete plan akouchman an. Aprè w fin konplete l, ou dwe revize l pandan vizit k ap vini yo pou w asire w plan an pa chanje epi fi a ak patnè l oubyen lòt moun nan fanmi an toujou an mezi pou reyalize plan an. Ou dwe fè tchèk nan fanmi an lè w gen tan lib sou sijè tankou fè ekonomi pou kouvri depans yo, gade ki pwogrè y ap fè epi chèche konn ki èd yo bezwen toujou.


TRANCHE AK AKOUCHMAN SAN DANJE
nan Liv patisipan an


Abityèlman, yon fi ansent konn dat li ta sipoze akouche a—dat li pral gen tranche ak dat akouchman. Pandan premye vizit anvan akouchman an, doktè a ap gen pou ede l detèmine dat la epi pou l ekri l nan kat vizit anvan akouchman an.

Dat bay yon bon estimasyon sou ki lè fi a gen pou akouche, men li pa egzakt. Tranche a ka kòmanse pi bonè oubyen pi ta pase dat ki te bay la. Fi ansent yo dwe konnen kòman pou yo prepare pou tranche, epi pou yo pare pou tranche ak akouchman aprè 7yèm mwa gwosès la, pou si bebe a ta vin bonè.

Kòm yon ajan kore fanmi, se travay ou pou w ede fi ansent yo ak fanmi yo prepare pou yon tranche ak akouchman san ris.



Tranche



Lè yon fi pre pou l akouche, li gen **tranche**. Nan dènye semèn gwosès fi a ak pandan tranche a, kò fi ap prepare l pou l akouche. Youn nan sa ki fèt nan preparasyon sa a, se **kòl matris** fi a ki vin pi soup, pi mens, epi ki louvri pou pèmèt tibebe a desann pou l soti.

Yon fi ta dwe **fè plan pou l akouche lopital**. Li ta dwe ale lopital lè li konnen li gen tranche. Li ta dwe ale lopital anvan sa si li gen yon siy danje kèlkonk oubyen si sa ap pran l anpil tan pou l rive.

Lè tranche kòmanse, mis matris la sere pou l ede fi a pouse tibebe a desann pou l soti. Yo rele sa **doulè**. Pafwa, yo sanble ak “vag” oubyen “mouvman.”

Li nòmal pou fi gen “**esperyans doule**” nan dènye tan gwosès li—l ap konnen doule sa yo pa menm ak doule tranche paske y ap kout oubyen l ap santi yo yon lè kon sa. **Doulè tranche pi dri, li pi fò, e li vin pi long tank tan ap pase**. Matris la se yon mis ki gen anpil fòs epi doule a vin fò anpil tank tranche a ap kontinye. Chak kout doule pouse tibebe a desann yon ti kras plis.

Pafwa lè tranche kòmanse, yon **glè kole mele ak san** ap soti nan bouboun fi a. Yo rele li glè san, li sèvi kòm “bouchon” pou anpeche jèm mikwòb rantre nan matris la. Se lè tranche a kòmanse bouchon sa a parèt jeneralman.

Anvan oubyen apre doule kòmanse, fi a **kase lezo**. Sa a se lè sak dlo kote tibebe a ye a pete, li louvri epi dlo soti nan bouboun fi a. Pafwa li pete byen bonè pandan tranche, pafwa li pete pi ta . Pafwa dlo a pete soti ak presyon, pafwa li koule soti pi dousman.




TRANCHE AK AKOUCHMAN SAN DANJE

Swit

Pandan tranche a, tibebe a desann soti nan matris la pou ale nan **kanal akouchman** an. Fi bezwen afeksyon ak ankourajman pandan tout moman yo gen tranche.

Akouchman



Lè kòl matris fi a louvri nèt epi tibebe a gentan desann nan **kanal akouchman** an, fi a pouse pandan chak doulè pou pèmèt tibebe a soti. Nòmalman, pi fò fi ap konn ki lè pou yo pouse. Kanal akouchman an louvri anpil pou pèmèt tibebe a soti, epi tibebe a fèt. Etap “**pouse**” sa a ka kout, oubyen li ka dire jiska dezè d tan. Li enpòtan pou yo mete fi a alèz epi pou yo ba li anpil dlo ak anpil sipò moral nan moman sa a.

Lè tibebe a fin fèt, doktè a oubyen mis lan ap koupe kòd lonbrik la ak yon sizo ki byen pwòp (esteril) yon fason pou li pa pran mikwòb. Apre yon tibebe fin soti, fi a gen plis doulè epi li pouse **mè vant** lan soti. Bouboun nan ap bay yon ti san. Se moman kote li pi fasil pou gen emoraji. Moman sa a riske anpil. Emoraji touswit apre akouchman se youn nan bagay ki lakòz fi mouri nan fè pitit plis ann Ayiti. Se youn nan rezon ki fè fi ta dwe akouche lopital, kote gen moun ki fòme pou bay sèvis.

Kantite tan tranche ak akouchman pran pa menm pou tout fi. Li ka pran kèk è d tan oubyen plis pase yon jou. Se pa tout tan, men jeneralman tranche ak akouchman pran plis tan lè se premye pitit fi a, li pran pi piti tan nan lòt akouchman.

Apre tibebe a fin fèt, manman an ta dwe ba li tete nan espas premye è d tan an epi yon ajan polivan ki fòme ap voye je sou manman an ak tibebe a pou l asire l tout bagay an fòm.

**Akouche lopital**

- Anviwònman lopital la pwòp anpil e sa ede evite manman an ak bebe a fè enfeksyon.
- Yo kab bay manman an medikaman kont enfeksyon, medikaman pou diminye doulè, oubyen pou redui emoraji.
- Si gen pwoblèm, doktè a ka ede manman an ak bebe a. Yon egzanp, si bebe a pran yon move pozisyon, yo ka eseye fè bebe a pran bon pozisyon an, yo ka menm fè yon operasyon, kon sa bebe a ka sòti san pwoblèm.
- Si fi ansent lan gen SIDA, akouche lopital ap ede pou manman an pa pase SIDA a bay pitit la. Ni manman an ni bebe a dwe pran medikaman pou redui ris pou bebe a trape SIDA—enfekte pandan tranche, pandan akouchman, oubyen touswit aprè l fin fèt.
- Si fi a pa konn si l gen SIDA, yo kab fè l yon tès pandan tranche a, si li gen SIDA—si li enfekte, y ap bay ni li menm ni bebe a medikaman ki ka redui chans pou bebe a trape SIDA—pou l enfekte.
- Aprè bebe a fin fèt, doktè yo pral ede manman an, y ap konseye n sou alètman, yo pral gade kouman yo ka ede bebe a evite trape SIDA nan manman an, eksetera.
- Doktè yo pral bay bebe a premye pòsyon vaksen an epi y ap fè manman an konnen lè pou l retounen ankò pou kontinye vaksinasyon an.
- Kèk planin familyal pi byen mache touswit aprè akouchman, ou ka fè l nan lopital oubyen nan sant sante.
- Fi a ak bebe a ka repoze, yo ka jwenn bon jan swen aprè akouchman.



KONSÈY: *Li enpòtan pou w pale ak fi ansent lan ANSANM ak patnè l epi manm fanmi l sou pou ki sa li enpòtan pou yon fi akouche lopital epi pou l planifye alavans pou akouche lopital. Gason ki ajan kore fanmi kab bon modèl nan sipòte fi yo pou yo akouche lopital.*



TRANCHE AK AKOUCHMAN SAN DANJE

Swit

Siy danje t pandan tranche^{18, 19}

Fi ansent ak patnè yo ansanm ak manm fanmi yo dwe konnen siy danje pandan tranche a. Si yon fi gen nenpòt nan siy danje yo, li dwe al lopital touswit:

- Li kase lezo men tranche a pa kòmanse
- Bebe a kouche atravè nan mèvant lan
- L ap bay san anpil pandan akouchman an oubyen aprè akouchman an
- Li gen yon tranche ki long anpil
- Dlo ki sot nan bouboun li an parèt vèt oubyen mawon
- Li gen fyèv
- Li gen yon gwo tèt fè mal oubyen li wè twoub
- Li mal pou l respire
- Li gen atak oubyen li gen kris
- Bebe a pa fè mouvman anndan l

Kòman pou soulaje doule yon fi ki gen tranche²⁰

Pale ak fi a epi pale ak patnè l ansanm ak fanmi l sou bon jan mwayen pou soulaje tranche (sitou tranche ki vin bonè) Men yo:

- Fè mouvman ak kò l epi fè ti monte desanm, fè ti panche deyè epi devan—sa ede w soulaje doule a epi sa ede bebe a mete tèt anba
- Jwenn yon pozisyon ki alèz pou ou (met ajenou, chita ba ak jenou yo byen pliye, fè ti kanpe epi apiye ann avan sou yon bagay, chita epi apiye sou yon bagay). Anpil fi pa santi yo alèz lè yo kouche sou do nan moman tranche ak akouchman e yo pa dwe fòse yo fè sa.
- Repoze lè sa posib—tranche ak akouchman mande yon pakèt travay!
- Manje manje lejè—pa manje anyen ki gen twòp luil oubyen ki twò lou
- Bwè anpil dlo ak likid dous oubyen ji
- Pipi souvan
- Apre chak sekous doule, respire dousman epi an pwofondè

¹⁸ *Facts for Life*, page 19.

¹⁹ *Where women have no doctor: A health guide for women*. Page 85.

²⁰ *Where women have no doctor: A health guide for women*. Page 81.



PLANIFIKASYON AKOUCHMAN²¹

nan Liv patisipan an

Pandan vizit a domisilyè yo nan dezyèm trimès mwa gwosès yon fi, devlope yon plan pou akouchman ak fi a ak patnè l ansanm ak lòt manm fanmi an k ap ba li sipò:

Siy danje yo

- Revize pwoblèm grav, siy danje pandan gwosès la ak tranche ak fi a ak patnè l oubyen lòt manm nan fanmi an: kò kraze; fyè; men ak figi anfle; gwo emoraji; gwo doulè nan mèvant; foskouch.
- Ki kote fi a prale si gen pwoblèm grav oubyen siy danje pandan gwosès la (ki lopital)? Kòman l ap fè pou l ale epi kilès k ap avè l? Ekri plan an la a:

- Nan ki lopital fi a pral akouche? Ekri non an oubyen non yo la a:

- Kòman li prale nan lopital la epi konbyen tan sa ap pran? Kòman plan an ap ye si fi a dwe vwayaje lannuit?

- Fi a dwe deplase pou al nan lopital la menm kote tranche a kòmanse a. Revize siy ki anonse tranche a kòmanse ak fi a ak patnè l ansanm ak lòt manm nan fanmi l: likid glise ki melanje ak san ap sòti nan bouboun l; vant fè mal la kòmanse epi l ap vin pi fò, li dire plis, li dri dri; fi a kase lezo.

- Si fi a rete lwen lopital oubyen si li riske gen konplikasyon nan akouchman an, ki kote fi a ka al abite pandan 1–2 semèn anvan akouchman an (avèk yon fanmi oubyen zanmi ki rete touprè lopital oubyen nan yon kay kote w ka tann)? Kòman li prale la epi ki sa li dwe pote?

21 *Facts for Life*, page 19.

**PLANIFIKASYON AKOUCHMAN***Swit*

- Ak ki sa fi a dwe mache pou li menm ak pou bebe a? Kòman li menm ak patnè l ansanm ak lòt manm fanmi l ap fè pou genyen yo? (Kat swen anvan akouchman an, manje, dlo, omwen yon rad derechanj ki pwòp, yon kouchèt, rad oubyen dra pou bebe a, kotèks oubyen twal pwòp, sèvyèt, ti bokit pou netwaye, savon, etc.) Ekri lis la la a:

- Konbyen sa ap koute epi konbyen kòb fanmi an ap peye pou yo? (Fanmi yo ka bezwen kòmanse sere lajan davans.)
- Ki moun ki pral pran swen fanmi an pandan fi a pa la? Ki lè fi a ap pale ak moun sa a pou fè aranjman pou sa?
- Si fi a gen SIDA, ak ki remèd li dwe ale lopital la pou li menm ak pou bebe a? Ekri yo la a:

- Ki moun ki ka bay san si gen bezwen pou sa? Ekri non an la:

SESYON 12

LIS BAGAY POU VIZIT KAY FI ANSENT



Metòd: Deba nan gran gwoup ak jwèt wòl



Tan: 1 è d tan ak 30 minit



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

p. Jere Lis bagay pou vizit kay fi ansent la kòrèkteman.



Preparasyon

- Revize Lis bagay pou vizit kay fi ansent ak jwèt wòl pi ba a.
- Fè fotokopi lis verifikasyon an (1 kopi pou chak patisipan).
- Prepare pou monte yon teyat sou yon vizit a domisilyè kote pou premye fwa ajan kore fanmi an dekouvri fi a ansent (oubyen li sispèk sa). Mande yon moun ki konprann byen pou l esplike lòt moun oubyen yon kòlèg ki gen esperyans jwe wòl la avèk ou. Fè repetisyon davans si sa posib.



Materyèl

- Lis bagay pou vizit kay fi ansent ak jwèt wòl ki nan Liv patisipan an.
- Fè fotokopi lis verifikasyon an (1 kopi pou chak patisipan).
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep

**ETAP YO**

25 minit

1. Mande patisipan yo:

Nou te aprann anpil bagay sou wòl enpòtan ajan kore fanmi jwe nan sipòte fi ansent, patnè yo ansanm ak fanmi yo nan dènye sesyon yo. Ki sa nou te etidye jiskaprezan?

(Ajan kore fanmi yo dwe:

- *Sipòte fi yo pou yo ret an sante pandan gwosès.*
- *Sipòte fi yo pou yo ale nan vizit anvan akouchman yo nan sant sante.*
- *Ede fi ansent yo jere sentòm ki mache ak gwosès.*
- *Ede fi yo idantifye siy ak sentòm pwoblèm grav yo pandan gwosès ki mande swen ijan nan sant sante.*
- *Idantifye fi ki riske gen pwoblèm pandan gwosès, tranche, ak akouchman.*
- *Sipòte fi ansent, patnè yo ansanm ak fanmi yo pou fi yo gen yon tranche ak yon akouchman san ris, planifikasyon akouchman.)*

2. Esplike gen anpil bagay ajan kore fanmi yo bezwen sonje, yo bezwen lè y ap vizite fi yo lakay yo. Ajan kore fanmi yo gen yon lis verifikasyon yo dwe itilize pou ede yo sonje sa pou yo fè.

3. Mande patisipan yo jwenn Lis bagay pou vizit kay fi ansent yo nan liv yo a.

4. Mande patisipan volontè yo li chak bagay nan lis verifikasyon an fò pou gran gwoup la.

5. Aprè chak pati w fin li fò nan lis verifikasyon an, pran yon poz. Mande si pa gen kesyon sou bagay ki di nan pati sa a.

6. Di patisipan yo ou pral demontre fason pou yo itilize lis verifikasyon an. Mande yo suiv avèk atansyon paske aprè sa, ou pral poze yo kesyon sou demonstrasyon an.

7. Jwe jwèt wòl la avèk yon moun ki konprann byen pou esplike lòt moun oubyen yon kòlèg ki gen esperyans (vizit a domisilyè lè yo fèk konn gwosès la oubyen lè yo sispèk fi a ansent). Limite jwèt wòl la a 10 minit oubyen plis.
8. Mande patisipan yo ki sa yo te wè pandan jwèt wòl la epi ankouraje yo fè deba. Ekri bagay ki pi enpòtan yo sou yon gwo fèy papye:
 - Ki sa ajan kore fanmi an te mande, di, fè pandan vizit la?
 - Kòman ajan kore fanmi an te itilize lis verifikasyon an pou rive jwenn yon chanjman nan konpòtman? (Ki sa ajan kore fanmi an te fè pou poze kesyon, aprann sou etap chanjman fi a ka ap viv la, aprann sou difikilte yo, epi ede fi a idantifye demach pou l fè yo?)



5 minit

9. Kounye a, esplike patisipan yo yo pral itilize lis verifikasyon an pou fè pratik nan jwe wòl a de. Divize patisipan yo an de (pa menm moun anvan yo). Bay chak moun fotokopi lis verifikasyon an. Esplike travay la:
 - Avèk patnè w la, fè yon jwèt wòl tou epi kout panna 3–5 minit sou vizite yon fi ansent epi pratike l. Mwen pral ban nou wòl pou n jwe a nan yon ti moman.
 - Deside kilès k ap jwe wòl ajan kore fanmi an ak kilès k ap jwe wòl fi ansent lan.
 - Jwenn enfòmasyon sou bon kominikasyon, teknik pou koute, ak chanjman nan konpòtman nan liv nou yo epi revize yo si sa nesèsè.
 - Ajan kore fanmi an dwe itilize lis verifikasyon epi ranpli l pandan jwèt wòl la. Li dwe poze kesyon epi koute nan objektif pou aprann nan ki etap fi a ye, ki plan li ka fè ou pa, epi ak ki baryè l ap fè fas ki ta anpeche l akouche lopital.
 - W ap gen 30 minit pou planifye jwèt wòl ou a epi pou w jwe l.
 - Jwèt wòl nou an pa dwe depase 5 minit.
 - M ap chwazi de moun pou jwe jwèt wòl yo a devan gran gwoup la. Men pou kounye a mwen p ap di nou ki gwoup.
 - Pandan n ap rete, m ap gade epi m ap kapab reponn nenpòt kesyon nou genyen.
10. Mande patisipan yo jwenn jwèt wòl yo nan liv yo a. Bay chak moun youn nan jwèt wòl yo.



30 minit

- 11.** Mande gwoup de yo kòmanse travay. Pandan y ap travay, pase epi ede yo si sa nesèsè. Chwazi de moun ki t ap travay ansanm pou jwe pou tout gwoup la. Bay de moun sa yo 15-, 5-, epi 1-minit avètisman.



30 minit

- 12.** Mande gwoup de yo kanpe travay la. Poze patisipan yo kesyon sa yo epi pran tout kalite repons:

- Ki esperyans ou te fè pandan w t ap jwe wòl sa a?
- Ki sa ki te mache pi byen? Pou ki sa?
- Ki sa ki te plis parèt yon defi pou ou? Pou ki sa?

- 13.** Mande de moun ou te chwazi yo pase devan pou jwe wòl yo a. Limite jwèt wòl la a 5 minit oubyen plis. Aprè jwèt wòl la, mande pou yo aplodi yo epi mande aktè yo chita.

- 14.** Poze patisipan yo kesyon sa yo epi ankouraje yon deba tou kout ak reyaksyon k ap fè travay la vanse:

- Ki sa ajan kore fanmi an te di epi fè ki te pote fui?
- Ki sa ajan kore fanmi an te fè pou fè moun yo rive chanje konpòtman?
- Ki sa w t ap fè ki t ap diferan si w te yon ajan kore fanmi kap vizite fi ansent nan jwèt wòl sa a? Pou ki sa?

- 15.** Si gen ti tan ki rete, mande chak moun jwenn yon lòt patnè epi jwe yon dezyèm jwèt wòl ak lis verifikasyon an pandan y ap itilize sa yo te aprann nan etan yo t ap gade epi sa yo te aprann nan deba jwèt wòl la. Moun ki te jwe wòl ajan kore fanmi an dwe jwe wòl fi ansent lan.

- 16.** Pran kesyon ki rete sou vizite fi ansent yo epi reponn yo oubyen mande yon patisipan ki fè esperyans reponn.



VIZIT KAY FI ANSENT

nan Liv patisipan an

1ye vizit lè yo dekouvri fi a ansent oubyen yo sispèk li ansent

Siy danje yo

- Pale ak fi a epi ak patnè l ansanm ak manm fanmi l sou pwoblèm grav pandan gwosès ki mande swen ijan nan sant sante: kò kraze, fyèv, men ak figi anfle, gwo emoraji, gwo doulè nan vant, foskouch, aksidan oubyen yon lòt evènman brital.
- Mande fi a si l te gen nenpòt nan pwoblèm grav sa yo.
- Mande fi a si li genyen nenpòt nan pwoblèm grav sa yo kounye a. Si l te gen oubyen ligenyen yo, fè plan pou l al akouche nan sant sante pi bonè posib. Ale avè l si sa nesèsè.
- Mande fi a ak manm fanmi l kòman fi a ap fè pou al nan sant sante si l gen nenpòt nan bagay sa yo nan semèn k ap vini yo, epi ede yo fè yon plan. Ekri plan an la a:

Klinik anvan akouchman

- Mande si fi a ale nan vizit anvan akouchman an deja epi si li konn dat li sipoze akouche a.
- Si repons lan se wi, tcheke kat vizit anvan akouchman an. Dat estimasyon akouchman an:
- Si fi a pot ko al nan vizit anvan akouchman an, poze kesyon pou w konnen ki difikilte ki posib ak mwayen pou jere yo.
- Esplike pou ki sa vizit anvan akouchman yo enpòtan epi ki sa yo fè ladan yo.
- Ede fi a ak patnè l oubyen manm fanmi l jwenn ki lè epi kòman fi a prale nan premye vizit anvan akouchman an. Ekri dat la, kote a, ak lè a la a:

**VIZIT KAY FI ANSENT**

Swit

- Fè fi a konnen li dwe ale nan 4 vizit omwen anvan akouchman an antou (plis si gen pwoblèm). Travay avè l ak patnè l ansanm ak manm fanmi l pou w konnen kòman li pral nan vizit yo. Ekri plan pou al nan tout vizit yo la a:

Rete an sante

- Mande fi a ak patnè l oubyen manm fanmi l ki sa fi a planifye pou ret an sante pandan gwosès la.
- Fè l konn fason l ka ret an sante pandan gwosès (anplis vizit anvan akouchman yo).
- Mande kòman fi a pral fè bagay sa yo. Idantifye etap l ap pase pou l fè bagay sa yo anvan pwochèn vizit a domisilyè ou a:
- Tès SIDA
 - 3 manje konplè pa jou ki genyen manje pou kenbe l djanm, manje ki gen enèji ak manje ki pwoteje kò a nan chak
 - Ti grenn (fè, vitamin A, miltivitamin yodin)
 - Moustikè
 - Fè bagay san danje
 - Pa bwè alkòl, pa fimèn ni pran medikaman pou kont li
 - Kenbe kò a pwòp
 - PTMEsi sa nesèsè
 - Pa bwè alkòl, pa pran tabak, ni medikaman, ni pwodwi chimik
 - Pa pran medikaman sof si se preskripsyon
 - Bwè dlo
 - Repoze
- Mande si l bezwen èd pou malèz kouran epi ede l si l bezwen sa pandan gwosès yo.
- Eseye idantifye si fi a riske (li pokogen 18 lane, li depase 35 lane, li fè pitit youn dèyè lòt epi pa gen 2 lane ki separe timoun yo). Si fi an danje, li dwe fè yon vizit anvan akouchman brèf san dèle.



VIZIT KAY FI ANSENT

Swit

Pandan chak vizit domisilyè

Siy danje yo

- Mande fi a kòman l santi l.
- Mande fi a si li te gen nenpòt nan pwoblèm grav yo. Si l te genyen sa epi li pa t janm al nan sant sante, fè plan pou l ale brèf san dèle.

Klinik anvan akouchman

- Si fi a te gen pou l ale nan yon vizit anvan akouchman pandan dènye mwa a, mande l si l te ale epi tcheke kat anvan akouchman an.
 - Si wi, felisite l. Mande sa k te pase pandan vizit la epi ki konsèy doktè a te ba li.
 - Si non, mande pou ki sa. Poze kesyon pou w konnen difikilte yo epi ede fi a fè plan pou l ale.

Rete an sante

- Mande fi a ki sa l ap fè pou l ret an sante (lis pi wo a). Si li gen pwoblèm, poze kesyon pou w konnen difikilte ki posib yo. Ede fi a ak patnè l oubyen manm fanmi l idantifye sa li ka fè pou l ret an sante.
- Mande si l bezwen èd pou malèz kouran epi ede l si l bezwen sa pandan gwosès yo.

Lè fi a ansent 6 mwa

- Planifye akouchman an ak fi a epi planifye ak patnè l oubyen ak lòt manm fanmi yo. Sèvi ak lis verifikasyon planifikasyon akouchman an.
- Mande fi a ak patnè l oubyen manm fanmi l kòman y ap konnen lè fi a kòmanse gen tranche. Kou tranche a kòmanse fi a dwe al lopital. Si sa nesèsè, fè yo konnen siy ki vle di tranche a kòmanse.

**JWÈT WÒL VIZIT FI ANSENT***nan Liv patisipan an***JWÈT WÒL 1**

Ajan kore fanmi an vizite Irèn, ki ansent 3 mwa. Iza santi l byen anpil epi li fè ti gwosi. Lè ajan kore fanmi an poze l kesyon sou vizit klinik anvan akouchman an, li di li pa gen tan pou ale epi mari l panse se yon tan ak lajan pèdi pou fè tout wout sa a sèlman pou wè yon enfimyè pandan 5 minit. Iza di li pral nan sant sante a si l pa santi l byen ak si l gen pwoblèm ak gwosès la.

JWÈT WÒL 2

Ajan kore fanmi an vizite Selès, ki ansent 7 mwa. Selès fè ajan kore fanmi a konnen li tèlman fatige se a pèn si l ka fè travay nan kay yo, pran swen lòt timoun yo. Li di mari l pèdi travay li paske li tebe epi yo pa gen kòb pou l al akouche bebe a lopital.

JWÈT WÒL 3

Ajan kore fanmi vizite Woz, ki a pèn dekouvri l ansent. Woz di li te al nan sant sante pou klinik anvan akouchman an men li pa t gen tan pou ret tann rezilta tèl SIDA li a ni okenn lòt tèl yo te fè yo, li te tounen lakay li. Woz di Ajan kore fanmi a li santi l anvè vomè chak maten anpil epi li gen lestomak boule lè l fin manje.

JWÈT WÒL 4

Nadin di Ajan kore fanmi a gen yon bagay ki pa mache pou Matin, sè li a ki ansent. Ajan kore fanmi a vizite Matin lakay li menm jou a. Matin di Ajan kore fanmi a li gen emoraji ak doulè nan vant. Ou remake Matin ap swe epi w sispèk li gen fyèv tou. Matin ap kriye epi li plede di pètèt li kfè yon bagay li pa t dwe fè ki ba l pwoblèm sa a.

SESYON 13 PÒS-TÈS 1



Metòd: Evalyasyon



Tan: 30 minit



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- Evalye sa yo te aprann pandan premye pati fòmasyon an.



Preparasyon

- Koriye pre-tès depi lè fòmasyon an ap kòmanse.
- Mete pre-tès yo prè pou w remèt patisipan yo.
- Fèfotokopi pòs-tès la.



Materyèl

- Kreyon ak plim pou tout patisipan yo
- Fotokopi pòs-tès la



ETAP YO



30 minit

1. Esplike patisipan yo yo pral pase yon “pòs-tès” kounye a. Objektif pòs-tès lase pa jije patisipan yo, se pou asire fòmasyon sa a te satisfè bezwen yo jiskaprezan. Pòs-tès la ap ede evalye efikasite fòmasyon an pou amelyore pwochèn fòmasyon yo.
2. Bay chak patisipan yon kopi pòs-tès la.

3. Anvan pòs-tès la, mande patisipan yo ranpli espas vid ki nan tèt chak fèy epi ba ou l. Si yon patisipan pa konn dat egzat li te vin travayè sosyal nan domèn lasante oubyen Ajan kore fanmi, mande l ekri ane li te vin travayè sosyal nan domèn lasante a oubyen yon Ajan kore fanmi a, mande l mete “30” pou jou a epi “6” pou mwa a.
4. Esplike ou pral li kèk kesyon sou tèm fòmasyon an byen fò. Patisipan yo ap antoure pi bon repons lan pou chak kesyon nan pòs-tès yo a.
5. Di patisipan yo si yo pa konn repons yon kesyon, yo dwe kite l san repons.
6. Esplike n ap fè premye kesyon an ansanm. Esplike kesyon sa a pa antre nan tès la; se jis pou pratik.
7. Li premye kesyon an ak repons ki posib la byen fò. Mande yon volontè reponn, oubyen reponn ou menm. Esplike pou patisipan yo reponn kesyon sa a, yo dwe antoure repons lan nan fèy yo a.
8. Pran san w pou w li règ kesyon pòs-tès la epi pou w li repons ki posib yo, youn aprè lòt. Reprann kesyon yo ak repons ki posib yo si sa nesèsè. Aprè w fin li chak kesyon, bay patisipan yo lè pou yo antoure repons lan.
9. Di patisipan yo yo pral konpare pòs-tès la ak pre-tès yo te pase lè fòmasyon an te fèk kòmanse a. Bay chak patisipan pre-tès ki te korije a.
10. Mande patisipan yo revize pre-tès ki te korije a epi revize pòs-tès yo fèk fin fè a pou wè kote yo fè pwogrè ak sa yo aprann. Di patisipan yo yo pa dwe fè chanjman nan pòs-tès yo a. Sa vrèman enpòtan.
11. Mande patisipan yo si yo gen nenpòt kesyon sou tès la epi bay plis espikasyon si sa nesèsè.
12. Ranmase pre-tès la ak pòs-tès la



KONSÈY: *Après premye pati fòmasyon sa a, gade rezilta pre-tès la ak pòs-tès yo pou wè nan ki domèn patisipan yo fè pi piti pwèn. Enfòmasyon sa a ap ede w konnen ki domèn pou w revize pandan fòmasyon an epi pou w fè pwòchèn fòmasyon yo ak plis efikasite. Yon egzanp, si anpil patisipan mal reponn yon kesyon nan pòs-tès la, ou ka bezwen esplike sijè sa a plis an detay anvan fòmasyon an fini.*

KOREKTUM POS-TÈS 1

Non ou : _____ Dat : _____

Sant sante : _____ # idantite AKF an : _____

Ki lè ou te kòmanse travay kòm ajan kominotè polivalan oubyen kòm Ajan Kore Fanmi?

/_____
mwa / ane

Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Sante moun k ap fè pitit vle di:
 - a. Moun yo kapab fè bagay yon fason ki san danje e ki satisfè yo
 - b. Moun yo lib pou yo chwazi si pou yo fè pitit, ki lè, ak chak ki lè y ap fè
 - c. Moun yo gen mwayen fè planin
 - d. **Tout bagay sa yo**

2. Konbyen tan yon fi ta dwe tann anvan li tonbe ansent ankò apre li fin fè yon timoun?
 - a. 6 semèn
 - b. 9 mwa
 - c. 1 ane
 - d. **2 ane**

3. Pou yon fi ansent ka kenbe tèt li ak tibebe k ap devlope nan vant li an an sante, li ta dwe:
 - a. Dòmi anba moustikè
 - b. Pran multivitamin ak sipleman fè
 - c. Manje manje ki gen vitamin nan 3 gwoup manje yo
 - d. **Tout bagay sa yo**

4. Pou yon fi ansent ka kenbe tèt li ak tibebe k ap devlope nan vant li an an sante, li pa ta dwe:
 - a. Manje sèl
 - b. Bwè kleren oubyen fimèn**
 - c. Manje ze
 - d. Bwè bagay ki cho

5. Tout fi ansent ta dwe al nan sant sante pou swen anvan akouchman:
 - a. Lè yo malad sèlman
 - b. 2 fwa
 - c. 4 fwa oubyen plis**
 - d. Kòmanse lè yo gen 6 mwa ansent

6. Yon fi ansent ta dwe fè premye vizit kay doktè pou swen anvan akouchman:
 - a. Pi vit posib depi li fin konnen li ansent**
 - b. Pandan 6 premye mwa gwosès la
 - c. Lè gen yon pwoblèm nan gwosès la
 - d. Lè li pre pou l akouche

7. Youn nan pwoblèm grav pandan gwosès ki pou fè yon fi ansent al nan yon sant sante touswit se:
 - a. Lè l gen emoraji nan bouboun li**
 - b. Anvi vomi
 - c. Konstipasyon
 - d. Pipi dri

8. Yon lòt pwoblèm grav pandan gwosès ki pou fè yon fi ansent al nan yon sant sante touswit se:
- Kè boule
 - Varis
 - Figi ak men anfle anpil**
 - Emowoyid
9. Lè yon ajan kore fanmi al vizite yon fi ansent, li ta dwe:
- Wè fi a ap pran sipleman l yo an prezans li pou l asire l li pran yo.
 - Mande l si gen gwo pwoblèm, si li al nan sant sante anvan akouchman, sa l fè pou l rete an sante.**
 - Blame fi a si li pa fè bagay yo jan pou l dwe fè l la pou l ka rete an sante.
 - Touche vant fi a epi koute kè bebe a k ap bat yon fason pou l asire l bebe a ap byen devlope.
10. Ajan kore fanmi yo dwe konseye fi ansent yo pou yo:
- Fè plan pou yo akouche lakay si sant sante a lwen.
 - Fè plan pou yo akouche nan sant sante si gen pwoblèm.
 - Fè plan pou yo akouche nan sant sante si se premye pitit fi a.
 - Fè plan pou akouche nan sant sante nenpòt jan sa ye.**
11. Pou ede fi ansent yo prepare tranche ak akouchman san danje, ajan kore fanmi yo ta dwe:
- Konseye fi a pou l chèche yon matwòn nan kominote li a.
 - Konseye fi a pou l mande fanmi l ak zanmi l ede l.
 - Fè yon plan akouchman ak fi a ak mari l.**
 - Mande fi a pou l al nan sant sante kou tranche a kòmanse.

12. Lè yon fi ansent ap fè plan pou l akouche nan sant sante, l ap bezwen:
- a. Yon moun pou ale avè l
 - b. Kòb pou depasman an si sa nesèsè
 - c. Efè pou li ak pou bebe a
 - d. **Tout bagay sa yo**

SESYON 14 PRE-TÈS 2



Metòd: Evalyasyon



Tan: 30 minit



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- Evalye enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèm yo te diskite nan dezyèm mwatye fòmasyon an.



Preparasyon

- Revize kesyon tèss anvan an.
- Fè kopi tèss anvan an—ase pou chak patisipan plis rèss



Materyèl

- Kreyon oubyen plim pou tout patisipan yo
- Fotokopi tèss anvan an nan Màyèl fasilitatè a



ETAP YO



30 minit

1. Esplike patisipan yo yo pral pase yon lòt “pre-tès” kounye a. Objektif pre-tès sa a se pa pou jije patisipan yo, men pou konprann sa yo konnen deja, epi pou asire w dezyèm pati fòmasyon an satisfè bezwen yo. Pre-tès la ap ede w evalye efikasite fòmasyon sa a tou pou w amelyore pwochen fòmasyon yo.
2. Esplike nan dènye jou pati sa a, patisipan yo ap gen pou pase yon “pòs-tès” final pou asire fòmasyon an kouvri tout tèm enpòtan yon ajan kore fanmi bezwen konnen.
3. Bay chak patisipan yon fotokopi pre-tès la.

4. Anvan pre-tès la, mande patisipan yo konplete enfòmasyon ki anlè tèt chak paj tèks yo (non, dat, sant sante, # idantite AKF, ak dat li te kòmanse travay kòm travayè sosyal nan domèn lasante oubyen AKF). Si yon patisipan pa konn dat egzakt li te kòmanse kòm travayè sosyal nan domèn lasante oubyen kòm AKF, di l pou l ekri ane li kòmanse kòm travayè sosyal nan domèn lasante oubyen kòm AKF epi mete “6” pou mwa a.
5. Esplike ou pral li kesyon sou tèms fòmasyon an byen fò. Patisipan yo ap antoure pi bon repons lan pou chak kesyon pre-tès yo a. Kèk kesyon mande pou patisipan yo deside si yon fraz vrè oubyen fo, epi kèk kesyon mande patisipan yo chwazi pi bon repons ki posib pami yon pakèt lòt repons.
6. Di patisipan yo si yo pa konn repons yon kesyon, yo ka kite l blanch/san repons.
7. Di patisipan yo nou pral reponn premye kesyon an ansanm.
8. Li premye kesyon an ak repons posib yo byen fò. Mande yon volontè reponn, oubyen reponn kesyon an ou menm. Esplike pou yo reponn kesyon sa a, patisipan yo dwe antoure repons sa a nan fèy yo a.
9. Pase rapidman alantou sal la epi tcheke pou w asire patisipan yo make repons premye kesyon an kòm sa dwa.
10. Pran san w pou w li rèss kesyon pre-tès la epi pou w li repons ki posib yo byen fò, youn aprè lòt. Reprann kesyon yo ak repons ki posib yo si sa nesèsè. Aprè w fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
11. Esplike nan fen fòmasyon an, patisipan yo ap pase tèss sa a ankò pou wè ki valè bagay yo aprann nan 2èm pati fòmasyon an. Kon sa w ap revize bon repons yo.



KONSÈY: *Korije pre-tès yo pandan yon poz, piske w ap gen pou w remèt yo bay patisipan yo aprè yo fin pase pòs-tès la nan dènye jou fòmasyon an. Pou tout move repons, pase yon trè anba bon repons lan pou patisipan an ka wè diferans ant move repons yo ak bon repons yo a.*

KOREKTUM PRE-TÈS 2

Non ou : _____ Dat : _____

Sant sante : _____ # idantite AKF an : _____

Ki lè ou te kòmanse travay kòm ajan kominotè polivalan oubyen kòm Ajan Kore Fanmi?

/_____
mwa / ane

Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Ki lè AKF a ta dwe vizite yon manman ak ti bebe ki fèk fèt la?
 - a. Sou 42 jou (6 semèn) aprè akouchman an
 - b. Sou 3 jou aprè akouchman an**
 - c. Sèlman si fi a akouche nan kay
 - d. Sèlman si fi a gen gwo emoraji

2. Ki lè manman an ak bebe ki fèk fèt la ta dwe al nan klinik aprè akouchman?
 - a. Sou 6 semèn aprè akouchman an
 - b. Sou 2 semèn aprè akouchman an
 - c. Sou 3 jou aprè akouchman an**
 - d. Lè fi a gen gwo emoraji

3. Si yon fi ki fèk akouche gen gwo emoraji aprè akouchman an, ou ta dwe:
 - a. Mande l kouche nan kabann jiskaske emoraji a pase.
 - b. Mande l al nan sant sante si emoraji a pa kanpe nan 1–2 jou.
 - c. Asire w l al nan sant sante touswit**
 - d. Fè l yon egzamen fizik pou w konn ki pwoblèm li genyen.

4. Manman yo kapab kenbe bebe ki fèk fèt yo an sante lè yo:
 - a. Ba l tete chak 2–3 è
 - b. Kenbe kò tete yo pwòp
 - c. Mennen bebe a pran vaksen epi fè konsiltasyon
 - d. **Tout bagay sa yo**

5. Kilès nan bagay sa yo ki **pa** yon siy danje pou ti bebe ki fèk fèt?
 - a. Fyèb
 - b. **Mande tete toutan**
 - c. Gen pi blanch oubyen jòn k ap sòti nan kòd tete yo
 - d. Po ak je ki parèt blenn

6. Kilès nan bagay sa yo ki yon siy danje pou ti bebe ki fèk fèt?
 - a. Pa pou pou aprè premye tete a
 - b. Kriye lè l leve
 - c. **Respire vit oubyen ap batay pou jwenn lè**
 - d. Dòmni anpil pandan jounen an

7. Yon fi ta dwe kòmanse bay bebe a tete:
 - a. Lè l rantre sot lopital la
 - b. Sou 1 jou aprè akouchman an
 - c. **Touswit aprè akouchman an**
 - d. Lè bebe a kòmanse mande tete

8. Yon alètman ki reyisi mande:
 - a. **Pozisyon kòrèk ak bon kontwòl**
 - b. Gwo tete olye ti tete
 - c. Bay manje sèlman a tèl lè nan jounen an
 - d. Yon melanj lèt tete ak lèt bebe

9. Ki sa w ta dwe di yon fi ansent ki gen SIDA sou fason pou bay bebe li a tete san danje?
- Li ta dwe bay bebe a lèt bebe si l gen mwayen pou sa epi li ta dwe itilize l ak prekosyon
 - Li pa ta dwe ansent menm kote a
 - Li ta dwe bay bebe a tete sèlman pandan 6 mwa epi li ta dwe pran ARV.**
 - Li ta dwe bay bebe a lèt bèt 1èd tan aprè akouchman an
10. Si yon fi k ap bay pitit tete gen tete gonfle (li santi tete yo di, anfle, epi yo plen anpil), li ta dwe:
- Kontinye bay tete anpil epi mete konprès cho sou tete yo.**
 - Kanpe sou bay tete a jiskaske sentòm yo amelyore.
 - Ralanti sou bay tete a jiskaske sentòm yo amelyore.
 - Kanpe sou bay tete a epi al nan sant sante.
11. Yon mesaj enpòtan pou jèn yo k ap fè bagay epi k ap fè pitit yo se:
- Pa janm fè sèks jiskaske ou marye.
 - Pa itilize kondòm paske moun pral panse ou nan sa k pa sa.
 - Fi yo dwe ansent anvan yo gen 20 tan pou yo ka toujou nan kondisyon pou fè pitit.
 - Itilize kapòt chak fwa w ap fè bagay.**
12. Lè w ap pale ak jèn yo, ou **pa** ta dwe:
- Montre yo kòman pou yo itilize kapòt.
 - Pataje enfòmasyon jenn yo konfiye ou avek paran yo.**
 - Ba yo enfòmasyon sou divès metòd planin famiyal.
 - Fè yo santi yo byen epi fè yo santi ou respekte yo.

SESYON 15

SWEN POU MANMAN KI FÈK AKOUCHE



Metòd: Jwèt



Tan: 1è ak 15 minit



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- q. Defini vizit a domisilyè aprè akouchman ak klinik apr akouchman.
- r. Esplike enpòtans vizit a domisilyè aprè akouchman klinik aprè akouchman.
- s. Site konpòtman ki enpòtan pou sante aprè akouchman epi esplike pou ki sa chak enpòtan.
- t. Rekon t pwobl m grav fi kab genyen pandan premye sem n yo apr akouchman an ki mande swen ijan nan sant sante.



Preparasyon

- Revize enfòmasyon pi ba a sou vizit a domisilyè apre akouchman ak klinik apr akouchman, epi revize swen pou manman ki fèk akouche yo.
- Ekri kesyon jwèt pi ba a sou plizyè gwo f y papye (2 oubyen 3 kesyon sou chak papye) epi kole papye a sou mi tout sal la.
- Divize ase papye an kat pou rive gen 15 papye pou chak ekip ki fòme ak 5–6 patisipan (oubyen itilize ti kat)



Materyèl

- Enfòmasyon ak desen sou swen aprè akouchman pou manman ki fèk akouche nan Liv patisipan an
- Kesyon jw t ki ekri sou gwo fèy papye epi ki kole sou mi an tout sal la
- Papye divize an kat (oubyen ti kat) pou ekip yo
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



ETAP YO



15 minit

1. Di patisipan yo nan entwodiksyon sesyon an:

Yon lòt pati enpòtan nan travay ou se vizite TOUT fi pi bonè posib aprè akouchman an pou w asire w yo menm ak bebe ki fèk fèt la an bòn sante, san bliye al nan konsiltasyon aprè akouchman.

2. Mande patisipan yo jwenn definisyon vizit ak klinik aprè akouchman an nan liv yo a. Mande de volontè li chak definisyon yo byen fò.

3. Mande patisipan yo:

Dapre esperyans ou, èske anpil fi nan kominote w yo ale nan vizit konsiltasyon aprè 3 jou akouchman? Pou ki sa? Pou ki sa yo pa fè l?

4. Di patisipan yo:

Lè w al nan vizit, ou dwe asire w manman an ak bebe ki fèk fèt la ret an bòn sante epi manman an konnen kòman pou ni li menm ni bebe a ret an bòn sante, san w pa bliye al nan klinik 3 jou aprè akouchman an.

5. Esplike pandan sesyon sa a apatisipan yo pral revize sa yon ajan kore fanmi ta dwe fè pandan vizit aprè akouchman yo epi sa yon manman ki fèk akouche ta dwe fè pou l ret an sante.

6. Divize patisipan yo an de ekip 5–6 patisipan pou chak. Esplike pou gwoup la aprann sa fi yo dwe fè pou yo menm ak bebe ki fèk fèt la ret an sante, yo pral jwe yon jwèt.

7. Koupe yon fèy papye an kat bay chak gwoup (oubyen ti kat) ak enpe tep. Mande ekip yo jwenn enfòmasyon sou vizit aprè akouchman yo, klinik aprè akouchman, ak fason manman ki fèk akouche yo ta dwe ret an sante, dekouvri siy danje yo, nan liv yo a. (Si gwoup ou yo gen esperyans, ou kab mande yo jwe jwèt la ak liv yo fèmen). Esplike règ jwèt la:

- Gen kesyon ki kole nan tout sal la.
- Lè m mande nou kòmanse, chèche repons kesyon yo nan liv nou an, ekri repons chak kesyon sou yon moso papye (oubyen ti kat) epi kole repons yo anba chak kesyon.
- Bay yon repons tou kout; jis ekri lide ki koresponn ak bon repons lan.
- Ekip ki reponn tout kesyon yo anvan an ap gen 5 pwen. Ekip ki fini an dezyèm nan ap gen 4 pwen, ekip ki vin aprè l la ap gen 3 pwen, jiskaske n rive sou dènye a.
- Tout ekip yo ap gen 1 pwen pou chak bon repons.
- Ekip ki gen plis pwen an genyen.



30 minit

8. Di ekip yo: Kòmanse! Kontinye sipèvize ekip yo pandan y ap fini, epi kanpe jwèt la lè tout ekip yo fini.



30 minit

9. Ekri rezilta a sou yon gwo fèy papye pou n sonje l epi kole l nan sal la, note pwen yo selon lè ekip yo te fini an.

10. Revize repons yo epi bay chak ekip yon pwen pou chak bon repons.

11. Peze sou enpòtans vizit aprè akouchman an, klinik aprè akouchman an, ak sou siy danje yo. Pran kesyon ki rete sou swen pou manman ki fèk akouche yo epi reponn yo, oubyen mande yon patisipan ki gen esperyans fè sa.

KESYON JWÈT LA

- 1.** Ki lè yon ajan kore fanmi ta dwe vizite yon fi ki fèk fin akouche?
- 2.** Ki lè yon fi ki fèk akouche ta dwe al nan konsiltasyon?
- 3.** Ki manje manman an ta dwe bay bebe li a pandan 6 premye mwa aprè akouchman an?
- 4.** Ki kalite epi ki valè manje yon manman ki fèk akouche ta dwe manje chak jou? Pou ki sa?
- 5.** Ki ti grenn yon manman ki fèk akouche ta dwe pran chak jou?
- 6.** Pou ki sa manman an ak bebe ki fèk fèt la ta dwe dòmi anba moustikè chak swa?
- 7.** Ki pwoblèm yon fi kab genyen nan tete lè li fin akouche? Ki konsèy ou ta dwe ba li?
- 8.** Ki mezi ijyèn yon fi ki fèk fin akouche dwe pran nan bouboun li? Pou ki sa?
- 9.** Pou ki sa fi ki fèk akouche ta dwe panse a planin familyal?
- 10.** Ki kalite metòd familyal yon fi ki fèk akouche ta dwe fè, epi kilès ki kab ede l fè yon bon chwa?
- 11.** Si yon fi ki fèk akouche gen SIDA, ki sa l dwe fè pou li menm ak bebe a ret an sante?
- 12.** Pou ki sa yon fi ki fèk fin akouche bezwen repo plis pase anvan?
- 13.** Ki siy danje ki dwe fè yon fi ki fèk fin akouche al nan sant sante touswit?
- 14.** Pou ki sa yon fi ki fèk fin akouche dwe al nan sant sante touswit si l gen gwo emoraji, fyèv, frison, oubyen doulè, oubyen si likid ki gen move sant ap sot nan boubou l?



VIZIT APRÈ AKOUCHMAN AK KLINIK APRÈ AKOUCHMAN

nan Liv patisipan an



Ajan kore fanmi yo ta dwe vizite tout fi pi bonè sa posib aprè akouchman pou asire yo yo an sante epi y ap ede bebe yo ret an sante.

Definisyon vizit pòs natal an: Yon vizit ajan kore fanmi an rann fi a 3 premye jou aprè akouchman an oubyen plis.

- Yon pati nan vizit la gen tcheke siy danje yo ladan. Egzanp, si manman an gen gwo emoraji oubyen bay lòt siy danje, yo ta dwe mennen l nan sant sante oubyen lopital touswit.
- Si fi a akouche lakay, asire w l al nan sant sante pi bonè posib pou vizit konsiltasyon aprè akouchman an.
- Nan vizit aprè akouchman an, nou jwenn enfòmasyon ak konsèy sou bay tete tou, epi nou jwenn swen pou manman an ak bebe ki fèk fèt la, planin familyal, pwòpte, vaksinasyon pou bebe a, etc.

Ajan kore fanmi an ta dwe vizite fi yo plizyè fwa pandan premye semèn aprè akouchman an, chak semèn nan premye mwa a, aprè sa chak mwa.

Si fi a te akouche lopital, vizite l pi bonè posib aprè l fin rantre lakay li; aprè sa fè suivi nan semèn aprè, epi fè suivi ak vizit woutin chak mwa yo.

Si fi a te akouche lakay, vizite l menm kote l akouche a, oubyen menm kote w konn sa a. Ankouraje l pou al nan sant sante kou li kapab; aprè sa vizite l ankò aprè kèk jou pou w asire w tout bagay anfòm; aprè sa fè suivi ak vizit woutin chak mwa yo.



VIZIT APRÈ AKOUCHMAN AK KLINIK APRÈ AKOUCHMAN

Swit

Lè w ap vizite, asire w manman an ak bebe a ret an sante epi manman an konn ki sa l dwe fè pou li menm ak bebe ki fèk fèt la ret an sante. Li enpòtan pou patnè l ak lòt manm fanmi l konnen sa fi a bezwen pou li menm ak bebe a ret an sante tou.

Definisyon konsiltasyon pòs natal: Yon konsiltasyon ak enfimyè a nan sant sante 3 jou aprè akouchman an.

- Sante manman an ak bebe a kontwole.
- Enfòmasyon ak konsèy bay sou pwoblèm ki vini depi akouchman an (doulè, fyèv, emoraji, eksetera.), bay tete, iminizasyon, planin familyal, eks.



KÒMAN MANMAN KI FÈK AKOUCHE YO TA DWE RET AN SANTE

nan Liv patisipan an

Tete sèlman



Li pi bon pou bay tete sèlman pandan 6 premye mwa lavi tibebe e menm plis toujou. Pa bay bebe a bwè okenn lòt bagay ni manje nan 6 premye mwa yo. Aprè 6 mwa, bebe a ta dwe ap pran tete plis lòt manje.

Menm si yon fi gen SIDA, li kab bay bebe a tete san kè sote depi l te pran medikaman ki rele ARV a pandan gwosès li, nan moman tranche, ak pandan akouchman. Manman an oubyen bebe a bezwen pran medikaman chak jou jiskaske bebe a fini sevre.



KÒMAN MANMAN KI FÈK AKOUCHE YO TA DWE RET AN SANTE

Swit

Gwo emoraji



Kèk emoraji pandan akouchman nòm al. Men si yon fi kontinye bay anpil san aprè l fin pouse bebe a epi aprè mèvant lan fin sòti, oubyen si l ap bay anpil san vif kèk jou aprè akouchman an, sa vrèman grav.


Li dwe al nan sant sante touswit.



KÒMAN MANMAN KI FÈK AKOUCHE YO TA DWE RET AN SANTE

Swit

Konsiltasyon Pòs Natal



Manman ki fèk akouche yo ta dwe al nan sant sante pou yon konsiltasyon 3 jou aprè bebe a fin fèt. Konsiltasyon sa a enpòtan pou asire fi a ap geri, li pa gen okenn pwoblèm epi bebe a pa gen pwoblèm sante.

Menm si manman ki fèk akouche yo santi yo anfòm pou kounye a, men li toujou enpòtan pou yo al fè konsiltasyon sa a.



KÒMAN MANMAN KI FÈK AKOUCHE YO TA DWE RET AN SANTE

Swit

Manje



Fi k ap tete bezwen manje plis manje pase anvan paske kò yo bezwen plis enèji ak manje ki gen nannan pou pwodwi lèt pou bebe a.

Fi k ap bay pitit tete bezwen manje kont manje nan 3 gwoup manje yo chak jou. Piske yo bezwen manje anplis, yo bezwen manje **25% plis** manje kon sa pase anvan. Sa vle di de gwo manje plis manje maten an, oubyen 3 manje konplè pa jou.²²

Ankouraje manman ki fèk akouche yo manje kont manje ki bon pou sante yo epi ki fè pati 3 gwoup manje yo, epi ankouraje yo bwè anpil dlo (fi k ap bay tete bezwen bwè plis), ankouraje yo kontinye pran vitamin anvan akouchman yo, ak ti grenn fè pou yo rete an sante.


²² *Facts for Life*, page 15.



KÒMAN MANMAN KI FÈK AKOUCHE YO TA DWE RET AN SANTE

Swit

Moustikè




Manman ki fèk akouche ta dwe dòmi ak bebe ki fèk fèt la anba moustikè pou yo pa trape malarya. Tibebe yo frajil, kò yo pa gen ase rezistans pou konbat yon seri maladi, tankou malarya ki ka fè yo malad anpil.



KÒMAN MANMAN KI FÈK AKOUCHE YO TA DWE RET AN SANTE

Swit

Pa fè sèks pandan 6 semèn



Lè fi a fin akouche, tann dlo akouchman ak san kanpe avan komanse fè bagay. Si fi a fe bagay oswa foue dwèt li nan bouboun li avan san kanpe, li pi fasil pou l trape enfeksyon.

Ou dwe konseye fanmi yo pa fè sa, epi esplike yo pou ki sa.



KÒMAN MANMAN KI FÈK AKOUCHE YO TA DWE RET AN SANTE

Swit

Pwoblèm ak tete yo



Yon fi kab gen doulè oubyen enfeksyon nan tete. Si sa rive l, li ka gen youn nan pwoblèm sa yo. Li vrèman enpòtan pou fi a kontinye bay tete an menm lè l gen pwoblèm sa yo, epi pou l al nan sant sante. Ou ka bay tete san ris menm lè w gen pwoblèm sa yo:

- **Maleng oubyen tete ki fann:** Met enpe lèt tete sou yo epi kite l sèch; kite tete a pran lè ak solèy; pa pase savon oubyen krèm sou tete yo; si tete yo pa anfòm nan 2–3 jou, al nan sant sante.
- **Tete gonfle:** Tete yo sanble plen anpil, yo anfle, yo di, yo lou, oubyen yo cho. Mete yon konprès demi mouye ki cho sou tete yo epi bay bebe a tete pi lontan epi pi souvan.
- **Tiyo lèt la bouche:** Gen yon boul sansib ki fè w mal sou tete yo epi alantou pwent tete a wouj. Kontinye bay tete ak tete ki malad la, chanje bebe a pozisyon, epi mete konprès tyèd sou tete yo plizyè fwa nan jounen an pandan 20 minit oubyen plis.
- **Enfeksyon nan tete:** Tete a oubyen tete yo wouj, yo sansib anpil, yo anfle, ou santi l cho epi kèk fwa l grate w. Manman an kab gen fyèv, doulè, epi li ka anvi vomi. Al nan sant sante touswit.
- **Bòkè (chanklèt) nan bouch bebe a ak sou tete yo:** doulè nan pwent tete yo pou plis pase yon semèn, gratèl, tete a ap lanse w. *Netwaye pwent tete yo epi netwaye bouch bebe a ak dlo pwòp yon fwa pa jou.* Si pwoblèm nan pa rezoud aprè kèk jou, al nan sant sante.



KÒMAN MANMAN KI FÈK AKOUCHE YO TA DWE RET AN SANTE

Swit

Pwòpte Vajen (Bouboun)



Byen benyen epipa fè twalèt de ba plis ke 3 fwa nan jounen. Sa ka mennen enfeksyon epi sa ka mete fi a nan sitiyaasyon pou l trape enfeksyon pi fasil.

Fì yo ta dwe sèvi ak dlo fre, ki pwòp, ki trete ak savon pou fè twalèt de ba yo.

Yo pa ta dwe eseye lave anndan bouboun an ak gwo dlo oubyen ak dwèt yo. Yo pa ta dwe lave l pi souvan pase 2 a 3 fwa pa jou.

Fì yo kab sèvi ak yon bwat savon vid plen dlo pwòp pou vide sou pati siperyè yo, sot anlè desann anba aprè chak fwa yo fin benyen.

Gen kèk dlo ki sòti nan bouboun fi yo ki nòmral. Li enpòtan pou w esplike fi yo ak patnè yo sa pou enpeche fi yo lave bouboun yo twòp.



KÒMAN MANMAN KI FÈK AKOUCHE YO TA DWE RET AN SANTE

Swit

Plànin familyal



Yon fi ki fèk fin akouche, bebe li a, ak fanmi li ap ret an sante si fi a tann pipiti 2 zan pou l gen yon lòt timoun. Fè fi yo konnen kòman planin kab ede fanmi an ret an sante ak metòd ki disponib nan planin familyal. Ede fi a devlope yon plan sou planin familyal li pral adopte aprè akouchman an ak kòman l ap fè pou l jwenn metòd la.

Gen kèk Plànin familyal f a pa ta dwe itilize lè lap bay tete, men gen plizyè lòt metòd fi a ka chwazi.

Fè fi yo sonje gen yon metòd planin bay tete. Toutotan l ap bay bebe a tete sèlman san ji ni lòt manje, li pa gen règ, bebe a poko gen 6 mwa.


Yon fwa fi a kòmanse gen règ li ankò, li kab ansent epi li ta dwe itilize yon metòd planin familyal pou evite yon gwosès li pa t swete.



KÒMAN MANMAN KI FÈK AKOUCHE YO TA DWE RET AN SANTE

Swit

ARV²³



Tout bebe yon fi ki gen SIDA akouche bezwen pran medikaman ki rele ARV a depi lè l fèt epi chak jou pandan 6 premye semèn li fèt la. Tout manman ki fèk fin akouche ki gen SIDA ta dwe pran ARV a tou chak jou pandan l ap fè alètman, li dwe pran l pandan tout lavi l. Sa ede l pwoteje bebe a kont SIDA pandan l ap bay tete a.

Chans pou trape SIDA nan lèt tete a diminye nèt si:

- Manman an an sante
- Manman an ap pran ARV
- Bebe a ap pran ARV (siwo nevirapin) chak jou depi l fèt jiska 6 semèn
- Bebe a bwè lèt tete pi lontan posib depase 6 mwa (tete sèlman), epi w pa melanje l ak lòt manje
- Prevansyon fèt pou enfeksyon nan tete epi si sa rive w trete touswit tout pwoblèm manman gen nan tete
- Bòkè (chanklèt) nan bouch bebe a trete touswit

Asire w manman ki gen SIDA yo angaje nan pwogram swen ak tretman epi asire w bebe yo a ap suiv nan klinik. Manman ki fèk akouche ki gen SIDA bezwen plis sipò pou pran medikaman pa yo epi pou bay bebe a medikaman korèkteman, an menm tan, chak jou.

23 Colton, T., Costa, C., Twyman, P., Westra, L., & Abrams, E. (2009, updated in 2011). *Greater involvement of people living with HIV in PMTCT and care and treatment programs: Comprehensive peer educator training curriculum*. New York, NY: Columbia University, ICAP.



KÒMAN MANMAN KI FÈK AKOUCHE YO TA DWE RET AN SANTE

Swit

Repo



Kò yon fi bezwen geri aprè akouchman. Li itilize anpil enèji pou l pwodwi lèt pou bebe a tou. Li bezwen repo. Lòt manm fanmi an ta dwe ede l ak travay nan kay yo epi ak lòt travay toujou.



DANJE!

nan Liv patisipan an



Mennen fi a nan sant sante touswit si l gen nenpòt nan siy danje sa yo:

- Ap bay anpil san aprè akouchman
 - Li mouye plis pase 2 kotèks oubyen plis pase 2 twal lenj nan 1èd tan premye jou aprè akouchman
 - Li mouye plis pase 1 kotèks oubyen plis pase 1 twal lenj nan 1èd tan aprè premye jou a
 - Li gen yon ti flo san k ap kontinye
- Fyè ak frison
- Doulè ak vant sansib
- Likid ki gen move sant k ap sot nan bouboun an

Si yon manman ki fèk akouche gen nenpòt nan siy danje yo, li ka gen yon enfeksyon nan matris oubyen enpe nan mèvant lan kab ret anndan l. **Sitiyasyon sa yo prezante gwo danje.** Fi a ka vin pa ka fè pitit oubyen li ka mouri si sa yo pa trete touswit.

SESYON 16

SWEN POU BEBE KI FÈK FÈT



Metòd: Etid ka ak aktivite nan ti gwoup



Tan: 2 è



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- u. Nonmen konpòtman ki enpòtan pou kenbe ti bebe ki fèk fèt an santé, epi y ap kapab esplike poukisa yo chak enpòtan.
- v. Montre kòman pou pran swen yon bebe ak jan pou yo netwaye kòd lonbrik li.
- w. Konnen pwoblèm grav ak siy danje yon timoun ki fèk fèt kapab genyen premye semèn li fèt yo ki bezwen atansyon rapid nan sant santé.



Preparasyon

- Revize enfòmasyon sous wen bebe ki fèk fèt ak etid ka ki anba yo.
- Sanble foto koulè kòd lonbrik (seri imaj oswa foto enprime), 3 foto kòd lonbrik nòmal ak 3 foto kòd lonbrik ki gen enfeksyon.
- Jwen alkòl yo konn netwaye ak twal gaz, oswa yon twal pwòp pou fè demonstrasyon ak pratik swen kòd lonbrik.



Materyèl

- Enfòmasyon sou bebe ki fèk fèt ak etid ka nan Liv patisipan an.
- 6 foto koulè kòd lonbrik (seri imaj oswa foto enprime). 3 nòmal ak 3 ki gen enfeksyon
- Alkòl yo netwaye
- Twal gaz oswa twal pwòp
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



ETAP YO



35 minit

1. Nan entwodiksyon an, di patisipan yo:

Lè ou vizite bebe ki fèk fèt y o ak manman yo, ou dwe asire w manman yo kenbe yo an sante. Ou dwe ede manman yo pou yo aprann wè siy danje ki mande atansyon rapid nan sant sante tou. Ou pral aprann sa kounya.

2. Divize patisipan yo an 5 ti gwoup (gwoup ki diferan ak sesyon anvan yo).

- Esplike travay ti gwoup yo.
- Li etid ka ou te bay la ak ti gwoup ou a. Li li fò e asire w tout manm gwoup yo konprann. Chache repons kesyon ki nan etid ka a, pandan w ap li enfòmasyon sou bebe ki fèk fèt ak siy danje yo nan liv nou an.
- Mande yon manm nan gwoup la pou l ekri repons yo nan kaye l.
- Chwazi yon manm nan gwoup la pou prezante gran gwoup la rapò travay la
- Nou ap gen 30 minit pou fè travay sa a.

3. Bay ti gwoup yo 30 minit pou yo travay. Lè gwoup yo ap travay, mache vizite yo, e asire w gwoup yo konprann travay la, epi y ap vanse.



1 è

4. Mande gwoup yo pou yo kanpe travay la. Mande reprezantan gwoup etid ka pase devan pou l prezante repons kesyon gwoup li a. Mande lòt patisipan yo konfime repons yo oswa korije yo sis a nesesè. Kontinye prezantasyon ak diskisyon an pannan 10 minit.

5. Itilize menm metòd la pou etid ka ki rete yo.



25 minit

6. Mande patisipan yo:

- Eske gen yon moun la a ki gen esperyans nan okipe lkòd lonbrik bebe ki fèk fèt? Ki sa nou fè pou n kenbe l pwòp? Konbyen lanbrikla te pran pou l tonbe?
- Si gen enfeksyon anndan souch kòd lonbrik la oswa sou kote, ak ki sa li ta sanble ?

7. Di patisipan yo:

Sa enpòtan pou manman yo konnen kòman pou yo kenbe kòd lonbrik bebe yo pwòp, ak kòman pou yo konnen siy enfeksyon yo. Ajan Kore fanmi yo dwe montre manman yo rekonèt siy enfeksyon yo, epi yo dwe montre yo kenbe kòd lonbrik la pwòp, sèch. Kòd lonbrik la ap vin nwa, epi l ap tonbe nan premye semèn nan.

8. Bay chak ti gwoup (menm ti gwoup avan yo) youn nan foto kòd lonbrik yo. Esplike yo travay la.

- Gade foto a pannan yon ti tan, e di si souch la sanble gen enfeksyon oubyen non. Si nou panse li sanble gen enfeksyon, youn di lòt ki siy enfeksyon nou wè.
- Yon manm gwoup la dwe anrejistre nimewo foto a nan kaye l, epi l ap ekri “gen enfeksyon” oswa “pa gen enfeksyon” bò kot nimewo a.
- Apre sa, bay gwoup ki agoch ou a foto w la.
- Gwoup adwat ou a ap ba ou foto pa yo a.
- Itilize menm metòd la pou tout foto yo.

9. Lè tout gwoup fin gade foto yo, chak gwoup ap idantifye sa ki “gen enfeksyon” oswa “pa gen enfeksyon,” e y ap di siy enfeksyon yo wè. Konfime repons yo oswa korije sa ki merite korije, e revize siy enfeksyon yo avèk yo.

Kòd la ap wouj oswa li ap gonfle, oswa l ap gen pi (likid blan oswa jòn), oswa kòd la ap senyen oswa l ap bay move sant.

10. Mande patisipan yo pou yo rasanble. Fè demontre sou kòman yon manman dwe pwòpte souch kòd lonbrik bebe a avèk alkòl ak twal pwòp sou bra yon volontè oswa yon poupe.

Sante moun k ap fè pitit

11. Mande patisipan yo pou yo mete yo 2 pa 2 ak yon moun ki tou prè, pou yo pratike netwayaj la, kòm se yon manman yo tap montre kòman pou l fè l. Mache vizite yo, e ede yo si yo gen bezwen.
12. Pran nenpòt kesyon ki rete ki konsène bebe ki fèk fèt, e bay repons apwopriye, oswa mande yon patisipan ki gen esperyans fè sa.



Vizit apre akouchman



Ajan Kore Fanmi yo dwe vizite tout fanm apre yo fin akouche nan mezi sa posib, pou asire yo an santé e asire yo bebe ki fèk fèt la ansante.

Ajan Kore Fanmi yo dwe vizite manman yo ak bebe yo anpil fwa pandan premye semèn apre akouchman, chak semèn pandan premye mwa a ak chak mwa.

Lè w fè yon vizit, asire w manman an ak bebe li a rete an santé, epi manman an konnen kòman pou l kenbe tèt li ak bebe li a an santé. Sa enpòtan tou pou mari li ak lòt manm fanmi an konnen sa manman an bezwen pou l kenbe tèt li ak bebe a an sante.



Bay tete sèlman



Bebe ki fèk fèt dwe tete kèlkeswa lè li vle. **Chak 3 zèd tan pou pi piti, epi 8 fwa pa jou pou pipiti.** Pi fò bebe yo pral vle manje pi souvan pase sa nan 2 premye mwa yo. Manman yo dwe kenbe bebe yo tou prè yo pandan lannwit ak pandan lajounen tou tan sa posib. Yo dwe kite bebe yo tete toutotan yo vle. Plis bebe a tete, plis manman an ap bay lèt.

Bebe yo vle tete lèt lè yo grangou, lè yo swaf ak lè y ap goumen ak yon malady, lè y ap grandi anpil oswa lè yo vle santi yo byen. Si manman yo pa sèten sa bebe a bezwen, yo dwe eseye ba l tete

Sonje: Bebe yo pa bezwen okenn lòt manje ni likid ki pa lèt ki sot nan tete pou 6 premye mwa yo, menm dlo yo pa bezwen! Lè nou bay bebe yo lòt manje oswa likid nan 6 premye mwa yo, sa ka fè yo malad, paske bebe a pran mwens lèt tete, epi paske manman an pwodwi mwens lèt.



Pipi ak pou pou



Bebe yo dwe pipi regilyèman. Yo dwe pou pou yon fwa chak jou pou pi piti. Lè bebe yo tou piti, sa ka pran tan pou bebe yo gen yon lè fiks. Nouvo manman yo dwe swiv lè bebe yo pipi ak lè yo pou pou byen, si sa posib.

Si bebe a pa pipi, si li pa pou pou regilyèman, manman l dwe eseye ba l tete pi souvan. Sa enpòtan pou n pa kite bebe yo pèdi dlo. N ap reyisi lè nou ba yo tete souvan.




Chalè kò



Vlope yon bebe, kenbe li, ede nou kenbe kò l cho epi an sante. Pi bon mwayen pou kenbe bebe a cho se kite l an kontak ak kò manman l. Papa yo ka gen ti tan pa yo pou kò yo an kontak ak kò bebe yo tou.

Moustikè



Jenn manman yo dwe dòmi. Yo dwe repoze anba moustikè avèk ti bebe ki fèk fèt yo, pou yo pa trape malarya. Sistèm defans ti bebe ki fèk fèt yo poko devlope, e malarya kapab fè yo malad anpil.



Kòd lonbrik²⁴

Sa enpòtan pou manman yo konnen kòman pou kenbe kòd lonbrik ti bebe yo pwòp, epi pou yo rekonèt siy enfeksyon yo.

Montre manman yo kenbe kòd lonbrik sou bebe a pwòp epi lave l. L ap vin nwa, e l ap tonbe nan premye semèn nan.

Swen kòd lonbrik la



- Netwaye kòd lonbrik la avèk alkòl ak yon twal pwòp chak lè w ap chanje kouchèt.
- Ou pa bezwen kouvri l ak anyen, toutotan pa gen mouch ak pousyè.
- Pou pwoteje l kont mouch ak pousyè, itilize yon moso twal gaz oswa twal pwòp pou kouvri l san w pa sere l.
- Chache pou n wè si gen koulè wouj oswa pij sou kote kòd la pou nou kontwole si gen enfeksyon.
- Pa benyen bebe a nan kivèt jiskaske kòd la tonbe (paske kòd la dwe rete sèk).
- Si kòd lonbrik la wouj oswa anfle oubyen l ap bay pij (dlo blan oswa jòn), oswa si l ap senyen oswa l ap bay move sant, pote bebe a nan sant sante paske se kapab yon gwo enfeksyon.


²⁴ *Where women have no doctor: A health guide for women. Page 95.*



Si kòd lonbrik la gen enfeksyon, bebe a ka gen **tetanòs**. Sa se yon ijans. Men sa ki pwouve bebe a gen tetanòs:

- Lafyè
- Pa kapab rale lèt nan tete a
- Kriye tout tan
- Souf anlè
- Kòd rèd

Vaksinasyon ak konsiltasyon




Tout bebe bezwen konsiltasyon tanzantan nan sant sante, menm si yo an sante. Manman yo ak bebe yo bezwen ale nan sant sante pou pran swen apre akouchman **pandan 3 premye jou apre ti bebe a fin fèt**. Enfimyè a ap konsilte manman an ak bebe a nan klinik apre akouchman an, e l ap vaksinen bebe a si sa nesèsè.

Bebe a bezwen vaksen pou l rete sante—lè li fèt, 6 semèn, 9 semèn, 14 semèn ak 19 mwa. Si bebe a pa fèt nan lopital, manman l dwe ale nan sant sante avè l pou vaksine l kou manman an kapab fè trajè a.



Bebe ki riske pran VIH



Tout bebe yon man ki gen VIH la fè bezwen pran medikaman ki rele ARV depi lè li fèt la, chak jou pandan 6 premye semèn li. Manman an dwe pran ARV tout tan l ap bay bebe a tete epi pou tout rès vi li. Sa ap ede l pwoteje bebe a kont VHI lè l ap tete.

Bebe ki riske pran VIH pandan gwosès ak nan moman akouchman yo bezwen kòmanse pran medikaman ki rele Kotrimokzazòl tou jouk yo gen 6 semèn. Yo kapab fè tès pou yo 6 semèn apre yo fin fèt.

Asire nou manman ki gen VIH swiv nan pwogram PTME epi yo menen tibebe yo nan konsiltasyon tazantan. Bebe ki riske pran VIH yo dwe ale konsilte tout tan, yo dwe vaksinen a lè yo prevwa pou sa.



Yo dwe mennen bebe a nan sant sante a rapid si li gen youn nan siy danje sa yo:

- Siy enfeksyon, ak tetanòs tou:
 - Lafyèv (depase 37.5C) oswa tanperati ba (pi ba pase 35.5C)
 - Tete vit (plis pase 60 rale chak minit)
 - Mal pou respire
 - Pa kapab souse tete byen oswa pa pran tete menm
 - Yon bann bouton oswa boul anvayi l (ti bouton yo nòmral)
 - Mal pou reveye nan dòmi, pa ka leve pou manje
 - Pa twò fè mouvman
 - Kò rèd
 - Kriye tout tan
 - Pij wouj oswa jòn, san oswa dlo ki gen move sant ki soti nan kòd lonbrik la
- Siy lè ti bebe a ap pèdi dlo:
 - Pipi mwens oswa pipi fonse, pipi a santi di
 - Bouch ak lang sèch
 - Je l oswa po l sanble pal
 - Bouton mou ki gen dlo nan tèt li
- Vomi tout tan, rejte lèt, oswa vomi san
- Je jòn ak po jòn ki dire (siy lajonis)
- Popyè je wouj oswa gonfle avèk pi ak san (Siy enfeksyon nan je)

Tout se siy danje. Yo dwe mennen bebe a nan sant sante touswit. Ale ak ni manman an ni bebe li a, si sa posib.

25 *Where women have no doctor: A health guide for women.* Page 95.

26 The Hesperian Foundation (2012?). *New where there is no doctor: advance chapters. Chapter 23: Newborn babies and breastfeeding.* Berkeley, CA: The Hesperian Foundation. Pages 12-18.



ETID KA BEBE KI FÈK FÈT

nan Liv patisipan an

ETID KA 1

Rose fè bebe li a nan sant sante, e li tounen lakay li avè l. Li ba l tete souvan, pou pi piti 8 fwa chak jou. Bèlmè li di l pou l bay bebe a dlo paske li fè cho, men, Rose pa sèten li dwe fè sa. Li pa vle pou dlo a pa pwòp ase. Men, pou l kalme bebe a, li pa dòmi avè l anba moustikè, piske moustikè a fè l pi cho lannwit.

Bebe Rose la sanble an sante e li kontan premye jou a, men nan dezyèm jou a, li reveye avèk lafyèv. Zòn sou kote kòd lonbrik la sanble wouj epi li gonfle, genyen pij ladan. Sant sante a travay demi jounen pa jou, Rose decide rete tann pou l wè si bebe a va fè mye nan jou k ap vini yo. Si li pa fè mye, l a ale al nan sant sante a.

- Ki sa manman an fè ki bon pou l kenbe bebe a an sante?
- Ki sa ki rive ki kapab bay bebe a pwoblèm, epi ki sa manman an ta dwe fè yon lòt jan?

ETID KA 2

Marie Claire akouche lakay li depi 2 jou. An janvyè, li fè frèt. Poutèt sa, Marie Claire vlope bebe li a pou l kenbe kò l cho, epi li dòmi avèk yon dra anba moustikè a.

Marie Claire santi l byen men li pè pou bebe a. Bebe a te sanble anvi dòmi anpil, li pa t vle reveye l pou ba l tete. Bebe a tete 6 fwa oswa plis depi lè Marie Claire vin nan kay la. Marie Claire panse sa ta kapab ase, piske li pa wè bebe a sanble grangou. Li pa chanje kouchèt bebe a souvan, piske bebe a sanble pa ni pipi twòp ni pou pou twòp. Bouch bebe a sanble sèch, Marie Claire mande tèt li si li dwe bay bebe a yon ti dlo. Marie Claire planifye pou mennen bebe a nan sant sante nan youn oswa 2 semèn si bebe a pa fè mye.

- Ki sa manman an fè ki bon pou l kenbe bebe li a an sante?
- Ki sa ki pase ki kapab bay bebe a pwoblèm, epi ki sa manman an dwe fè yon lòt jan?



ETID KA 3

Tatyana akouche lakay li depi 1 jou. Li pa dòmi ak bebe a anba moustikè jan sè li a te di l pou l fè a, li ba l tete lè li wè l sanble grangou, li chanje kouchèt bebe a souvan piske li sanble pipi regilyèman. Apre premye pou pou bebe Tatyana a, li vle pwòpte bebe a byen. Kon sa, li prepare yon kivèt dlo, li benyen l ladan.

Tatyana santi l byen, bebe a sanble byen tou. Kon sa, li pa fè lide mennen bebe a nan sant sante anvan mwa pwochen, lè tonton l vin wè l pou ba l yon woulib.

- Ki sa manman an dwe fè pou kenbe bebe li a an sante ?
- Ki sa ki kapab bay bebe a pwoblèm, epi ki sa manman an dwe fè yon lòt jan?

ETID KA 4

Emeline gen VIH. Poutèt sa, li akouche lopital, kote li jwenn medikaman pou bebe li a. Li tounen lakay li apre 2 jou. Emeline te pran ARV chak jou pandan 1 ane, epi li kontinye fè sa jouk kounya. Li bay bebe a medikaman li te resevwa nan lopital la tou.

Bebe a resevwa premye seri vaksen li nan lopital la, li te kriye anpil. Emeline di manman l sa, manman an konseye l pa bay bebe a vaksen ankò. Li di pètet bebe Emeline nan ka gen VIH la tou, e vaksinasyon kapab fè bebe a malad plis. Sa fè Emeline pè. Poutèt sa, li deside swiv konsèy manman li an.

- Ki sa pou manman an fè ki byen pou l kenbe bebe a an sante?
- Ki sa ki pase ki kapab bay bebe a pwoblèm epi ki sa manman an dwe fè yon lòt jan?



ETID KA BEBE KI FÈK FÈT

nan Liv patisipan an

ETID KA 5

Yvonne akouche nan yon sant sante, epi li vin lakay li depi kèk jou. Se premye bebe li, li vle yon bon manman. Li eseye ba l tete, jan yo te di l la, men bebe a sanble pa renmen tete. Li sanble fache, e li pa gen ase lèt. Yvonne deside bay bebe a dlo paske li sanble swaf.

Yvonne pa t chanje kouchèt bebe a twò souvan, piske l poko pou pou. Men, li chanje pansman ki sou kòd lonbrik la chak jou jan enfimyè a te di l la.

Sou 3zyèm jou apre li vin lakay li, bebe a kòmanse kriye anpil e Yvonne pa kapab fè l pe. Li eseye met tete li nan bouch bebe a, men, bebe a refize souse. Li krent pou se pa cho bebe a cho. Kon sa, li benyen bebe a nan yon kivèt dlo fre. Bebe a kontinye kriye pi plis. Sant sante a lwen anpil, Ivòn deside l ap tann yon lòt jou oswa 2 pou l wè si bebe a ap fè mye.

- Ki sa manman an fè ki byen pou kenbe bebe a an sante ?
- Ki sa ki pase ki kapab bay bebe a pwoblèm epi ki sa manman an dwe fè yon lòt jan?

SESYON 17

LIS BAGAY POU VIZIT KAY MANMAN AK TIBEBE KI FÈK FÈT



Metòd: Diskisyon nan gran gwoup ak ti teyat



Tan: 1 è d tan ak 15 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

x. Sèvi ak lis kòrèkteman lè yo vizite manman ak tibebe ki fèk fèt.



Preparasyon

- Revize lis bagay pou vizit kay manman ak tibebe ki fèk fèt yo a ak ti teyat ki pi ba yo.
- Fotokopi lis la (1 kopi pou chak patisipan).



Materyèl

- Lis bagay pou vizit kay manman yo ak tibebe ki fèk fèt yo a nan Liv patisipan an
- Fotokopi lis la (1 per patisipan)

**ETAP YO**

15 minit

1. Di patisipan yo:

Nou aprann anpil bagay sou wòl enpòtan ajan kore fanmi yo jwe nan vizite manman ki fèk akouche ak tibebe ki fèk fèt ak sou fason pou nou kore yo. Ki sa nou aprann jiska prezan?

(Ajan kore fanmi dwe:

- *Al vizit manman ki fèk akouche yo ak tibebe yo apre akouchman.*
- *Ede manman ki fèk akouche rete an sante epi ede yo kenbe tibebe yo an sante.*
- *Ankouraje manman yo ale lopital pou sèvis sante apre akouchman ak tout tibebe yo.*
- *Ede manman yo rekonèt siy danje ki mande ale nan sant sante touswit yo.)*

2. Esplike gen anpil bagay ajan kore fanmi yo bezwen sonje fè lè y ap fè vizit domisilyè anvan akouchman kay manman ak tibebe. Gen yon lis ajan kore fanmi yo dwe sèvi avè l pou ede yo sonje sa yo dwe yo fè.

3. Mande patisipan yo chèche lis bagay pou vizit kay manman ak tibebe ki fèk fèt yo a nan liv yo a.

4. Mande kèk patisipan ki vle pou yo li chak pwen nan lis la byen fò pou gran gwoup la.

5. Pran yon poz apre yo fin li chak pati nan lis la byen fò. Mande si gen kesyon sou sa ki di nan pati sa a.

- 6.** Esplike patisipan yo yo pral jwe yon ti teyat a de kounye a pou fè pratik sou jan pou yo sèvi ak lis la. Mete patisipan yo de a de (pa men gwoup de anvan yo). Bay yo chak yon fotokopi lis la. Esplike yo sa yo gen pou fè:
- Ou menm ak kamarad ou a, nou pral krewe yon ti teyat tou kout k ap dire 3–5 minit koze vizite manman ak tibebe l ki fèk fèt. M ap bay ti teyat yo toutalè.
 - Chwazi kilès ki pral jwe wòl ajan kore fanmi an epi kilès ki pral jwe wòl manman an.
 - Chèche enfòmasyon sou bon fason pou pale nan liv nou an, teknik pou koute moun, ak chanjman konpòtman epi sèvi avè yo pandan n ap jwe ti teyat la.
 - Ajan kore fanmi an ta dwe sèvi ak lis pou lè y ap vizite manman ak tibebe ki fèk fèt la epi pou l ranpli l pandan ti teyat la. Li ta dwe poze kesyon epi li ta dwe koute pou l konn nan ki pwèn fi a ye, ki plan li genyen ak ki plan li pa genyen, ki difikilte li genyen pou li menm ak tibebe l la rete an sante.
 - N ap gen 30 minit antou pou n fè plan ti teyat nou an epi pou n jwe l ti teyat nou an pa ta dwe dire plis pase 10 minit kon sa.
 - M ap chwazi youn nan gwoup de yo pou jwe ti teyat la devan gran gwoup la, men mwen poko ap di ki gwoup de.
- 7.** Mande patisipan yo chèche ti teyat yo nan liv yo a. Bay chak gwoup de yo youn nan ti teyat yo.



30 minit

- 8.** Mande gwoup de yo kòmanse travay. Pandan gwoup y ap travay, mache nan sal la, gade, epi ede si sa nesèsè. Chwazi yon gwoup de pou li jwe pyès la devan tout gran gwoup la. Avèti gwoup de yo lè yo rete 15-, 5-, ak 1-minit pou yo fini.



30 minit

- 9.** Mande gwoup de yo sispann travay. Poze patisipan yo kesyon ki pi ba yo epi pran divès repons:
- Ki sa nou reyalize pandan nou t ap jwe ti teyat la?
 - Ki sa ki te pi byen pase ? Pou ki sa?
 - Ki sa ki te pi difisil? Pou ki sa?

- 10.** Mande gwoup de ou te chwazi a pou l pase devan epi pou prezante l ti teyat yo
- a. Bay 10 minit kon sa pou jwe ti teyat la. Apre ti teyat, mande patisipan yo aplodi, apre sa mande moun ki t ap jwe pyès yo ale chita.
- 11.** Poze patisipan yo kesyon ki pi ba yo epi ankouraje yo fè yon ti diskisyon tou kou tepi pou yo bay reyaksyon ki pozitif:
- Ki sa ajan kore fanmi an te di oubyen fè ki ka bay bon rezilta?
 - Ki sa ajan kore fanmi te fè pou ankouraje chanjman konpòtman?
 - Ki sa ou t ap fè yon lòt jan si ou ki te ajan kore fanmi ki t ap vizite manman an nan ti teyat sa a? Pou ki sa?
- 12.** Si ou gen yon ti tan an plis, mande chak patisipan pou yo chèche yon lòt moun mete avèk yo pou yo fè yon lòt ti teyat. Y ap sèvi ak lis la ak sa yo te aprann nan diskisyon sou premye ti teyat la pou yo fè l. Moun ki te jwe wòl ajan kore fanmi yo ta dwe jwe wòl fi ansent kounye a.
- 13.** Resevwa tout lòt kesyon ki pou wè ak zafè vizite fi ansent epi bay repons ki kòrèk, oubyen mande yon patisipan ki gen esperyans reponn.



VIZITE MANMAN AK TIBEBE KI FÈK FÈT

nan Liv patisipan an

Vizit ki nesèsè

- Sou 3 premye jou apre akouchman yo
- Plizyè fwa nan premye semèn apre akouchman an
- Chak semèn pandan premye mwa a
- Chak mwa apre sa

Premye vizit

Sante manman

- Esplike manman an ak mari li oubyen lòt manm fanmi an siy danje ki mande ale nan sant sante touswit yo: emoraji, fyè, frison, vant fè mal, dlo ki gen move sant k ap soti nan bouboun.
- Mande manman an si li gen youn nan pwoblèm grav sa yo. Si li genyen, fè plan pou li pou l ale nan sant sante pi vit posibil. Ale avèk li si sa nesèsè.
- Mande manman an ak mari li oubyen lòt manm fanmi an kòman fi a ap rive al nan sant sante nan demen oubyen nan de jou si li ta gen youn nan pwoblèm grav sa yo. Ede yo fè yon plan. Ekri plan an la a:

- Mande manman an ak mari li oubyen lòt manm fanmi an ki sa manman an fè pou l ka rete an sante.
- Di yo ki sa manman ki fèk akouche ta dwe fè pou yo ka rete an sante (akote sèvis sante apre akouchman an).

**VIZITE MANMAN AK TIBEBE KI FÈK FÈT**

Swit

- Mande kòman manman an ap ka fè bagay sa yo. Bay ki sa li menm ak lòt manm fanmi an pral fè pou rive fè bagay sa yo anvan pwochen vizit ou a:
 - Bay tete sèlman
 - 3 manje konplè chak jou ki gen manje ki pou bati kò, manje ki bay fòs ak enèji, manje ki pwoteje kò
 - Sipleman (miltivitamin, fè)
 - Moustikè
 - Pa fè bagay lè san ak dlo nan bouboun nan poko kanpe
 - Ijyèn bouboun
 - PTME si sa nesèsè
 - Planin (gade pi ba a)
 - Repo
- Poze manman an ak mari l kesyon pou ou ka konnen kòman yo fè zafè planin nan. Ede manman an ak mari l konnen sa yo ap gen pou yo fè pou yo fè planin si yo dakò ak lide a.

Sèvis sante apre akouchman

- Mande si manman an ale nan sèvis sante apre akouchman deja epi gade kat li.
- Si manman an poko ale, poze kesyon pou ou konnen ki anpechman ki genyen epi ki mwayen ki genyen pou pran kontwòl difikilte sa yo.
- Esplike sa ki fè sèvis sante apre akouchman enpòtan ki fè manman an ta dwe dwe menmen tibebe li a pi vit posib (nan twa premye jou apre akouchman yo).
- Ede manman an ak mari li oubyen lòt manm fanmi an konnen ki lè pral nan sèvis sante apre akouchman epi kòman li sa a ap fèt. Ekri plan an la:

- Esplike manman an ak mari li oubyen lòt manm fanmi an lè vizit sèvis sante apre akouchman yo. Ede yo fè yon plan pou ale fè tout vizit yo. Ekri plan an la:



Sante tibebe ki fèk fèt

Siy danje

- Esplike manman an ak mari li oubyen lòt manm fanmi an siy danje ki mande ale nan sant sante touswit. Mande ou wè tibebe a ou menm epi pou ou gade l:
 - Siy enfeksyon, ak tetanòs:
 - Fyèb (plis pase 37.5° C) oubyen tanperati ba (pi ba pase 35.5° C)
 - Souf wo (plis pase 60 respirasyon pa minit)
 - Mal pou respire
 - Pa ka rale tete a oubyen pa manje
 - Bouton sou tout kò ak anpil ti bouton oubyen klòk (ti bouton yo nòmal)
 - Pa manje
 - Gen pwoblèm pou reveye, pa ka reveye pou manje
 - Pa jwe
 - Kò rèd
 - Kriye san rete
 - Pi blanch oubyen jòn, san oubyen dlo ki gen move sant k ap soti nan tèt lonbrik
 - Kriz (pèd konesans ak jigote)
 - Siy ki moutre li pèdi anpil dlo:
 - Pipi mwens oubyen pipi fonsè, pipi ki gen gwo sant
 - Bouch ak lang sèch
 - Je oubyen po pal
 - Kote nan tèt li ki mou epi ki fon
 - Li ap vomi vire tounen epi li rejte lèt oubyen li vomi san
 - Je ak po jòn pandan lontan (siy lajonis)
- Pòpyè l wouj oubyen anfle ak pi ki gen san
- Si tibebe a gen nenpòt nan pwoblèm grav sa yo, fè plan pou mennen l nan sant sante touswit. Akonpanye manman an si sa nesèsè.

**VIZITE MANMAN AK TIBEBE KI FÈK FÈT**

Swit

- Mande manman an ak mari li oubyen lòt manm fanmi an kòman yo pral nan sant sante si tibebe a gen youn pwoblèm grav sa yo nan youn oubyen de jou. Ede yo fè yon plan. Ekri plan an la.

Fason pou bay tete

- Mande manman an chak ki lè li bay tibebe a epi kòman sa ap mache. (Tibebe ki fèk fèt bezwen tete chak 3 zè d tan pou pi piti, epi 8 fwa pou pi piti sou yon peryòd nan youn joune.)
- Mande manman an pou li moutre ou kòman li bay tete. Ede li amelyore pozisyon li bay tete a si sa nesèsè. Sèvi ak lis remak sou fason pou yo bay tete a si sa nesèsè.
- Mande manman an si li gen youn pwoblèm nan tete. Si li gen pwoblèm, mande li pou li esplike ou pwoblèm nan (tete fè mal oubyen pwent tete fann, tete plen, pwent tete bouche ak lèt, enfeksyon), di li sa pou li fè nan ka li a.

Fason pou rete an sante

- Mande manman an ak mari li oubyen lòt manm fanmi an sa yo fè pou kenbe tibebe ki fèk fèt la an sante.
- Di yo sa yo ta dwe fè pou yo kenbe tibebe ki fèk fèt la an sante si sa nesèsè (akote sèvis sante apre akouchman).
- Mande manman an ak mari li oubyen lòt manm fanmi an kòman y ap fè pou yo rive fè bagay sa yo. Di yo sa yo gen pou yo fè pou yo ka rive fè bagay sa yo anvan pwochen vizit ou a:
- Tete sèlman chak 3 zè d tan pou pi piti
 - Poupou epi pipi nòmalman
 - Kòd lonbrik
 - Moustikè
 - Chalè
 - Nevirapine depi tibebe a fèt jiskaske li gen 6 semèn si manman an gen VIH
 - Vaksinasyon ak vizit ka doktè
- Mande manman an ak mari li oubyen lòt manm fanmi an ki vaksen tibebe a pran deja epi mande wè kat vaksinasyon an.



VIZITE MANMAN AK TIBEBE KI FÈK FÈT

Swit

- Konseye manman an ak mari li oubyen lòt manm fanmi an ki lè ak ki kote tibebe a ta dwe pran pwochen vaksen an, epi ede yo fè yon plan. Ekri plan an la a:

Chak vizit

Sante tibebe ki fèk fèt la

- Mande ou wè tibebe a. Mande ki siy danje tibebe a bay epi chèche pou kont ou.
- Si tibebe a bay yon siy danje kèlkonk, fè yon plan pou mennen tibebe a nan sant sante touswit.
- Mande manman an chak ki lè li bay tibebe a tete epi kòman sa ap mache. Ede l jere pwoblèm si sa nesèsè.
- Mande manman an sa li fè pou kenbe tibebe a an sante (lis bagaypi wo yo). Si li ap fè fas ak difikilte, poze kesyon pou ou konnen ki difikilte li genyen. Ede manman an ak mari li oubyen lòt manm fanmi an dekouvri sa yo ka fè pou kenbe tibebe a an sante.

Sante manman an

- Mande manman an kòman li santi li.
- Mande manman an si li gen yon pwoblèm grav. Si li gen yon pwoblèm grav, fè yon plan pou li ale nan sant sante pi vit posib.
- Mande manman an si li ale nan sèvis sante apre akouchman epi mande wè kat li.
 - Si li ale nan vizit, felisite li. Mande li sa ki te fèt nan vizit la epi ki konsèy doktè a ba li.
 - Si li pa ale nan vizit, mande li pou ki sa li pa ale. Poze kesyon pou konnen ki difikilte li genyen epi ede fi a ak tout mari li oubyen manm fanmi an fè yon plan pou li ale.
- Mande fi a sa li fè pou li rete an sante (lis bagay pi wo yo). Si li gen difikilte, poze kesyon pou ou konnen ki difikilte. Ede manman an ak mari li oubyen manm fanmi an pou yo dekouvri sa li ka fè pou li rete an sante.

**PYÈS TEYAT SOU VIZITE MANMAN KI FÈK AKOUCHE
AK TIBEBE KI FÈK FÈT***nan Liv patisipan an***PYÈS TEYAT 1**

Ou al vizite Elsie. Li te akouche tibebe li a nan lopital sa gen 2 jou. Li pè paske li fè emoraji nan bouboun epi yon twal li mete pou ranmase san an chak 30 minit kon sa. Li tèlman ap soufri depi li fin akouche a, se kèk grenn fwa sèlman li te rive bay tibebe li a tete. Li pa panse tibebe li a pipi oubyen pou pou depi li fèt la.

PYÈS TEYAT 2

Ou al vizite Chantale. Li fè yon ti pitit gason sa gen kèk jou sèlman. Chantal di tibebe li a tete, men bèlmè li ap plede bay tibebe a dlo pou li pa pèdi anpil dlo. Ou remake tibebe a ap dòmi sou yon mat la ki pa kouvri ak moustikè epi pa gen anpil manje nan kay la.

PYÈS TEYAT 3

Ou al vizite Liline. Li gen yon tibebe, yon ti fi an sante me règ li poko fini. Li di li fatige anpil epi li gen anpil travay l ap fè nan kay la. Mari Liline nan vle rekòmanse fè bagay avè l, kidonk l ap mande tèt li kòman li ka netwaye bouboun li anvan. Liline di li pa gen lide ale nan sant sante kounye a paske tibebe a parèt anfòm epi sant sante a lwen anpil.

PYÈS TEYAT 4

Ou al vizite Violine. Sa gen a jou depi li fè yon pitit gason. Violine pè paske li pa konnen ki sa pou l fè pou kòd lonbrik tibebe a ni kòman pou l konnen si l pran enfeksyon. Violine di li tèlman fatige nan bay tibebe a tete vire tounen, menm manje li pa anvi manje. Violine poko al fè vizit nan sant sante.

SESYON 18 BAY TETE



Metòd: Demonstrasyon ak aktivite nan ti gwoup



Tan: 2 zè d tan



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- y. Esplike avantaj bay tete genyen.
- z. Dekri bon teknik pou bay tete.
- aa. Bay fi yo konsèy sou ti pwoblèm nòminal ak lòt pwoblèm ki gen nan bay tete.



Preparasyon

- Revize sesyon sou fason pou yo bay tibebe tete ki nan fòmasyon sou manje a pou ou konnen sa patisipan yo te aprann deja.
- Revize enfòmasyon sou fason pou yo bay tete, ak sèn pi ba yo.
- Fotokopi lis remak sou fason pou yo bay tete a (2 kopi pou chak patisipan).



Materyèl

- Fotokopi lis remak sou fason pou yo bay tete a (2 kopi pou chak patisipan)
- Enfòmasyon sou fason pou yo bay tete nan Liv patisipan an
- Sèn nan Liv patisipan an
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



KONSÈY: *Kòm gen gason pami ajan kore fanmi yo, fasilite yo ta dwe pran sa an kont epi pou yo diskite sou jan gason ap santi yo nan asiste fi k ap bay tete nan sesyon sa a.*

Sesyon sa a gen yon demonstrasyon bay tete k ap fèt devan tout moun. Pandan sesyon fòmasyon sa a, nou ka bezwen fè chanjman nan lè a pou pèmèt tout moun viv demonstrasyon bay tete a lè tibebe a pre pou l tete. Paregzanp, nou ka kòmanse sesyon an avèk demonstrasyon bay tete a apre sa nou ka pase nan lòt bagay yo ak lòt aktivite yo



ETAP YO

PART 1 – DEMONSTRASYON AKTIVITE BAY TETE



1 èd tan

1. Esplike nan sesyon sa a, patisipan yo pral revize sa yo te aprann sou fason pou yo bay tibebe tete nan fòmasyon sou manje a.
2. Mande patisipan yo :
 - Ki responsabilite nou genyen anvè fi k ap bay tibebe tete (sitou tibebe ki fèk fèt)?
 - Ki esperyans nou fè deja nan ede fi k ap fè bagay sa yo? Ki pwoblèm nou rankontre deja epi kòman nou te rive ede moun yo?
3. Bay chak patisipan kopi lis demonstrasyon aktivite bay tete a. Esplike ou envite kèk medam pou fè demonstrasyon bay tete nan sesyon sa a. Patisipan yo pral gade fi a jantiman epi y ap ranpli lis yo.
4. Mande fi ou envite yo pou yo chak chita yon kote diferan nan sal la avèk tibebe yo. Mande patisipan yo vin kanpe tou pre pou yo ka byen wè. Gwoup la ta dwe separe an de pou chak pati kanpe bò yon envite.
5. Mande patisipan yo gade epi pou yo ranpli lis yo a. Mache pou ou ede si sa nesesè.
6. Mande tout moun pou yo chita. Mande kèk volontè reflechi sou obsèvasyon yo fè yo epi pou yo kòmante yo. Envite yo pa ta dwe patisipe nan diskisyon an. Si patisipan yo te remake teknik bay tete ki pa kòrèk, yo ta dwe konseye envite yo epi ede yo jantiman.
7. Remèsye envite yo pou patisipasyon yo epi mande patisipan yo aplodi.

PART 2 – PWOBLÈM NAN BAY TETE



1 èd tan

8. Kounye a esplike patisipan yo yo pral revize kèk ti pwoblèm nòmral ki konn genyen nan bay tete epi ki jan ajan kore fanmi yo ka pote èd yo.
9. Separe patisipan yo fè 7 ti gwoup. Bay chak gwoup youn nan sèn yo (nan liv yo a). Esplike ti gwoup yo sa yo gen pou fè:
 - Li sèn nan pou tout moun tandè epi asire ou tout manm gwoup yo konprann li.
 - Sèvi ak enfòmasyon sou pwoblèm ki gen nan bay tete nan liv nou an pou n ka rive konprann ki sa nou ta dwe di oubyen fè nan sitiyasyon sa a. Dabò n ap gen pou nou di ki pwoblèm manman an genyen. Apre sa a nou dwe chèche enfòmasyon sou pwoblèm sa yo epi pou nou analize yo.
 - N ap gen 20 minit pou nou travay.
10. Bay ti gwoup yo 20 minit pou yo travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la epi bay èd si sa nesèsè. Avèti gwoup yo lè yo rete 10-, 5-, ak 1-minit pou yo fini.
11. Mande ti gwoup yo sispann travay. Mande chak ti gwoup pou li li sèn nan pou tout moun tandè epi di ki sa ajan kore fanmi an ta dwe di ak ki sa li ta dwe fè. Apiye, korije, oubyen diskite si sa nesèsè.
12. Pou rezime, di patisipan yo:

Bay tete ka pa fasil, men pi fò fi ka rive bay tete si yo vin kwè nan tèt yo ak si yo jwenn moun kore yo. Ajan kore fanmi yo ka bay manman k ap bay tete gwo èd ansanm ak mari yo ak manm fanmi yo.



NÒT: *Itilize kopi kart nitrisyon ki disponib pou pwoje a.*

**LIS DEMONSTRASYON AKTIVITE BAY TETE²⁷**

nan Liv patisipan an

Non manman an
_____Non ti bebe a

Dat _____

Laj tibebe a _____

Siy ki moutre ou bay tete a byen:**JENERAL**

Manman an:

- Manman parèt an sante
- Manman an alèz e li santi byen
- Siy atachman ant manman an ak tibebe a

Tibebe a:

- Tibebe a parèt an sante
- Tibebe a kal e li alèz
- Tibebe a chèche tete a si li grangou

TETE

- Tete a parèt an sante
- Manman an pa gen doulè oubyen li pa ti pwoblèm nan tete
- Manman an byen soutni tete a ak dwèt li

Siy difikilte:**JENERAL**

Manman an:

- Manman parèt malad oubyen deprime
- Manman parèt mal alèz
- Manman an ak tibebe a pa gade youn lòt nan je

Tibebe a:

- Tibebe a kòm anvè dòm oubyen li sanble malad
- Tibebe a ap bat kò l oubyen l ap kriye
- Tibebe a pa chèche

TETE

- Tete a parèt wouj, anfle, oubyen malad
- Manman an gen doulè nan tete l oubyen nan pwent tete l
- Manman an kenbe tete a ak dwèt li nan pati fonsè a, lwen pwent tete a

27 UNICEF/WHO, *UNICEF/WHO Breastfeeding Promotion and Support in a Baby-Friendly Hospital: 20 hour Course, Section 3.2 Revised, Updated and Expanded for Integrated Care* (New York/Geneva: UNICEF/WHO, 2006), 118. http://www.unicef.org/nutrition/files/BFHI_Revised_Section_3.2.pdf



LIS DEMONSTRASYON AKTIVITE BAY TETE

Swit

Siy ki moutre ou bay tete a byen:

POZISYON TIBEBE A

- Tèt tibebe a ak kò li (zòrèy-zepòl-senti) kenbe byen dwat
- Manman an kenbe tibebe a kole sou li
- Li kenbe tout kò tibebe a
- Tibebe a chèche pwent tete a tete a ak nen li

FASON TIBEBE A KOLE NAN TETE A

- Pi fò won fonsè ki antoure tete parèt anlè po bouch anlè tibebe a
- Bouch tibebe a louvri byen laj
- Po bouch anba tibebe a vire lanvè
- Babin tibebe a touche ak tete a

FASON TIBEBE A AP RALE LÈT LA

- Tibebe ap rale lèt la soti fon tou dousman, epi li pran yon poz
- Bò machwè tibebe a won lè l ap tete
- Tibebe lage tete a lè li fini

Siy difikilte:

POZISYON TIBEBE A

- Kou tibebe a ak tèt li vire pou l tete
- Li pa kenbe tibebe a pre l
- Se tèt tibebe a ak kou l manman an kenbe sèlman
- Tibebe a chèche pwent tete a tete a ak po bouch anba li oubyen ak babin li

FASON TIBEBE A KOLE NAN TETE A

- Pi fò won fonsè ki antoure tete a parèt anba po bouch anba tibebe
- Bouch tibebe a pa louvri byen laj
- Po bouch tibebe a pwenti al devan oubyen yo vire rantre
- Babin tibebe a pa touche ak tete a

FASON TIBEBE A AP RALE LÈT LA

- Tibebe a rale vit, tankou se van l ap rale
- Bò machwè l rantre lè l ap tete
- Manman an retire tete a nan bouch tibebe a



Manman yo bezwen pou yo fè yo gen konfyans yo ka nourri tibebe yo kòrèkteman ak lèt manman sèlman jis rive 6 mwa, epi yo bezwen pou yo montre yo kòman pou yo fè sa a.

Tout manman bezwen mari yo, fanmi yo, vwazinay, zanmi, ajan polivalan yo, ak patwon yo ankouraje yo, kore yo pou yo bay tete. Sitou manman ki pa gen konfyans yo oubyen sa ki pa jwenn moun kore yo. Yon manman ki te fè sezaryèn lè l ap akouche ka bezwen yon èd anplis pou l ka kòmanse bay tibebe li a tete pandan kò l ap geri.

Tete yon manman fè valè lèt tibebe a bezwen. Prèske tout manman ka bay tete byen epi yo ka bay kantite lèt ki sifi lè:

- Yo bay tete sèlman pandan 6 premye mwa yo.
- Tibebe a nan bon pozisyon, li a kole nan tete manman an, epi tete a byen rantre nan bouch li.
- Tibebe a tete valè fwa ak valè tan li vle, lannuit kou lajounen, epi li rete nan tete a jiskaske li fin tete.
- Tibebe a ta dwe fin rale lèt nan yon tete anvan manman an ba li nan lòt tete a. Men pou ki rezon:
 - Lèt ki pi blanch ki soti lè tibebe a gen kèk minit depi l ap tete a gen plis grès pase premye lèt ki soti a.
 - Tibebe a bezwen grès sa a, alèkile li enpòtan pou ou kite tibebe a fin ak yon tete anvan anvan ou ba l lòt la.
 - Si tibebe a tete nan yon sèl tete yon fwa, kòmanse ak lòt tete a pwochè fwa a.

²⁸ *Facts for Life*, pages 52-53.

²⁹ *Where women have no doctor: A health guide for women*. Page 107.



FASON POU OU KENBE TIBEBE A AK FASON POU OU METE L

nan Liv patisipan an

Lè ou kenbe tibebe a nan bon pozisyon, sa fè li pi fasil pou l pran tete a byen nan bouch li pou l tete.³⁰

Fason pou ou kenbe tibebe a ak fason pou ou mete l

- Chita nan yon pozisyon kote ou alèz epi ou rilaks, do ou byen dwat.
- Soutni tèt tibebe a ak men ou oubyen ak bra ou.
- Si sa nesèsè, mete yon zòrye anba bra ou pou ede ou sipòte pwa a.
- Tèt tibebe a ak kò l ta dwe ale dwat.
- Tann jiskaske bouch li louvri byen laj.
- Mennen tibebe a vin jwenn tete a epi touche po bouch anba l ak pwent tete a.
- Kò tibebe a ta dwe toujou dwat, lestomak li kole ak pa manman an.

Fason pou ou mete tibebe a nan tete a ak fason pou retire l pou ou pwoteje pwent tete a

- Mennen tibebe a al jwenn tete a.
- Fè pwent tete a pran direksyon anlè bouch tibebe a.
- Bouch tibebe a ta dwe plen ak tete a, epi pwent tete a dwe fon anndan bouch li.
- Si tibebe a pa louvri bouch li lè li fin tete, foure yon dwèt ou nan bouch li. Sa ap fè l sispann souse tete a epi sa ap pwoteje pwent tete a.

Siy ki montre tibebe a nan yon bon pozisyon pou l tete

- Tèt tibebe a ak kò l ale tou dwat.
- Kò tibebe a kole ak kò manman an.
- Tout kò tibebe a al jwenn manman an (lestomak yo kole ansanm).
- Tibebe a alèz, li kontan, epi l ap tete.

Siy ki montre tibebe a byen kole

- Pi fò pati po fonsè ki antoure pwent tete manman an (oreyòl la) parèt anlè po bouch anwo tibebe a.
- Bouch tibebe a louvri byen laj.
- Po bouch anba tibebe a vire lanvè.
- Babin tibebe a kole ak tete manman an (babin nan tete)

³⁰ *Facts for Life*, page 53.



FASON POU OU KENBE TIBEBE A AK FASON POU OU METE L

nan Liv patisipan an

Siy ki moutre tibebe a ap byen tete

- Tibebe rale lèt la soti fon san lage
- Bò machwè tibebe a won lè l ap rale lèt la.
- Tibebe a lage tete a lè li fini.

Siy ki moutre ka gen pwoblèm nan fason manman an kenbe tibebe a oubyen nan fason li mete tibebe a nan tete a³¹

- Si tibebe a san pozisyon, si l ap kriye, oubyen li pa vle tete, se ka paske li pa alèz nan pozisyon li ye a.
- Si tibebe a pa fas pou fas ak manman an, paregzanp tibebe a kouche sou do epi l ap vire tèt li pou l jwenn tete a.
- Si ou wè anpil nan pati po fonsè ki antoure pwent tete a (sa yo rele oreyòl la), sa ka vle di pwent tete a pa rantrè fon nan bouch tibebe a ase.
- Si tibebe a ap rale lèt la vit anpil epi l ap fè bri, li ka bezwen pou tete a rantrè plis nan bouch li. Apre premye minit yo, tibebe a ta dwe rale lèt soti byen fon tou dousman, epi li ta dwe vale byen (manman yo ka gade pou l wè si tibebe a rale ak si y ap vale).
- Si manman an santi doulè oubyen si pwent tete l fann, tibebe a ka bezwen èd pou fè pwent tete a rantrè pi fon nan bouch li.

31 *Where women have no doctor: A health guide for women.* Page 109.



FASON POU OU FÈ TIBEBE A RANN GAZ LÈ LI FIN TETE

nan Liv patisipan an



Lè yon tibebe rann gaz, sa ede li jete lè li ka te vale pandan l t ap tete a.

- Kenbe tibebe a sou zepòl ou oubyen sou lestomak ou.
- Mase do l.
- Mouvman sa yo ap fè tibebe a kalme tou.
- Koute pou ou tande lè tibebe a rann gaz oubyen lè li kalme.
- Ou ka mete tibebe a chita oubyen kouche sou janm ou pou ou mase do l tou.



PWOBLÈM KI GEN NAN BAY TETE³²

nan Liv patisipan an

Pè pou pa gen lèt ase oubyen pè pou lèt la pa ta bon kalite ase

Anpil fi ka panse yo pa gen lèt ase oubyen lèt la pa bon ase.

Ou dwe poze fi yo kesyon, fè dyalòg avèk yo pou ou ka konn ki pwoblèm ak ki difikilte yo genyen pou ou ede yo jere yo.

Pwen pou ou dyaloge ak fi yo sou yo

- Medam yo ta dwe kwè nan kò yo epi pou yo pa ta dwe kwè moun k ap di yo yo pa gen ase lèt.
- Lèt manman bay tibebe tout sa li bezwen.
- Kantite lèt tete a fè gen rapò ak valè tete tibebe a tete. Plis yon tibebe tete, se plis tete manman an ap gen lèt.
- Pa bay bibon, ni lòt likid, oubyen manje, paske sa ap fè tibebe a tete mwens, manman an pa p bay ase lèt, epi yo ka lakòz tibebe a pran enfeksyon.
- Depi tibebe a grangou ba l tete—pou pi piti 8 fwa pou pipiti 8 fwa pa jou, lajounen kou lannuit.
- Tete pa bezwen parèt plen pou l bay lèt.
- Ti tete ka fè menm valè lèt ak gwo tete.
- Li enpòtan pou yon manman k ap bay tete manje kanti manje ki gen vitamin ki sifi, men menm manman ki pa gen bon manje ki sifi pou yo manje ka bay kantite lèt ki sifi pou tibebe yo.

Yon tibebe jwenn kantite lèt ki sifi si:

- Li ap devlope epi li ap gwosi
- Li parèt an sante epi li parèt kontan
- Li pipi nòmalman e li pou pou nòmalman (sa ka pran de twa jou apre tibebe a fin fèt pou l fèt)

³² *Where women have no doctor: A health guide for women.* Pages 114-120.



Pwent tete ki plat oubyen ki rantrè




Image courtesy of Hesperian Health Guides, 1919 Addison Street Suite 304, Berkeley, CA 94704
www.hesperian.org

Si pwent tete yon fi plat oubyen li rantrè, li ta dwe toujou ka bay tete. Konsèy sa yo ka fè l pi fasil:

- Kòmanse bay tete depi lè tibebe a fin fèt la— nan premye è d tan an.
- Asire ou tibebe a pran yon bon bouche tete.
- Si tete yo parèt plen anpil, prije enpe lèt ak men pou ou fè yo vin pi soup. Apre sa a, mete tibebe a nan pozisyon pou l pran tete a.
- Touche pwent tete a tou piti oubyen woule l anvan ou bay tibebe a li (men pa peze l).
- Eseye anbrase tete a anba ak men epi peze pou ou fè pwent tete a soti mezi l kapab.



Pwent tete ki fè mal oubyen ki fann




Image courtesy of Hesperian Health Guides, 1919 Addison Street Suite 304, Berkeley, CA 94704
www.hesperian.org

Si yon fi santi anpil doulè lè l ap bay tete, tibebe a ka pa byen ranje. Si tibebe a se pwent tete yo l ap souse sèlman, yo ap fè fi a mal. Pwent tete ki fann fè mal, yo ka mennen enfeksyon. Konseye medam yo:

- Kenbe tibebe a yon fason pou tete a byen rantre nan bouch li.
- Pa rale tete a nan bouch tibebe a. Kite tibebe a tete valè tan li vle. Si ou bezwen retire tibebe a nan tete a, peze babin li oubyen foure pwent dwèt ou nan bouch li. Fòk dwèt la pwòp.
- Mete yon ti lèt manman sou pwent tete ki fè mal la lè tibebe a fin tete. Kite l seche l.
- Pa pase savon oubyen krèm sou tete a.
- Mete rad ki alèz sou ou, rad ki laj e ki fèt ak koton
- Kite tete a dekouvri pou l pran lè ak solèy si se posib.
- Bay tete nan tou de tete yo. Kòmanse ak tete ki fè mal mwens la anvan.
- Si doulè a twò fò, prije lèt la ak men epi bay tibebe a li nan yon gode oubyen ak kiyè (Zafè bay tibebe manje nan gode oubyen ak kiyè a pi detaye nan modil fòmasyon sou manje a).
- Ale nan sant sante si pwent tete a pa fè mye nan 2–3 jou.



Tete yo fè mal epi yo twò plen




Image courtesy of Hesperian Health Guides, 1919 Addison Street Suite 304, Berkeley, CA 94704
www.hesperian.org

Lè premye lèt yon fi vini kèk jou apre li fin akouche, tete l souvan parèt anfle, rèd, e plen. Li enpòtan pou bay tete souvan pou tete yo pa vin twò plen (angòje). Konseye medam yo:

- Kòmanse bay tibebe a tete depi nan premye è d tan li fèt la.
- Asire yo yo byen kenbe tibebe a.
- Bay tibebe a tete souvan, chak 1–3 è d tan pou pi piti, nan tou de tete yo.
- Si tibebe a pa p byen tete, prije yon ti lèt ak men dabò epi apre sa a mete tibebe a nan tete a.
- Apre ou fin bay tete, mete fèy chou fre oubyen twal imid fre sou tete a.



Kanal tete bouche



Image courtesy of Hesperian Health Guides, 1919 Addison Street Suite 304, Berkeley, CA 94704
www.hesperian.org

Si fi a gen boul k ap fè l mal nan tete l, sa ka vle di youn nan kanal kote lèt pase yo bouche ak lèt epè. Lèt lèt la bloke yon kote nan tete a, sa ka lakòz tete a anfle.

- Si fi a gen fyèv epi gen yon kote nan tete l ki cho, ki anfle, ap fè l mal, li posib pou se anflamasyon tete. Konseye l pou l:
- Kontinye bay tete, sitou nan tete k ap fè l mal la, pou kanal la ka debouche, pou li pa fè enfeksyon. Lèt la toujou san okenn danje pou tibebe a.
- Mete yon twal imid cho sou tete a anvan ou bay tete.
- Pandan tibebe a ap tete, mase kote ki anfle a ak dwè ou, soti kote ki anfle ale jèn pwent tete a.
- Chanje pozisyon pou fè lèt la koule nan tout kò tete a.
- Si bay tete a twò di, prije lèt la ak men ou. Sa a enpòtan pou fè lèt la kontinye koule pou netwaye kanal ki bouche a.
- Mete rad ki lach, rad li alèz ladan l epi pou l repoze mezi l kapab.

Pi fò pwoblèm anflamasyon rezoud nan 24 è d tan. Si gen pa genn amelyorasyon nan 24 è d tan oubyen si gen gwo doulè, ak fyèv, li posib pou gen yon enfeksyon. Li ta dwe ale nan sant sante touswit pou tretman. Pa gen okenn danje pou li kontinye bay tete menm si li gen pwoblèm sa yo.



Chanklèt

Si manman an gen doulè nan pwent tete pandan plis pase 1 semèn, atout li kenbe tibebe a nan bon pozisyon pou l byen pran tete a, se posib pou se chanklèt tibebe a gen nan bouch.

Chanklèt ka fè tete fi a grate l, lanse l, oubyen boule l. Ka gen kote blanch oubyen mak wouj sou pwent tete oubyen nan bouch tibebe a. Konseye fi a pou l mete Violet de Gentiane sou pwent tete li ak dlo pwòp epi pou l mete nan bouch tibebe a tou yon fwa pa jou epi pou l ale nan sant sante si pwoblèm nan pa rezoud nan de twa jou. Li ta dwe kontinye bay tete si se posib, oubyen prije lèt la ak men si tete a fè l mal twòp lè l ap bay tete.

Lè tibebe a malad

Lè tibebe ki malad tete, sa a ede l geri pi vit. Konseye fi k ap bay tibebe ki malad tete pou yo:

- Kontinye bay l tete
- Veye siy ki moutre tibebe a ap pèdi anpil dlo epi pou yo pran prekosyon
- Si gen gwo dyare, bay tibebe a tete pi souvan epi ba l sewòm oral (asire ou ou sèvi ak dlo pwòp)
- Si tibebe a fèb, ba l tete pi souvan. Si tibebe a twò fèb pou l pran tete a, prije lèt la ak men epi bay tibebe a li nan gode oubyen ak kiyè. Tibebe a ta dwe ale nan sant sante touswit.
- Si tibebe a ap vomi, ba l ti tete tanzantan pi epi pa kite l pèdi twòp dlo. Tibebe a ta dwe ale nan sant sante.
- Kontinye bay tete menm si tibebe a dwe ale nan sant sante oubyen lopital.



Lè manman an malad

Si yon manman ki malad kapab, li prèske toujou pi bon pou li bay tibebe li a tete pase li ba l lòt manje twò bonè. Si manman an gen gwo fyèv epi l ap swe anpil, tete l ka bay mwens lèt. Pou anpeche sa a rive, konseye l pou l:

- Bwè anpil bagay likid
- Kontinye bay tete souvan
- Bay tete kouche
- Prije lèt la ak men si sa nesèsè

Li enpòtan pou manman ki malad lave men l byen ak savon ak dlo anvan li manyen tibebe a oubyen tete l, pou l ede konbat enfeksyon.

Pi fò medikaman pase nan lèt manman an an ti kantite. An jeneral sa pa bay tibebe a okenn pwoblèm. Asire nou fi yo di ajan polivalan an oubyen famasyon an y ap bay tete.

Lè manman an gen VIH

Lèt manman se pi bon manje pou tibebe ki riske pran VIH. Yo ta dwe ankouraje fi k ap viv ak VIH pou yo bay tibebe yo tete sèlman jiskaske yo gen 6 mwa oubyen pi lontan posib jiska 6 mwa.

Manman an bezwen pran medikaman ki rele ARV yo. Yo fè gen mwens ris nan bay tete epi yo diminye chans pou tibebe a pran VIH la. Tibebe a ap bezwen pran medikaman ki rele ARV yo chak jou, depi lè li fèt la jiskaske li gen 6 semèn. Manman an ta dwe pran prekosyon pou pwent tete l pa fann epi pou l pa pran enfeksyon. Si li gen bagay sa yo, fòk li ale nan sant sante touswit pou l ka trete yo.

Li enpòtan pou anpeche chanklèt tou epi pou trete l ni nan manman an ni nan tibebe a (gade pati ki sou chanklèt la pi wo a).

Si tibebe a ta rive pran VIH la, manman an ta dwe kontinye ba l tete jiskaske li gen 2 ane. Lèt manman an pi bon pou tout tibebe, ni tibebe ki gen VIH.



PYÈS TEYAT PWOBLÈM KI GEN NAN BAY TETE

nan Liv patisipan an

PYÈS TEYAT 1

Ou al vizite yon manman ki gen kèk jou kon sa depi li akouche. Lè ou mande l kòman kesyon bay tete a ap mache, li di ou li pè pou li pa gen ase lèt paske tete l piti. Manman l toujou ap di l pou l bay tibebe a lòt manje likid.

PYÈS TEYAT 2

Ou al vizite yon manman ki gen kèk jou kon sa depi li akouche. Lè ou mande l kòman li menm ak tibebe a ye, li di ou tibebe a fèb epi li te gen dyare. Poutèt sa, li bay tibebe a tete mwens paske li panse lèt la ap angrave dyare a.

PYÈS TEYAT 3

Ou al vizite yon manman ki gen kèk jou kon sa depi li akouche. Lè ou mande l kòman kesyon bay tete ap mache, li di ou li santi tete l plen anpil, yo di, epi yo anfle. Li pè pou se pa yon pwoblèm li gen nan tete, epi li panse li ta dwe sispann bay tibebe a tete pou li ba l manje pou timoun pito.

PYÈS TEYAT 4

Ou al vizite yon manman ki gen kèk jou kon sa depi li akouche. Lè ou mande l kòman kesyon bay tete ap mache, li di ou li pè anpil. Li di ou tete fè l mal anpil lè l ap bay tete. Tete l grate l epi li gen yon doulè k ap lanse l nan tout tete l. Li remake kèk kote blanch nan bouch tibebe a.

PYÈS TEYAT 5

Ou al vizite yon manman ki gen kèk jou kon sa depi li akouche. Lè ou mande l kòman kesyon bay tete ap mache, li di ou li pè anpil. Li remake yon kote ki anfle nan tete l. Li pè pou li se pa kansè li genyen nan tete epi pou li pa ta bay tibebe a kansè a si li kontinye ba l tete.

**PYÈS TEYAT PWOBLÈM KI GEN NAN BAY TETE***Swit***PYÈS TEYAT 6**

Ou al vizite yon manman ki gen kèk jou kon sa depi li akouche. Lè ou mande l kòman kesyon bay tete ap mache, li di ou li pè anpil. Li pwent tete li plat epi li rantre epi pwent tete fè l mal anpil. Bèlmè li toujou ap di l pwent tete li pa bon pou bay tete paske yo gen move fòm.

PYÈS TEYAT 7

Ou al vizite yon manman ki gen VIH ki akouche sa fè kèk jou kon sa. Lè ou mande l kòman kesyon bay tete ap mache, li di ou li jwenn konsèy sou fason pou yo bay tibebe tete, sou ARV, ak sou neverapin nan sant sante epi li ap suiv konsèy yo. Men fanmi li ap di li si li kontinye bay tibebe a tete, l ap ba l VIH la san mank.

SESYON 19

SANTE JÈN MOUN K AP FÈ BAGAY AK FÈ PITIT



Metòd: Diskisyon nan gran gwoup ak ti aktivite nan gwoup



Tan: 2 è d tan ak 30 minit



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- ab.** Defini sa jèn moun ye.
- ac.** Dekri pi gwo etap ak pi gwo chanjman nan lavi jèn moun.
- ad.** Esplike sa ki fè jèn moun riske gwosès twò bonè, maladi moun pran nan fè sèks, VIH, ak lòt pwoblèm sante ak pwoblèm sosyal sa ka lakòz.
- ae.** Esplike kòman pou ou pale ak jèn moun sou enfòmasyon ki konsène sante jèn moun k ap fè bagay ak fè pitit pou sa pote rezilta.



Preparasyon

- Revize kesyon diskisyon ak enfòmasyon sou sante jèn moun k ap fè bagay ak fè pitit pi ba yo.
- Revize lis fason pou pale ak jèn moun sou sante nan fè bagay ak nan fè pitit pi ba yo.
- Desine fòm yon gwo pye bwa sou yon gwo fèy papye. Pran imaj pye bwa pi ba a kòm gid. Kò pye bwa a ta dwe make “gwosès anvan lè.” Ta dwe gen anpil rasin soti nan dèyè pye bwa a ak anpil branch ak fri nan tèt pye bwa a.



Materyèl

- Enfòmasyon sou sante nan fè bagay ak nan fè pitit ak lis fason pou yo pale ak jèn moun sou swen sante nan fè bagay ak nan fè pitit ki nan lis nan Liv patisipan an
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep

**ETAP YO***30 minit*

1. Kòmanse sesyon sou sante jèn moun k ap fè bagay ak fè pitit sa a epi apre sa mande patisipan yo:
 - Ki sa nou vle di lè nou di “yon jèn moun” ak “laj jèn moun?”
2. Mande tout moun pou chèche definisyon laj jèn moun nan liv yo a. Mande yon volontè li definisysou an pou tout moun tande. Apre sa a, mande tout moun pou yo fèmen liv yo.
3. Poze patisipan yo kesyon ki pi ba yo epi ankouraje diskisyon:
 - Ki souvni nou genyen de lè nou te nan laj jèn moun, bon souvni oubyen move souvni?
 - Ki esperyans nou te fè ak pwòp pitit nou, nyès nou, neve nou, oubyen pitit pitit nou pandan yo jèn?
 - Nan kominote nou an, ki sa moun panse epi ki sa yo di sou jèn moun? Pou ki sa yo panse oubyen di bagay sa yo dapre nou menm?
4. Mande patisipan yo chèche enfòmasyon sou 3 pi gwo etap devlopman jèn moun nan liv yo a. Mande yon volontè li chak etap pou tout moun tande.
5. Mande patisipan yo:
 - Kòman ki konparezon nou ka fè ant esperyans etap pa nou yo lè nou te jèn moun ak esperyans etap pwòp pitit nou, nyès nou, neve nou, oubyen pitit pitit nou?
6. Mande patisipan yo fèmen liv yo. Fè 2 kolòn sou yon moso gwo fèy papyè ki pa ekri epi rele yo: 1) chanjman nan kò; epi 2) chanjman nan fason panse sou nan lespri. Separe premye kolòn nan fè 3 pati epi rele yo: “ti fi,” “ti gason,” epi “toude.”
7. Poze patisipan yo kesyon ki pi ba yo epi ekri repons yo o rezime nan kolòn yo:
 - Ki chanjman ki fèt nan kò jèn moun — nan kò jèn fi, nan kò jèn gason, epi nan kò toude sèks yo?
 - Ki chanjman ki fèt nan fason jèn moun panse sou nan lespri yo?

Sante moun k ap fè pitit

- 8.** Mande patisipan yo chèche enfòmasyon chanjman nan kò, chanjman nan fason panse, ak chanjman nan lespri nan liv yo a. Mande yo konpare repons yo bay yo ak enfòmasyon ki nan liv la epi site pwèn yo pa site yo.



30 minit

- 9.** Separe patisipan yo fè ti gwoup. 4–5 patisipan nan chak gwoup (pa menm gwoup sesyon anvan yo). Mande ti gwoup yo diskite sou kesyon ki pi ba a. Youn nan manm gwoup yo ta dwe ekri repons gwoup li a o rezime nan kaye li. Gwoup yo ap gen 15 minit pou yo diskite:
- Panse sou jèn moun nan kominote nou, oubyen sou pwòp esperyans nou oubyen esperyans manm fanmi nou. Ki sa nou panse ki fè jèn moun se moun ki riske, paregzanp, gwosès anvan lè, maladi moun pran nan fè sèks, VIH, ak lòt pwoblèm sante ak pwoblèm sosyal bagay sa yo ka lakòz?
- 10.** Apre 15 minit, mande chak gwoup bay yon repons youn apre lòt jiskaske yo fin bay tout repons yo. Ekri repons yo sou yon gwo fèy papye. Apre sa gade lis ris pou jèn moun pi ba yo epi si gen lòt gwo lide ki manke ajoute yo.



30 minit

- 11.** Esplike, gen anpil jèn moun ki riske gwosès anvan lè, jan gwoup la sot diskite l la. Kounye a ti gwoup yo pral fè yon egzèsis ki parèt sou fòm yon pye bwa sou kòz gwosès anvan lè kay jèn moun ak konsekans sa genyen. Bay chak gwoup yon gwo fèy papye ak yon makè. Esplike sa yo gen pou fè:
- Chèche desen pye bwa a nan liv nou an. Desine pye bwa sa a byen gwo sou yon gwo fèy papye.
 - Ekri “gwosès anvan lè” sou kò pye bwa a.
 - Brase lide sou kòz gwosès anvan lè kay jèn moun epi ekri yo ak gwo lèt sou rasin pye bwa a, yon sèl kòz pou chak rasin.
 - Brase lide sou konsekans gwosès anvan lè kay jèn moun, konsekans ni pou manman an, ni pou papa a, ni pou pitit la. Konsekans tankou pwoblèm sante, pwoblèm sosyal, pwoblèm nan lespri, ak pwoblèm lajan. Ekri konsekans sa yo sou branch pye bwa yo ak sou fri ki nan branch yo, yon sèl konsekans pou chak branch ak pou chak fri.
 - N ap gen 30 minit to travay.

12. Mande ti gwoup yo kòmanse travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la pou ou asire ou gwoup yo konprann sa yo gen pou yo fè a epi y ap vanse. Avèti gwoup yo lè yo rete 15-, 5-, ak 1-minit pou yo fini.



30 minit

13. Mande gwoup yo sispann travay epi pou yo kole desen pye bwa yo nan tout sal la. Lè yo fin kole pye bwa yo, mande gwoup yo mache egzaminen pye bwa lòt gwoup yo youn apre lòt (pandan 10–15 minit kon sa).
14. Lè tout gwoup yo fin egzaminen tout pye bwa yo, mande tout moun chita. Mande patisipan yo reflechi sou fason pou pye bwa a fèt ak fason pou yo egzaminen l, epi pou yo pataje kòmantè yo genyen oubyen pataje refleksyon yo fè.
15. Pou rezime, di patisipan yo:

Atout nou ka devine rezon (rasin) gwosès anvan lè (oubyen nenpòt lòt pwoblèm sante jèn moun nan fè bagay ak nan fè pitit), devinèt pa twò bon e li pa moutre nou gen respè pou jèn moun yo. Pou nou travay ak plis presizyon, pou n gen bon rezilta, epi pou n ka konnen sa pou nou fè, nou dwe **mande** jèn moun yo menm pwoblèm yo. Sa ta dwe fè pati bagay k ap fèt nan reyinyon klèb jèn nou fè chak mwa yo, ak nan vizit domisilyè yo.



30 minit

16. Separe patisipan yo fè gwoup de (pa menm gwoup de yo sesyon anvan yo). Mande gwoup de yo chèche lis fason pou pale ak jèn moun sou sante nan fè bagay ak nan fè pitit nan liv yo a.
17. Bay chak gwoup de yo youn nan pwen nan pati nan lis la ki pale de bon fason pou pale a (moutre ou gen respè, se pou ou pasyan, eksetera.) Mande gwoup de yo diskite pandan kèk minit sou jan yo ka reyalize pwen yo genyen yo (kòman yo ka moutre yo gen respè, eksetera.).
18. Mande chak gwoup de li pwen ou ba yo nan lis la pou tout moun tandè epi pou yo pataje lide sou jan yo t ap fè bagay sa a.

Sante moun k ap fè pitit

- 19.** Prezante patisipan yo mesaj enpòtan sante jèn moun k ap fè bagay ak fè pitit ki nan lis la (ou ka vle ekri yo sou gwo fèy papye) epi mande yo suiv nan liv yo a. Ankouraje yon diskisyon tou kout sou anpechman oubyen difikilte patisipan yo panse yo ap jwenn lè y ap pale ak jèn moun nan kominote kote y ap travay la.
- 20.** Reponn tout lòt kesyon ki patisipan yo genyen, oubyen mande yon patisipan ki gen esperyans reponn.



SANTE JÈN MOUN K AP FÈ BAGAY AK FÈ PITIT

nan Liv patisipan an

Fason yo defini jèn moun ak laj jèn moun:³³ “Jèn moun” se yon moun ki gen ant 10 rive 19 ane. Jèn moun se yon gwoup ki diferan. Yo sèvi ak mo “laj jèn moun” nan pou pale de moun ki gen ant 15–24 ane an jeneral epi “jèn moun” se pou pale de moun ki gen ant 10–24 ane.

Laj jèn moun se yon bagay ki pa defini menm jan nan tout kilti ak nan tout kominote.

Etap devlopman jèn moun³⁴



Jèn moun se yon peryòd moun nan grandi vit epi li chanje vit. Gen 3 gwo etap nan laj jèn moun. Souvan etap sa yo pa fin twò separe epi yo ka diferan pou chak moun.

33 WHO. (2010). *IMAI one-day orientation on adolescents living with HIV*. Geneva, Switzerland: WHO Press.

34 Senderowitz, J., Solter, C., & Hainsworth, G. (2004). *Comprehensive reproductive health and family planning training curriculum. 16: reproductive health services for adolescents*. Watertown, MA: Pathfinder International.



Jèn moun ki fèk ap parèt (10–13 ane)

- Fòm epi grandi vit
- Konpòtman ki pa rezonnen
- Kòmanse fè esperyans
- Panse plis sou sa moun pa ka wè
- Pran deyò
- Bay jan l parèt li ak jan jèn parèy akeyi l enpòtans

Jèn moun ki nan 14–16 ane

- Kò ap kontinye devlopman
- Kontrekare règleman epi gade yo ka rive
- Kapasite pou analize ap devlope
- Gen gwo enfliyans sou kamarad
- Plis enterese nan fi ak gason
- Gen plis tandans pou evalye pwòp kwayans lie pi asepte kwayans lòt moun

Jèn moun ki nan 17–19

- Kò ak kapasite seksyèl fin devlope
- Plis kapasite pou rezoud pwoblèm
- Idantite pèsònèl yo vin pi devlope
- Kamarad ka gen mwens enfliyans sou yo
- Ka vin pi kole ak fanmi yo
- Relasyon entim vin pi fò
- Plis ka fè chwa ki reflechi, pran reskonsabilite granmoun
- Kòmanse faz lavi kote y ap prepare yo pou lavni (travay, inivèsit, eksetera.)



Chanjman ki fèt nan peryòd laj jèn moun³⁵

Chanjman nan kò ak nan pati siperyè

Jèn fi	Jèn gason	Tou de sèks yo
Kòmansman règ	Devlòpman koulout, sak grenn, ak koulout	Grandi pi vit
Devlòpman tete	Voye nan dòmi	Swe plis
Ranch lan vin laj	Koulout bande lematen	Ti bouton nan figi
Plim nan pati siperyè ak anba bra	Do a vin pi laj	Kòmanse sanble ak granmoun
Devlòpman bouboun ak zo basen	Plim nan pati siperyè ak anba bra	Vwa a chanje li vin pi fò Anvi fè bagay Kòmanse nan fè bagay

35 Senderowitz, J., Solter, C., & Hainsworth, G. (2004). *Comprehensive reproductive health and family planning training curriculum. 16: reproductive health services for adolescents*. Watertown, MA: Pathfinder International.



Chanjman nan panse sou nan lespri³⁶

- Tanperaman yo ap chanje tanzantan
- Yo pa santi yo an sekirite, yo pè, yo gen dout
- Sa yo santi parèt nan konpòtman yo, yo ka mete kò yo apa, yo ka gen pwoblèm ak moun, aji san reflechi, epi refize pote kole
- Se tèt yo sèlman yo wè
- Yo santi kòmki dire moun pa konprann yo oubyen moun pa vle wè yo
- Yo manke konfyans nan tèt yo
- Chanjman nan kò ak koze fè bagay, ak koze fi ak gason enterese yo
- Yo bay aparans enpòtans
- Yo kwe nan tèt yo kom fanm oswa gason, kapasite pou yo pran desizyon ak repitasyon yo enpòtans
- Yo bezwen santi yo granmoun tèt yo, yo bezwen pran libète yo

Pa timoun ankò, men poko granmoun³⁷

Gen yon seri pwen ki distenge jèn moun, timoun ak granmoun. Paregzanp, jèn moun ka:

- Gen fòs ak enèji, yo ka louvri, spontaneous, inquisitive
- Yo ka pa reflechi oubyen moun ka pa ka fè yo konfyans
- Tanparaman yo chanje tanzantan
- Yo ka vle pran libète yo
- Zanmi ka enfliyans yo
- Fanmi yo ka gen mwens enfliyans sou yo
- Y ap chèche moun pou yo imite (souvan se pa nan fanmi yo)
- Yo santi yo jennen pou yo pale pwoblèm pèsònèl yo ak granmoun
- Yo pa vle sanble ak paran yo oubyen ak jenerasyon anvan an

36 Senderowitz, J., Solter, C., & Hainsworth, G. (2004). *Comprehensive reproductive health and family planning training curriculum. 16: reproductive health services for adolescents*. Watertown, MA: Pathfinder International.

37 WHO. (2010). *IMAI one-day orientation on adolescents living with HIV*. Geneva, Switzerland: WHO Press.



Danje pou kò

- Jèn moun pi riske pran maladi moun pran nan fè bagay ak VIH pase granmoun. Sitou pou jèn fi, paske kanal bouboun yo poko fin devlope epi li pi vit pran enfeksyon pase kanal bouboun granmoun. Epi fi ka pa bay sentòm maladi moun pran nan fè bagay tou.
 - Nan ane 2009, 41% nan tout nouvo ka enfeksyon VIH (nan moun ki gen soti 15 ane) se te jèn ki gen ant 15–24. 2 milyon jèn moun ki gen ant 10–19 ane nan monn nan ap viv ak VIH epi plis pase mwatye moun k ap viv ak VIH yo se fi oubyen ti fi.^{39,40}
- Peryòd laj jèn moun se yon peryòd kote devlopman an fèt vit. Sa a fè moun nan bezwen manje bon kalite manje ki gen vitamin. Souvan jèn moun pa byen manje.
- Lè yon moun ti sante pandan li timoun, se souvan se akòz yo pòv, sa ka gen konsekans sou sante yo lè yon an laj jèn moun.
- Enfeksyon ak maladi ki repete (tankou dyare, enfeksyon parazit, enfeksyon nan nan bwonch oubyen nan poumon, eksetera.) ka gen moun nan gen pwoblèm pou l devlope.

38 Senderowitz, J., Solter, C., & Hainsworth, G. (2004). *Comprehensive reproductive health and family planning training curriculum. 16: reproductive health services for adolescents*. Watertown, MA: Pathfinder International.

39 UNAIDS. (2010). *Report on the global AIDS epidemic, 2010*.

40 UNICEF. (2011). *Opportunity in crisis: Preventing HIV from early adolescence to young adulthood*. Available at: www.unicef.org/media/files/OiC_FactSheet.pdf



Ris sosyal, ris nan panse, ak nan lespri

- Jèn moun souvan pa gen konesans ki pi enpòtan sou sante nan fè bagay ak nan fè pitit yo.
- Granmoun souvan pa alèz lè y ap pale ak jèn moun sou pwoblèm sa yo epi yo ka panse jèn moun pa ta dwe nan fè bagay tou dabò.
- Fason jèn moun konprann ris, ak jan yo anvi eseye lòt bagay epi pou yo pran ris ka fè yo kouri gwo danje.
- Jèn moun souvan pa gen konfyans nan tèt yo ni bon fason pou pale.
- Jèn moun ka san pouse pou yo prejije ki konsène wòl fi ak wòl gason.
- Jèn moun riske viktim vyolans vèbal ak esplwatasyon plis pase granmoun.
- Souvan fè bagay se yon bagay ki fèt brid sou kou san li pa t planifye. Posib pou jèn moun fè bagay nan ti tan kout. Sa fè yo pa sèvi ak kapòt tout tan epi sa vin ogmante ris pou gen gwasès anvan lè, maladi moun pran nan fè sèks, ak VIH.
- Jèn moun ka pa chèche sèvis ajan polivalan yo paske yo pè pou ajan polivalan yo pa jije yo.
- Jèn moun ka pa gen matirite pou pran bon desizyon, desizyon ki byen reflechi.
- Gen anpil chans pou jèn moun tonbe nan pran dwòg ak nan bwè alkòl.

Ris sosyal marye ak ris ekonomik

- Malsite ak difikilte ekonomik ka ogmante ris pou gen pwoblèm sante, sitou si jèn moun nan pa p viv yon kote ki pwòp, li pa gen dlo pwòp, oubyen li pa jwenn swen sante.
- Souvan jèn moun vin bezwen lajan plis, tandiske yo se gwoup ki pa gen twòp mwayen pou jwenn lajan ak travay. Sa ka fè jèn moun pran sa ki pa pou yo oubyen pran travay nan kondisyon ki riske. Ti fi ka be lured nan transactional sex.
- Nan anpil sosyete, se lè yon fi marye sèlman yo rekonèt pozisyon sosyal li ak lè li gen pitit. Gen jèn fi ki marye jèn anpil pou eseye kouri pou malsite.
- Jèn fi souvan fè fas ak diskriminasyon fi ak gason. Sa gen konsekans sou kantite manje y ap manje, sou posiblite pou yo jwenn swen sante, posiblite pou antann yo pou fè bagay san pran ris, ak chans pou yo gen byen sosyalman ak ekonomikman.



RIS POU JÈN MOUN NAN GWOSÈS AK KONSEKANS GWOSÈS⁴¹

nan Liv patisipan an

Ris pou sante

- Gwo pwoblèm nan gwoès paske jèn moun pa fin devlope nèt epi kò yo ka pa prepare
- Pou pote timoun; gwo ris pou gen difikilte nan gwoès, nan doulè akouchman, ak nan
- Akouchman.
- Tansyon monte pandan gwoès, sa ki ka vin bay pwoblèm tansyon wo si l pa trete, kriz, ak emoraji
- Anemi
- Akouchman anvan lè ak epi tibebe a pa peze
- Avòtman brid sou kou ak tibebe ki fèt tou mouri, sitou kay jèn moun ki poko gen 15 ane
- Manman bay tibebe VIH

Ris ak konsekans pou panse, ris sosyal, ak ris ekonomik

- Diskriminasyon nan fanmi, bò zanmi, bò kot manm kominote a, ak bò ajan polivalan yo. Sa ka fè jèn nan santi li estrese epi sa ka anpeche l jwenn sèvis ak èd.
- Mete deyò lekòl, bezwen kite lekòl pou pran swen pitit, oubyen pèdi travay
- Lè jèn nan ap plonje nan malsite sa ka fòse l pran travay ki pa peye oubyen ki riske, vann kò tou.
- Maryaj anvan lè ki souvan pa pote lajwa aka k estabilite
- Gen gason ki refize pran responsabilite yo lè fi a ansent pou yo, sa ka kontribiye pou fè bagay yo pi difisil pou manman an ki lage pou kont li ak pitit la.
- Souvan paran ki jèn pa prepare pou leve timoun. Kèk ladan yo neglije timoun nan oubyen yo maltrete l.

41 Senderowitz, J., Solter, C., & Hainsworth, G. (2004). *Comprehensive reproductive health and family planning training curriculum. 16: reproductive health services for adolescents*. Watertown, MA: Pathfinder International.



FASON POU PALE AK JÈN MOUN SOU SANTE NAN FÈ BAGAY AK NAN FÈ PITIT⁴²

nan Liv patisipan an

Bon fason pou pale

- Moutre ou gen respè pou jèn moun yo. Pa jije oubyen avèk yo kòm si ou te pi bon pase yo.
- Se pou ou pasyan. Li ka difisil pou jèn moun pale ak granmoun.
- Se pou ou louvri pou jèn nan poze ou kesyon epi pou l mande ou enfòmasyon li bezwen konnen.
- Asire ou dyalòg ou ap fè ak jèn yo fèt an prive.
- Kenbe sa ou diskite ak jèn nan sekrè.
- Fè jèn moun nan pran konfyans, fè l santi l alèz epi ou respekte l.
- Pale ak jèn moun yon fason yo ka konprann epi pou yo apiye yo sou pawòl ou di yo.
- Evite di yon jèn moun ki sa pou l fè. Angiz sa, poze kesyon, bay enfòmasyon epi ankouraje diskisyon pou jèn moun nan ka deside sa ki pi bon an.
- Mete jèn moun yo an kontak ak klèb jèn pou yo ka jwenn lòt jèn parèy yo pou kore yo.
- Ede jèn moun yo devlope antrènman yo genyen pou rezoud pwoblèm an jeneral pou yo esplike bezwen yo genyen ak dwa yo genyen, pou di sa yo panse, epi pou yo deside sa yo vle fè.
- Defann bezwen jèn yo bò kot ajan polivalan yo ak bò lòt manm kominote a epi diminye difikilte yo genyen pou jwenn enfòmasyon ak sèvis.

42 Some of the checklist content was adapted from: Senderowitz, J., Solter, C., & Hainsworth, G. (2004). *Comprehensive reproductive health and family planning training curriculum. 16: reproductive health services for adolescents*. Watertown, MA: Pathfinder International.

**FASON POU PALE AK JÈN MOUN SOU SANTE NAN FÈ BAGAY AK NAN FÈ PITIT**⁴³

nan Liv patisipan an

Mesaj enpòtan sante jèn moun k ap fè bagay ak fè pitit

- Kenbe kò a pwòp, nan moman règ tou.
- Kòmanse aktivite fè bagay pi ta.
- Aprann fason pou ou fè bagay san pran ris ak fason pou ou diskite sa ak moun nan.
- Sèvi ak kapòt **chak fwa**, nan bon fason (moutre yo kòman epi bay yo kapòt).
- Sèvi ak yon lòt metòd akote kapòt la (diskite sou anpil metòd—kapòt, grenn planin, piki, ranplasman pou òmòn, ak aparèy yo mete nan matris pou anpeche gwosès—epi ede jèn pran desizyon yo byen enfòm sou yo).
- Si yo te fè bagay san kapòt, yo dwe pran grenn jou apre a.
- Si yon metòd pou pa fè pitit bay reyaksyon segondè, pale ak yon ajan polivalan sou posibilite pou chanje metòd. Pa renk sispann itilize metòd la.
- Si l posib, tann jiskaske ou nan laj granmoun ou pou ou ansent. Gen ris pou gen gwosès anvan lè.
- Limite ak ki valè moun ou ap fè sèks.
- Evite fè avòtman riske oubyen pran swen apre avòtman si ou te fè vòtman.
- Chèche èd si yo fè kadejak oubyen sou ou oubyen si yo fè vyolans sou ou.
- Rekonèt sentòm maladi moun pran nan fè bagay epi jwenn tretman pou yo pou ou menm ak pou moun ou ap viv avè l la.
- Fè tès VIH epi asire ou moun ou ap viv avè l la fè tès la tou.
- Diskite pwoblèm ki konsène fè bagay ak fè pitit ak yon moun ou fè konfyans epi pran enfòmasyon.
- Ale nan klèb jèn moun pou ou ka jwenn èd jèn moun parèy ou.
- Rete lekòl.

43 Some of the checklist content was adapted from: Senderowitz, J., Solter, C., & Hainsworth, G. (2004). *Comprehensive reproductive health and family planning training curriculum. 16: reproductive health services for adolescents*. Watertown, MA: Pathfinder International.



FASON POU PALE AK JÈN MOUN SOU SANTE NAN FÈ BAGAY AK NAN FÈ PITIT

Swit

Bezwen jèn moun ki manman

- Enfòmasyon sou swen pou tèt yo pandan gwosès ak apre gwosès, akouche san danje nan lopital, ak fason pou yo pran swen tibebe a
- Vizit adomisilyè anvan akouchman ak apre akouchman
- Ale nan sèvis sante anvan akouchman ak apre akouchman
- Enfòmasyon ak èd nan bay tete
- Èd sosyal
- Aprann fason moun leve timoun
- Konsèy sou maladi moun pran nan fè bagay ak VIH, ak sou planin pou retade gwosès oubyen pou evite l vini
- Kapab jwenn edikasyon ak mwayen lajan

Bezwen jèn moun ki papa

- Bezwen asepte swen pou manman ak pou swen pou tibebe epi rantré ladan l
- Konsèy sou maladi moun pran nan fè bagay ak VIH, planin, ak kapòt
- Moun ki ka sèvi bon egzanp
- Aprann antrènman pou leve timoun
- Jwenn ledikasyon ak mwayen lajan

SESYON 20

KLÈB JÈN AK KLÈB MANMAN



Metòd: Diskisyon nan gran gwoup ak ti teyat



Tan: 3 è d tan



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- af.** Dekri wòl ajan kore fanmi yo nan sesyon fòmasyon y ap fè pou klèb jèn ak klèb manman yo.
- ag.** Moutre fason pou fè sesyon fòmasyon pou klèb jèn ak pou klèb manman.



Preparasyon

- Revize enfòmasyon sou klèb jèn ak klèb manman an, konsèy pou fè sesyon fòmasyon pou gwoup, avèk ti teyat pi ba yo.



Materyèl

- Enfòmasyon sou klèb jèn ak klèb manman, konsèy pou sesyon fòmasyon k ap fèt pou gwoup, avèk ti teyat nan Liv patisipan an
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



KONSÈY: Si manke tan, sesyon sa a ka fèt pandan fòmasyon suivi ap fèt oubyen fòmasyon pou rafrechi, oubyen pandan youn nan reyinyon òdinè ajan kore fanmi yo.



ETAP YO



20 minit

1. Di patisipan yo:

Nan sesyon sa a, nou pral pale plis sou wòl enpòtan ajan kore fanmi yo jwe nan travay ak klèb jèn ak klèb manman nan zòn pa yo.

2. Poze patisipan yo kesyon ki pi ba yo epi ankouraje yon diskisyon tou kout:

- Ki sa nou te aprann sou wòl ajan kore fanmi yo nan travay ak klèb jèn moun ak klèb manman?
- Ki pwèn ki ta dwe diskite nan reyinyon klèb jèn yo?
- Ki pwèn ki ta dwe diskite nan reyinyon klèb manman yo?
- Kilès ki ka esplike klèb jèn ak klèb manman nan kominote a esperyans li fè?
- Ki konsèy oubyen ki teknik nou aprann deja sou fason pou nou fè sesyon fòmasyon pou gwoup nan klèb manman ak klèb jèn?



5 minit

3. Separe patisipan yo fè 4 ti gwoup (pa menm gwoup sesyon anvan yo). Esplike sa ti gwoup la gen pou l fè; apre sa a bay ti teyat yo:

- M ap bay chak gwoup yon senaryo pou yon ti teyat. Chwazi yon manm nan gwoup nou an pou li li ti teyat la byen fò pou gwoup la, pou tout manm gwoup la konprann sèn nan.
- Moute yon ti teyat kote 2 ajan kore fanmi ap fè yon sesyon fòmasyon ansanm pou yon klèb jèn oubyen pou yon klèb manman.
- Chwazi 2 manm nan gwoup la pou jwe wòl ajan kore fanmi yo. Lòt manm yo ta dwe jwe wòl patisipan nan klèb jèn nan oubyen patisipan nan klèb manman an.
- Detèminen ki sa ajan kore fanmi yo ap di ak sa y ap fè nan chak etap (entwodiksyon, revizyon ajènda, prezantasyon enfòmasyon, diskisyon, moman pou poze kesyon ak pou reponn kesyon, eksetera.).
- Tout manm gwoup yo ta dwe ede detèminen sa ajan kore fanmi yo ap di ak sa yo ap fè.
- Sèvi ak enfòmasyon nan liv nou an, ak konsèy pou lè y ap fè sesyon fòmasyon pou gwoup, epi sèvi ak pwòp esperyans pa nou.

- Sonje pou nou fè sesyon fòmasyon an enteresan epi pou tout moun patisipe. Evite fè espoze! Nou ka sèvi ak gwo fèy papyè, makè, ak lòt materyèl jan nou pito.
- Jwe yon ti teyat nou an.
- Nou gen 1 è d tan pou nou prepare ti teyat nou an epi pou n jwe l. Menm si sesyon fòmasyon pou klèb jèn ak klèb manman tout bon ka dire jiska inè d tan, ti teyat nou an pa dwe dire plis pase 10 minit.



1 è d tan

4. Mande ti gwoup yo kòmanse travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la epi ede si sa nesèsè. Asire ou chak gwoup gen gwo fèy papyè ak makè. Bay gwoup yo avètisman tanzantan pou yo ka konnen konbyen tan ki rete.



20 minit

5. Envite yon ti gwoup yo pase devan pou prezante ti teyat yo a. ti teyat la ta dwe kòmanse ak entwodiksyon ak yon ajènda ki rezime sesyon fòmasyon an (kòm si se pou yon klèb jèn oubyen pou yon klèb manman tout bon yo t ap fè sa a nan reyalitye a). Bay yon limit 10 minit kon sa pou pyès la.
6. Apre ti teyat la fin jwe, mande yo aplodi moun ki t ap jwe l yo. Apre sa a mande moun ki t ap jwe yo chita.
7. Poze patisipan yo kesyon pi ba yo epi ankouraje yon diskisyon tou kout sou ti teyat la. Se pa nan lide pa jije kapasite moun yo genyen pou jwe pyès, men se pou wè sa ki te pote rezilta ak sa ki pa t pote, epi pou jwenn rezon yo:
 - Ki sa nou panse sou ajènda sesyon fòmasyon gwoup sa a?
 - Ki sa ki te pote rezilta nan sa ajan kore fanmi yo te fè yo?
 - Pou ki sa li te pote rezilta?
 - Ki sa ajan kore fanmi yo te ka fè yon lòt jan pandan sesyon fòmasyon sa a?



1 è d tan 15 minit

8. Refè menm bagay la pou valè ti teyat nou gen tan rive fè.

Sante moun k ap fè pitit

9. Fè patisipan yo sonje aprann antrènman pou fè sesyon fòmasyon pou gwoup nan fason ki kòrèk se bagay ki pran anpil tan e ki mande anpil egzèsis.
10. Mande ki lòt kesyon oubyen lòt lide patisipan yo genyen sou travay ak klèb jèn ak klèb manman nan kominote yo epi apre sa fini sesyon an.




KONSÈY: *Si pa rete anpil tan, nou ka chwazi fè mwens ti teyat. Chwazi pami ti teyat yo dapre bezwen patisipan yo ak dapre sitiyasyon an.*



SESYON FÒMASYONS POU KLÈB JÈN

nan Liv patisipan an



Ajan kore fanmi yo ap travay ak klèb jèn nan kominote yo epi y ap reskonsab pou fè sesyon fòmasyon pou kont yo oubyen ak lòt ajan.


Li enpòtan pou fè fòmasyon pou manm klèb jèn sou anpil enfòmasyon ki nan modil fòmasyon sou sante nan fè bagay la, ak enfòmasyon nan lòt fòmasyon yo tou. Sonje pou nou toujou asire nou sa ki pale nan klèb jèn yo rete sekre!

Pwen pou klèb jèn

- Prekosyon le ap fè bagay
- Planin, ak fason pou jere reyaksyon segondè, ak pwoteksyon doub
- Enpòtans rete lekòl la genyen
- Ris ki genyen lè jèn moun ansent
- Enpòtans sèvis sante ak swen anvan akouchman ak swen apre akouchman
- Pwoteksyon ak tretman kont maladi moun pran nan fè sèks
- Pwoteksyon ak tretman kont VIH
- Vyolans ki konsène sèks moun
- Sa pou ou fè si yo kadejak sou



SESYON FÒMASYONS POU KLÈB MANMAN *nan Liv patisipan an*



Ajan kore fanmi yo ap travay ak klèb manman nan kominote kote yo rete a epi y ap reskonsab pou fè sesyon fòmasyon pou kont yo oubyen ak lòt ajan.

Li enpòtan pou fòme manman ki nan klèb manman yo sou tout sa ki nan modil fòmasyon sou sante nan fè bagay sa a, ak enfòmasyon ki nan lòt fòmasyon yo tou.

Pwen pou klèb manman

- Rete an sante pandan gwosès ak apre tibebe a fin fèt
- Ale nan sant sante pou tout sèvis sante anvan akouchman ak apre akouchman
- Pran vaksen kont tetanòs
- Fè plan pou doulè akouchman ak akouchman pase san danje nan yon lopital
- Pran swen tibebe ki fèk fèt
- Bay tete
- Pwoteksyon ak tretman kont VIH, PTME
- Pwoteksyon kont maladi moun pran nan fè bagay ak tretman
- Planin
- Pwoteksyon kont kansè kòl matris ak kont kansè nan tete, bagay ki ogmante ris, ak siy avètisman

**FASON POU NOU FÈ SESYON FÒMASYON POU
GWOUP⁴⁴***nan Liv patisipan an*

- Fè plan sesyon nou pral prezante gwoup la depi anvan epi fè antrènman sou sa nou pral di yo.
- Pa kanpe dèyè yon biwo oubyen dèyè lòt mèb.
- Ankouraje patisipan yo chita yon fason pou yo fè yon demi sèk, pou l pa twò sanble ak yon klas epi pou dyalòg ka fèt pi fasil. Moun k ap mennen sesyon an ta dwe chita nan demi sèk la tou. Asire nou nou ka wè je tout moun epi pa gen pesonn k ap gade do nou.
- Pale fò pou tout moun ka tandè nou klè, men pa depase, pa rele.
- Toujou fè patisipan yo sonje prensip sekre a epi asire nou nou mete prensip sekre a an pratik tou.
- Fè yon aktivite prezantasyon (fè moun yo prezante tèt yo oubyen pou yo di yon bagay sou fanmi yo) pou patisipan yo santi yo pi alèz youn ak lòt.
- Pale ak patisipan yo epi fè yo patisipe pandan n ap mache nan sal la, poze kesyon, epi mande moun yo pataje istwa pèsònèl yo oubyen pwoblèm yo.
- Di patisipan yo se yo tout konnen yon bagay sou pwèn k ap diskite a. Ankouraje yo pataje sa yo konnen epi sèvi ak sa kòm yon okazyon pou nou dekouvri tout fo lide yo te genyen epi pou nou korije lide sa yo.
- Fè je nou kontre ak je tout manm gwoup la.
- Toujou verifye pou nou asire nou patisipan yo patisipe epi yo konprann mesaj yo.
- Poze kesyon pou nou konnen sa patisipan yo konnen, ki pwoblèm ak ki difikilte yo rankontre.
- Suiv patisipan ki parèt timid oubyen ki parèt trankil yo espesyalman epi di yo esperyans pèsònèl tout moun, kesyon yo genyen, ak pwoblèm yo enpòtan; peze sou sa.
- Pa fè espoze.
- Sèvi ak imaj si se posib
- Di sa ou konnen ki vre sèlman. Si ou pa sèten pou yon bagay, wè ak yon mis oubyen ak yon konseye. Pa janm envante enfòmasyon.
- Ankouraje patisipan yo pale apa avèk ou apre reyinyon an si yo gen yon bagay yo pa ta vle pataje di devan gwoup la.

44 Colton, T., Costa, C., Twyman, P., Westra, L., & Abrams, E. (2009, updated in 2011). *Greater involvement of people living with HIV in PMTCT and care and treatment programs: Comprehensive peer educator training curriculum*. New York, NY: Columbia University, ICAP. Page 4-17. Available at: <http://www.columbia-icap.org/resources/peresources/PE.html>



FASON POU NOU FÈ SESYON FÒMASYON POU GWOUP

Swit

- Nan fen rankont lan, mande patisipan yo rezime sa yo te aprann ak sa yo konte fè.
- Kite tan pou kesyon epi re esplike patisipan yo tout sa yo pa t fin konprann.



PYÈS TEYAT POU KLÈB JÈN AK KLÈB MANMAN

nan Liv patisipan an

PYÈS TEYAT 1

Yo envite de ajan kore fanmi nan yon reyinyon klèb jèn pou yo fè yon sesyon ansanm sou danje ki genyen lè yon jèn moun ansent.

PYÈS TEYAT 2

Yo envite de ajan kore fanmi nan yon reyinyon klèb jèn pou yo fè yon sesyon ansanm sou planin.

PYÈS TEYAT 3

Yo envite de ajan kore fanmi nan yon reyinyon klèb manman pou yo fè yon sesyon ansanm sou fason pou moun rete an sante pandan gwosès.

PYÈS TEYAT 4

Yo envite de ajan kore fanmi nan yon reyinyon klèb manman pou yo fè yon sesyon ansanm sou jan fi ka pran swen tèt li ak swen tibebe l ki fèk fèt, ak jan pou yo bay tete san danje.



LIS BON FASON POU PALE AK MOUN

nan Liv patisipan an

- Moutre moun nan nou gen respè pou li.
- Esplike bagay yo klè epi san prese.
- Poze kesyon pou nou asire nou moun yo konprann.
- Poze kesyon diskisyon, ankouraje dyalòg.
- Aprann konnen reyalite moun yo ap viv ak pwoblèm yo rankontre.
- Fè moun yo pale de esperyans yo, fè yo bay opinyon yo pou nou bati sou yo.
- Koute sa moun yo ap di nou avèk atansyon, moutre nou konprann.
- Gade fason moun yo ap pale ak ki jès y ap fè ak kò yo pou nou wè si nou byen fè yo konprann nou.
- Nou dwe gen bon konesans teknik sou fason pou moun manje, sou vaksinasyon, sante manman, eksetera.
- Mezire sa nou ap di sou sitiyasyon moun nan ak sou reyalite li ap viv.
- Pa reprimande, pa fè espoze, ni pa di moun sa pou yo fè.
- Aji kòm yon resous, pa kòm yon chèf.
- Moutre nou gen respè pou fason lòt moun fonksyone.
- Se pou nou onèt konsènan sa nou ka fè ak sa nou pa ka fè.

**LIS SOU FASON POU OU MOUTRE RESPÈ** *nan Liv patisipan an*

- Kreye okazyon pou nou rive konnen chak manm fanmi yo, pou yo rive konnen nou tou. Aprann non tout manm fanmi yo; toujou rele moun yo nan non yo.
- Gade moun yo dirèkteman lè nou ap pale avèk yo.
- Pale ak moun yo a de (pa nan gwo gwoup sèlman).
- Ankouraje moun yo pataje lide yo ak opinyon yo.
- Koute lide moun yo epi ba yo chans pou yo dekouvri pwòp kondisyon lavi yo.
- Poze kesyon diskisyon pou nou ka konn sitiyaasyon ak reyalyte chak manm fanmi pi byen.
- Pèmèt moun yo poze kesyon epi ba yo pi bon repons konesans nou pèmèt nou. Si nou pa konn repons yon kesyon, di nou pa konnen men nou pral chèche repons lan.
- Poze kesyon diskisyon pou nou konnen sa moun yo konnen deja sou sa nou ap pale a.
- Sèvi ak bon konpreyansyon nou pou nou ajoute nouvo enfòmasyon sou sa moun yo konnen deja pou nou ankouraje yo aprann nouvo enfòmasyon sou sa nou ap pale a.
- Kore konesans moun yo genyen epi rekonèt lè yo gen bon konpòtman ki mache ak lasante.
- Aprann konnen sitiyaasyon chak fanmi ap viv epi aprann konnen pwoblèm sitiyaasyon sa yo.



TEKNIK POU KOUTE

nan Liv patisipan an

1. Koute san reponn

Moun k ap koute a ap moutre li enterese san pale; l ap gade moun k ap pale a nan nan je, l ap fè jès ak tèt li epi l ap bay ti repons kout tankou “enhen,” “wi,” “hmm” pou ankouraje moun k ap pale a kontinye pale.

Teknik sa a ankouraje moun k ap pale a pou li lib pou l pale epi pou li di sa ki nan lespri l.

2. Poze kesyon pou w pi klè

Moun k ap koute a poze moun k ap pale a kesyon espesyal pou l ka pi klè.

Teknik sa a pèmèt moun k ap tandè a jwenn plis enfòmasyon sou sitiyasyon an, pou l ka konprann moun k ap pale a byen. Li pèmèt moun k ap pale a abòde tout aspè sitiyasyon an oubyen tout aspè kesyon k ap debat la nan reponn kesyon ki gen rapò ak sijè a. Teknik sa a ka pèmèt moun k ap pale a ak tout moun k ap koute a evalye chwa ki genyen ak solisyon ki posib.

3. Re di menm lide a ak lòt mo

Moun k ap tandè a re pran sa ki di a ak pwòp mo pa l, sa li konprann moun k ap pale a di a.

Teknik sa a pèmèt moun k ap tandè a asire l li konprann sa moun k ap pale a di. Li pèmèt moun k ap pale a esplike sa moun k ap tandè a pa t konprann nan pi byen, paske li tandè k ap koute a repete lide yo o rezime.



KONDISYON TRAVAY KONSEYE

nan Liv patisipan an

Sekrè: De pati yo mete yo dakò pou pa pataje enfòmasyon ki diskite yo ak kominote a.

San patipri: Konseye a pa ta dwe kite prensip moral pèsonèl li oubyen kwayans li parèt, ni li pa ta dwe jije konpòtman lòt moun oubyen opinyon yo.

Konpasyon: Konseye a ta dwe eseye konprann opinyon moun nan jan l ye a san l pa eseye rantrè nan pitye pou moun nan oubyen pran lapenn pou li.

Onèt: Konseye a ta dwe toujou di laverite epi li ta dwe bay tout enfòmasyon.

Respè chwa moun nan: Konseye a pa ta dwe renk bay konsèy oubyen fè chwa pou moun nan; li ta dwe fè moun nan devlope kapasite pou l fè bon chwa a li menm.



ETAP CHANJMAN

nan Liv patisipan an

- 1. Moman inyorans** – Moun nan pa menm konn konpòtman an.
- 2. Konnen** – Moun nan konn konpòtman an men li poko mete l an pratik; li ka gen sa nan lide l.
- 3. Preparasyon** – Moun nan konn konpòtman an epi li vle mete l an pratik; li ka ap pran desizyon, l ap planifye jan l ap fè l, l ap mete sa li bezwen pre pou l kòmanse mete l an pratik.
- 4. Aksyon** – Moun nan kòmanse mete konpòtman an an pratik.
- 5. Suivi** – Moun nan kontinye mete konpòtman an an pratik byen lontan apre sa a.



ETAP NEGOSYASYON SOU CHANJMAN KONPÒTMAN YO

nan Liv patisipan an

1. **Poze** moun nan **kesyon** sou konpòtman nou te rekòmande l nan vizit adomisilyè anvan an epi koute sa li ap di nou an.
2. **Reflechi sou** si moun nan gen bon konpòtman an oubyen si li pa gen bon konpòtman an. Si li gen bon konpòtman an, felisite l epi ankouraje l kontinye.
3. Si li pa gen bon konpòtman an, **dyaloge** avèk li sou sa ki anpeche li gen konpòtman sa a; epi kontinye dyaloge avèk moun nan, pou nou rive fè yon **antant** avè l sou konpòtman li ta vle eseye pou kòmanse. (konpòtman pou kòmanse a dwe mache ak prensip MSPP yo.)
4. Fè manman an sonje sou ki konpòtman pou kòmanse li menm avèk nou te antann nou.
5. Di manman an n ap retounen yon lè ki bon pou li pou nou wè kòman li ap avanse, epi fikse yon jou ak yon lè avè l si se bon.

SESYON 21 PÒS-TÈS 2



Metòd: Evalyasyon



Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Evalye sa patisipan yo te aprann pandan fòmasyon an.



Preparasyon

- Koriye pre-tès la sou mitan fòmasyon sa a.
- Mete pre-tès yo pre pou remèt patisipan yo.
- Fotokopi pòs-tès.



Materyèl

- Kreyon oubyen plim pou tout patisipan yo
- Fotokopi pòs-tès



ETAP YO



30 minit

1. Esplike patisipan yo yo pral fè yon “pòs-tès” kounye a. Objektif pòs-tès sa a se pa pou jije patisipan yo, men se pou nou asire nou fòmasyon sa a te abòde bezwen yo. Pòs-tès la ap ede evalye rezilta fòmasyon sa a tou epi l ap ede amelyore lòt fòmasyon kon sa pi ba
2. Bay chak patisipan yon fotokopi pòs-tès la.
3. Anvan pòs-tès la, mande patisipan yo ranpli enfòmasyon ki nan tèt chak paj tèst yo epi pou yo ba ou li. Si yon patisipan pa konn ki dat egzakteman li te vin ajan polivalan oubyen ajan kore fanmi, di li pou li ekri ane li te vin ajan polivalan oubyen ajan kore fanmi epi pou l mete “30” pou jou a ak “6” pou mwa a. Enfòmasyon sa yo ak enfòmasyon yo te ekri nan pre-tès la tad we menm.

4. Esplike ou ap li pou tout moun tandè some kesyon sou fòmasyon topic. Patisipan yo pou chak kesyon nan pòs-tès la yo ap antoure pi bon repons lan lè yo ap reponn kesyon yo.
5. Di patisipan yo si yo pa konn repons yon kesyon, yo ta dwe kite l san reponn.
6. Esplike yo nou ap fè premye kesyon an avèk yo. Esplike yo kesyon sa a pa fè pati tèks la; se jis pou fè pratik.
7. Li premye kesyon ak repons posib yo pou tout moun tandè. Mande yon volontè reponn, oubyen reponn li nou menm. Esplike repons kesyon sa, patisipan yo ta dwe antoure repons sa a nan fèy tèks la.
8. Li rèss pòs-tès kesyon ak yo pou tout moun tandè, youn apre lòt. repete kesyon an ak repons posib yo si sa nesèsè. Apre nou fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
9. Di patisipan yo yo pral konpare pòs-tès la ak pre-tès yo te fè nan kòmansman fòmasyon an. Bay chak chak patisipan pre-tès korije a.
10. Mande patisipan yo gade pre-tès korije ak dènye pòs-tès yo fè a pou wè ki kote yo fè pwogrè ak ki sa yo aprann. Di patisipan yo yo pa ta dwe fè okenn chanjman nan pòs-tès la. Sa a enpòtan anpil.
11. Mande patisipan yo si yo gen kesyon sou tèks yo, epi esplike yo si sa nesèsè.
12. Ranmase pre-tès yo ak pòs-tès yo.



KONSÈY: *Aprè fòmasyon an, gade nan rezilta pre-tès yo ak pòs-tès yo pou nou wè kote patisipan yo fè mwens pwèn. Enfòmasyon sa ap ede nou fè lòt fòmasyon apre pi byen toujou. Paregzanp, si anpil patisipan te mal konprann yon kesyon nan pòs-tès la, nou ka bezwen bay plis detay sou li pwochèn fwa nou ap fè fòmasyon an.*

KOREKTUM PÒS-TÈS 2

Non ou : _____

Dat : _____

Sant sante : _____

idantite AKF an : _____

Ki lè ou te kòmanse travay kòm ajan kominotè polivalan oubyen kòm Ajan Kore Fanmi?

/_____
mwa / ane

Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Ki lè AKF a ta dwe vizite yon manman ak ti bebe ki fèk fèt la?
 - a. Sou 42 jou (6 semèn) aprè akouchman an
 - b. Sou 3 jou aprè akouchman an**
 - c. Sèlman si fi a akouche nan kay
 - d. Sèlman si fi a gen gwo emoraji

2. Ki lè manman an ak bebe ki fèk fèt la ta dwe al nan klinik aprè akouchman?
 - a. Sou 6 semèn aprè akouchman an
 - b. Sou 2 semèn aprè akouchman an
 - c. Sou 3 jou aprè akouchman an**
 - d. Lè fi a gen gwo emoraji

3. Si yon fi ki fèk akouche gen gwo emoraji aprè akouchman an, ou ta dwe:
 - a. Mande l kouche nan kabann jiskaske emoraji a pase.
 - b. Mande l al nan sant sante si emoraji a pa kanpe nan 1–2 jou.
 - c. Asire w l al nan sant sante touswit**
 - d. Fè l yon egzamen fizik pou w konn ki pwoblèm li genyen.

4. Manman yo kapab kenbe bebe ki fèk fèt yo an sante lè yo:
 - a. Ba l tete chak 2–3 è
 - b. Kenbe kò tete yo pwòp
 - c. Mennen bebe a pran vaksen epi fè konsiltasyon
 - d. **Tout bagay sa yo**

5. Kilès nan bagay sa yo ki **pa** yon siy danje pou ti bebe ki fèk fèt?
 - a. Fyèb
 - b. **Mande tete toutan**
 - c. Gen pi blanch oubyen jòn k ap sòti nan kòd tete yo
 - d. Po ak je ki parèt blenn

6. Kilès nan bagay sa yo ki yon siy danje pou ti bebe ki fèk fèt?
 - a. Pa pou pou aprè premye tete a
 - b. Kriye lè l leve
 - c. **Respire vit oubyen ap batay pou jwenn lè**
 - d. Dòmni anpil pandan jounen an

7. Yon fi ta dwe kòmanse bay bebe a tete:
 - a. Lè l rantre sot lopital la
 - b. Sou 1 jou aprè akouchman an
 - c. **Touswit aprè akouchman an**
 - d. Lè bebe a kòmanse mande tete

8. Yon alètman ki reyisi mande:
 - a. **Pozisyon kòrèk ak bon kontwòl**
 - b. Gwo tete olye ti tete
 - c. Bay manje sèlman a tèl lè nan jounen an
 - d. Yon melanj lèt tete ak lèt bebe

9. Ki sa w ta dwe di yon fi ansent ki gen SIDA sou fason pou bay bebe li a tete san danje?
- Li ta dwe bay bebe a lèt bebe si l gen mwayen pou sa epi li ta dwe itilize l ak prekosyon
 - Li pa ta dwe ansent menm kote a
 - Li ta dwe bay bebe a tete sèlman pandan 6 mwa epi li ta dwe pran ARV.**
 - Li ta dwe bay bebe a lèt bèt 1èd tan aprè akouchman an
10. Si yon fi k ap bay pitit tete gen tete gonfle (li santi tete yo di, anfle, epi yo plen anpil), li ta dwe:
- Kontinye bay tete anpil epi mete konprès cho sou tete yo.**
 - Kanpe sou bay tete a jiskaske sentòm yo amelyore.
 - Ralanti sou bay tete a jiskaske sentòm yo amelyore.
 - Kanpe sou bay tete a epi al nan sant sante.
11. Yon mesaj enpòtan pou jèn yo k ap fè bagay epi k ap fè pitit yo se:
- Pa janm fè sèks jiskaske ou marye.
 - Pa itilize kondòm paske moun pral panse ou nan sa k pa sa.
 - Fi yo dwe ansent anvan yo gen 20 tan pou yo ka toujou nan kondisyon pou fè pitit.
 - Itilize kapòt chak fwa w ap fè bagay.**
12. Lè w ap pale ak jèn yo, ou **pa** ta dwe:
- Montre yo kòman pou yo itilize kapòt.
 - Pataje enfòmasyon jenn yo konfiye ou avek paran yo.**
 - Ba yo enfòmasyon sou divès metòd planin famiyal.
 - Fè yo santi yo byen epi fè yo santi ou respekte yo.

SESYON 22

EVALYASYON AK BWAT KESYON SEKRÈ



Metòd: Diskisyon nan gran gwoup oubyen evalyasyon alekri



Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Bay reyaksyon yo sou fòmasyon.



Preparasyon

- Si nou vle fè evalyasyon an aloral, ekri kesyon evalyasyon yo nan etap 3 a sou gwo fèy papye oubyen nan fèy kaye. Kite yon espas apre chak kesyon, pou nou ka ekri repons patisipan yo.
- Mete bwat kesyon sekre yo pre.



Materyèl

- Kesyon evalyasyon ekri sou gwo fèy papye oubyen nan fèy kaye (si nou vle fè evalyasyon an aloral)
- Fòm pou evalyasyon nan Liv patisipan an (si nou vle fè patisipan yo fè evalyasyon an alekri)
- Gwo fèy papye oubyen fèy kaye
- Makè



KONSÈY: Nou ka fè evalyasyon an aloral (etap 1–3) oubyen mande patisipan yo detache fòm pou evalyasyon ekri ki nan liv yo a epi pou yo fè l.

Men avantaj evalyasyon aloral la: menm patisipan ki pa gen gwo kapasite entèlektiyèl ka patisipe san pwoblèm; poze kesyon aloral ka mennen diskisyon ki itil; evalyasyon aloral ka pran pi piti tan pase evalyasyon alekri.

Men avantaj sa genyen lè ou mande patisipan yo pou fè evalyasyon alekri: patisipan timid yo ap pi alèz pou reyaji alekri pase aloral; reyaksyon patisipan yo ka pi sensè si yo reponn sou papye an prive pase si y ap reponn devan tout gwoup la.



ETAP YO



20 minit

1. Remèsye patisipan yo poutèt yo angaje yo nan aktivite fòmasyon jodi a yo.
2. Di patisipan yo nou ta renmen konnen ki sa yo te panse de fòmasyon sa a. Nou ap sèvi ak kòmantè yo, ak reyaksyon yo pou peze fòmasyon an, pou revize l epi pou amelyore lòt fòmasyon pi ba si sa nesèsè.
3. Si nou te chwazi fè evalyasyon an aloral, poze patisipan yo kesyon ki pi ba yo epi ekri repons yo sou gwo fèy papye (oubyen nan fèy kaye):
 - Ki aktivite ou te renmen plis nan fòmasyon an? Pou ki rezon?
 - Ki aktivite ou te renmen mwens? Pou ki rezon?
 - Ki bagay enpòtan nou te aprann epi ou pral sèvi avè l nan travay ou?
 - Èske gen yon bagay ou pa t konprann? Bay egzanzp espesyal.
 - Ki rekòmmandasyon ou ta fè pou fòmasyon sa a ta amelyore? Ki sa ou t ap chanje? (Paregzanzp, ki aktivite, ilustrasyon, eksetera ou t ap chanje?)
 - Ki lòt kòmantè ou genyen?
4. Si nou te chwazi fè patisipan yo fè evalyasyon ekri a, mande patisipan yo chèche fòm pou evalyasyon an nan liv yo epi pou yo retire l. Li kesyon evalyasyon yo pou tout moun tandè. Mande patisipan yo fè evalyasyon an. Pandan patisipan yo ap travay, mache nan sal la pou ou ede yo si sa nesèsè.
5. Ekri repons evalyasyon aloral yo epi konsève yo, oubyen ranmase fèy evalyasyon alekri yo epi konsève yo.



5 minit

6. Felisite patisipan yo paske yo suiv tout sesyon fòmasyon sa a.
7. Mande patisipan yo ki lòt kesyon yo genyen sou reskonsablite yo genyen epi bay repons ki kòrèk, oubyen mande yon patisipan ki gen esperyans reponn.



5 minit

8. Pran kesyon ki nan bwat kesyon sekre yo epi reponn yo jan ki kòrèk (ni pou tout gwoup la ni pou grenn moun apre fòmasyon an).
9. Remèsye patisipan yo pou patisipasyon yo nan fòmasyon an. Remèsye yo pou bon travay yo fè chak jou yo.



FÒM EVALYASYON

Ki aktivite fòmasyon ou te renmen pi plis? Pou kisa?

Ki aktivite fòmasyon ou te renmen mwens? Pou kisa?

Kisa ou te aprann ki te enpòtan pou sèvi ak yo nan travay ou?

Èske te gen yon bagay ou pa t konprann? Bay egzanp espesyal.

Ki rekòmandasyon ou pou rann fòmasyon sa a vin pi bon? Kisa ou ta chanje? (Pa egzanp, ki aktivite, imaj ak foto, elatriye, ou ta renmen chanje?)

Ki lòt kòmantè ou genyen?

Mèsi poutèt ou fè evalyasyon sa a.

REVIZYON SOU ANSÈYMAN LESON AN



Metòd: Jwèt



Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Revize chak grenn objektif yo.



Preparasyon

- Li kesyon jwèt yo alavans.
- Si w pral itilize 2zyèm opsyon jwèt la, chifonnen yon gwo fèy papye fè yon boul avè l. Ekri chak kesyon w ap revize nan yon ti kat oubyen yon fich. Tepe kat yo oubyen fich papye yo sou boul la.



Materyèl

- Revize kesyon yo
- Gwo fèy papye
- Mak
- Tep



KONSÈY: Pou fè varyete, ou ka itilize lòt kalte jwèt pou fè revizyon olye w itilize jwèt pi ba yo. Egzanp: mande de patisipan fè konpetisyon antre yo olye yo fè l pa ekip; olye w poze ekip yo kesyon youn aprè lòt, ba yo lis kesyon yo epi gade nan repons y ap bay yon moun yo chwazi pou sa a konbyen kesyon yo ka reponn byen aprè yon ti tan. Ekri kesyon yo sou kat yo, mete yo nan yon valiz oubyen nan yon bwat, fè valiz la oubyen bwat la pase, epi mande patisipan yo chwazi epi reponn kesyon, etc.

**ETAP YO**

30 minit

1E OPSYON JWÈ LA

1. Divize patisipan yo an 4 ekip pandan w ap fè yo konte tèt yo rive sou 4 (1, 2, 3, 4, etc.).
2. Mande patisipan yo ranje yo yon fason pou tout 1 yo chita menm kote, tout 2 yo menm kote, etc.
3. Esplike règ jwèt la:
 - Mwen pral poze chak ekip apa1 kesyon.
 - Ekip yo ap gen 30 segond pou diskite ant yo anvan yo reponn.
 - Si ekip la byen reponn, l ap gen 1 pwen.
 - Si repons premye ekip la pa kòrèk, lòt ekip la gen yon chans pou reponn kesyon an.
 - Si lòt ekip la byen reponn, y ap gen 1 pwen.
 - Si pa gen yon ekip ki jwenn bon repons lan, pyès moun pa p gen pwen an epi fasilite a ap bay repons lan.
 - Pwochèn kesyon an ap pou pwochèn ekip la.
 - Lè jwèt la fini, ekip ki fè plis pwen an genyen jwèt la.
4. Kòmanse jwèt la epi jwe jiskaske tout kesyon yo reponn (oubyen jiskaske ou rive jwe pandan 30 minit oubyen plis).
5. Konsève rezilta a sou yon gwo fèy papyè. Nan fen jwèt la, bay moun ki genyen.
6. Nan dènye jou fòmasyon an, kontwole pwen chak ekip fè epi fè konnen ekip ki genyen an.

2ZYÈM OPSYON JWÈT LA

- 1.** Mande patisipan yo fè yon sèk.
- 2.** Montre yo boul ou te prepare a epi esplike règ jwèt la:
 - Nou pral voye boul la alantou sèk la jiskaske yon moun kite l tonbe. Moun ki kite boul la tonbe a dwe retire youn nan kesyon yo, li l byen fò, epi reponn li.
 - Si moun nan gen difikilte pou l reponn, li ka mande lòt moun ede l.
 - N ap kontinye voye boul la jiskaske tout kesyon poze epi yo byen reponn yo.
- 3.** Kòmanse jwèt la epi jwe jiskaske tout kesyon yo byen reponn (oubyen jiskaske ou rive jwe pandan 30 minit oubyen plis).

KESYON POU REVIZYON



KONSÈY: Kesyon ki gen plizyè repons dwe poze plizyè fwa (mande yon repons a chak fwa). Anplis, fasilite yo ka chanje kesyon sou revizyon an ki te la deja oubyen vin ak kesyon pa yo pou itilize pandan fòmasyon an.

1. Ki jan yon fi ka konn lè l ansent? Bay yon siy.
2. Ki sa yon fi ansent ta dwe fè pou l ret an sante? Site yon bagay.
3. Ki sa yon fi ansent pa ta dwe fè pandan gwosès? Site yon bagay.
4. Ki pwoblèm yon fi ka genyen pandan gwosès, ki mande pou l ta al nan sant sante touswit? Site yon pwoblèm.
5. Nonmen yon malèz kouran pandan gwosès.
6. Ki sa ki fèt pandan yon vizit anvan akouchman? Site yon bagay.
7. Ki lè yon fi ta dwe al nan premye vizit li anvan akouchman?
8. Konbyen fwa yon fi ansent ta dwe al nan vizit anvan akouchman yo aprè premye vizit anvan akouchman an?
9. Lè w ap vizite yon fi ansent chak mwa, ki sa w ta dwe fè oubyen ki sa w ta dwe tcheke? Site yon bagay.
10. Ki jan yon fi ka konn lè tranche l kòmanse? Bay yon siy.
11. Ki fi ki pi nan kondisyon pou gen pwoblèm pandan l ap akouche? Site yon kategori.
12. Pou ki sa medam yo ta dwe planifye pou akouche nan sant sante? Bay yon rezon.
13. Ki sa ajan kore fanmi yo dwe fè pou ankouraje medam yo akouche nan sant sante? Site yon bagay.

Sante moun k ap fè pitit

14. Ki lè w ka vizite yon manman ak bebe li a ki fèk fèt la?
15. Lè w ap vizite yon manman ak bebe li a, ki sa w ta dwe fè? Site yon bagay.
16. Site yon bagay yon fi dwe fè pou reyisi alètman an.
17. Site yon pwoblèm kouran nan alètman epi di ki jan ajan kore fanmi a ka ede.
18. Site yon bagay w ta dwe fè pou w byen kominike ak jèn yo.
19. Ki sa w ta dwe fè pou w reyisi fòmasyon an gwoup yo? Site yon bagay.
20. Ki sijè ajan kore fanmi yo ta dwe diskite nan klèb manman yo? Site youn.
21. Ki sijè ajan kore fanmi yo ta dwe diskite nan klèb jèn yo? Site youn.

PRE-TÈS 1

Non ou : _____ Dat : _____

Sant sante : _____ # idantite AKF an : _____

Ki lè ou te kòmanse travay kòm ajan kominotè polivalan oubyen kòm Ajan Kore Fanmi?

/_____
mwa / ane

Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Sante moun k ap fè pitit vle di:
 - a. Moun yo kapab fè bagay yon fason ki san danje e ki satisfè yo
 - b. Moun yo lib pou yo chwazi si pou yo fè pitit, ki lè, ak chak ki lè y ap fè
 - c. Moun yo gen mwayen fè planin
 - d. Tout bagay sa yo

2. Konbyen tan yon fi ta dwe tann anvan li tonbe ansent ankò apre li fin fè yon timoun?
 - a. 6 semèn
 - b. 9 mwa
 - c. 1 ane
 - d. 2 ane

3. Pou yon fi ansent ka kenbe tèt li ak tibebe k ap devlope nan vant li an an sante, li ta dwe:
 - a. Dòmi anba moustikè
 - b. Pran miltivitamin ak sipleman fè
 - c. Manje manje ki gen vitamin nan 3 gwoup manje yo
 - d. Tout bagay sa yo

4. Pou yon fi ansent ka kenbe tèt li ak tibebe k ap devlope nan vant li an an sante, li pa ta dwe:
 - a. Manje sèl
 - b. Bwè kleren oubyen fimèn
 - c. Manje ze
 - d. Bwè bagay ki cho

5. Tout fi ansent ta dwe al nan sant sante pou swen anvan akouchman:
 - a. Lè yo malad sèlman
 - b. 2 fwa
 - c. 4 fwa oubyen plis
 - d. Kòmanse lè yo gen 6 mwa ansent

6. Yon fi ansent ta dwe fè premye vizit kay doktè pou swen anvan akouchman:
 - a. Pi vit posib depi li fin konnen li ansent
 - b. Pandan 6 premye mwa gwosès la
 - c. Lè gen yon pwoblèm nan gwosès la
 - d. Lè li pre pou l akouche

7. Youn nan pwoblèm grav pandan gwosès ki pou fè yon fi ansent al nan yon sant sante touswit se:
 - a. Lè l gen emoraji nan bouboun li
 - b. Anvi vomi
 - c. Konstipasyon
 - d. Pipi dri

8. Yon lòt pwoblèm grav pandan gwosès ki pou fè yon fi ansent al nan yon sant sante touswit se:
 - a. Kè boule
 - b. Varis
 - c. Figi ak men anfle anpil
 - d. Emowoyid

9. Lè yon ajan kore fanmi al vizite yon fi ansent, li ta dwe:
 - a. Wè fi a ap pran sipleman l yo an prezans li pou l asire l li pran yo.
 - b. Mande l si gen gwo pwoblèm, si li al nan sant sante anvan akouchman, sa l fè pou l rete an sante.
 - c. Blame fi a si li pa fè bagay yo jan pou l dwe fè l la pou l ka rete an sante.
 - d. Touche vant fi a epi koute kè bebe a k ap bat yon fason pou l asire l bebe a ap byen devlope.

10. Ajan kore fanmi yo dwe konseye fi ansent yo pou yo:
 - a. Fè plan pou yo akouche lakay si sant sante a lwen.
 - b. Fè plan pou yo akouche nan sant sante si gen pwoblèm.
 - c. Fè plan pou yo akouche nan sant sante si se premye pitit fi a.
 - d. Fè plan pou akouche nan sant sante nenpòt jan sa ye.

11. Pou ede fi ansent yo prepare tranche ak akouchman san danje, ajan kore fanmi yo ta dwe:
 - a. Konseye fi a pou l chèche yon matwòn nan kominote li a.
 - b. Konseye fi a pou l mande fanmi l ak zanmi l ede l.
 - c. Fè yon plan akouchman ak fi a ak mari l.
 - d. Mande fi a pou l al nan sant sante kou tranche a kòmanse.

12. Lè yon fi ansent ap fè plan pou l akouche nan sant sante, l ap bezwen:
- a. Yon moun pou ale avè l
 - b. Kòb pou depasman an si sa nesèsè
 - c. Efè pou li ak pou bebe a
 - d. Tout bagay sa yo

PÒS-TÈS 1

Non ou : _____

Dat : _____

Sant sante : _____

idantite AKF an : _____

Ki lè ou te kòmanse travay kòm ajan kominotè polivalan oubyen kòm Ajan Kore Fanmi?

/_____
mwa / ane

Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Sante moun k ap fè pitit vle di:
 - a. Moun yo kapab fè bagay yon fason ki san danje e ki satisfè yo
 - b. Moun yo lib pou yo chwazi si pou yo fè pitit, ki lè, ak chak ki lè y ap fè
 - c. Moun yo gen mwayen fè planin
 - d. Tout bagay sa yo

2. Konbyen tan yon fi ta dwe tann anvan li tonbe ansent ankò apre li fin fè yon timoun?
 - a. 6 semèn
 - b. 9 mwa
 - c. 1 ane
 - d. 2 ane

3. Pou yon fi ansent ka kenbe tèt li ak tibebe k ap devlope nan vant li an an sante, li ta dwe:
 - a. Dòmi anba moustikè
 - b. Pran miltivitamin ak sipleman fè
 - c. Manje manje ki gen vitamin nan 3 gwoup manje yo
 - d. Tout bagay sa yo

4. Pou yon fi ansent ka kenbe tèt li ak tibebe k ap devlope nan vant li an an sante, li pa ta dwe:
 - a. Manje sèl
 - b. Bwè kleren oubyen fimèn
 - c. Manje ze
 - d. Bwè bagay ki cho

5. Tout fi ansent ta dwe al nan sant sante pou swen anvan akouchman:
 - a. Lè yo malad sèlman
 - b. 2 fwa
 - c. 4 fwa oubyen plis
 - d. Kòmanse lè yo gen 6 mwa ansent

6. Yon fi ansent ta dwe fè premye vizit kay doktè pou swen anvan akouchman:
 - a. Pi vit posib depi li fin konnen li ansent
 - b. Pandan 6 premye mwa gwosès la
 - c. Lè gen yon pwoblèm nan gwosès la
 - d. Lè li pre pou l akouche

7. Youn nan pwoblèm grav pandan gwosès ki pou fè yon fi ansent al nan yon sant sante touswit se:
 - a. Lè l gen emoraji nan bouboun li
 - b. Anvi vomi
 - c. Konstipasyon
 - d. Pipi dri

8. Yon lòt pwoblèm grav pandan gwosès ki pou fè yon fi ansent al nan yon sant sante touswit se:
 - a. Kè boule
 - b. Varis
 - c. Figi ak men anfle anpil
 - d. Emowoyid

9. Lè yon ajan kore fanmi al vizite yon fi ansent, li ta dwe:
 - a. Wè fi a ap pran sipleman l yo an prezans li pou l asire l li pran yo.
 - b. Mande l si gen gwo pwoblèm, si li al nan sant sante anvan akouchman, sa l fè pou l rete an sante.
 - c. Blame fi a si li pa fè bagay yo jan pou l dwe fè l la pou l ka rete an sante.
 - d. Touche vant fi a epi koute kè bebe a k ap bat yon fason pou l asire l bebe a ap byen devlope.

10. Ajan kore fanmi yo dwe konseye fi ansent yo pou yo:
 - a. Fè plan pou yo akouche lakay si sant sante a lwen.
 - b. Fè plan pou yo akouche nan sant sante si gen pwoblèm.
 - c. Fè plan pou yo akouche nan sant sante si se premye pitit fi a.
 - d. Fè plan pou akouche nan sant sante nenpòt jan sa ye.

11. Pou ede fi ansent yo prepare tranche ak akouchman san danje, ajan kore fanmi yo ta dwe:
 - a. Konseye fi a pou l chèche yon matwòn nan kominote li a.
 - b. Konseye fi a pou l mande fanmi l ak zanmi l ede l.
 - c. Fè yon plan akouchman ak fi a ak mari l.
 - d. Mande fi a pou l al nan sant sante kou tranche a kòmanse.

- 12.** Lè yon fi ansent ap fè plan pou l akouche nan sant sante, l ap bezwen:
- a.** Yon moun pou ale avè l
 - b.** Kòb pou depasman an si sa nesèsè
 - c.** Efè pou li ak pou bebe a
 - d.** Tout bagay sa yo

PRE-TÈS 2

Non ou : _____ Dat : _____

Sant sante : _____ # idantite AKF an : _____

Ki lè ou te kòmanse travay kòm ajan kominotè polivalan oubyen kòm Ajan Kore Fanmi?

/_____
mwa / ane

Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Ki lè AKF a ta dwe vizite yon manman ak ti bebe ki fèk fèt la?
 - a. Sou 42 jou (6 semèn) aprè akouchman an
 - b. Sou 3 jou aprè akouchman an
 - c. Sèlman si fi a akouche nan kay
 - d. Sèlman si fi a gen gwo emoraji

2. Ki lè manman an ak bebe ki fèk fèt la ta dwe al nan klinik aprè akouchman?
 - a. Sou 6 semèn aprè akouchman an
 - b. Sou 2 semèn aprè akouchman an
 - c. Sou 3 jou aprè akouchman an
 - d. Lè fi a gen gwo emoraji

3. Si yon fi ki fèk akouche gen gwo emoraji aprè akouchman an, ou ta dwe:
 - a. Mande l kouche nan kabann jiskaske emoraji a pase.
 - b. Mande l al nan sant sante si emoraji a pa kanpe nan 1–2 jou.
 - c. Asire w l al nan sant sante touswit.
 - d. Fè l yon egzamen fizik pou w konn ki pwoblèm li genyen.

4. Manman yo kapab kenbe bebe ki fèk fèt yo an sante lè yo:
 - a. Ba l tete chak 2–3 è
 - b. Kenbe kò tete yo pwòp
 - c. Mennen bebe a pran vaksen epi fè konsiltasyon
 - d. Tout bagay sa yo

5. Kilès nan bagay sa yo ki **pa** yon siy danje pou ti bebe ki fèk fèt?
 - a. Fyèb
 - b. Mande tete toutan
 - c. Gen pi blanch oubyen jòn k ap sòti nan kòd tete yo
 - d. Po ak je ki parèt blenm

6. Kilès nan bagay sa yo ki yon siy danje pou ti bebe ki fèk fèt?
 - a. Pa pou pou aprè premye tete a
 - b. Kriye lè l leve
 - c. Respire vit oubyen ap batay pou jwenn lè
 - d. Dòmni anpil pandan jounen an

7. Yon fi ta dwe kòmanse bay bebe a tete:
 - a. Lè l rantre sot lopital la
 - b. Sou 1 jou aprè akouchman an
 - c. Touswit aprè akouchman an
 - d. Lè bebe a kòmanse mande tete

8. Yon alètman ki reyisi mande:
 - a. Pozisyon kòrèk ak bon kontwòl
 - b. Gwo tete olye ti tete
 - c. Bay manje sèlman a tèl lè nan jounen an
 - d. Yon melanj lèt tete ak lèt bebe

9. Ki sa w ta dwe di yon fi ansent ki gen SIDA sou fason pou bay bebe li a tete san danje?
 - a. Li ta dwe bay bebe a lèt bebe si l gen mwayen pou sa epi li ta dwe itilize l ak prekosyon
 - b. Li pa ta dwe ansent menm kote a
 - c. Li ta dwe bay bebe a tete sèlman pandan 6 mwa epi li ta dwe pran ARV.
 - d. Li ta dwe bay bebe a lèt bèt 1èd tan aprè akouchman an

10. Si yon fi k ap bay pitit tete gen tete gonfle (li santi tete yo di, anfle, epi yo plen anpil), li ta dwe:
 - a. Kontinye bay tete anpil epi mete konprès cho sou tete yo.
 - b. Kanpe sou bay tete a jiskaske sentòm yo amelyore.
 - c. Ralanti sou bay tete a jiskaske sentòm yo amelyore.
 - d. Kanpe sou bay tete a epi al nan sant sante.

11. Yon mesaj enpòtan pou jèn yo k ap fè bagay epi k ap fè pitit yo se:
 - a. Pa janm fè sèks jiskaske ou marye.
 - b. Pa itilize kondòm paske moun pral panse ou nan sa k pa sa.
 - c. Fi yo dwe ansent anvan yo gen 20 tan pou yo ka toujou nan kondisyon pou fè pitit.
 - d. Itilize kapòt chak fwa w ap fè bagay.

12. Lè w ap pale ak jèn yo, ou **pa** ta dwe:
 - a. Montre yo kòman pou yo itilize kapòt.
 - b. Pataje enfòmasyon jenn yo konfiye ou avek paran yo.
 - c. Ba yo enfòmasyon sou divès metòd planin famiyal.
 - d. Fè yo santi yo byen epi fè yo santi ou respekte yo.

PÒS-TÈS 2

Non ou : _____

Dat : _____

Sant sante : _____

idantite AKF an : _____

Ki lè ou te kòmanse travay kòm ajan kominotè polivalan oubyen kòm Ajan Kore Fanmi?

Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Ki lè AKF a ta dwe vizite yon manman ak ti bebe ki fèk fèt la?
 - a. Sou 42 jou (6 semèn) aprè akouchman an
 - b. Sou 3 jou aprè akouchman an
 - c. Sèlman si fi a akouche nan kay
 - d. Sèlman si fi a gen gwo emoraji

2. Ki lè manman an ak bebe ki fèk fèt la ta dwe al nan klinik aprè akouchman?
 - a. Sou 6 semèn aprè akouchman an
 - b. Sou 2 semèn aprè akouchman an
 - c. Sou 3 jou aprè akouchman an
 - d. Lè fi a gen gwo emoraji

3. Si yon fi ki fèk akouche gen gwo emoraji aprè akouchman an, ou ta dwe:
 - a. Mande l kouche nan kabann jiskaske emoraji a pase.
 - b. Mande l al nan sant sante si emoraji a pa kanpe nan 1–2 jou.
 - c. Asire w l al nan sant sante touswit
 - d. Fè l yon egzamen fizik pou w konn ki pwoblèm li genyen.

4. Manman yo kapab kenbe bebe ki fèk fèt yo an sante lè yo:
 - a. Ba l tete chak 2–3 è
 - b. Kenbe kò tete yo pwòp
 - c. Mennen bebe a pran vaksen epi fè konsiltasyon
 - d. Tout bagay sa yo

5. Kilès nan bagay sa yo ki **pa** yon siy danje pou ti bebe ki fèk fèt?
 - a. Fyèb
 - b. Mande tete toutan
 - c. Gen pi blanch oubyen jòn k ap sòti nan kòd tete yo
 - d. Po ak je ki parèt blenm

6. Kilès nan bagay sa yo ki yon siy danje pou ti bebe ki fèk fèt?
 - a. Pa pou pou aprè premye tete a
 - b. Kriye lè l leve
 - c. Respirer vit oubyen ap batay pou jwenn lè
 - d. Dòm anpil pandan jounen an

7. Yon fi ta dwe kòmanse bay bebe a tete:
 - a. Lè l rantre sot lopital la
 - b. Sou 1 jou aprè akouchman an
 - c. Touswit aprè akouchman an
 - d. Lè bebe a kòmanse mande tete

8. Yon alètman ki reyisi mande:
 - a. Pozisyon kòrèk ak bon kontwòl
 - b. Gwo tete olye ti tete
 - c. Bay manje sèlman a tèl lè nan jounen an
 - d. Yon melanj lèt tete ak lèt bebe

9. Ki sa w ta dwe di yon fi ansent ki gen SIDA sou fason pou bay bebe li a tete san danje?
 - a. Li ta dwe bay bebe a lèt bebe si l gen mwayen pou sa epi li ta dwe itilize l ak prekosyon
 - b. Li pa ta dwe ansent menm kote a
 - c. Li ta dwe bay bebe a tete sèlman pandan 6 mwa epi li ta dwe pran ARV.
 - d. Li ta dwe bay bebe a lèt bèt 1èd tan aprè akouchman an

10. Si yon fi k ap bay pitit tete gen tete gonfle (li santi tete yo di, anfle, epi yo plen anpil), li ta dwe:
 - a. Kontinye bay tete anpil epi mete konprès cho sou tete yo.
 - b. Kanpe sou bay tete a jiskaske sentòm yo amelyore.
 - c. Ralanti sou bay tete a jiskaske sentòm yo amelyore.
 - d. Kanpe sou bay tete a epi al nan sant sante.

11. Yon mesaj enpòtan pou jèn yo k ap fè bagay epi k ap fè pitit yo se:
 - a. Pa janm fè sèks jiskaske ou marye.
 - b. Pa itilize kondòm paske moun pral panse ou nan sa k pa sa.
 - c. Fi yo dwe ansent anvan yo gen 20 tan pou yo ka toujou nan kondisyon pou fè pitit.
 - d. Itilize kapòt chak fwa w ap fè bagay.

12. Lè w ap pale ak jèn yo, ou **pa** ta dwe:
 - a. Montre yo kòman pou yo itilize kapòt.
 - b. Pataje enfòmasyon jenn yo konfiye ou avek paran yo.
 - c. Ba yo enfòmasyon sou divès metòd planin familyal.
 - d. Fè yo santi yo byen epi fè yo santi ou respekte yo.

Sante moun k ap fè pitit

Ki sa ki defi lèw sèvi ak diskisyon gwo gwoup?

- Patisipan ki renmen pale anpil yo ka gen tandans domine diskisyon gwo gwoup la.
- Patisipan ki timid oswa san eksperyans ka santi yo mal alèz pou yo pale nan yon diskisyon gwo gwoup.
- Diskisyon gwo gwoup ka vin yon baz gwo kesyon? si gen anpil lide ki an konpetisyon.

DISKISYON AN TI GWROUP

Yon diskisyon an ti gwoup se yon dyalòg nan mitan yon ti gwoup patisipan (an jeneral 3–6 patisipan pou chak gwoup), kote ke patisipan yo reponn kesyon ke fomatè a te prepare alavans. Pandan diskisyon an, nouvo kesyon ka parèt. Pou kòmanse diskisyon an, fomatè a dwe bay enstriksyon ki klè anvan li divize patisipan yo an ti gwoup. Pandan ti gwoup yo ap diskite, fomatè a dwe sikile nan mitan gwoup yo pou li sèten ke yo kenbe diskisyon an sou sijè a ak ankouraje patisipasyon tout mamb nan gwoup la.

Pou fasilite yon diskisyon ti gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Anvan w divize patisipan yo an ti gwoup, bay enstriksyon ki klè sou ki sa patisipan yo dwe diskite. Alekri epi afiche enstriksyon yo sou Gwo fèy papye an se yon bon fason pou fè sa.
- Enstwi ti gwoup la pou asire w ke tout mamb nan gwoup la patisipe.
- Mande ti gwoup yo pou chwazi yon fasilite ak yon moun ki pou kontwole lè pou gwoup yo a.
- Kenbe espas tan an epi bay ti gwoup yo mwatye tan, 5-minit, ak 1-minit avètisman.
- Pandan ti gwoup yo ap travay, pase de gwoup an gwoup pou asire w ke patisipan yo gen bon konprann sou travay la, ke yap fè pwogrè.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak diskisyon ti gwoup?

- Anpil moun santi yo pi alèz pale ak patisipe nan ti gwoup pase nan yon gwo gwoup, kidonk ti gwoup yo gen tandans pwovoke plis lide ak patisipasyon tout moun.
- Pou sijè ki sansib yo, patisipan yo ka plis pataje lide nan yon ti gwoup men yo t'ap ezite pataje l' si yo te nan yon gwo gwoup.

Ki sa ki defi yo lèw sèvi ak diskisyon ti gwoup?

- Pèfòmans diskisyon ti gwoup yo depann de mamb nan gwoup la k'ap fasilite epi k'ap patisipe, kèk ti gwoup ka fè sa pi byen pase yon lòt.
- Diskisyon ti gwoup la ka dejenere si mamb gwoup pa kontrole diskisyon an byen.

PAKOU REFLEKSYON

Se yon vwayaj refleksyon ki gide panse ak refleksyon sou eksperyans pèsònèl. Fomatè yo itilize pakou refleksyon an pou pèmèt patisipan yo reflechi sou eksperyans nan tan pase oubyen evènman nan tan prezan, sitiyasyon, moun yo, oswa santiman yo ki konekte ak sijè fòmasyon an. Pakou Refleksyon travay pi byen, lè patisipan yo santi yo alèz ak an sekirite epi mete konfyans youn nan lòt ak nan fasilite a.

Pou fasilite yon Pakou refleksyon, ki sa ou ta dwe fè?

- Mande patisipan yo pou yo rilaks epi fèmen je yo.
- Sèvi ak yon seri de deklarasyon tou kout, kesyon, oswa yon istwa kout pou gide pakou refleksyon an.
- Li chak deklarasyon oubyen kesyon dousman epi byen klè, epi fè yon ti poz pou plizyè segonn ant chak deklarasyon, pou patisipan yo ka gen tan panse ak reflechi.
- Tou depan de sijè a, yon pakou refleksyon kapab okazyone reyaksyon emosyonèl ki fò. fasilite a dwe okouran de sa a epi reponn avèk sansibilite.
- Pafwa apre yon pakou refleksyon, patisipan yo kapab vle ekri panse yo oswa pataje panse yo avèk yon patnè oswa yon gwoup moun.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak pakou refleksyon?

- Patrisipan yo aprann pi byen si yo kapab konekte nouvo enfòmasyon avèk eksperyans pa yo.
- Pakou Refleksyon pèmèt patisipan yo reflechi sou eksperyans yo nan yon fason òganize.
- Pakou Refleksyon kapab itilize pou rantre yon sijè, idantifye pwoblèm oswa defi, oswa pou vini nouvo lide.

Sante moun k ap fè pitit

Ki sa ki defi yo nan sèvi ak pakou refleksyon?

- Pakou Refleksyon ka okazyone emosyon ki fò. Li enpòtan pou fasilite yo okouran de sa epi reponn avèk sansibilite.
- Patisipan ki te renmen pale anpil yo ka trouve li difisil pou yo rete trankil pandan plizyè minit.

PREZANTASYON FASILITATÈ

Fomatè a ap prezante enfòmasyon nan pale ak tout gwoup la, pafwa li sèvi avèk materyèl tankou retropwojektè, afich, foto, oswa yon tablo prezantasyon. Prezantasyon Fasilite a se yon ansèyman ak yon metòd tradisyonèl pou fòmasyon. Pifò moun ki al lekòl yo abitye anpil ak prezantasyon fasilite paske pifò pwofesè nan klas primè, segondè, ak nivo inivèsite yo anseye nan fason sa. Prezantasyon sèvi byen pou entwodwi nouvo enfòmasyon yo, men yo dwe kout epi akonpaye ak sa moun ka wè epi diskisyon.

Pou fè yon prezantasyon fasilite, ki sa ou ta dwe fè?

- Prepare epi òganize prezantasyon ou davans konsa lap pi klè epi fasil pou swiv.
- Tcheke tout ekipman (retropwojektè, bwat imaj) davans pou asire w ke yo travay byen.
- Fè prezantasyon an kout, ant 5 ak 15 minit si sa posib.
- Sèvi ak yon langaj ki senp, klè ke patisipan yo ka konprann byen.
- Itilize kesyon pandan prezantasyon an pou ka gen patisipasyon nan sa wap prezante a.
- Fè jès epi itilize yon langaj ak yon ton vwa ki klè.
- Gade patisipan yo pandan prezantasyon an; siw ta remake ke yo pa sousa oswa raz, poze kesyon oswa fè pi rapid.
- Deplase toutotou sal la pandan wap prezante a (si sa posib).
- Gade patisipan yo lè w ap eksplike yon imaj (se pa imaj la pouw ap gade).
- Fini prezantasyon-an, rezime epi repete pwen enpòtan yo.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk prezantasyon fasilite?

- Prezantasyon sèvi byen pou entwodwi nouvo enfòmasyon byen vit.
- Pafwa patisipan yo bezwen gen nouvo enfòmasyon yo prezante yo anvan yo ka itilize oswa pratike li.

- Pifò nan patisipan ki te ale nan lekòl yo abitye epi santi yo alèz ak prezantasyon.

Ki sa ki defi yo lèw sèvi ak prezantasyon fasilite?

- Prezantasyon yo pa aktif ni angaje tankou aktivite an ti gwoup, pyès teyat, oswa lòt aktivite ki konn mande plis patisipasyon.
- Pafwa patisipan yo konn sispann swiv.
- Si fasilite a pa byen òganize, patisipan yo pap aprann enfòmasyon an jan yo ta dwe a.

BRASE LIDE

Brase lide se yon metòd kote fomatè a poze yon kesyon oswa poze yon pwoblèm epi mande patisipan yo bay plis lide ak repons ke yo kapab. Fomatè yo ka itilize brase lide ak gwo gwoup yo oswa ti gwoup. Brase lide se yon bon fason pou jenere anpil nouvo lide byen vit. Lè yo fè brase lide se pa sèlman pou jwenn yon sèl repons a kesyon an oswa pwoblèm nan, men brase anpil lide jan sa posib.

Pou fasilite brase lide, ki sa ou ta dwe fè?

- Eksplike ke bi brase lide a se pa pou rive nan yon sèl repons kòrèk, men se pou jenere anpil lide jan sa posib.
- Pandan brase lide a, pran yon lide nan men chak patisipan, youn apre lòt.
- Aksepte tout lide epi pa jije oswa kritike youn ladan yo.
- Ankouraje patisipan yo pou kite ide yo koule.
- Kenbe brase lide a an mouvman.
- Ankouraje tout patisipan yo bay lide. Pa baze sou yon sèl ti gwoup patisipan ki pou bay lide pa yo.
- Yon moun ta dwe fasilite brase lide a epi yon lòt moun ta dwe anrejistre lide yo.
- Apre brase lide a, fomatè a ak patisipan yo kapab sèvi ak lis la pou rezoud yon pwoblèm, priyoreze lide, mete lide nan kategori, elatriye.
- Pa egzanp, si patisipan yo gen yon solisyon posib nan yon pwoblèm patikilye a pati de brase lide, pwochen etap yo ka pou revize chak solisyon posib, chwazi 3 tèt solisyon yo (tankou yon gwoup), diskite yo pi lwen, e petèt finalman chwazi solisyon ki pi apwopriye a.

Sante moun k ap fè pitit

Ki avantaj ki genyen nan brase lide?

- Patisipan yo bwase anpil lide byen vit.
- Refleksyon yo ka angaje epi chofe.
- Paske pa gen okenn repons kòrèk oswa enkòrèk, patisipan yo an jeneral santi yo alèz pou bay lide.

Ki sa ki defi yo nan brase lide?

- Kèk patisipan ka bay lide ki pa apwopriye.
- Patisipan ki renmen pale anpil yo ka gen tandans domine.

PYÈS TEYAT

Yon pyès teyat se yon pèfòmans kout enfòmèl kote patisipan pyès teyat yo nan lide pou montre yon sitiyasyon patikilye ak santi sa yo ta dwe fè nan wòl ak sitiyasyon sa a. Pyès teyat yo enfòmèl patisipan yo pa bezwen memorize “liy” oubyen jwe pafètman. Objektif la se montre yon pwoblèm, yon sitiyasyon, oswa lide epi aji. Pyès teyat bay patisipan yo opòtinite pou yo aji sou yon sitiyasyon lavi reyèl ak pratike kijan pou fè fas avèl. Patisipan yo ka itilize pyès teyat pou ilistre lide ak enfòmasyon pou pasyan yo ak mamb kominote yo. Pyès teyat ede patisipan yo tou pou yo aprann epi pratike kominikasyon ak konsèy teknik, konpòtman antipatik, ak fason apwopriye pou apwòche mamb kominote yo. Yon ti pyès teyat kapab fèt san repetisyon pyès l, epi ka fèt ant ti gwoup oswa gwo gwoup.

Pou fasilite yon pyès teyat, ki sa ou ta dwe fè?

- Planifye ase tan pou patisipan yo prepare ak fè pyès teyat la.
- Eksplike klèman sa ki nan pyès teyat la, ki jan patisipan yo ap prepare, ak kisa pyès teyat la dwe montre.
- Si patisipan yo pa abitye ak pyès teyat la, jwe yon wòl modèl pou ka montre yo kijan pou yo fè.
- Mete yon tan limit pou pèfòmans pyès teyat la epi kontrole tan an byen.
- Fè patisipan yo sonje ke pyès teyat yo pa oblije pafè, men se pito yon opòtinite pou pratike ak kontrole sitiyasyon ke patisipan yo ka rankontre nan reyalyte. Se pa yon pwoblèm si yo fè erè pandan yo ap pyès teyat yo.
- Apre yon pèfòmans pyès teyat, mennen yon diskisyon sou lide yo te montre nan pyès teyat la. Konsantre diskisyon an sou pwoblèm enpòtan ki te soti nan pyès teyat yo, pa aji sou ladrès patisipan yo.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak pyès teyat?

- Pyès teyat angaje patisipan yo epi ba yo opòtinite pou yo panse, santi, ak aji.
- Pyès teyat bay patisipan yo yon chans pratike ladrès yo nan yon anviwònman ki san danje epi jwenn repons.
- Ou ka sèvi ak 2 pyès teyat tou kout pou montre 1) move fason poukontrole kontrole yon sitiyasyon; epi 2) fason ki bon pou kontrole kontrole yon sitiyasyon.
- Pyès teyat la ka fè parèt anpil pwoblèm, epi mennen nan diskisyon ki itil.

Ki sa ki defi yo lèw itilize pyès teyat?

- Pyès teyat yo pran anpil tan.
- Kèk patisipan ka pa alèz pou jwe devan gwoup la.
- Patisipan yo ka pa abitye avèk fè pyès teyat.

AKTIVITE AN GWO GWROUP

Fomatè a mennen gwoup la an antye nan yon aktivite ansanm. Egzanp nan aktivite gwo gwoup yo gen vòt, Fouye foto, aprann chante, elatriye. Aktivite an gwo gwoup yo souvan reyisi pi byen ak gwoup 10–25 patisipan yo, men avèk bon planifikasyon ak òganizasyon, fasilite yo ka kontrole pi fasilman aktivite gwo gwoup ak pi gwo gwoup.

Pou fasilite yon aktivite gwo gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Fikse yon tan limit epi kenbe tan an.
- Si patisipan yo bezwen deplase nan sal la pandan aktivite a, asire w ke chèz ak tablo yo te deplase.
- Eksplike aktivite a byen klè.
- Kenbe aktivite san lage.
- Ankouraje tout moun patisipe.
- Mete aklè pwen kle yo pandan tout aktivite a si sa apwopriye.
- Fini ak aktivite a, repete epi rezime pwen enpòtan yo.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk aktivite an gwo gwoup?

- Aktivite an gwo gwoup mande patisipasyon tout moun epi yo ka chofe.

Sante moun k ap fè pitit

- Aktivite an gwo gwoup mande mwens efò pou patisipasyon pase aktivite ti gwoup, epi li kapab altène ant aktivite an ti gwoup pou patisipan yo pa santi yo twò fatige.

Ki sa ki defi yo nan aktivite gwo gwoup?

- Kèk patisipan ka pa patisipe aktivman jan yo te konn fèl nan yon gwoup ki pi piti.
- Aktivite gwo gwoup mande anpil enèji pou fasilite a.
- Aktivite gwo gwoup ka difisil pou kontrole si gwoup la gwo anpil.

AKTIVITE AN TI GWROUP

Fomatè a divize patisipan yo an ti gwoup pou fè yon aktivite. Egzanp nan aktivite ti gwoup yo li gen ladan yo ti gwoup diskisyon, istwa, planifikasyon pou pyès teyat, rezoud pwoblèm yo, epi gade nan istwa foto yo. Ti gwoup yo pèmèt chak moun patisipe pi plis pase lè yo nan yon aktivite gwo gwoup. Aktivite ti gwoup yo tou ede patisipan yo konnen youn lòt ak eksperyans travay avèk moun diferan.

Pou fasilite yon aktivite an ti gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Eksplike aktivite an ti gwoup la byen klè.
- Di ti gwoup yo ki jan yo pral pataje travay ti gwoup la ak gwo gwoup la. Pa egzanp, yo pral ekri enfòmasyon sou papye tablo pou pataje l ak gwoup la, rapòte enfòmasyon aloral, oswa fè yon pyès teyat?
- Divize patisipan yo an ti gwoup. Ti gwoup 4–6 patisipan yo travay pi byen, men kèk aktivite ka mande pou gwoup 3 moun, oswa pi gwo gwoup 10–12 moun.
- Divize patisipan yo an ti gwoup dapre travay yo dwe fè a. Pa egzanp, pou sijè seksyèl ki sansib tankou sante repwodiksyon, ou ka gwoupe gason ak gason, fanm ak fanm.
- Si sijè a pa egzije yon gwoupman an patililye, ou ka divize patisipan yo nan mande yo konte an “1, 2, 3, 4, elatriye.” Aprè sa a, gwoupe 1 ansanm, 2 ansanm, elatriye.
- Gwoupe patisipan yo pou ke yo pa toujou ap travay ak moun ke yo konnen byen. Konte a se yon bon fason pou fè sa.
- Si aktivite ti gwoup la egzije li oswa ekri, asire w ke omwen youn nan patisipan nan chak gwoup yo gen ase konpetans alfabetik.

- Di gwoup yo konbyen tan yo pral genyen pou yo travay. Epi, ede gwoup yo kontrole tan an nan bay avètisman detanzantan, pa egzanp, yon avètisman nan mwatye tan, avètisman 5-minit, ak avètisman 1-minit. Si ou wè lè a prèske rive e gwoup yo poko fini, ou ka bay gwoup yo plis tan pou yo travay si orè w pèmèt ou fè sa.
- Pandan ti gwoup yo ap travay, sikile toutotou sal la, obsève travay la e asire-w ke gwoup yo konprann travay la e ke yap fè pwogrè, ede yo, epi reponn kesyon yo si sa nesèsè.
- Kontrole lè-a pandan ti gwoup yo ap rapòte oswa fè prezantasyon. Pa egzanp, bay chak ti gwoup 5 minit pou prezante ak kèk minit pou reponn kesyon oswa kòmantè.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk ti gwoup?

- Ti gwoup yo pèmèt tout moun patisipe pi plis pase nan yon gwo gwoup.
- Anpil moun santi yo pi alèz pou pale an ti gwoup.
- Ti gwoup yo souvan pèmèt plis aprantisaj an pwofondè ak diskisyon paske tout moun santi yo angaje.

Ki sa ki defi yo lèw sèvi ak ti gwoup?

- Travay ti gwoup pran tan plis pase kèk metòd.
- Gen kèk ti gwoup ki ka trouve li difisil pou travay ansanm oubyen rete sou travay. Si ou remake yon ti gwoup ki gen difikilte, ede yo rekonsantre, bay egzanp, eksplike travay la ankò, elatriye.

ISTWA

Yon istwa se yon senaryo kout ki prezante yon sitiyasyon reyalis pou patisipan yo diskite ak analize. Etid ka bay patisipan yo chans pou yo itilize konesans yo fèk pran yo epi diskite, analize, ak rezoud pwoblèm ki an relasyon ak sijè fòmasyon an. Pa egzanp, yon istwa ta ka dekri sentòm yon moun ki malad, epi li mande patisipan yo idantifye sentòm yo epi diskite sou sa yo ta dwe fè pou moun malad la. Tou depann de kantite moun ki nan gwoup la, istwa ka diskite ak analize de pa de, ti gwoup, oubyen yon gwo gwoup. Objektif itilize istwa se ede patisipan yo jenere solisyon posib nan pwoblèm ki ka parèt pandan travay yo.

Pou fasilite yon istwa, ki sa ou ta dwe fè?

- Li istwa a byen fò (oswa mande yon volontè pou li byen fò) pou ke menm patisipan avèk ladrès alfabetizasyon limite yo ka rive konprann istwa a.

Sante moun k ap fè pitit

- Eksplike klèman ki sa patisipan yo ta dwe fè avèk istwa a (diskite sou kesyon istwa yo, oubyen rezoud yon pwoblèm ki reprezante nan istwa a, elatriye).
- Si ou ekri pwòp istwa pa ou, fè yo senp. Ekri yon sitiyasyon ki reyèl tou kout pou l ka sanble ak sitiyasyon ke patisipan yo ka rankontre. Bay enfòmasyon ki enpòtan yo. Pa mete twòp detay ki pa nesèsè. Bay kesyon pou gide patisipan yo nan analize istwa a.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak Istwa?

- Istwa bay patisipan yo chans pou yo itilize enfòmasyon ke yo te aprann ak bon jijman.
- Istwa bay patisipan yo opòtinite nan pratike epi manyen pwoblèm ke yo ta ka rankontre pandan travay yo.

Ki sa ki defi yo itilize seyans Istwa?

- Istwa mande pou rezoud pwoblèm, ki kapab difisil epi mande plis tan pase prezantasyon tradisyonèl oswa diskisyon senp.
- Patisipan ak ladrès alfabetizasyon limite yo ka entimide ak istwa a.

DEMONSTRASYON

Fomatè a oubyen yon patisipan ki gen eksperyans montre ak di patisipan yo kijan pou yo fè yo bagay yo etap pa etap, epi mande patisipan yo pratike etap yo poukont yo. Egzanp, yon demonstrasyon ka gen ladan yo ki jan yo sèvi ak kapòt gason owsa kapòt fanm, ki jan prepare lèt pou tibebe, ki jan fè mezi ak (MUAC), oswa kouman melanje sewòm Oral.

Pou fè yon demonstrasyon, ki sa ou ta dwe fè?

- Anvan fòmasyon an, ranmase tout materyèl ak ekipman ke ou pral bezwen pou sèvi pandan demonstrasyon an.
- Asire w ke tout patisipan yo pral kapab wè demonstrasyon an. Mande yo kanpe ak avanse oswa rasanble toutotou ou, si sa nesèsè.
- Eksplike chak etap dousman epi byen klè pandan wap demontre li.
- Demontre 2 oswa 3 fwa si sa nesèsè.
- Apre demonstrasyon an, mande yon volontè repete demonstrasyon an devan gwoup la an antye. Anmatè a ak lòt patisipan yo ka bay fidbak pozitif ak korige volontè a si sa nesèsè.

- Apre sa a, separe patisipan yo an ti gwoup oswa pè epi mande yo pratike sa ou menm ak volontè a fèk demontre a.
- Pandan patisipan yo ap pratike, sikile nan sal la epi ede oubyen reponn kesyon si sa nesèsè.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak demonstrasyon?

- Demonstrasyon se meye fason yo anseye kapasite yo.
- Demonstrasyon bay patisipan yo opòtinite pratike ladrès yo anvan yo al fè li nan lavi reyèl.

Ki sa ki defi yo nan sèvi ak demonstrasyon?

- Nan gwo gwoup yo, li ka difisil pou fè yon demonstrasyon ke tout moun pral kapab wè ak tandè byen. Si sa nesèsè, divize gwo gwoup yo an 2 oubyen 3 gwoup ki pi piti epi fè demonstrasyon nan chak ti gwoup yo.
- Nan gwo gwoup yo, li ka difisil pou ranmase ase materyèl ak ekipman pou tout moun de pa de yo oswa yon ti gwoup pratike an menm tan. Si sa rive, mande pè oubyen ti gwoup yo pou fè woulman jiskaske tout moun pratike.

ISTWA FOTO

Yon istwa foto se yon seri foto tou kout ki dekri yon istwa oswa yon sitiyasyon. Istwa Foto an jeneral pa gen mo. Istwa Foto ka itilize pou evalye konesans patisipan yo oswa idantifye pwoblèm oswa defi ki an relasyon ak yon sijè yo bay yo.

Pou itilize yon istwa foto, ki sa ou ta dwe fè?

- Bay espikasyon ki klè pou ke patisipan yo konprann ki sa yo sipoze fè ak kouman yo dwe fè li.
- Asire w ke patisipan yo konprann sekans nan foto yo ak kouman nan “li” istwa yo (pa ekzanp, kouman distenge ant yon text panse ak yon text pale).
- Apre patisipan yo fin “li” istwa a, ouvè yon diskisyon, poze yo yon seri kesyon gide.

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi avèk istwa foto?

- Istwa foto angaje patisipan yo vizyèlman.
- Menm patisipan avèk ladrès alfabetizasyon trè limite yo kapab “li” istwa foto.

Sante moun k ap fè pitit

Ki sa ki defi yo lèw itilize istwa foto?

- Si foto yo pa klè, istwa foto a ka pa transmèt mesaj la byen.

FÒMASYON ANT KAMARAD

Fomatè a mande patisipan yo aprann kontni an, an ti gwoup epi prezante l'bay patisipan parèy yo (olye ke se fomatè a ki prezante matyè a). Patisipan yo ka itilize retropwojektè oswa bwat imaj pandan prezantasyon yo, oswa yo ka prepare enfòmasyon yo sou gwo fèy papye.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak fòmasyon ant kanmarad?

- Fòmasyon ant kanmarad ede patisipan yo aprann epi sonje pi byen plis enfòmasyon paske yo te aprann li anvan yo te anseye l'bay lòt moun yo.
- Fòmasyon ant kanmarad bon paske patisipan yo patajemenm istwa ak eksperyans.

Ki sa ki defi yo lèw sèvi ak fòmasyon ant kanmarad?

- Fòmasyon ant kanmarad pran plis tan pase prezantasyon fasilite paske patisipan yo bezwen tan pou prepare.
- Si kontni an pa klè e senp, patisipan yo ka gen pwoblèm pou konprann li byen epi anseye l'.
- Kèk patisipan ka pa santi yo alèz pou prezante devan gwoup la.

BRIZ GLAS

Yon Briz glas se yon aktivite kout ki sèvi pou ede patisipan yo rilaks epi pou youn aprann konnen lòt oswa abitye travay ansanm. Briz glas yo an jeneral fèt nan kòmansman fòmasyon an. Yo souvan itilize tèm oswa kontni fòmasyon an. Egzanp briz glas mande patisipan yo pou prezante moun ki chita kote yo a, dekri ki sa yo pi renmen nan travay yo, oubyen di kisa yap atann de fòmasyon an.

Pou fasilite yon Briz glas, ki sa ou ta dwe fè?

- Eksplike enstriksyon Briz glas yo klè.
- Bay yon egzanp nan sa ou ta renmen patisipan yo fè pandan Briz glas la.
- Kenbe sijè a an mouvman.
- Fè Briz glas la tou kout, pa plis pase 15–20 minit.

- Pa mande patisipan yo pou pataje enfòmasyon ki trè pèsònèl pandan Briz glas la.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk Briz glas la?

- Briz glas la ede patisipan yo rilaks, pataje yon bagay sou tèt yo, epi aprann yon bagay sou lòt patisipan yo nan kòmansman yon sesyon fòmasyon.
- Nan gwoup kote patisipan yo youn pa konnen lòt byen, Briz glas la ka ede patisipan yo santi yo pi alèz youn ak lòt.

Ki sa ki defi yo lèw itilize Briz glas la?

- Patisipan ki timid yo ka pa santi yo alèz pou prezante tèt yo devan yon gwo gwoup.
- Si gwoup la gwo anpil, Briz glas la ka vin twò long. Si gwoup ou a gwo anpil, konsidere sa, divize patisipan yo an ti gwoup pou fè yon Briz glas. Apre sa, chak ti gwoup yo ka pataje 1 oswa 2 atik ak gwo gwoup la si gen tan.

TI SOUKE KÒ

Yon Ti souke kò se yon ti amizman tou kout, yon aktivite ki ka enplike mouvman fizik. Ti souke kò yo itilize pou ogmante nivo enèji patisipan yo lè yo fatige oubyen lè yo gen dòmi, oswa lè yo bezwen yon ti repo apre yon aktivite ki te long. Ti souke kò a pa bezwen an relasyon ak kontni fòmasyon an. Ti souke kò ka ede bati rapò nan mitan patisipan yo paske yo te enplike nan plezi ansanm. Egzanp ti souke kò yo danse, chante, bat men, imite mouvman yon fomatè, fè yon ti detire, ak jwèt fizik.

Fasilitatè yo dwe fè plan pou omwen 4 ou 5 ti souke kò chak jou nan fòmasyon an. Manyèl sa a pa vrèman gen egzanp ti souke kò, men fasilitatè yo ka jwenn anpil bon egzanp nan *100 Fason Enèjize Gwoup yo: Jwèt yo itilize nan atelye, reyinyon ak kominote a*, ke International HIV/AIDS Alliance fè, www.aidsalliance.org, pibliye nan Progression, www.progressiondesign.co.uk. Ti souke kò yo kapab trè senp, tankou mande yon patisipan pou dirije gwoup la nan yon chante oswa yon dans.

Pou fasilite yon Ti souke kò, ki sa ou ta dwe fè?

- Eksplike enstriksyon Ti souke kò yo klè.
- Kenbe vitès la an mouvman.
- Sèvi ak bon imè epi ankouraje moun ri.
- Sispann lè tout moun antrene, 5–10 minit maksimòm.
- Sèvi ak Ti souke kò souvan, omwen chak inèdtan konsa.

Sante moun k ap fè pitit

- Chwazi Ti souke kò ki pa pral fè patisipan yo mal alèz oswa jennen. Pa egzanp, pa chwazi Ti souke kò ki gen ladan l touche lòt moun, pou si patisipan yo pa alèz ak sa.
- Chwazi Ti souke kò ke tout moun ap kapab fè, pa egzanp, mouvman ki pa konplike oswa difisil.
- Asire w ke patisipan yo gen ase espas pou fè Ti souke kò a. Deplase chèz ak tablo yo si sa nesesè.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk Ti souke kò?

- Ti souke kò ogmante nivo enèji patisipan yo.
- Ti souke kò ede patisipan yo remet yo epi santi yo pare pou aprann plis.
- Ti souke kò fè fòmasyon an amizan.

Ki sa ki defi yo lèw itilize Ti souke kò ?

- Si gwoup ou a gwo anpil, ou ka pa gen ase espas pou fè kèk kalite Ti souke kò. Planifye fè Ti souke kò ki ka fèt nan espas ke w genyen an.

JWÈT

Aktivite Fòmasyon an detanzantan mete jwèt ladan l, an jeneral, pou ede patisipan yo revize sa yo te deja aprann. Jwèt la an jeneral mande pou divize patisipan yo an ti gwoup, poze gwoup yo kesyon, e anrejistre nòt yo. Si pa gen jwèt nan Manyèl Fomatè a, fomatè yo ka prepare pwòp jwèt pa yo epi kreye yon lis kesyon ki baze sou kontni modil la.